*Методическое издание*

**Шашлова В.Ю.**
**Ознакомление с окружающим миром**

**Маркина М.В.**
**Ознакомление с элементами математики**

*МЕТОДИЧЕСКОЕ ПОСОБИЕ (КОНСПЕКТЫ ЗАНЯТИЙ)*

Редактор *И.Х. Джанаева*
Технический редактор *Е.Н. Маслов*
Корректор *А.Б. Гусалова*
Дизайн обложки *Е.Н. Макарова*
Компьютерная верстка *А.Ю. Черная*

Сдано в набор 10.11.09. Усл.п.л. 13,5. Бум. 65 гр.
Гарнитура шрифта “Times”.
Печать цифровая. Формат $60 \times 84\ ^{1}/_{16}$.
Тираж 50 экз. Заказ №488.

Отпечатано *ИП* Валиевой И.С.
362019, г. Владикавказ, ул. Годовикова, 8

РЦИ-АЛАНИЙЫ АХУЫРАД ÆМÆ НАУКÆЙЫ МИНИСТРАД

**В.Ю. Шашлова**

# АЛФАМБЫЛАЙ ДУНЕИМÆ ЗОНГÆ КÆНЫН

**М.В. Маркина**

# МАТЕМАТИКÆЙÆ ХУЫМÆТÆГ ÆМБАРЫНÆДТÆ РАТТЫНЫ МАДЗÆЛТТÆ

***РÆВДАУÆНДÆТТЫ КÆСТÆР КЪОРД***
***(3–4 АЗЫ)***

***МЕТОДИКОН ÆХХУЫСЫ ЧИНЫГ***
***(АХУЫРТЫ КОНСПЕКТТÆ)***

Дзæуджыхъæу
2009

Методикон æххуысы чиныг цæттæгонд æрцыд ЦИППИ-йы ЮНЕСКО-йы кафедрæйы «Кавказы полилингвалон ахуырады теори æмæ практикæ», зæгъгæ, уыцы проекты фæлгæты.

*Проекты разамонæг – филологон зонæдты доктор, профессор* ***Хъамболты Тамерлан***

ПРОДАЖЕ НЕ ПОДЛЕЖИТ

**Шашлова В.Ю.**

Алфамбылай дунеимæ зонгæ кæнын.

**Маркина М.В.**

Математикæйæ хуымæтæг æмбарынæдтæ раттыны мадзæлттæ: методикон æххуысы чиныг (ахуырты конспекттæ). – Дзæуджыхъæу: АА Уалыты И.С., 2009 – 216 ф.

Шашлова В.Ю.

Ознакомление с окружающим миром.

Маркина М.В.

Ознакомление с элементами математики: методическое пособие (конспекты занятий). – Владикавказ: *ИП* Валиева И.С., 2009 – 216 с.

© Министерство образования и науки РСО–Алания, 2009

© *ИП* Валиева И.С., 2009

© Шашлова В.Ю., 2009

© Маркина М.В., 2009

## СОДЕРЖАНИЕ

**В.Ю. Шашлова**

АЛФАМБЫЛАЙ ДУНЕИМÆ ЗОНГÆ КÆНЫН............................7

**М.В. Маркина**

МАТЕМАТИКÆЙÆ ХУЫМÆТÆГ ÆМБАРЫНÆДТÆ РАТТЫНЫ МАДЗÆЛТТÆ.............................................................99

## Формæ

* Зонгæ кæнын предметты формæимæ: æртæкъуымæджы зылды, дæргъдымбылы, расткъуымæджы, тымбылæджы, кубы формæ сгаргæйæ æмæ уынгæйæ.

## Тыгъдады ориентаци кæнын

* Ахуыр кæнын тыгъдадон æрдæмæдтæ иртасынил (сывæллоны алыварс): *разæй – фæсте, дард – хæстæг, æдде – мидæгæй, рахизырдыгæй – галиуырдыгæй, уæле – дæле, уæлæ, уæле, бынæй, бын.*

## Рæстæджы ориентаци кæнын

* Ахуыр кæнын сывæллæтты суткæйы контрастон хæйтты æмбарынадыл: райсом – изæр, бон – æхсæв.



Ацы методикон æрмæг арæзт æрцыд ЦИППИ-йы ЮНЕСКО-йы кафедрæйы кусджыты хъаруйæ. Методикон æрмæг дзуапп дæтты «Ирон националон ахуырады концепцийы» принципты домæнтæн. Конспекттæ арæзт сты Л. А. Парамоновайы бæрнон редакцигонд «Рæвдауæндæтты сывæллæтты хъомылады, ахуырады æмæ райрæзынады иумæйаг ахуырады дæнцæгон программæйы» бындурыл. Уыцы программæ æвдисы рæвдауæндæтты ахуырадон процессы бындурон мидис æмæ бар дæтты йæ реализацигæнгæйæ варианттæ æвзарынæн.

Ацы программæ кæй æрцыд æвзæрст, уый у баст, дыууæ æвзагæй цы рæвдауæндæтты пайда кæнынц, уыдоны архайды хатдзæгтæ дзы æвдыст кæй сты, уымæ гæсгæ. Программæ арæзт цыд куыд регионалон æмæ хицæн авторты методикон куыстыты бындур æмæ уымæ гæсгæ хуыйны «Дæнцæгон». Лæвæрд конспектты националон-регионалон компонент рæвдауæндæтты ахуырадон тыгъдады ахсы сывæллоны ахуыры æмæ райрæзынады æххæст бæрнон бынат.

Рæвдауæндæтты иумæйаг ахуырадон тыгъдад саразыны тыххæй арæзт æрцыд иумæйаг перспективон-тематикон пълан. Тематикон иудзинад бæрæг дары ахуырты æппæт хуызты дæр æмæ æндæр режимон процессты дæр. Æппæт ахуырты организацион формæ дæр у дæлкъордон – сывæллоны сæрибар архайды бындурыл арæзт.

Сабиты ахуыр кæныны сæйраг метод у дидактикон хъазт.

Алы темæйыл куыст дæр райдайы, къуырийы райдиан арæзт чи цæуы, уыцы алфамбылай дунеимæ зонгæ кæнынил ахуыртæй. Уыйфæстæ, иннæ ахуырадон æмæ хъомыладон куысты хуызты фæлгæты, арфдæр æмæ уæрæхдæргонд цæуынц темæмæ хауæг æмбарынæдтæ.

Авторты коллективы ис ныфс йæ коллегæтимæ коллективон æмгуыстадæй æмæ курæг у, цæмæй ацы методикон æрмæджы тыххæй сæ фæндæттæ æмæ фиппаинæгтæ æрвитой ахæм адрисыл:

362003, Дзæуджыхъæу, К. Марксы уынг, 36
ЦИППИ, ЮНЕСКО-йы кафедрæ.

## Кæстæр къорды ахуырадон пълан

| № | Ахуыры мидис | Ирон вариант ахуыр/къуыри | Уырыссаг вариант ахуыр/къуыри |
|---|---|---|---|
| 1 | Математикæимæ зонгæ кæнын | 1 | 1 |
| 2 | Ирон ныхасы рæзт | 1 | 3 |
| 3 | Уырыссаг æвзаджы рæзт | 2 | 1 |
| 4 | Алфамбылай дунеимæ зонгæ кæнын | 1 | 1 |
| 5 | Физкультурæ | 2 | 2 |
| 6 | Музыкалон аивад | 2 | 2 |
| 7 | Нывкæнынады, урдиат рæдын кæнын | 1 | 1 |
| **Æдæппæтæй** | | 10 | 11 |



– абарын цавæрфæнды предметтæ дæр сæ бæрзæндмæ гæсгæ;
– ссарын сæ бæрзæндмæ гæсгæ æмхуызон предметтæ кæнæ хъазæнтæ;
– ссарын нывы, чи у тæккæ бæрзонддæр, тæккæ ныллæгдæр, чи та рæстæмбис у;
– абарын предметтæ сæ дæргъмæ гæсгæ, дзырдтæ *даргъ, цыбырæй* пайдагæнгæйæ;
– абарын предметтæ сæ уæрхмæ гæсгæ, дзырдтæ *уæрæх (фæтæн), нарæгæй пайдагæнгæйæ.*

### Математикæйæ хуымæтæг æмбарынæдтæ бæрæггæныны критеритæ афæдзы кæронмæ (кæстæр къорды сывæллæттæ (3–4 азы))

*Хъомылгæнæг йæ размæ æвæры ахæм хæстæ:*

**Бæрц æмæ нымад:**

* ахуыр кæнын предметты бæрцон къордтæ иртасынил æмæ сæ дзырдтæй бæрæг кæнынил: иу – бирæ; бирæ – гыццыл – иу;

* ахуыр кæнын сывæллæтты, цавæр предметтæ ис къорды бирæ, цавæртæ та – иугæйттæ;

* амонын, куыд хъæуы предметты дыууæ къорды абарын æмæ сын сæ бæрцон ахастдзинад иртасын *(фылдæр, къаддæр, æмиас, æмхуызон)* æнæ нымайгæйæ æмæ нымæц нæ дзургæйæ;

* ахуыр кæнын бæрцон ахастдзинæдтæ иртасгæйæ уæлæвæрды æмæ æрæвæрды мадзæлттæй пайдагæнгæйæ, фæд-фæдыл кæрæдзийы уæлæ (кæнæ кæрæдзийы фарсмæ) æвæргæйæ);

* базонгæ кæнын бæрцон нымадимæ 5-ы онг;

* зонгæ кæнын рæнхъон нымадимæ 5-ы онг;

* ахуыр кæнын констрастон асæвдисæнты ас бæрæг кæнынил: *даргъ – цыбыр; уæрæх (фæтæн) – нарæг; гыццыл – стыр*;

* базонгæ кæнын æмбарынад *«астæуккагимæ».*

аходæн? Кæд фæхæрæм сихор? Кæд фæхæрæм æхсæвæр? Кæд фæкæнæм хуысгæ?
*Сывæллæттæн ис дзуаппæн æмбæлгæ нывтæ равзарыны бар.*

### Тыгъдады ориентаци кæнын *(Рахиз, галиу).*

**Д/хъ «Зæгъ»**

*Хъомылгæнæг æвдисын кæны рахиз къух æмæ йын зæгъын кæны йæ ном (уидыгыл кæцы къухæй хæцыс, уый), галиу къух, рахизырдæм азилын, галиуырдæм азилын, кафа-зила рахизырдæм акæнын, галиуырдæм акæнын. Уыимæ алыхатт дæр сывæллæттæ дзурынц змæлды æрдæмад (направление).*

**Д/хъ «Ахъуыды кæны»**

*Хъомылгæнæг сывæллонæн исын кæны йæ рахиз къухмæ иу хъазæн, галиу къухмæ та – иннæ хъазæн. Уыйфæстæ та йын æвæрын кæны хъазæнтæ йæ цуры æмæ йын зæгъын хъæуы: кæцы хъазæн ис йæ рахизырдыгæй, кæцы та – йæ галиуырдыгæй.*

**Д/хъ «Кæм бамбæхст»**

*Хъомылгæнæг дæтты нывмæ æркæсыны æмæ предметтæй чи кæм æвæрд ис, уый раиртасыны хæс, фæсæвæрдтæ:* ***- уæлæ, -уæле, -бын, -бынæй*** *пайдагæнгæйæ.*

### Геометрион фигурæтæ

**Д/хъ «Ссар фигурæ»**

**Сывæллæтты раз – зылдтыты, квадратты, расткъуымæгты, æртæкъуымæгты хæрх.**
*Хъомылгæнæг сывæллæттæн хæс кæны раздæр æрмæстдæр зылдтытæ райсын, стæй æрмæстдæр æртæкъуымæгтæ æ.а.д.*

**Д/хъ «Сараз фигурæтæ»**

Лыгтæгонд хæйттæй алы сывæллон дæр æмбырд кæны æнæхъæн фигурæ: зылд кæнæ квадрат. Афæдзы райдиан фигурæйæн ис дыууæ хайæ уæвæн, афæдзы кæронмæ – æртæ хайæ.

### Ас

**Д/хъ «Абар»**

*Хъомылгæнæг лæуууын кæны сывæллæтты кæрæдзийы фарсмæ æмæ зæгъын кæны, чи бæрзонддæр, чи ныллæгдæр у, уый.*



## Кæстæр къорды ахуырты тематикæ*

| | |
|---|---|
| *15 сентябрь – 30 сентябрь | Мæ бинонтæ |
| 1 октябрь – 7 октябрь | Нæ рæвдауæндон |
| 8 октябрь – 5 ноябрь | Фæззæг |
| 6 ноябрь – 13 ноябрь | Мæ фыдыбæстæ |
| 14 ноябрь – 30 ноябрь | Æз æмæ мæ буар |
| 1 декабрь – 8 декабрь | Мæ хъазæнтæ |
| 9 декабрь – 15 январь | Зымæг |
| 16 январь – 30 январь | Мигæнæнтæ æмæ хæринаг |
| 1 февраль – 14 февраль | Уæлæдарæс |
| 18 февраль – 28 февраль | Хæдзары дзаума |
| 1 мартъи – 8 мартъи | Мады бæрæгбон |
| 9 мартъи – 16 мартъи | Цавæр дæсныйæдтæ ис |
| 17 мартъи – 24 мартъи | Транспорт |
| 25 мартъи – 25 апрель | Уалдзæг |
| 10 май – 1 июнь | Сæрд |

* Датæтæ лæвæрд сты ориентирæн..

**Математикæйæ хуымæтæг æмбарынæдты бæрæггæнæн**

*1 балл* – æмбарынады ныллæг æмвæзады бæрæггæнæн.
Сывæллон æнæ хъомылгæнæджы æххуысæй нæ арæхсы хъæзтытæй иумæ дæр.

*2 баллы* – æмбарынады рæстæмбис æмвæзад.
Сывæллон æнæ æххуысæй иу хъазтмæ уæддæр арæхсы.

*3 баллы* – æмбарынады бæрзонд æмвæзады бæрæггæнæн.
Сывæллон æнæ искæй æххуысæй арæхсы æртæ хъазтæй æппынкъаддæр дыууæмæ.

**Нымад**

**Дидактикон хъазт (Д/хъ) «Иу, бирæ, иу дæр нæ».**
*Æркæсын нывты цавæрфæнды хæрхмæ дæр.*
**Хъ.** Цал сты æдæппæтæй нывтæ?
**С.** Бирæ.
**Хъ.** Алчидæр уæ иу ныв райсæд. Цал нывы ис алкæмæ дæр?
**С.** Алкæмæ дæр иу ныв.
**Хъ.** Ныр та нывтæ сæ бынаты æрæвæрут. Цал нывы ис алкæмæ дæр?
**С.** Иу ныв дæр нæ.

**Д/хъ «Цал»**
**Хъ.** Цал къахы, къухы ис алкæмæн дæр? Дæ къах æркъуыр (æрæмдзæгъд кæн) уал хатты.

**Д/хъ «Уыйбæрц»**
*Хъомылгæнæг æвдисы цалдæр предметы æмæ домы, цæмæй сывæллæттæ фæйнæ уал геометрион фигурæйы райсой.*

**Д/хъ «Банымай»**
*Сывæллæттæ алы хъазты дæр нымайынц предметтæ 1-æй 5-ы онг.*
Хай «Рæстæджы æмбарынад» *(Райсом – изæр, бон – æхсæв).*

**Д/хъ «Базон-базон»**
Хъомылгæнæг хæс кæны сывæллæттæн, нывты суткæйы цавæр афон æвдыст ис, уый базонын: райсом, бон, изæр, æхсæв.

**Д/хъ «Зæгъ-ма»**
*Хъомылгæнæг дæтты фæрстытæ, сывæллæттæ та дзуапп дæттынц.*
**Хъ.** Кæд фæкæнæм сæууон гимнастикæ (зарядкæ)? Кæд фæхæрæм

**Кæстæр къорды (3–4 азы) сывæллæттæм хуымæтæг математикон æмбарынæдты сырæзты æмвæзады бæрæггæнæн**

| № | Сывæллоны ном æмæ мыггаг | 3-йы онг нымад (афæдзы фыццаг æмбис); 5-ы онг нымад; (афæдзы дыккаг æмбис) | Асмæ гæсгæ абарст: гыццыл – стыр (афæдзы фыццаг æмбис); бæрзонд – ныллæг, нарæг – фæтæн (уæрæх) (афæдзы дыккаг æмбис) | Геометрион фигурæтæ | Тыгъдады ориентаци кæнын зонын фæсæвæрдтæ *уæлæ*, *уæле (сæрмæ)*, *бын*, *æввахс*-æй пайдагæнгæйæ (афæдзы фыццаг æмбис); *уæле* – *дæле*, *рахиз* – *галиу* (афæдзы дыккаг æмбис) | Хатдзæг |
|---|---|---|---|---|---|---|
| 1 | | | | | | |
| 2 | | | | | | |
| 3 | | | | | | |
| 4 | | | | | | |
| 5 | | | | | | |
| 6 | | | | | | |
| 7 | | | | | | |
| 8 | | | | | | |
| 9 | | | | | | |
| 10 | | | | | | |



## В.Ю. Шашлова

# АЛФАМБЫЛАЙ ДУНЕИМÆ ЗОНГÆ КÆНЫН

**Сабиты хъазт «Айдæн»**

*Хъомылгæнæг куры, цæмæй йын сабитæ фæзмой йе змæлдтытæ æмæ ныхæстæ.*

**Хъ**. Ныр та мах ииуылдæр стæм гæлæбутæ. Мах атахтыстæм размæ, фæстæмæ. Тæхæм рахизырдæм, галиуырдæм… *(уыйфæстæ хъомылгæнæг сабыргай йæ къух хæрдмæ исы æмæ дзуры):* «Уæлдæр-уæлдæр – бæрзонд».

*Стæй цадæггай йæ къух дæлæмæ уадзы æмæ дзуры:*

«Дæлдæр-дæлдæр – ныллæг».

Йæ къухтæ фæйнæрдæм акæнгæйæ:

«Уæрæх-уæрæх – уæрæхдæр».

Къухтæ æрбакодта кæрæдзимæ:

«Нарæгдæр-нарæгдæр – нарæг».

Сабитæн æвдисы геометрион нывтæ.

**Хъ**. Ныр та цы ис нæ разы?

**С.** Геометрион нывтæ.

**Д/хъазт «Геометрион аразæг» (конструктор)**

**Хъ**. Ай цавæр ныв у? Ай та?

*(Сабитæ дзурынц.)*

Цæй-ма, ацы геометрион нывтæй æрæмбырд кæнæм алыхуызон гæлæбутæ (*хуызæгмæ гæсгæ).*

**Хатдзæг**

**Хъ**. Абон мах сымахимæ уазæгуаты уыдыстæм сæрдмæ. Кæимæ хъазыдыстæм?

**С.** Гæлæбутимæ.

**Хъ**. Цæй фæрцы, ома цæмæй æрæмбырд кодтам гæлæбуты хахнывтæ?

**С.** Æртæкъуымæгтæй, растқъуымæгтæй, зиллæччытæй æмæ дæргъдымбылтæй.

**Хъ**. Зынæй дзы цы уыд? Æнцондæр та? Тынгдæр уæ зæрдæмæ цы фæцыд?

Гæлæбу уыди фынæй, | *Æрмттæ – кæрæдзимæ æлхъывд.*
Фæлæ хурмæ ай-уый нæй –
Райхъал узæлгæ тынтæй. | *Рахæлиу сты гæлæбуйы базыртау.*
Базмæлыди, ссиллæг,
Арвы цъæхмæ сфардæг! | *Фæзмынц гæлæбуйы тахт.*

**Хъ**. Кæй æвдыстой нæ гуккытæ?
**С**. Гæлæбуты.
**Хъ**. Кæд фынæй кодта гæлæбу?
**С**. Æхсæвыгон.
**Хъ**. Æмæ кæд райхъал?
**С**. Райсомæй.
**Хъ**. Æмæ афæдзы афонтæй кæцыйы вæййы æппæты фылдæр гæлæбутæ?
**С**. Сæрды.
**Хъ**. Æмæ ныр та цавæр афæдзы афон у?
**С**. Уалдзæг.
**Хъ**. Раст у, уалдзæг. Уалдзæджы фæстæ та ралæудзæн сæрд. Æмæ уалдзæджы вæййы гæлæбутæ?
**С**. О.

**Сабиты хъазт «Кæм и гæлæбу?»**

**Хъ**. Мæнæ нæм уазæгуаты æрбатахти гæлæбу. Махимæ йæ ахъазын фæнды.
*«Гæлæбу» тæхы сабиты уаты. Кæм тæхы, ууыл дзургæйæ, сабитæ пайда кæнынц дзырдтæй: уæле, бынæй, мидæгæй, бæрзонд, ныллæг.*
**Хъ**. Нæ гæлæбу стыр у æви гыццыл?
**С**. Стыр.
**Хъ**. Ныр та гæлæбумæ ис курдиат – мæ гыццыл хæлæрттæ-гæлæбуты, дам, мын афтæ сæвæрут, алы гæлæбуйæн дæр йæхи дидинæг куыд уа: стыр гæлæбуйæн – стыр дидинæг, гыццылæн – гыццыл.
*Сабитæ æрбадтысты стъолты уæлхъус. Алкæй размæ дæр сæ дидинтæ æмæ гæлæбутæ æмбæлгæ асмæ гæсгæ (фæйнæ фондзы). Æххæст кæнынц хæслæвæрд.*
*Хъомылгæнæг фæрсы дыууæ-æртæ сывæллоны.*
**Хъ**. Æппæты стырдæр гæлæбуйæн йæ хуыз цавæр у? Æппæты къаддæр гæлæбуйæн та? Гæлæбутæ æдæппæт цас сты? Дидинджытæ та? Дидинджытæ фылдæр сты æви гæлæбутæ? Сырх гæлæбутæ цал сты? Уал хатты амдзæгъд кæнæм. Ныр та, æрвхуыз гæлæбутæ цал сты? Уал хатты амдзæгъд кæнæм!



# ПЕРСПЕКТИВОН ПЪЛАН

## Кæстæр къорды (3–4 азы) сывæллæтты алфамбылай дунеимæ зонгæ кæныны перспективон-тематикон пълан

| Мæй | Темæ | | Программæйы мидис |
|---|---|---|---|
| Сентябрь | **Мæ бинонтæ** | 2 | * Мæ бинонтæ: (мад), фыд (папæ, баба), нана, дада (баба), æфсымæртæ, хотæ.<br>* Бинонты куыстытæ хæдзары (мад кæны хæринаг, æхсы гæрстæ, фыд цалцæг кæны бандон æ.а.д.)<br>* Уарзондзинад бинонтæм, хæстæджытæм, уарзондзинады æнкъарæнтæ æвдисын уыдонмæ.<br>* Цæрæгойты «бинонтæ»<br>* Сериаци: сывæллон – стыр адæймаг, гæдыйы лæппын – гæды. |
| Октябрь | **Рæвдауæндон**<br><br>**Фæззæг** | 1 | * Рæвдауæндонимæ базонгæ кæнын (музыкалон зал, хæринаггæнæн, медицинон кабинет, спортивон зал, гæрстæхсæн уат, къорды уат).<br><br>* Афæдзы афоны ном. Уæлæдарæс æмæ боныхъæды æхсæн бастдзинад. Фæззæджы бæрæггæнæнтæ: уаргæ бонтæ, асæст бонтæ. Сезонмæ гæсгæ ивддзинæдтæ æрдзы мидæг:<br>– сыфтæртæ кæнынц бур, сырх, згъæлынц зæхмæ;<br>– сыфтæрзгъæлæн;<br>– мæргътæ тæхынц хъарм бæстæм;<br>– цæрæгойтæ сæхи цæттæ кæнынц зымæгмæ (хъæддаг цæрæгойтæ æмæ хæдзарон цæрæгойтæ;<br>– дыргъдæтты æмæ цæхæрадæтты адæм æмбырд кæнынц (æфснайынц) халсартæ, тонынц дыргътæ. |
| | **Мæ бæстæ** | 3 | * Сахары (хъæуы), цæугæдоны, сывæллон цы уынджы цæры, уый ном зонын.<br>* Уарзондзинад райгуырæн (хи) бæстæмæ, сахармæ (хъæумæ) |

| | | | |
|---|---|---|---|
| Ноябрь | **Æз æмæ мæ буар** | 1 | * Буары хæйттæ: сæр, гуыр, къухтæ, къæхтæ, æнгуылдзтæ.<br>* Цæмæн хъæуынц цæстытæ, хъустæ, фындз, дзых. Æмбарынад «цæсгом».<br>* Æрдзон химбарынад:<br>– чызг, лæппу;<br>– чызг æмæ лæппуйы хицæндзинæдтæ.<br>* Химбарынад хъомылкæныны (рæзыны) процесс (сывæллон – (стыр) адæймаг). |
| | **Мæ хъазæнтæ** | 1 | * Хъазæнты дукани:<br>– цавæр æрмæгæй конд сты хъазæнтæ;<br>– раиртасын хъазæны формæ, ас, хуыз.<br>* Хъазæнтыл ауæрдын, ахуыр кæнын. |
| Декабрь | **Зымæг** | 3 | * Афæдзы афоны ном.<br>* Бастдзинад уæлæдарæс æмæ боныхъæды æхсæн.<br>* Зымæджы æууæлтæ: уазал, хъызт.<br>* Сезонмæ гæсгæ ивддзинæдтæ æрдзы мидæг:<br>– мит, митгæлæбутæ, митуард,<br>– зымæгиуатгæнæг мæргътæ.<br>* Зымæгон хъæзтытæ æмæ ирхæфсæнтæ (къахдзоныгътæй, дзоныгътæй бырын, митын лæгтæ аразын). |
| | | 3 | * Ног аз зымæг, мит куы æруары, уæд кæй вæййы, уый тыххæй æмбарынад.<br>* Зазбæлас – бæрæгбоны стырдæр фидауц.<br>* Ног азы æрбацæуы Митын Дада æмæ æрбахæссы лæвæрттæ.<br>* Хъæддаг цæрæгойты характерон бæрæггæнæнтæ:<br>– цæрæгойты «дарæс»;<br>– сæ буары хæйтты нæмттæ;<br>– адæймагимæ абарст;<br>– цы хæрынц цæрæгойтæ зымæг. |



æрæмбырд кæнын нал баци сæ бон. Цæй æмæ сын баххуыс кæнæм – фæстæмæ сæмбырд кæнæм геометрион гуырнывты къамтæ.

*Сабитæ 3–4-гай хæйттæй «аразынц» нывтæ æмæ сын дзурынц сæ нæмттæ.*

**Хъ**. Йæ ныв тæккæ стырдæр кæмæн рауад? Цавæр хуыз ын ис? Æппæты къаддæр ныв та кæмæн у? Цавæр у йæ хуыз?

### Хатдзæг

**Хъ.** Сымах абон тынг фехххуыс кодтат геометрион нывтæн æмæ уын уыдон дзурынц «бузныг». Сымах та сын цы хъуамæ зæгъат?

**С.** Табуафси.

**Хъ**. Зын уыди уæ хæс æви æнцон? Цы дзы уыд æнцон? Цы дзы уыд зын? Æмæ дзы тынгдæр та цы фæцыд уæ зæрдæмæ?

## *30-æм ахуыры сахат*

**Иумæйаг темæ: «Сæрд»**
**Темæ: «Рацыд æрмæг бафидар кæнын»**
**Нысантæ:**

– Тыгъдад æмæ рæстæджы ориентаци кæныны тыххæй; афæдзы афон сæрды тыххæй; геометрион нывты (фæлхатыны) æмæ фондзы онг нымады тыххæй; къæйттæй нымайгæйæ куыд хатой фылдæр æмæ къаддæр.

– Рæзын сын кæнын сæ тыгъдадон хъуыдыкæнынад, къæрцхъус уæвыны æмæ сфæлдыстадон арæхстдзинæдтæ, сæ ныхасы рæзт.

– Æххуысхъуаг чи у, уыдонæн баххуыс кæнын сæ куыд фæнда, сæ эмоцитæ æвдисын куыд зоной, уыцы хуызы сæ хъомыл кæнын.

**Архайæн фæрæзтæ**
**Цæстуынгæ:** егъау гæлæбу (тъæпæн).
**Райуаринаг:** 5 дидинæджы æмæ 5 гæлæбуйы, алыхуызон геометрион нывтæ, гæлæбутæ-хуызæгтæ.

### Ахуыры нывæст

**Хъ**. Ахъазæм не ’нгуылдзтæй.

**Хъ**. Нывæфтыд хæдзармæ фыццаг цæрынмæ æрбацыд æртæкъуымæг. Кæсут-ма – дыккаг та чи фæзынд?

*Æрæвæрдта расткъуымæг. Сабитæ йын дзурынц йæ ном æмæ, квадрат у, уый цæмæй базыдтой, уыдæттæ. Хъомылгæнæг та куры, цæмæй, расткъуымæгæн цал къуымы (цал фарсы) ис, уал хатты къахæй æртъупп кæной.*

*Афтæ «æрбацæуынц» цыппаркъуымæг, зиллакк æмæ дæргъдымбыл. Сабитæ дзурынц ацы нывты тыххæй. Куы хъæуа, уæд сын хъомылгæнæг æххуыс кæны. Ахуыры рæстæг хъомылгæнæг ногæй дзуры сабитæн – зиллакк æмæ дæргъдымбылæн нæй фæрстæ.*

*Хъомылгæнæг ногæй фæрсы сабиты: цавæр ныв æрбацыд фыццаг, дыккаг æмæ а.д. Уыйфæстæ – цал нывы æрцард æдæппæт хæдзары (фондз).*

**Хъ**. Райдыдтой цæрынтæ-хæрынтæ геометрион нывтæ. Æхсæвыгониу кодтой фынæй. Хъал та-иу кæд раисты?

**С.** Райсомæй.

**Хъ**. Боныгон та-иу цы куыстой?

*(Сабиты дзуаппытæ.)*

**Хъ**. Бон фæцис æмæ ралæууыд…

**С.** Изæр.

**Хъ**. Изæрæй алчидæр йæхи фæцæттæ кæны фынæймæ, уымæн æмæ ралæууы…

**С.** Æхсæв.

**Хъ**. Æхсæв фæкæнæм фынæй, боныгон та цы фæкусæм?

*(Сабиты дзуаппытæ.)*

**Хъ.** Боныгон та нæ бон у хъазын.

### Сабиты хъазт «Цæйбæрц – уыйбæрц…»

*Пъолыл – тæлытæ-хæдзæрттæ æвæрд. Алы тæлыйы дæр ис нывгонд æмæ сыл ис квадратты нывтæ, иуæй фондзы онг сæ нымæц. Хъуысы музыкæ. Сабитæ тезгъо кæнынц къорды уаты. Музыкæ куы фæхъус вæййы, уæд базгъорынц тæлытæм. Цал квадраты ис нывтыл, уал сывæллоны хъуамæ слæууа тæлыйы мидæг. Сабитæ хъуамæ зæгъой, уалæй цæмæн бахызтысты тæлыйы хуылфмæ. Хъазт фæлхатгонд цæуы 2 хатты.*

### Д/хъазт «Æрæмбырд кæн ныв»

**Хъ**. Æппæт геометрион нывтæн дæр уыд къамтæ (хуызистытæ), фæлæ хъазгæ-хъазгæ къамтæ алыг кодтой хицæн хæйттыл, æмæ сæ



| | | | |
|---|---|---|---|
| Январь | **Мигæнæнтæ**<br><br>**Хойраг** | 1 | * Иугæнæг дзырд «мигæнæнтæ».<br>* Цайцымæн æмæ хæрæн мигæнæнтæ.<br>* Раст пайда кæнын мигæнæнтæй.<br>* Иугæнæг дзырд «продукттæ» кæнæ «хойраг».<br>* Хом хойраг, фых хойраг, сурвых хойраг.<br>* Хæринаг кæныны мадзæлттæ.<br>* Хæрды фæтк. |
| Февраль | **Уæлæдарæс**<br><br>**Хæдзары дзаума** | 2 | * Иугæнæг дзырд «дарæс», «сæрыдарæс», «къахыдарæс».<br>* Чызджы къахыдарæс, лæппуйы къахыдарæс.<br>* Цы амоны æнæфснайддзинад уæлæдарæсы æмæ куыд архайын хъæуы йæ не ’руадзыныл.<br>* Уæлæдарæсы æрфыст (хуыз, нысаниуæг æ.а.д.).<br>* Æддæмæ цæуынмæ (тезгъо кæнынмæ) дарæс кæныны фæтк.<br>* Хæдзары дзаумайы тыххæй æмбарынад, хæдзары дзаумæтты нæмттæ, сæ нысаниуæг.<br>* Хæдзары дзаумæтты абарст (хицæндзинæдтæ, æмхуызондзинад) алыхуызон æууæлтæм гæсгæ.<br>* Хæдзары дзаумæтты аразæг хæйттæ (къæхтæ, фарс, тъæпæн æ.а.д.). |
| Мартъи | **Мады бæрæгбон** | 1 | * Зæрдæхæлар, фæлмæн, аудæг мады фæлгонц аразыныл архайд.<br>* Мад æмæ нана сты тæккæ хæстæгдæр адæймæгтæ, уыдоны хъæуы уарзын, нымайын, хъæуы сын æххуыс кæнын. |
| | **Цавæр дæсныйæдтæ ис** | 1 | Хистæрты фæллой (хæринаггæнæг, дохтыр, хилдасæг, хуыйæг, дуканигæс):<br>– фæллойы ахадындзинад;<br>– куысты процесс (нысан, кусæнгæрзтæ, архайды хуызтæ);<br>– дæ бон цы у, уыцы æххуыс хистæртæн. |

| | | | |
|---|---|---|---|
| | **Транспорт** | 1 | * Транспорты хуызты нæмттæ (машинæ, автобус æ.а.д.). Сæ нысаниуæг.<br>* Уæзласæн æмæ рог машинæйы абарст (цавæр хæйттæй арæзт сты, сæ нысаниуæг æ.а.д.).<br>* Транспорты хуызтæ, кæм дзы пайда кæнынц, уымæ гæсгæ (зæххыл, доны, уæлдæфы). |
| Апрель | **Уалдзæг** | 1 | |
| | **Уалдзæг** | 3 | * Уалдзæджы бæрæггæнæнтæ.<br>* Иннæ афæдзы афонтæ абарын уалдзæгимæ.<br>* Уалдзыгон боныхъæды бастдзинад уæлæдарæсимæ (адæм сæ зымæгон хъарм дарæс раивынц рогдæр дарæсæй).<br>*Хъæддаг æмæ хæдзарон цæрæгойтæ, мæргътæ æмæ сæ лæппынтæ.<br>* Мæргъты æрбатахт, мæргътæ цæмæй цæрынц.<br>* Уалдзыгон зайæгойтæ садзыны куыст (хъæдындз зæххы ныссадзын). |
| Май | **Нæ алфамбылай дуне** | 1 | * Æриу кæнын алфамбылай дунейы тыххæй зонындзинæдтæ.<br>* Цардæгас дуне (мæргътæ, уырынгонтæ (сасчытæ), цæрæгойтæ, зайæгойтæ).<br>* Æдзард æрдз – (хур, уарын, дур æ.а.д.). |
| | **Хи дарыны культурæ** | 1 | * Æмбарынад «Уæздан ныхæстæ».<br>* Уæздан ныхæстæй пайда кæнын адæмы æхсæн.<br>* Хæстæджытæ æмæ æмбæлтты нымайын. |
| | **Сæрд** | 1 | * Сæрды бæрæггæнæнтæ.<br>* Иннæ афæдзы афонтæ абарын, сæрдимæ. |



*расткъуымæг);* рæнхъон нымад, фондзы онг нымад, рæстæджы æмбарынæдтæ *(райсом – бон – изæр – æхсæв)* хуыздæр зонын.

–Дарддæр сабиты ахуыр кæнын, цæмæй дыууæ хæрхы предмæтты нымæц сæ бон уа абарын, ахæм дзырдтæй пайдагæнгæйæ: *цæйбæрц, уыйбæрц, æмбæрц.*

– Тыгъдадон хъуыдыкæнынад, фæлгæнæны æмæ лæмбынæг уæвыны арæхстдзинæдтæ сын рæзын кæнын.

– Дарддæр дæр кусын ууыл, цæмæй сабитæн хæлар æмæ æхсызгон ахастытæ уа кæрæдзимæ.

**Архайæн фæрæзтæ**

**Цæстуынгæ:** нывæфтыд хæдзары æмæ геометрион нывты хуызвыстытæ (зиллакк, æйкдымбыл, æртæкъуымæг, расткъуымæг, цыппаркъуымæг); тæлытæ.

**Райуаринаг:** тъæпæн геометрион фигурæтæ 3–4 хайыл дихæй.

### Ахуыры нывæст

**Хъ**. Сымах уарзут уазæгуаты цæуын кæнæ уын уæхимæ уазджытæ цæуой, уый?

**С.** О.

**Хъ**. Цæйут-ма, уæ зæрдыл æрлæууын кæнут уæздан æмæ рæдау ныхæстæ. Мах сæ ахуыр кодтам.

*Сабитæ фæлмæн хъазæн дæттынц къухæй-къухмæ æмæ кæрæдзийæн дзурынц арфæйы ныхæстæ: салам, хæрзбон, бузныг, табуафси.*

*Хъомылгæнæг æрæвæрдта нывæфтыд хæдзар – теремок æмæ кæсы:*

Быдыры лæууы хæдзар,
Дисы бафтаудзæни дæу,
Нæу бæрзонд, ныллæг дæр нæу,
У нывæфтыдтæ йæ цар.
Дардæй йæм æртæкъуымæг цыдис,
Фæлæ федта – кулдуар у æхгæд,
Æмæ загъта хæдзарæн гъеуæд:
Цæй-ма, гуыдыр, байгом у –
Баззайæм дæ радгондæй!..

**Хъ**. *(хæдзары фарсмæ æрæвæрдта æртæкъуымæг)* Цавæр ныв у æмæ, йæ бон дзурын куы уаид, уæд цы зæгъид?

Æртæкъуымæгæн цал къуымы (кæнæ цал фарсы) ис, уал хатты æмдзæгъд кæнут.

*Сабитæ хæслæвæрд æххæст кæнынц.*

**Физкультурæйы цъусдуг «Дымгæ»**

**Хъ**. Дымгæ ’рбадымдта нæ ныхмæ,
Æтт, фæлвары ныл йæ тыхтæ!
Алырдæмты тасы тала,
Дымгæ ныр йæхицæй хъал у –
Иууылдæр нызмæлы хъæд!
Фæлæ сонт дымгæ куы банцад –
Фесты бæлæстæ уæлдæр,
Систа тала дæр йæ сæр.

*Сабиты змæлдтытæ ныхæстæм гæсгæ.*

*(Фæлтæрæн ис фæлхат кæнын 2–3 хатты, сабиты куы фæнда, уæд.)*

**Хъ**. Мæнæ рахызтыстæм æрдузмæ. Хур нæм кæсы æмæ худы. Цæй æмæ хурæн лæвар ракæнæм: саразæм ын йæ фæлгонц.

*(Сабитæ цыма æрдузы бадынц, афтæ паласыл скодтой хуры сурæт.)*

**Хъ**. Анымайут-ма – хуры тынтæ уын цал сты?

**С**. Фондз.

**Хъ**. Цавæр геометрион нывæй ма спайда кодтат?

**С**. Зиллаккæй.

**Хатдзæг**

**Хъ**. Хур кæд райхъал вæййы?

**С**. Райсомæй.

**Хъ**. Æмæ фынæй та кæд бавæййы?

**С**. Изæрæй.

**Хъ**. Мах та иумæ тезгъо кæд фæкæнæм, кæд фæхъазæм, нæхи кæд фæнайæм?

**С**. Боныгон.

**Хъ**. Æмæ фынæй та кæд фæкæнæм?

**С**. Æхсæвыгон.

**Хъ**. Алцыдæр раст кæнут æмæ дзæбæхæй байрæзут!

## *29-æм ахуыры сахат*

**Иумæйаг темæ: «Уæздандзинад»**

**Темæ: «Фæлхат»**

**Нысантæ:**

– Геометрион гуырнывты тыххæй зонындзинæдтæ бафидар кæнын *(зиллакк, æйкдымбыл, æртæкъуымæг, цыппаркъуымæг,*



## *1-аг ахуыры сахат*

**Иумæйаг темæ: «Мæ бинонтæ»** *(2 сахаты)*

**Нысантæ**:

– Сабиты сæ бинонты нæмттæ дзурынил ахуыр кæнын; хъуамæ йæ æмбарой, хистæртæ æмæ кæстæрты хæстæ бинонты æхсæн. Сабитæн бамбарын кæнын, цæрæгойтæн дæр бинонтæ кæй ис, уый.

– Сабиты логикон хъуыдыкæнынады бындуртæ рæзын кæнын. Къæрцхъус æмæ цырддзаст цæмæй уой, ууыл сæ ахуыр кæнын.

– Бинонтæ кæрæдзи куыд уарзой, кæрæдзиуыл куыд аудой, уыцы хуызы сæ хъомыл кæнын.

**Рагагъоммæйы куыст:** аргъау «Æртæ арс»-имæ базонгæ кæнын; бинонты хуызистытæм кæсгæйæ, ныййарджытæ æмæ хъæбулты æхсæн – зæрдиаг ныхæстæ.

**Архайæн фæрæзтæ**

**Цæстуынгæ:** бæлæстæ, зазтæ, чысыл хæдзаргонд (модельтæ), æрсыты нывтæ, 2 ватман гæххæтты, æмдзæвгæ «Бинонтæн» иллюстраци.

**Райуаринаг:** къамтæ – ныййарджытæ æмæ сæ сывæллæттæ иумæ истæй.

**Ахуыры нывæст**

**Хъ.** Аргъæуттæ уарзут?

**С.** Уарзæм.

**Хъ.** Цæй-ма бафæлварæм, кæддæра базоникκам, ацы аргъау кæй æмæ цæй тыххæй у, уый. Зæгъут-ма, адон цы сты.

**С.** Бæлæстæ, зазтæ.

**Хъ.** Райсут сæ æмæ сæ гауызыл æрæвæрут.

*(Сабитæй алчидæр иу бæлас райсы æмæ йæ гауызыл æрæвæры.)*

**Хъ.** Ныр та цы ис нæ разы?

**С.** Хъæд, бирæ бæлæстæ.

*(Хъомылгæнæг сæм чысыл хæдзаргонды хуызæг бафтауы.)*

**Хъ.** Ныр та цы ис нæ разы?

**С.** Чысыл хæдзар.

**Хъ.** Æмæ кæм лæууы?

**С.** Хъæды астæу.

**Хъ.** Уым, цымæ, чи цæры?

*(Сабитæ алыхуызон сырдты нæмттæ нымайынц.)*
**Хъ.** Хæдзары дуæрттæ фидар æхгæд сты, æмæ нæ бон нæу базонын, чи дзы цæры, уый. Цæй, æмæ дуæрттæ байгом кæнæм.

### Æнгуылдзты гимнастикæ «Гуыдыр»

Дуарыл ауыгъд ис гуыдыр.
Чи йæ байгом кæна ныр?
Гуыдыр алырдæм æрзылдтам,
Алыхуызон æй ныздыхтам,
Гуыдырæй нæ дуар ныххостам.
Уагъта фæйнæгыл уый ностæ
Æмæ фегом.

*Æнгуылдзтæ æддæг-мидæг ауадысты – «гуыдыр» сæ рауад. Стъол хойынц сæ «гуыдыртæй». Здухынц сæ къухтæ «гуыдырæвæрдæй», стæй сæ армытъæпæнтæ равдисынц.*
**Хъ.** Дуар байгом кодтам мах. Кæсут-ма, кæсут, чи нæм дзы ракаст?
*(Хъомылгæнæг гауызыл æрсыты æртæ хуызæджы равæры.)*
**С**. Адон æрсытæ сты.
**Хъ.** Баба-арс, нана-арс, фырт-арс. Арсы бинонтæ уын мæнæ. Цæйас у баба-арс?
**С.** Стыр.
**Хъ.** Равдисут-ма, дынджыр кæй у, куыд уæззау цыд кæны, бабызау.
*(Сабитæ æвдисынц, арс куыд стыр у, фæзмынц ын йæ фадыварц. Афтæ афæзмынц нана-арсы æмæ фырт-арсы дæр. Дарддæр хъомылгæнæг фæзæгъы, нана-арс хæринæгтæ скæны, тыхсы йæ хъæбулыл, баба-арс та бинонты знæгтæй хъахъхъæны.)*

### Хъазт «Арсмæ уазæгуаты тархъæды»

**Хъ.** Фæззæджы фæцæуæм хъæдмæ къозотæ æмæ гагадыргътæ æмбырд кæнынмæ. Арс дæр уарзы къозотæ, дыргътæ æмæ гагадыргътæ. Цæй æмæ ма афæлварæм арсимæ ахъазын. Чи уæ уыдзæн арс? (Алан) Цыма дам ацы бандон арсы хæдзар уыдаид.
**Хъ.** Бамбæхс *(сабийы ном фæзæгъы)* бандоны бын. *(Хъомылгæнæг кæсы æмдзæвгæ, сабитæ хъуызæгау фæцæйцæуынц арсырдæм.)*

Хъæды астæу – арсы цæрæн,
Зокъо, гагадыргътæ тонæм.
Ауыны нæ арс йæ цуры –
Богътæгæнгæ мах фæсуры.

*Сабитæ арсмæ куы баввахс вæййынц, уæд сæм ралæбуры, ныббогътæ*



*уадздзаджы, æмдæргъ, фæлæ сæ уæрх – фæйнæхуызон; уыдон сты цæугæдæттæ. Æмæ фæйнæ 2 уадздзаджы – сæ уæрх æмхуызон, фæлæ сæ дæргъ æмæ сæ ахуырст – алыхуызон; уыдон та сты хидтæ.*
**Хъ**. Æрвхуыз æмæ æрвхуыз-цъæх уадздзæгтæ сты цæугæдæттæ. Сæ уæрх æмхуызон у æви хицæн кæнынц?
**С.** Сæ уæрх у фæйнæхуызон.
**Хъ**. Æмæ уый куыд ис сбæлвырд кæнæн?
**С.** Иу дзы иннæуыл æрæвæрдзыстæм.
*(Хъомылгæнæг æвдисы уæрæх уадздзаг.)*
**Хъ**. Ацы дон цавæр у – уæрæх æви нарæг?
**С.** Уæрæх.
*(Æвдисы нарæг уадздзаг.)*
**Хъ**. Ацы дон та цавæр у?
**С.** Нарæг.
**Хъ**. Ныр та алы донмæ дæр равзарын хъæуы хид. Æркæсут-ма хидтæм. Сæ дæргъ æмæ сæ уæрхæй хицæн кæнынц кæрæдзийæ?
**С.** О.
**Хъ**. Равзарут-ма мын даргъдæр хид. Йæ хуыз цавæр у?
*(Сабитæ æвдисынц сырх ахуырст хид.)*
**Хъ**. Æмæ бур хид даргъдæр у сырх хидæй æви цыбырдæр?
**С.** Цыбырдæр.
**Хъ**. Æрæвæрут-ма сæ кæрæдзиуыл. Бур хид у цыбырдæр сырхæй; сырх хид у даргъдæр бурæй. Цæмæй доны сæрты бахизæй, уый тыххæй йыл хъæуы хид сæвæрын. Ахъуыды кæнут – уæрæх цæугæдоныл цавæр хид сæвæрын хъæуы? Нарæг доныл та?
*(Сабитæ сæххæст кæнынц хæслæвæрд, хъомылгæнæг сæм йæ цæст дары æмæ куы хъæуа, уæд сын æмбарын кæны, уæрæх доны сæрты цыбыр хид цæуылнæ ис сæвæрæн, уый.)*
**Хъ**. Алы доныл дæр нын ис хид?
**С.** О.
**Хъ**. Уæдæ сыл ныр нæ бон у иннæ фарсмæ бахизын. Цæйут-ма даргъ хидыл бахизæм нæ рахиз къухы æнгуылдзтæй, цыбыр хидыл та – галиу къухы æнгуылдзтæй.
*(Сабитæ «цæуынц» хидыл сæ æнгуылдзтæй.)*
**Хъ**. Мах бахызтыстæм доны сæрты æмæ бацыдыстæм хъæдмæ.
*(Сабитæ сыстадысты, æрлæууыдысты стъолты фарсмæ.)*

## *28-æм ахуыры сахат*

**Иумæйаг темæ: «Нæ алфамбылай дуне»**
**Темæ: «Раздæры æрмæг бафидар кæнын. Дæргъ, уæрх»**
**Нысантæ:**

– Предметтæ сæ дæргъ æмæ уæрхмæ гæсгæ барыны зонындзинæдтæ бафидар кæнын. Ныхасгæнгæйæ пайда кæнын ахæм дзырдтæй: *уæрæх, нарæг, уæрæхдæр, нарæгдæр; даргъ, цыбыр, даргъдæр, цыбырдæр.*

– Рæстæджы æмбарынæдтæ æмæ фондзы онг нымад хуыздæр базонын кæнын.

– Архайын, цæмæй рæза сæ мысæнуат, уой лæмбынæг; анализ кæныны бындуртæ сын амонын; ныхасы рæзтыл кусын.

– Ахуыр сæ кæнын, цæмæй уарзой æмæ хъахъхъæной æрдз.

**Архайæн фæрæзтæ**

**Цæстуынгæ:** дыууæ уадздзаджы – нарæг æмæ уæрæх, сæ иу – æрвхуыз, иннæ – æрвхуыз-цъæх.

**Райуаргæ:** алы сабийæн дæр – 2 фæйнæхуызон уадздзаджы, дæргъæй æмхуызон, фæлæ уæрхæй фæйнæхуызон куыд уой, афтæ; хуызæй дыууæ фæйнæхуызон уадздзаджы, сæ дæргъ – фæйнæхуызон, сæ уæрх та – æмхуызон; нывгонд хуры æвзистимæ, бурхуыз зиллакк æмæ 5 нымайæн къæбæлы.

### Ахуыры нывæст

**Хъ**. Абон мах иумæ ацæудзыстæм æрдзы хъæбысмæ.

Терчы былмæ уайæм,
Цинæй зæрдæ райы.
Феппæрстам нæ дарæс
Æмæ рæвдздæр – донмæ!
Бацайдагъ нын ерыс –
Ленк кæнын, цымæ, зонæм?
Уæ зæрдæмæ фæцыд доны найын?

**С.** Тынг!

**Хъ**. Ныр та цæугæдоны сæрты хидыл ахизæм. Æрбадут стъолты уæлхъус.

*Сабитæ æрбадтысты. Алкæй размæ дæр дзы – хуызæй 2 алыхуызон*



*кæны, æмæ сабитæ фæйнæрдæм алидзынц.*

**Хъ.** Арс цæмæн богътæ кæны?

**С.** Йæ бинонтæ ам хæстæг кæмдæр сты, æмæ уыдонæн тæрсы, хизы сæ фыдбылызæй, алы знæгтæй.

**Хъ.** Æмæ сæ цæмæн хъахъхъæны?

**С.** Уымæн æмæ сæ уарзы, æнувыд у йæ бинонтыл.

**Хъ.** Куыд хæлар æмæ æнгомæй цæрынц арсы бинонтæ!

**С.** Рувас, гæды æмæ куыдзæн бинонтæ уæвæр ис?

**Хъ.** Уыдонæн цот, хъæбултæ вæййы?

**С.** Вæййы.

**Хъ.** Ома, уыдонæн дæр вæййы бинонтæ.

*(Хъомылгæнæг кæсы æмдзæвгæ «Бинонтæ» æмæ текстмæ гæсгæ арæзт иллюстрацитæ æвдисы.)*

Ыстыр тулдзы фадæнтæй
Кæрты дуармæ – бадæнтæ.
Иуыл бадынц бинонтæ,
иннæуыл та – гинотæ.
Фыццæгтæн и лæппутæ,
дыккæгтæн та – лæппынтæ.
Мæнæ цæуынц мидæмæ
сæ цард иумæ ’рвитынмæ:
Иумæйаг у сæ хæдзар –
амонд сыл уым ныххæца!

**Хъ.** Уæдæ цы базыдтам? Базыдтам, адæмæн дæр æмæ гæдытæн дæр бинонтæ кæй ис, уый. Æмæ сымахæн ис бинонтæ, сымахæн, мæ хуртæ?

**С.** Ис, ис!

**Хъ.** Æмæ кæимæ цæрут уæ хæдзары?

*(Сабитæ сæ бинонты уæнгты нымайынц.)*

**Хъ.** *(Бинонтимæ кæм ист сты сабитæ сæхæдæг, уыцы къамтæ сын уары).* Æркæсут уæ хионтæм, уæ тугхæстæджытæм æмæ сæ чи кæцы у, уый зæгъут. Кæйдæрты бинонтæ сты бирæ, кæмæндæрты та гыццыл. Фæлæ иууылдæр хъуамæ цæрой кæрæдзи уарзгæ. Мæнæ сымах куыд уарзынц уæ ныййарджытæ, уæ нанатæ æмæ дадатæ, стæй сæ сымах дæр куыд бирæ уарзут, афтæ.

### Хатдзæг

**Хъ.** Æмæ мах та ам нæхи хорз æнкъарæм, нæ сабидон нæ зæрдæмæ цæуы?
**С.** Цæуы.
**Хъ.** Хæлар, æнувыд, æнгомæй дзы цæрæм?
**С.** О!
**Хъ**. Равдисут-ма, кæрæдзийы куыд уарзут, уый.
*(Сабитæ зæрдиагæй кæрæдзийæн хъæбыстæ кæнынц, батæ – кæрæдзийы рустæн...)*
**Хъ.** Уæдæ цæмæй не 'ппæты бинонтæ дæр хæларæй цæрой, хуыздæр зоной сæ кæрæдзи, уый тыххæй сæ иу стыр гæххæтты сыфыл фæрсæй-фæрстæм баныхасæм.
*(Сабитæ ватманыл къамтæ ныхасынц.)*
**Хъ.** Уынут, ныр мах дæр амæй фæстæмæ иу бинонтæ стæм.

## *2-аг ахуыры сахат*

**Иумæйаг темæ: «Мæ бинонтæ»**
**Нысантæ:**

– Хуымæтæг къæйттæ-къæйттæ æмæ хæрхимæ (множество) зонгæ кæнын. Сабиты цæрæгойтимæ æмæ сæ лæппынты цардимæ дарддæр зонгæ кæнын. Бинонты тыххæй зонындзинæдтæ ныффидар кæнын.

–Кусын сæ логикон хъуыдыкæнынады æмæ фæлгæнæны рæзтыл. Исты бæлвырд сурæт-фæлгонц равдисынмæ куыд арæхсой, сæ цæстытыл уыцы сурæт удæгасау куыд уайа, текстмæ гæсгæ змæлынмæ куыд арæхсой, уыцы арæхстдзинæдтæ сæм рæзын кæнын.

– Бинонтыл æнувыд куыд уой, цæрæгойтæм хæлар, уарзон цæстæй куыд кæсой, куыд сыл аудой, уыцы хуызы сæ хъомыл кæнын.

**Архайæн фæрæзтæ**
**Цæстуынгæ:** бинонты къамтæ ватманыл ныхæстæй. Хæдзары дзаумæттимæ нывгæндтæ, бинонтæй алкæй хуызимæ дæр нывгæндтæ, æмдзæвгæ «Узæлд»-ы иллюстрацитæ. Хуызджын тымбылæгтæ – 4 (сæ диаметр 30 см онг).



### Сабиты змæлгæ хъазт «Баххуыс кæн гæлæбуйæн»

**Хъ**. Уалдзæджы сбирæ вæййынц алыхуызон гæлæбутæ.
*Сабитæ стъолæй райстой фæйнæ гæлæбуйы æмæ фæзмынц гæлæбуты тахт. Хъомылгæнæг бæлвырд кæны, сабитæй алкæмæ дæр цал гæлæбуйы ис, уый, æмæ скæны хатдзæг: алкæмæ дæр ис иу гæлæбу.*
**Хъ**. Цъиутæ фæцуан кæнынц гæлæбутыл, æмæ сын баххуыс кæнæм – гæлæбутæн сæвæрæм сæ дидинтыл. Уадз æмæ уæ гæлæбутæ дидинтыл æрбадой – уæд сæ мæргътæ нæ фендзысты.
*(Кæд сабитæн сæ бон нæу, уæд сын хъомылгæнæг æххуыс кæны.)*
**Хъ**. Сырх гæлæбу бур дидинæгыл нæ зындзæн æви сырхыл?
*Алы саби дæр йæ гæлæбу æвæры дидинæгыл (хъуамæ сæ хуыз кæрæдзийæ ма хицæн кæна).*
**Хъ**. Иууыл гæлæбутæ дæр бамбæхстысты дидинджытыл?
**С**. О.
**Хъ**. Алы дидинæгыл дæр ис гæлæбу?
**С**. О.
*(Хъомылгæнæг бæлвырд кæны – дидинджытæ фылдæр сты æви гæлæбутæ.)*
**С.** Æмбæрц сты. Дидинджытæ цал сты, гæлæбутæ дæр уал.

### Хатдзæг

**Хъ**. Кæд фæзынынц дидинджытæ æмæ гæлæбутæ?
**С**. Уалдзæджы.
**Хъ**. Хъазт уæ зæрдæмæ фæцыд?
**С**. О.
**Хъ**. Цавæр геометрион нывтæй æмбырд кодтат дидинтæ?
*(Сабитæ сæ нымайынц.)*
**Хъ**. Цæмæй сты æмхуызон дæргъдымбыл æмæ зиллакк?
**С.** Къуымтæ сын нæй.
**Хъ**. Дæргъдымбыл æмæ расткъуымæг цæмæй хицæн кæнынц?
**С.** Дæргътымбылæн къуымтæ нæй, расткъуымæгæн та ис.
**Хъ**. Цæй æнгæс у дæргъдымбыл?
*(Айчы æмæ а.д. – сабиты дзуаппытæ.)*
**Хъ**. Æтт, дзæбæхæй байрæзут! Мæ зæрдæ уæ барухс.

*(Кæд сабитæн сæ бон нæу дзуапп дæттын, уæд сын хъомылгæнæг æххуыс кæны.)*

**Хъ**. Афтæ у. Зиллакк æмæ дæргъдымбылæн нæй къуымтæ. Ам цы бирæ нывтæ ис, уыдонæй равзарут æйкдымбыл.

*(Сабитæ æххæст кæнынц хæслæвæрд.)*

**Хъ**. Цæй æнгæс у дæргъдымбыл? *(Сабиты дзуаппытæ.)* Æйкдымбыл ма у дидинæджы сыфты æнгæс дæр.

**Сабиты хъазт «Дидинджытæ»**

**Хъ**. Цæй æмæ геометрион нывтæй сæмбырд кæнæм дидинджытæ.

*Сабитæ хъомылгæнæджы лæвæрд хуызæгтæм гæсгæ гауызыл равæрынц дидинтæ.*

*Зæгъæм:*



*Уыйфæстæ хъомылгæнæг куры, цæмæй радзурой сæ дидинты тыххæй.*

***Зæгъæм***: мæ дидинæгæн ис 4 сыфы, уыдон сты сырх.

**Хъ**. Уæ дидинджытæ иухуызон сты æви алыхуызон?

**С.** Алыхуызон.

**Хъ**. Сæ ас та цавæр у?

**С.** Стыртæ æмæ гыццылтæ.

**Хъ.** Уæдæ уæ дидинджытæ асæй æмиас сты æви алыхуызон?

**С.** Алыхуызон.

**Хъ**. Кæд райхъал вæййынц дидинджытæ?

**С.** Райсомæй.

**Хъ**. Дидинджытæ æнæхъæн бон сæ тæнæг сыфтæ фæивазынц хæрдмæ, хурмæ. Уæ гуккытæй равдисут, хурмæ куыд фæтырнынц, уый.

*(Сабитæ сæ къухтæ хæрдмæ ивазынц.)*

**Хъ**. Æмæ дидинтæ фынæй та кæд бавæййынц?

**С.** Æхсæвыгон.

**Хъ**. Цæйут-ма æрбадут æмæ равдисут, дидинтæ куыд фынæй кæнынц, уый.

*(Дзуццæджы æрбадтысты.)*

**Хъ**. Æмæ та кæд райхъал уыдзысты?

**С.** Райсомæй.

*(Сабитæ сыстынц.)*



**Райуаринаг**: къæйттæ-къæйттæгæнæн сериацийæн нывтæ – цæрæгой æмæ йæ лæппын, саби æмæ ас лæг: лæппу – фыд, мад – чызг.

**Ахуыры нывæст**

**Хъ.** Сабитæ, уе ’нгуылдзтæ-ма мæм равдисут. Ныр та байхъусут: æз текст кæсдзынæн, сымах та уе ’нгуылдзтæ радыгай æркъæдз кæндзыстут.

*Æнгуылдзты гимнастикæ «Мæ бинонтæ».*

Мæнæ – дада,
Мæнæ – нана,
Мæнæ – баба,
Мæнæ – дзыцца,
Мæнæ уый та – мæхæдæг!
Бинонтæ – æххæстæй.

*(Хистæр æнгуылдзæй райдайынц сабитæ, афтæмæй радыгай æрдыдагъ кæнынц се ’нгуылдзтæ, «Бинонтæ – æххæстæй», зæгъгæ, куы фехъусынц, уæд та сæ рахиз къухæй сæ галиу тымбыл къух ацахсынц.)*

**Хъ.** Сабитæ, æмæ уый та цы амоны, уый – бинонтæ?!

*(Сабиты дзуаппытæ хъомылгæнæджы æххуысæй.)*

**Хъ.** Куыд сбæлвырд кодтам уемæ, сабитæ, афтæмæй бинонтæ сты, иумæ чи цæры сабийæ æмæ ас адæмæй, кæрæдзиуыл чи ауды, тыхсы æмæ архайы, цæмæй сæхи хорз æнкъарой, зæрдæхъæлдзæг уой. Æмæ, цымæ, махæн та ам иумæ хорз у?

**С.** Тынг хорз! О.

**Хъ.** Æркæсæм-ма ногæй нæ къамтæм. Цы рæсугъд стут иууылдæр, цы! Уый та уемæ чи ис хуызистыты?

*(Сабитæ сæ нымайынц номæй-номмæ.)*

**Сывæллæтты хъазт «Бинонтæ»**

Хъомылгæнæг сабитæм дзæбуджы, тæбæгъты-къусты, æндæхтæ æмæ æндæр ахæмты нывгæндтæ, стæй, баба, дзыцца, нана, дада хицæнтæй кæуыл сты, ахæм нывтæ æвдисы. Алыхуызон зиллæччытæ равæры æмæ дзы алкæй бæстастæу дæр иу нывсæвæрой – бабайы, дзыццайы, нанайы, дадайы. Стæй фæзæгъы сывæллæттæн, цæмæй уыдон та нывы фарсмæ, кæмæн дзы цавæр дзаума фидауы, уый сæвæра тымбылæджы. Уыдонæй хæдзары чи цæуыл хæст у, чи сæ цы куыст фæкæны, уый хъуамæ сæ зæрдыл дарой сабитæ. Кæд æмæ сабитæ


ПРОДАЖЕ НЕ ПОДЛЕЖИТ

къуыхцытæ кæной, уæд сын феххуыс кæндзæн. Бамбарын кæнын хъæуы, арæх бинонтæ кæрæдзийæн кæй феххуыс кæнынц – лæг сылгоймагæн сылгоймаджы куысты, уый та лæгæн лæджы куысты, стæй ма сын, кæуыл цы архайд фидауы æгъдаумæ гæсгæ, уый.
**Хъ.** Сымах дæр куы байрæзат, уæд базондзыстут кæрæдзийæн æххуыс кæнын, кæрæдзиуыл аудын. Зæгъут-ма, кæмæн æххуыс кæндзыстут?
**С.** Нæ ныййарджытæн, нана æмæ дадайæн!
**Хъ.** Цæрæгойтæ дæр сæхирдыгонау хъомыл кæнынц сæ цоты, сахуыр сæ кæнынц згъорын, æмбæхсын, дардмæ гæпп кæнын, хи хъахъхъæнын.

**Æмдзæвгæ «Узæлын»**

*Хъомылгæнæг æй хъæрæй кæсы æмæ æвдисы æмдзæвгæмæ иллюстрацитæ.*

Гино-гистæ пыхсыты
Хъазынц уæртæ ’мбæхсынты.
Мад сæм кæны гудзитæ
Хибар лæууæг къудзитæй.
Уырдыгæй сæм радзуры:
Зонут мысты асурын,
Къуыбылойæ ма хъазут,
Ма суй кæнут æндæхтæ:
Алчидæр сæ ахъаз у –
Ыскъуыд хуыйынц æндæгъдау.
Кæсы къæбыс дардæй,
Хъуыды кæны ’нкъардæй:
Æз дæр афтæ хъазин,
Гинотау дæр уасин,
Фæлæ мад лæууы мæ цуры
Æмæ мæм тызмæгæй дзуры:
Хорз дæхи куы дарай,
Кæстæртæн куы барай,
Алцы ’мдих куы уарай,
Æхсæнчъы куы марай –
Куыдзау куыдзæн бæздзынæ,
Афойнадыл хæрдзынæ!

**Хъ.** Куыд æмæ цæуыл ахуыр кæнынц сæ цоты куыдз æмæ гæды? *(Сабитæ, кæрæдзийы æххæстгæнгæйæ, дзуаппытæ дæттынц.*



барын æмæ афтæмæй ахæм дзырдтæй пайда кæнын: *фылдæр, къаддæр, æмбæрц;* афæдзы афон уалдзæджы тыххæй зонындзинæдтæ бафидар кæнын.
– Нæ алыварс дунемæ цæмæй сабитæ лæмбынæг кæсой, се ’нкъарæнтæ цæмæй йемæ бæттой, уыцы хуызы сæ хъомыл кæнын.
– Цæмæй æнцонæй хæлар ахастытæ аразой, ууыл сæ ахуыр кæнын.

**Архайæн фæрæзтæ**

**Райуаринаг:** геометрион нывтæ; дидинджыты æмæ гæлæбуты хуызæгтæ (сæ ахуырст – фæйнæхуызон).

**Ахуыры нывæст**

**Хъ**. Цæй æмæ уæхи иууылдæр дидинджыты бынаты сæвæрут.

Мæнцъитæ фестадыстæм, муртæ –
Стæм дидинджытæ – ирд, зæрин.
Нæ сыфтæ райхæлдысты хурмæ,
Кæны ныл рог дымгæ дæр цин.

Фæлмæн у, узæлгæ у, сабыр
Æмæ æфтауы махыл рогфын,
Кæнæм цъæх уалдзæгæн ныр табу –
Нæ сæртæй йын ныллæг æркувæм.

*Сабитæ хъомылгæнæджы амындæй æвдисынц дидинæджы змæлд – сæ æрмттæй ацаразынц дидинæджы къуск, уыйфæстæ – йæ райхæлд. Стæй та батымбыл. Дидинджытау сæ сæртæ куы рахизырдæм, куы галиуырдæм фæлмæн акъул кæнынц.*

**Хъ**. Дидинджытæ уарзут?
**С.** О.
**Хъ**. Абон нæм уазæгуаты æрбацыдысты геометрион нывтæ. Уыдон дæр бирæ уарзынц дидинтæ. Ныр та сæ фæнды уемæ ахъазын.
*Хъомылгæнæг сын амоны геометрион нывтæм – сты гауызыл – æмæ сæ куры, цæмæй дзы равзарой æмæ равдисой зиллакк, цыппаркъуымæг кæнæ расткъуымæг. Уыйфæстæ сæм хъомылгæнæг æвдисы дæргъдымбыл æмæ сæ фæрсы, чи йæ зоны, зæгъгæ. Кæд æй сабитæ нæ зонынц, уæд сын дзуры:*
**Хъ**. Уый у æйкдымбыл. Цавæр зонгæ нывы хуызæн уæм кæсы?
**С.** Зиллаччы.
**Хъ**. Цæмæн?
**С.** Уымæн æмæ йын къуымтæ нæй.

*Сабитæ æрлæууынц фæд-фæдыл, стъæлфыты нымæцмæ гæсгæ. Уыйфæстæ алы сывæллон дæр фæзæгъы йæ радон номыр. Баивынц сæ карточкæтæ æмæ дарддæр хъазынц.*

**Хъазт «Æрæмбырд кæн къордтæ»**

Сабиты размæ – алыхуызон æмæ алыйас геометрион нывтæ: зиллæччытæ, æртæкъуымæгтæ, цыппаркъуымæгтæ, квадраттæ.

Куклатæ – лæппу æмæ чызг – дыууæ стыр тæлымæ æмбырд кæнынц бирæ алыхуызон нывтæ æмæ курынц, цæмæй сын сабитæ баххуыс кæной.

Зæгъæм, лæппу æмбырд кæны стыр нывтæ, чызг та – гыццылтæ.

Иннæ хæслæвæрд: лæппу æмбырд кæны æрвхуыз нывтæ, чызг та – сырхытæ.

Æртыккаг хæслæвæрд: лæппу æмбырд кæны, къуымтæ цы нывтыл нæй, уыдон, чызг та – къуымтæ кæуыл ис, уыцы нывтæ.

Хъазт куыд цæуы, афтæ сабитæ нымайынц нывтæ, кæд сæ нымæц бирæ нæу, уæд, кæнæ сæ абарын. Пайда кæнынц ахæм дзырдтæй: «бирæ», «чысыл», «æмбæрц», «фылдæр», «къаддæр».

Кæд сабитæ æнцонæй æххæст кæнынц хæслæвæрд, уæд сын æй хъомылгæнæг баивы. Зæгъæм: иу тæлыйы æрæмбырд кæнын æртæкъуымæгтæ, иннæйы – расткъуымæгтæ æмæ а.д.

**Хатдзæг**

**Хъ**. *(дзуры куклатæм).* Цæй, нæ зынаргъ уазджытæ, уæ зæрдæмæ фæцыд сабитимæ хъазт? Æмæ геометрион нывтимæ та? Ныр та, сабитæ, хæрзбон зæгъæм лæппу æмæ чызгæн æмæ та сæ уазæгуаты æрбахонæм иннæ хатт.

## *27-æм ахуыры сахат*

**Иумæйаг темæ: «Уалдзæг»**
**Темæ: «Дæргъдымбыл» (æйкдымбыл)**
**Нысантæ:**

– Сабиты дæргъдымбыл (æйкдымбыл) æмæ йæ миниуджытимæ базонгæ кæнын. Æндæр геометрион нывты тыххæй зонындзинæдтæ фидар кæнын. Рæнхъон нымад фондзы онг дарддæр ахуыр кæнын. Дыууæ къорды предметтæ кæрæдзиуыл



*Хъомылгæнæг сæм нодждæр ма нывгæндты иу хæрх æвдисы, ис сыл цæрæгойтæ æмæ сæ лæппынты хуызистытæ.)*

**Хъ.** Ай та кæй ныв у?

**С.** Гæдыйы лæппыны.

**Хъ.** Æмæ хуызæй та цыхуызæн у, стæй йæ уагæй?

*(Сабитæ алы дзуаппытæ дæттынц.)*

**Хъ.** Æмæ асæй та стыр у æви чысыл?

**С.** Чысыл.

**Хъ.** Гыццыл гæды сыræздзæн æмæ уæд уыдзæн… Цавæр?

**С.** Уыдзæн стыр.

**Хъ.** Сыræздзæн гыццыл гæды æмæ дзы рауайдзæн мадæл гæды. Нæ нывты ’хсæн, цымæ, иу мадæл гæды дæр нæй? Ацагурут-ма йæ.

*Хъомылгæнæг фæрсæй-фæрстæм равæры стыр гæды æмæ лæппын гæдыйы нывгæндтæ. Æмæ уæд сабитæ дæр уыдоны фарсмæ сæвæрынц, цæрæгойтæ сæ цотимæ кæм нывгонд сты, уыцы куыстытæ: куыдз – къæбыла, карк – йæ цъиу, ас адæймаг – саби, ома фыд – фырт, мад – чызг.*

**Хатдзæг**

**Хъ.** Тагъд сымах дæр байрæздзыстут, сыстыртæ уыдзыстут. Æмæ уæд… уæд…

**С.** Уæд мах дæр уыдзыстæм стыртæ, ас лæгтæ.

**Хъ.** Тынг сæрæн стут! Æмæ уæд сымах дæр бинонтæ скæндзыстут, уыдзæн уын бирæ чызджытæ æмæ лæппутæ. Раст зæгъын?

**С.** Раст.

## *3-аг ахуыры сахат*

**Иумæйаг темæ: «Сабидон»**
**Нысантæ**:

– Сывæллæтты сабидонимæ базонгæ кæнын. Кæм дæ, цы бынаты, цы ран, тыгъдад циу, уый æмбарынил дарддæр кусын: къорды уаты куыд нæ дзæгъæл кæной, кæдæм сæ цæуын хъæуы, уый æнæрæдигæйæ куыд зоной, сабидоны куыд арæхсой фæндаг ссарын бæлвырд бынатмæ, дзæгъæлгаст æмæ дзæгъæл рацу-бацу куыд нæ кæной.

– Лæмбынæг хъусын, æдзынæг кæсынмæ сæ амидин кæнын,

сæ фæлгæнæны рæзтыл сын архайын, хатдзæгтæ кæнын æмæ предметтæ се ’ууæлтæм гæсгæ дихтæ кæныныл сæ ахуыр кæнын.

– Сæхи къорд куыд уарзой, сæ иумæйаг уаты мидæг цы дзаумæттæ ис, уыдоныл куыд аудой, ахæм æнкъарæнтæ сæм рæзын кæнын.

**Развæлгъауы куыст:** сабидоныл æрзилын. Сабитæ фиппайынц, кæм дзы цы ис, уый – къорды уаты, музыкалон залы, спорты залы, медицинон кабинеты, цæлгæнæны, гæрстæхсæны.

**Архайæн фæрæзтæ**

**Цæстуынгæ:** тæлытæ.

**Райуаринаг:** нывгæндтæ ахæм темæтыл – «Дохтыр», «Хæринаггæнæг», «Музыкалон инструменттæ», «Гæрстæхсæг» *(хъомылгæнæджы фæндонмæ гæсгæ).*

### Ахуыры нывæст

**Хъ.** Ахъазæм не ’нгуылдзтæй.

**Æнгуылдзты гимнастикæ «Æнгуылдзтæ райхъал сты»**

**Хъ.** Ацы ’нгуылдз кæны фынæй,
Ацы ’нгуылдз – рæдзæ-мæдзæ,
Ацы ’нгуылдз нæ уарзы баз,
Ацы ’нгуылдзæн, уасæг, уас!
Фестадыстæм у нæ цыд.

**Хъ.** Сабидонмæ цæуын уæ фæфæнды?

**С.** О, фæфæнды.

**Хъ.** Цæмæн уæ фæфæнды?

**С.** Сабидоны хъæлдзæг у, бирæ нын дзы ис хæлæрттæ, алыхуызон хъазæнтæ дæр – бирæ.

**Хъ.** Æмæ нæ сабидон стыр у æви гыццыл?

**С.** Стыр.

**Хъ.** Уемæ сабидоныл æрзылдыстæм æмæ дзы цытæ федтат?

*(Сабитæ нымайынц, цытæ федтой, уыдон.)*

**Сывæллæтты хъазт «Хæрх»**

*Сабитæ тæлытæм æмбырд кæнынц, алы дæсныйады дæр цы предметтæ хъæуы, уыдон куыд хуыйнынц, уый дзургæйæ.*

*Хъомылгæнæг сæм, дохтыр æмæ хæринаггæнæг кæм сты нывгонд, уыдон æвдисы, стæй дохтыры нывгонд тæлыйы мидæг сæвæры, хæринаггæнæджы нывгонд та – æндæр тæлыйы мидæг æмæ а.д.*



Кæстæримæ та
Зарджытæ кодтон.

**Хъ.** Ацы æнгуылдз у фыццаг, ацы æнгуылдз – дыккаг, ай та?

**С.** Æртыккаг, цыппæрæм, фæндзæм.

**Хъ.** Гъе, ахæм æнгом, тыхджын æфсымæртæ сты. Ныр та нæм æрбацыд дыууæ уазæджы.

*(Æвдисы сын 2 тъæпæн хъазæн чындзы: лæппу æмæ чызджы.)*

**Хъ.** Æмхуызон сты æви истæмæй хицæн кæнынц?

*(Сабиты дзуаппытæ.)*

**Хъ.** Бæлвырддæр-ма мын радзурут, цæмæй хицæн кæнынц?

*(Сабиты дзуаппытæ.)*

| **Фыццаг кукла – лæппу** | **Дыккаг кукла – чызг** |
|---|---|
| Зымæгон дарæсы | Сæрдыгон дарæсы |
| Хæлафы | Дæллаггуыры |
| Цырыхъхъыты | Туфлиты |
| Худы | Æнæ худæй |
| Бурдзалыг сæрыхъуынтæ | Тар сæрыхъуынтæ |

**Хъ.** Ныр та нæ уазджыты фæнды уемæ ахъазын. Хъазт хуыйны «Зæгъ иннæрдæм» (зыгъуыммæ). Лæппу-кукла дæтдзæн фарстатæ кукламæ æмæ-иу ын сымах æххуыс кæнут дзуапп дæтгæйæ. *Зæгъæм (хъомылгæнæг дзуры лæппу-куклайы номæй):*

**Хъ.** Сымах ныр стут стыртæ, раздæр та уыдыстут цавæр?

**С.** Гыццылтæ.

**Хъ.** Пъалто даргъ у, хæдон та?

**С.** Цыбыр.

**Хъ.** Раздæр мит уыдис бирæ, ныр та?

**С.** Ныр та къаддæр (кæнæ та нал ис бынтондæр).

**Хъ.** Раздæр, зымæджы, уыд уазал, ныр, уалдзæджы та…

**С.** Ныр, уалдзæджы та хъарм у.

**Хъ.** Раздæр, зымæджы, мæргътæ бирæ нæ уыди, гыццыл, ныр, уалдзæджы та…

**С.** Ис бирæ мæргътæ.

**Хъ.** Зымæджы бæлæстыл сыфтæ нæ уыд, ныр, уалдзæджы та…

**С.** Бæлæстыл ис бирæ сыфтæ.

*(Хъомылгæнæг æппæлы сабитæй æмæ сын амоны ног хъазт.)*

**Змæлгæ хъазт «Ссар дæ бынат»**

*Сабитæ къордтыл дих кæнынц. Алы сабимæ дæр – карточкæ, æмæ йыл – стъæлфыты нывтæ – иуæй фондзы онг сæ нымæц.*

## *26-æм ахуыры сахат*

**Иумæйаг темæ: «Уалдзæг»**
**Темæ: «Классификаци» (хуызтыл, къордтыл дих)**
**Нысантæ:**

– Ахуыр кæнын сабиты, цæмæй сабитæ геометрион гуырнывтæ базоной хицæн къордтыл дих кæнын сæ конд (сæ джипп), сæ ас æмæ сæ хуызмæ гæсгæ, цæмæй, æмхуызон æмæ хъауджыдæр цæмæй сты, уый иртасой. Геометрион гуырнывтæ зиллакк, æртæкъуымæг, цыппаркъуымæг æмæ квадраты тыххæй сын сæ зонындзинæдтæ бафидар кæнын; рæнхъон нымад фондзы онг хорз базонын.

– Сæ хъуыдыкæнынад, сæ къæрцхъусдзинад, сæ ныхасы рæзтыл сын кусын, алыварс дуне системæйы хуызы уынын сæ бон куыд уа, уый сын амонын.

– Сабиты хъомыл кæнын, цæмæй зæрдæхæлар уой, кæрæдзийæн æххуыс кæнынмæ тырной.

**Архайæн фæрæзтæ**

**Цæстуынгæ:** дыууæ тъæпæн куклайы: стыр лæппу æмæ гыццыл чызг; 2 тæлыйы.

**Райуаринаг:** геометрион нывтæ (алыхуызон, асæй дæр алыйæстæ), карточкæтæ стъæлфыты нывтимæ (1–5 онг сæ нымæц).

### Ахуыры нывæст

*Хъомылгæнæг сабитæн амоны хуымæтæг хъазт – дзуры æмдзæвгæ, æвдисы сæм йæ къухы хистæр æнгуылдз, уыйфæстæ йæ радыгай иу кæны иннæ æнгуылдзтимæ.*

**Хъ.** Æфсымæрты хистæр,
Радзур-ма мын исты –
Ды кæм уыдтæ 'нæхъæн бон,
Бафтау-ма нæ дисы.
– Æз дæ цуры раст дæн,
Дзуапп дæттын дæ фарстæн:
Амонæнимæ
Хъæдмæ ацыдтæн,
Астæуккагимæ
Хос æркарстон;
Æнæномимæ
Физонæг хордтон,



*(Цыфæнды дæсныйæдтыл хæст адæмы нывгæндтæ дæр райсæн ис.)*

Хъомылгæнæг сабитæн фæзæгъы, цæмæй, музыкалон æмæ медицинон инструменттæ кæуыл ис, ахæм предметты нывгæндтæм æдзынæг æркæсой.

**Хъ**. Æркæсут-ма ацы нывтæм. Цытæ сыл нывгонд ис?

*(Сабитæ сæ нымайынц.)*

**Хъ**. Уыцы нывгæндтæй равзарын хъæуы, дохтыры йæ куысты чи бахъæудзæн, уыдон æмæ сæ тæлыйы мидæг сæвæрут дохтыры нывгондимæ иумæ. Стæй та хæринаггæнæджы хъæугæ дзаумæттæ дæр афтæ равзарут.

*(Сабитæ уыцы хæс сæххæст кæнынц, цы предметтæ февзарынц, уыдоны номæй-номмæ фæнымайынц. Уыйфæстæ та равзарынц, музыкалон разамонæджы чи хъæуы, уыцы предметтæ…)*

**Хъ.** Ныр-ма мын зæгъут, уæ зæрдæмæ æппæтæй тынгдæр кæцы уат фæцыд?

*(Сабитæ йæ фæзæгъынц.)*

**Хъ.** Æмæ уын дохтыры кабинеты, науæд та цæлгæнæны хъазынæн уавæртæ æмæ фадæттæ ис?

**С.** Нæй.

**Хъ.** Уæд цæуылнæ?

**С.** Уымæн æмæ дзы хъазæнтæ нæй.

**Хъ.** Уæдæ уын кæм ис хъазынæн æппæт уавæртæ æмæ фадæттæ дæр?

**С.** Ам, нæ къорды уаты.

**Хъ.** Æмæ ам уæ зæрдæмæ цæуы?

**С.** О.

**Хъ.** Æмæ цæмæй цæуы ам уæ зæрдæмæ?

**С.** Ам сыгъдæг æмæ райдзаст у. Стæй дзы хъазæнтæ дæр бирæ ис. Дзæбæх æфснайдæй лæууынц.

**Хъ.** Æмæ сæ куы ныххæлиу кæнæм, куы сæ ныссæстытæ кæнæм, куы сæ счъизи кæнæм, уæд та цы уыдзæн?

**С.** Уæд нын, цæмæй хъазæм, уый нал уыдзæн.

**Хъ.** Æмæ уый хорз уыдзæн, æви æвзæр?

**С.** Æвзæр.

**Хъ.** Æмæ уæдæ цæмæй не 'ппæтæн дæр хорз уа, уый тыххæй хъуамæ нæ хъазæнтыл ауæрдæм, хъахъхъæнæм сæ, архайæм ууыл, цæмæй нæ къорды уа хорз æгъдау, фидар фæтк. Фæлæ ныр, дзырдæн, мах доны бын фестадыстæм. Уæд цы кæниккам, куыд кæниккам?

**С.** Кæсæгтау ленк кæниккам.
*(Цы сæ фæнды, уый дзурæнт, алыхуызон дзуаппытæ дæттæнт.)*
**Хъ.** Æмæ уæлдæфы куы фестиккам, уæд та?
**С.** Мæргътау тæхиккам. *(Сабитæ сæ къухтæ тилынц базыртау.)*
**Хъ.** Хъæды астæу куы уаиккам, уæд та нæхи куыд дариккам?
*(Сабитæ цыфæнды куы дзурой, уæддæр сын сæ дзуаппытыл цин кæнын хъæуы, рæстытыл сæ нымайын.)*

**Хатдзæг**

**Хъ.** Цы хорз у, махæн ахæм сабидон кæй ис, уый! Ноджы ма, доны бын нæй, уæларвы нæй, фæлæ нæхи уарзон зæххыл.

## *4-æм ахуыры сахат*

**Иумæйаг темæ: «Фæззæг»**
**Темæ: «Фæззæджы бæрджытæ»**
**Нысантæ:**

– Рæстæг, афон циу, уый сын æмбарын кæнын. Фæззæджы нысантæ-бæрæггæнæнтимæ базонгæ кæнын сабиты, – куыд хъæздыг æмæ алыхуызон сты йæ ахорæнтæ, сыфтæрызгъæлæн цæмæн ралæууы, уый сын бамбарын кæнын.

– Къæрцхъус æмæ цырддзаст куыд уой, куыд рæза сæ логикон хъуыдыкæнынад æмæ хатдзæгтæ кæнын куыд зоной, ууыл кусын.

– Æрдзимæ фембæлд сын бæрæгбон цæмæй уа, цинхæссæг, æхсызгон, ууыл архайын.

**Архайæн фæрæзтæ**

**Цæстуынгæ:** ныв фæззæджы æууæлтæ-бæрджытæ-нысантимæ, уыдон нывыл цас фылдæр уой, уыйас хуыздæр, гæххæттæй конд бур тымбылæг (æмдымбылæг). Магнитофоныл фыст сабыр музыкæ.

**Райуаринаг:** бурбын, сырхбын, згæхуыз фæззыгон сыфтæр, стыртæ æмæ чысылтæ; нывтæ, сæ иутыл нывгонд – фæззыгон дарæс, иннæтыл – тæхæг мæргъты бал.

**Ахуыры нывæст**

*(Хъомылгæнæг æвдисы «Ныв фæззæг горæты», сабитæ йæм*



**Хъ**. Цалгай кубтæ ис уæ алкæмæ дæр?
**С.** Иугай, фæйнæ.
**Хъ**. Æмæ цæмæй хицæн кæнынц?
**С.** Сæ ас æмæ хуызæй.
**Хъ**. Раст загътат, алкæмæ дæр – иу куб. Цæйут-ма, ныр змисыл кубæй скæнæм джиппытæ, кæддæра йыл цавæр фæдтæ уадзы.
*(Сабитæ куб æлхъивынц змисмæ, афтæ цалдæр хатты − куыйæ иу фарсæй, куы иннæмæй. Хъомылгæнæг сабиты хоны хатдзæгмæ – кубы уæлцъар арæзт у цыппаркъуымæгтæй.)*
**Хъ.** Нырта хъазгæ акæнæм.

**Сабиты хъазт «Цæйбæрц – уыйбæрц»…**

*Пъолыл тæлытæ-хæдзæрттæ æвæрд. Алы тæлыйы дæр ис нывгарст. Нывгарстыл квадраты нывтæ, иуæй фондзы онг сæ нымæц. Хъуысы музыкæ. Сабитæ тезгъо кæнынц. Музыкæ куы фæхъус вæййы, уæд базгъорынц тæлытæм. Цал квадраты ис нывгарстыл, уал сывæллоны хъуамæ слæууа тæлыйы мидæг. Сабитæ хъуамæ зæгъой, уалæй цæмæн сты тæлыйы мидæг.*
*Хъазт фæлхатгонд цæуы 2 хатты.*

**Сабиты хъазт «Аразджытæ»**

**Хъ**. Сымахмæ гæсгæ, цавæр нывтæй æнцондæр саразæн у мæсыг – æмдымбылæгтæй æви кубтæй?
**С.** Кубтæй.
**Хъ**. Цæмæн?
**С.** Æмдымбылæгтæ тулгæ кæнынц æмæ сæ уый тыххæй нæй кæрæдзийы сæрыл æрæвæрæн æмæ мæсыг амайæн.
*(Хъомылгæнæг сабитæм æвдисы хахнывты схемæтæ æмæ зæгъы, цæмæй дзы фæйнæ равзарой æмæ уымæ гæсгæ саразой мæсыг. Сабитæй алчидæр аразы йæхи мæсыг. Хъомылгæнæг та сæ фæрсы.)*
**Хъ**. Цал кубикæй спайда кодтай дæ мæсыг аразгæйæ? Ды та? Æмæ ды та? Йæ мæсыг бæрзонддæр кæмæн рауад? Æппæты ныллæгдæр та кæмæн у? Æмæ уый куыд сбæлвырд кæнæм?
*(Сабитæ дзуаппытæ дæттынц: кубтæ банымайын кæнæ мæсгуытæ кæрæдзийы цур æрæвæрын æмæ сын сæ ас абарын.)*

**Хатдзæг**

**Хъ**. Цавæр цымыдисаг нывимæ базонгæ стут абон? Цы базыдтат ногæй? Æнцон æмæ уын зын цы уыдис?

Сабыр дымгæ ’рбадымдта,
Сусхъæд узын райдыдта,
Бæлас галиуырдæм акъул,
Рахизырдæм тасы ныр.
Акувы йæ сæрæй афтæ,
Цыма цины зарæг уафы,–
Хъуысы сыфтæры сыр-сыр!

*Сабитæ се змæлд аразынц æмдзæвгæйы ныхæстæм гæсгæ.*

**Хъ**. Бæлæстыл сыфтæ кæд фæзыны?
**С.** Уалдзæджы.
**Хъ**. Зымæг фæцис, ралæууыд уалдзæг. Уалдзæг, дам, дуры дæр базмæлын кæны. Не ’ппæтмæ дæр цæуы згъорын, гæппытæ кæнын, хъазын, æмæ мах дæр ныр ахъаздзыстæм алыхуызон геометрион нывтимæ. Æрбакæсут-ма, стъолыл цы ис?
*(Хъомылгæнæг æвдисы, стъолыл цы æмдымбылæгтæ æмæ кубтæ ис, уыдон.)*
**С.** Фигурæтæ (гуырнывтæ).
**Хъ**. Фæйнæ дзы уæ къухтæм райсут.
*(Сабитæ иугай нывтæ райстой. Хъомылгæнæг дæтты фæрстытæ.)*
**Хъ**. Цавæр хуыз ис дæ гуырнывæн? Цы хуыйны? Кæцы къухæй йыл хæцыс? (Кæцы къухы йæ дарыс?)
*(Кæд сабитæ нæ зонынц, куб цы у, уый, уæд æй хъомылгæнæг райсы йæ къухтæм æмæ дзуры.)*
**Хъ**. Ацы гуырныв хуыйны куб. Бафæлварут-ма кубтæ æмæ æмдымбылæгтæ атулын.
*(Сабитæ фæлварынц.)*
**Хъ**. Æнцонæй цавæр нывтæ тулынц?
**С.** Æмдымбылæгтæ (шартæ).
**Хъ**. Æмæ тулгæ та цавæр нывтæ нæ кæнынц?
**С.** Кубтæ.
**Хъ**. Æмæ сæ тулын цы нæ уадзы?
**С.** Сæ къуымтæ.
**Хъ**. Цал къуымы ис кубæн?
**С.** Бирæ.
**Хъ**. Æмдымбылæгтæ æрæвæрут æмæ кубтæ райсут уæ къухтæм. Ныр уæ алкæмæ дæр кубтæ ис?
**С.** Не ’ппæтмæ дæр ис.



*æдзынæгæй кæсынц, лæмбынæгæй йын æвзарынц йæ ахаст, йе ’ууæлтæ. Хъуысы сабыр æнкъард музыкæ).*
**Хъ.** Уæ зæрдæмæ цæуы ацы ныв?
**С.** Цæуы.
**Хъ.** Мæнæ фæззæджы ныв куыд равдыста поэт æмдзæвгæйы.
Фæззæг даргълыстæг хъисойæ
Рацахуырста сыфтæр.
Сырх, сызгъæрин, бурбын сойау
Фестадысты ’ппæт дæр!
**Хъ.** Цин кæнын куы зонай, уæд уый тынг хорз у. Кæд сæрд фæцис, кæд афтæ хъарм нал у, бон фæцыбыр, уæддæр фæззæджы рухс ад-джын у махæн. Фæлæ адæймаг иудадзыг дæр хъæлдзæг уа, æнкъард ма кæна, уымæн уæвæн нæй. Æмæ нын хъыг у фæззыгон сонт уазалы улæфт, тæригъæд кæнæм бæлæстæй хауæг бур сыфтæн, бур кæрдæгæн – бахус сты. Уæддæр фæззæджы сæйрагдæр хуыз æхсызгон у махæн. Цавæр у?
**С.** Бур.
*(Хъомылгæнæг сабиты раз бур тымбылæг æрæвæры.)*
**Хъ.** Цæй æмæ ацы тымбылæджы уæлæ сæвæрæм нывтæ фæззæджы нысантæ-бæрджытимæ. Боны ахастæй райдайæм. Фылдæр хатт цавæр вæййы боныхъæд фæззæджы?
**С.** Асæст. Фæуары уазал къæвдатæ. Мигъ ныббады.
**Хъ.** Æмæ уæдæ цыхуызæн нывтæ хъуамæ сæвæрæм тымбылæгыл?
**С.** Мæнæ сау мигътæ кæм сты, уарынхуыз бон кæм скодта, уыцы ныв.
**Хъ.** Æмæ уæ уæлæ та цавæр дзаумæттæ уыд абон, сабидонмæ куы цыдыстут уæхицæй, уæд?
*(Сабитæ сæ уæлæдарæс нымайынц.)*
**Хъ.** Уæдæ хъарм дарæс цæмæн скодтат?
**С.** Уымæн æмæ уазал уыд æддейы.
**Хъ.** Гъемæ уæдæ фæззыгон уазал бон алчидæр скæны хъарм уæлæдарæс – къурткæтæ, палтотæ, батинкæтæ. Цымæ нæ нывты ’хсæн нæй хъарм дарæсы хуызистытæ. Ссарут-ма сæ æмæ уыдон дæр тымбылæджы уæлæ æрæвæрут.
**Хъ.** Фæззæджы бирæ мæргътæ атæхынц хъарм бæстæм.
*(Хъомылгæнæг, зырнæджыты хал кæуыл ис, науæд та æндæр мæргътæ, ахæм нывтæ æвæры иннæты сæрыл.)*
**Хъ.** Бæлæстæ дæр сæхи рагацау фæцæттæ кæнынц зымæджы

ærцыдмæ æмæ сæ сыфтæр згъалын райдайынц. Адæм фæзæгъынц: «Сыфтæрызгъæлæнтæ» ралæууыдисты. *(Хъомылгæнæг бур сыф тымбылæджы уæлæ æвæры.)*

**Сывæллæтты хъазт «Сыфтæрызгъæлæнтæ»**

**Хъ.** Нæ цæстытыл-ма ауайæд, фæззыгон бон сыфтæр куыд фезгъæлы, уый – мæнæ сыф фæиртæст йæ бынатæй æмæ зилгæ-здыхгæ сабыргай тæхы зæхмæ. Уæ зæрдæмæ цы сыф фæцæуа, уый равзарут – бур, сырхбын, згæхуыз, стыр кæнæ чысыл.

*(Сабитæ цы сыфтæ равзæрстой, уыдон æвдисынц, цы хуыз æмæ цæйас сты, уый дæр фæзæгъынц.)*

**Хъ.** Сыфтæ сты хус æмæ уымæн – рог, сындæггай зилдух кæнынц уæлдæфы.

*(Сабитæ ратæх-батæх сисынц, зилдухгæнгæ, сæ къухтæ тилынц базыртау.)*

Сыфтæ згъæлынц сабыргай.
Æмæ тæхынц фæйнæрдæм!
Мæнæ ’рхауди, мæнæ ’ртахти
Иу сырх сыф мæнырдæм!

*(Сабитæ зилдухгæнгæ згъорынц, сæ къухты сырх сыфтæ.)*

**Хъ.** Мæнæ ’рхауди, мæнæ ’ртахти иу бур сыф мæнырдæм.

*(Сабитæ бур сыфтимæ зилдух кæнынц.)*

**Хъ.** Сыфтæ уæлдæфы фæзилдух кодтой, стæй сæхи цадæггай æруагътой зæхмæ.

*(Сабитæ дзуццæджы æрбадынц.)*

**Хъ.** Æруагътой сæхи зæхмæ æмæ ныхъхъус сты, нал тæлфынц. Уалынджы фæзынд рог уддзæф, радымдта.

*(Хъомылгæнæг дæр æмæ сабитæ дæр, фу-фу-фу-фу, зæгъгæ, кæнынц.)*

**Хъ.** Сыфтæ сæхиуыл схæцыдысты, фæйнæрдæм атахтысты, зилдух та систой.

*(Сабитæ алырдæмты апырх сты, зилдух кæнынц.)*

**Хъ.** Дымгæ фенцад, æмæ та сыфтæ ногæй цадæггай зæхмæ хауынц, æвæндонæй тæхынц бынмæ – сырхытæ, буртæ, гыццылтæ, стыртæ.

**Фиппаинаг**: *Кæд сабитæ хорз æмбарой, хуыз æмæ ас цы сты, уый, уæд хæслæвæрд ис фæзындæр кæнæн – зæгъæм, афтæ: зилдух кæнынц стыр бур сыфтæ, стыр сырх сыфтæ, чысыл сырхытæ, чысыл буртæ, æрмæстдæр стыртæ, æрмæстдæр гыццылтæ.*



**Хъ.** Цал сты зиллæччытæ?
**С.** Фондз.
**Хъ.** Кæцырдæмфæнды нымайгæйæ дæр сæ нымæц аивта?
**С.** Нæ аивта.

**Хатдзæг**

**Хъ.** Цæй хуызæн сты пуртитæ?
**С.** Хуры, шары.
**Хъ.** Цавæр предметы формæ ахуыр кодтам абон?
**С.** Шары формæ.
**Хъ.** Уæ зæрдæмæ фæцыдысты нæ хъæзтытæ?
**С.** Тынг фæцыдысты, о!

## *25-æм ахуыры сахат*

**Иумæйаг темæ: «Уалдзæг»**
**Темæ: «Куб»**
**Нысантæ:**

– Сабиты куб æмæ йæ миниуджытимæ базонгæ кæнын.

Рæстæджы тыххæй сын сæ æмбарынад арфдæр кæнын (афæдзы афон – уалдзæг). Амонын сын асмæ гæсгæ предметтæ кæрæдзиуыл барын æмæ тыгъдадон æмбарынæдтæ «рахизырдыгæй», «галиуырдыгæй».

Дарддæр сæ ахуыр кæнын предметтæ дыууæ хæрхы абарыныл, ахæм дзырдтæй пайдагæнгæйæ: *цæйбæрц, уыйбæрц, æмбæрц.*

– Сæ логикон хъуыдыкæнынад æмæ сын къæрцхъусдзинад рæзын кæнын.

– Хистæртимæ дæр æмæ кæрæдзиимæ дæр раст куыд аразой сæ ахастдзинæдтæ, хæдбарæй архайын куыд зоной, уыцы хуызы сæ хъомыл кæнын.

**Архайæн фæрæзтæ**
**Цæстуынгæ:** куб.
**Райуаринаг:** æмдымбылæгтæ (шартæ) æмæ кубтæ (сабиты нымæцмæ гæсгæ), мæсыджы хахнывтæ, арæзтадон кубиктæ; нывгæрстытæ квадраты нывтимæ (1–5 онг).

**Ахуыры ныв æст**

**Хъ**. Нæхи-ма бæлæсты бынаты сæвæрæм. Уæдæ нæ цæстытыл уайы – мах стæм бæлæстæ.

*Хъомылгӕнӕг дзуры сабитӕн, цӕмӕй ссарой шарӕнгӕс предметтӕ ӕмӕ дзы змисыл фӕдтӕ-джиппытӕ скӕной. Сабитӕ сӕххӕст кодтой хӕслӕвӕрд ӕмӕ скодтой хатдзӕг: шары хуызӕн предметтӕ иуулдӕр уадзынц тымбыл фӕд.*

**Хъ.** Равдисут-ма хурӕн, куыд фӕхъазут, уый.

**Сабиты хъазт «Къай ссар»**

*Сабитӕм – нывтӕ, алы ныввтыл дӕр ис стъӕлфыты хӕрхад иуӕй фондзы онг. Сабитӕ музыкӕмӕ тезгъо кӕнынц къорды уаты, музыкӕ куы фӕхъус вӕййы, уӕд сабитӕй алчидӕр агуры йӕ къай – йӕ нывыл уал стъӕлфы кӕмӕн ис, ахӕм сывӕллоны. Уыйфӕстӕ сывӕллæттӕ рахицӕн вӕййынц, баивынц нывгӕрстытӕ ӕмӕ ногӕй хъазынц.*

**Сабиты хъазт «Раст равӕр фӕд-фӕдыл»**

*Хъомылгӕнӕг сабитӕм ӕвдисы пуртитӕ.*

**Хъ.** Цал сты пуртитӕ?

**С.** Фондз.

**Хъ.** Ӕмхуызæттӕ сты ӕви алыхуызæттӕ?

**С.** Алыхуызæттӕ: стыртӕ ӕмӕ гыццылтӕ.

**Хъ.** Пуртитӕ хъӕуы равӕрын сӕ асмӕ гӕсгӕ фӕд-фӕдыл: фыццаг хъӕуы ӕрӕвӕрын ӕппæты стырдӕр пурти, уыйфӕстӕ къаддӕр ӕмӕ а.д.

*(Хъомылгӕнӕг кӕнӕ сабитӕй исчи равӕры пуртитӕ змисыл. Иннӕ сабитӕ йын ӕххуыс кӕнынц. Уыйфӕстӕ сабитӕ сбадынц стъолты уӕлхъус, сӕ разы дзы алкӕмӕн дӕр 5 зиллаччы, сӕ асмӕ гӕсгӕ алыхуызæттӕ.)*

**Хъ.** Зиллӕччытӕ сты пуртиты хуызистытӕ, сӕ къамтӕ. Равӕрут зиллӕччытӕ, пуртитӕ куыд равӕрдтам, афтӕ.

*(Ӕххӕст кӕнынц хӕслӕвӕрд.)*

**Хъ.** Цал сты зиллӕччытӕ?

**С.** Фондз.

**Хъ.** Ранымайӕм сӕ фӕд-фӕдыл, галиуырдыгӕй – рахизырдӕм. Ӕппæты стырдӕрӕй райдайдзыстӕм ӕви ӕппæты къаддӕрӕй?

**С.** Ӕппæты стырдӕрӕй: фыццаг, дыккаг, ӕртыккаг, цыппӕрӕм, фӕндзӕм.

**Хъ.** Ныр та ранымайӕм зиллӕччытӕ рахизырдыгӕй – галиуырдӕм. Кӕцы зиллаккӕй байдайдзыстӕм: ӕппæты стырдӕрӕй ӕви ӕппæты къаддӕрӕй?

**С.** Ӕппæты къаддӕрӕй: фыццаг, дыккаг, ӕртыккаг, цыппӕрӕм, фӕндзӕм.



**Хатдзӕг**

**Хъ.** Афӕдзы афонтӕй кӕцы ралӕууыд ныр?

**С.** Фӕззӕг.

**Хъ.** Нӕ нывмӕ гӕсгӕ та ма иу хатт ранымайӕм, фӕззыгон боны ахаст цыхуызӕн вӕййы, цавӕр ӕрдзон фӕзындтӕ вӕййы.

**С.** Уазал дымгӕ фӕдымы, сау мигътӕ арв сӕхгӕнынц, уарын райдайы, бӕстӕ нынкъард вӕййы, зӕрдӕ – нырхӕндӕг. Фӕлӕ хур куы ракӕсы, уӕд фӕззӕг йӕ сызгъӕрин хуыз скалы, ӕмӕ цӕст йӕ уындӕй нал фефсӕды.

**Хъ.** Тынг раст зӕгъут, мӕ къонатӕ. Цӕй, ӕмӕ та ногӕй нӕ цӕст ӕрӕвӕрӕм мӕнӕ ацы тымбылӕгыл. Цыхуызӕн ахуырст у?

**С.** Бур-бурид.

**Хъ.** Афӕдзы афонтӕй уый кӕй сӕйраг хуыз-ахорӕн у?

**С.** Фӕззӕджы.

**Хъ.** Уӕ ныййарджытӕ уӕ хуртӕй бафсӕдӕнт!

## *5-ӕм ахуыры сахат*

**Иумӕйаг темӕ: «Фӕззӕг»**

**Темӕ: «Халсартӕ ӕмӕ дыргътӕ»**

**Нысантӕ:**

– Рӕстӕг циу, цавӕртӕ сты йӕ афонтӕ, ууыл дарддӕр кусын. Фӕззӕджы тыххӕй зонындзинӕдтӕ бафидар кӕнын. Сабиты алы дыргътимӕ базонгӕ кӕнын: цӕмӕй зоной, дыргътӕ дыргъдоны кӕй ӕрзайынц, халсартӕ та – цӕхӕрадоны.
Бамбарын сын кӕнын, адӕймаг йӕ хуымтӕм уымӕн кӕй зилы, цӕмӕй хорз, хъӕздыг тыллӕг ӕрзайын кӕна; дыргъ ӕмӕ халсар цы у, сӕ кӕрӕдзийӕ иртасын – хъуамӕ сӕ хатой цӕстӕй кӕсгӕйӕ, армӕй ӕвналгӕйӕ. Иу хӕрх иннӕ хӕрхӕй сӕ бӕрджытӕ-ӕууӕлтӕм гӕсгӕ куыд арӕхсой хицӕн кӕнын, уыцы зонындзинады рӕзтыл сын дарддӕр кусын.

– Цӕмӕй ӕрдзӕй арфӕйаг ӕмӕ бузныг уой йӕ бирӕ лӕвӕртты тыххӕй, уыцы хуызы сӕ хъомыл кӕнын.

**Архайӕн фӕрӕзтӕ**

**Цӕстуынгӕ ӕрмӕг:** чыргъӕды мидӕг алы дыргътӕ ӕмӕ халсартӕ; дыргъдон ӕмӕ цӕхӕрадоны хуызистытӕ кӕм ис, ахӕм нывтӕ.

**Ахуыры нывæст**

**Хъ.** Мах абон уазæгуаты цæуæм фæззæгмæ. Хъуамæ фена, куыд æнувыд стæм кæрæдзиуыл, куыд хæларæй цæрæм. Кæрæдзийы къухтыл æрхæцæм.

*Хъомылгæнæг æмдзæвгæйæ скъуыддзаг хъæрæй бакæсы:*

Нæ хъал фæззæг, æгас цæуай!
Дæ афоныл фæзындтæ.
Агурæм дæ бæстон дзуапп,
Цы 'рхастай нын лæвæрттæн?

**Хъ.** Уарзут лæвæрттæ?

**С.** Уарзæм!

**Хъ.** Фæззæг адæмæн бирæ лæвæрттæ æрхæссы.

*Сабитæ гауызыл сбадынц, хъомылгæнæг сæм, дыргъътæ кæм ис, уыцы чыргъæд æвдисы. Уыдон сæ фенынц æмæ хъомылгæнæджы æххуысæй нымайынц дыргътæн сæ хуыз, сæ ас, сæ бакасты æнгæстæ, фæзæгъынц, кæм зайынц, уый. Дзырдæн, афтæ:*

**Хъ.** Ай циу?

**С.** Фæткъуы.

Хъ. Раст у, дыргътæ зайынц дыргъбæлæстыл.

**Хъ.** Æмæ цыхуызæн у йæ æддаг бакаст *(уынд, кондæй)*?

**С.** Бур æмæ сырхварс, стыр.

**Хъ.** Æмæ кæм зайынц фæткъуытæ?

**С.** Дыргъдоны, бæласы уæлæ.

*Æппæт дыргътæ дæр хъомылгæнæг сисы стыр чъирихæссæн тæбæгъмæ, уыйфæстæ сабитæм равдисы чыргъæд æд халсартæ. Уыдон дæр сисы уыцы чъирихæссæн тæбæгъмæ, сабитимæ иумæ алы халсарæн дæр алывæрсыг аргъгæнгæйæ, сбæлвырд кæны, халсартæ цæхæрадоны хуымты кæй зайынц, уый. Ахæм хуызы хъазгæйæ, æппæт дыргътæ æмæ халсартæ дæр иу тæбæгъы æвæрд разынынц.*

**Хъ.** Цы федтам, дзæбæх цæмæ 'ркастыстæм мах?

**С.** Дыргътæ æмæ халсартæм.

**Хъ.** Æнæбары мын фемхæццæ сты. Уæ хорзæхæй, фæкæсут-ма мæм, аххуыс мын кæнут, цæмæй дыргътæ æмæ халсартæ хицæнтæй фæйнæ чыргъæды сæвæрæм.

*Хъомылгæнæг иу чыргъæд сæвæры, дыргъдоны хуызист цы нывыл ис, уый цур, æмæ фæзæгъы:*

**Хъ.** Дыргъдоны бæлæстыл зайынц дыргътæ, гъемæ уæдæ ацы чыргъæдмæ æвгæнæм дыргътæ.



**С.** Дымст шар.

**Хъ**. Раст зæгъут. А-ма, атулæм æй. Тулы?

**С.** Тулы, тулы!

**Хъ**. Афтæ æнцонæй тулы уымæн, æмæ йын къуымтæ нæй. Йæ хуыз та цавæр у?

**С.** Бур.

**Хъ**. Цæй хуызæн у?

*(Сабиты æркæнын ахæм дзуапмæ: хуры хуызæн.)*

**Хъ**. Зæгъæм, æцæгдæр ацы шар у хур. Байхъусут-ма хуры тыххæй аргъаумæ.

Ралæууыд уалдзæг. Хур райсомæй райхъал æмæ йæхимæ бакаст айдæнмæ. *(Хъомылгæнæг шар æрæвæрдта айдæны раз.)*

Цы федта айдæны?

*(Сабитæ кæсынц айдæнмæ.)*

**С.** Хур айдæны федта бур зиллакк, бур тæлы.

**Хъ**. Æнæхъæн бон хур тезгъо кодта арвыл. Сæхимæ бауад иуцъусдуг æмæ та айдæны раз алæууыд, æрзылдтытæ кодта. *(Зилы шар.)* Цы федта айдæны?

**С.** Бур зиллакк…

**Хъ**. Бон ацыд, фæци æмæ ралæууыд ..?

**С.** Изæр.

**Хъ**. Æмæ та хур айдæнмæ бакаст йæхимæ. *(Æрзылдта шар.)* Цы федта айдæны?

**С.** Бур зиллакк.

**Хъ**. Æмæ айдæны раз цы нæ хуызы разил-базил кодта хур, уæддæр-иу уыдта бур зиллакк. Ныр та нæ хуры бафæндыд хъазын æмæ фестади шар.

**С.** О, о!

**Хъ**. Уæд дын иуахæмы дымст шар багæпп ласта, змис цы тасы уыд, уырдæм. Йæхи йæм нылхъывта, фæд ыл куыд ныууадза, афтæ. *(Мæнæ афтæ.)*

Æркæсут-ма, шарæй змисыл цавæр фæд баззад? Цæй хуызæн у?

**С.** Тымбыл фæд, у зиллаччы хуызæн.

**Хъ**. Ныр та йæ йæ иннæ фарсæй нылхъивæм змисмæ. Цæй хуызæн та рауад йæ фæд?

*Хъомылгæнæг сабиты бахуыдта стъолмæ. Стъолыл æмдымбыл предметтæ (фæткъуы, апельсин, пурти, стыр тымбыл фæрдгуытæ æмæ æнд.) æмæ ма 3–4 æндæрхуызон предметы.*

## 24-æм ахуыры сахат

**Иумæйаг темæ: «Уалдзæг»**
**Темæ: «Шар»** (æмдымбылæг, къуыбызæг)
**Нысантæ:**

– Сабитæн шар æмæ йæ миниуджытæ, йæ æууæлтæ бацамонын. Рæстæджы æмбарынæдты (ам – афæдзы афон – уалдзæг) тыххæй сын сæ зонындзинæдтæ фылдæр кæнын. Фондзы онг хуыздæр нымайын, предметтæ сæ асмæ гæсгæ кæрæдзиуыл барын куыд зоной, уыдæттæ сын амонын.

– Тыгъдадон æмбарынæдтæ «рахизфарс, галиуфарс» æххæстдæрæй куыд базоной, лæмбынæг æмæ къæрцхъус куыд уой, ууыл сæ ахуыр кæнын.

– Сабитæ æрдзы тыххæй зонындзинæдтæм куыд бæллой, алыварс дунейы рæсугъддзинад æнкъарынхъом куыд уой, афтæ сæ хъомыл кæнын.

**Архайæн фæрæзтæ**
**Цæстуынгæ:** дымсгæ шар (къуыбызæг), тас змисимæ, кæсæн (айдæн), асæй алыхуызон 5 пуртийы.
**Райуаринаг:** æмдымбыл предметтæ: фæткъуы, апельсин, пурти; асæй алыхуызон 5 стыр зиллаччы алы сывæллонæн дæр; нывгæрстытæ стъæлфытимæ (1–5 онг).

### Ахуыры нывæст

**Хъ**. Цæй æмæ та не 'нгуылдзтимæ ахъазæм.

Шарик, адымс, тагъддæр рæз!
Мæнæ-ма мæ рустæм кæс –
Сты тымбыл æмæ тыппыр,
Хъуамæ ахæм суа дæ гуыр.
Немæ хъаздзынæ дзæбæх:
Тул, гæппытæ кæн, ыстæх!..

*Сабитæ æвдисынц архайд. Фыццаг сæ æрмттæй «аразынц» гыццыл, стæй та стыр «шарик».*

**Хъ**. Тынг хорз сарæхстыстут, диссаджы шарик нын рауади.
*(Æвдисы сæм æнæдымст шар.)*
**Хъ**. Æрбакæсут-ма, мæ къухы цы ис?
**С.** Æнæдымст шарик.
**Хъ**. Ныртæккæ йæ ныддымсдзынæн.
*(Ныддымсдта йæ.)*
**Хъ**. Цы дзы рауад?



*Стæй иннæ чыргъæд, цæхæрадоны хуызист цы нывыл ис, уый фарсмæ æрæвæры, фæзæгъы та:*
**Хъ.** Халсартæ цæхæрадоны зайынц, гъемæ уæдæ нæ халсартæ мæнæ ацы чыргъæды сæвæрдзыстæм.
*(Сабитæ хæслæвæрд æххæст кæнынц.)*
*Хъомылгæнæг сын бафæдзæхсы, цæмæй сæ уарзон дыргътæ кæнæ халсарты нæмттæ.*

**Хъазт «Йæ адмæ гæсгæ йæ базон»**

Сабитæ акомдзаг кæнынц дыргътæ кæнæ халсартæй æмæ фæзæгъынц, цы ад кæнынц, уый.

**Сабиты хъазт «Цы аивта?»**

*Хъомылгæнæг равæры 3-4 нывы дыргътимæ, стæй ма сæм бафтауы кæнæ айсы иу дыргъ. Сабитæ фæзæгъынц, цавæр дыргъ æрæвæрдта кæнæ айста, уый. (Ахæм куыст кæнынц халсарты нывтимæ дæр.)*
**Д/хъ «Æххуысгæнæджытæ»**
**Хъомылг**æнæг æмæ сабитæ æвдисынц, адæм дыргъдæттæ æмæ цæхæрадæттæм куыд зилынц, уый: къахынц зæхх, дон кæнынц, æфснаиынц тыллæг – дыргътæ æмæ хæлартæ.

**Хатдзæг**

**Хъ.** Дыргътæ æмæ халсартæ стыр пайдайаг сты адæймагæн. Адæм æнувыдæй фæллой кæнынц сæ дыргъдæтты æмæ цæхæрадæтты: къахынц зæхх, фæлмæн æй кæнынц, ныссадзынц талатæ æмæ халсарты мыггаг, рувынц сæ, дон сыл кæнынц, бапырх сæ кæнынц хостæй, хъацæнтæ сæм бахæссынц, æмæ фæззæджы хъæздыг тыллæг сисынц – халсартæ æмæ дыргътæ.

## 6-æм ахуыры сахат

**Иумæйаг темæ: «Фæззæг»**
**Темæ: «Хъæддаг æмæ хæдзарон цæрæгойтæ»**
**Нысантæ:**

– Рæстæг æмæ афæдзы афонтæ цы амонынц, цы сты, уый бамбарын кæнынил дарддæр кусын; сæ зонды сын фæззæджы тыххæй зонындзинæдтæ ныффидар кæнын.

Сабиты хæдзарон æмæ хъæддаг цæрæгойтимæ базонгæ кæнын, стæй, сæхи зымæгиуатмæ куыд фæцæттæ кæнынц, науæд та кæй

нæ цæттæ кæнынц, уыимæ дæр. Хæрхытæ кæрæдзийæ куыд иртасой æмæ сæ къордтыл дих кæнын куыд зоной, ууыл сæ ахуыр кæнын.

– Сæ фезмæлд, сæ архайд, сæ фестад – æрбадт, ацыд – æрбацыд æнæкъуылымпы куыд уа, къæрцхъус куыд уой, сæ логикон хъуыдыкæнынад куыд рæза, иу предмет иннæуыл абарын куыд зоной, уыдæттыл кусын.

– Хорз ахасты бацæуын куыд зоной, æууæнкджын ныхас кæнынмæ, бæрæг истæуыл дзурынмæ куыд арæхсой, ахæм фадæттæ сын аразын.

**Архайæн фæрæзтæ**

**Цæстуынгæ:** хуынчъытæгонд ныв хъæды хуызистимæ – динамикон цæстуынгæ æрмæг; цæрæгойтæ: тыртына, арс; хуынчъытæгонд ныв адæймаджы цæрæнуаты хуызистимæ; цæрæгойтæ: гæды, куыдз.

**Райуаринаг:** хъуырылæфтаугæ нывтæ – сабиты нымæцмæ гæсгæ: рувас, уызын, бирæгъ, сæгъ, хъуг, бæхы хуызистытæ сыл; чъирихæссæн тæбæгъ.

### Ахуыры нывæст

**Хъ.** Не ’нгуылдзтæй ахъазæм.

### Æнгуылдзты гимнастикæ.

*Æмдзæвгæты рæнхъытæм гæсгæ сабитæ се ’нгуылдзтæ тасын кæнынц, кæстæр æнгуылдзæй райдайгæйæ.*

| | |
|---|---|
| Ацы æнгуылдз къозо ссардта,<br>Мæнæ ай йæ хорз ныхсадта,<br>Мæнæ ай йæ артмæ дардта,<br>Ай йæ хистæрмæ куы радта,<br>Уый йæ ахордта, ыстæй<br>Баззади дзæбæх дымстæй. | *Æмдзæвгæты рæнхъытæм гæсгæ сабитæ се ’нгуылдзтæ тасын кæнынц, кæстæр æнгуылдзæй райдайгæйæ.* |

**Хъ.** Абон мах уемæ цæуæм фæззыгон хъæдмæ тезгъо кæнынмæ.

*Хъомылгæнæг бæрзонд сæвæры ныв фæззыгон хъæды хуызистимæ – динамикон цæстуынгæ æрмæг. (Бæласы мæрайы æмæ арсы хуыккомы комкоммæ рудзынггæндтæ-цæстытæ лыг). Хъомылгæнæг æрхаты сабитæм, цæмæй нывмæ дзæбæх æркæсой. Уыйфæстæ сæм равдисы æхсæрæджы нывгонд хуызистимæ.*

**Хъ.** Сабитæ, уый та чи у – иу бæласæй иннæмæ тæррæстытæгæнæг?



Абарынæн сын раттæн ис дыууæ хуызæджы:
1. Цыппаркъуымæг расткъуымæгæй у стырдæр.
2. Цыппаркъуымæг расткъуымæгæй у къаддæр.



### Сабиты хъазт «Гаражтæ»

**Хъ**. Ныр та машинæтыл абадæм.

*Уаты алы кæрæтты – бандæттæ. Уыдон уыдзысты гаражтæ. Алы гаражыл дæр – номыр, ома геометрион нывтæ бæлвырд фæткыл. Алы сабимæ дæр хъæбæр гæххæтты гæбаз, ууыл дæр – геометрион гуырнывтæ, уыдон та сты машинæйы номыр.*

*Машинæтæ цæуын райдыдтой уаты. Хъомылгæнæг сæм куы фæсида, уæд машинæтæй алкæцы дæр хъуамæ бацæуа йæхи гаражмæ. Ома ссара уыцы гараж, йæ машинæйыл нывтæ кæрæдзийы фæдыл куыд сты, ууыл дæр афтæ кæцыйæн сты. Хъазты фæрцы сабитæ нымайынц нывтæ æмæ сæ зонды фидар кæнынц æмбарынæдтæ: æмбæрц, æмхуызон, уал ... цал.*

*Хъазынц 2–3 хатты. Сабитæн сæ бон у машинæты номыртæ ивын кæрæдзиимæ. Хъазты рæстæг сæ хъомылгæнæг фæрсы: машинæтæ кусын кæд райдайынц? (райсомæй) Кæд фæкусынц? (боныгон) Куыст кæд фæвæййынц? (изæрæй) Æмæ фынæй та кæд фæкæнынц? (æхсæвыгон).*

### Сабиты хъазт «Геометрион æмбырдгæнæг» (аразæг)

Стъолыл – геометрион нывтæ: расткъуымæгтæ, цыппаркъуымæгтæ, æртæкъуымæгтæ, хуызæй алыхуызон зиллæччытæ.

**Хъ**. Ныр нæ машинæтæ цалцæггæнынмæ сты. Æмæ уæд нæхицæн алыхуызон машинæтæ саразздзыстæм геометрион нывтæй. Ис саразæн иухуызон машинæтæ æмæ фæйнæхуызон, ома хъулон, цалдæр хуызы иумæ куыд уой, афтæ.

*Сабитæ хуызæгмæ гæсгæ аразынц машинæтæ.*

### Хатдзæг

**Хъ**. Цал цыппаркъуымæджы (расткъуымæджы, зиллаччы, æртæкъуымæджы) дæ бахъуыд машинæ аразгæйæ? Банымай-ма сæ. Зын дын цы уыд? Æнцон та?

*(Арфæ сын кæны.)*

**Хъ**. Нæ паровоз ныууасыд,
Фæраст и диссаг балцы.
Нæ вагæттæ – цъæх-цъæхид –
Рæудымгæйау куы тæхынц:
Тымбыл цæлхытæ райгæйæ
Фæндаджы зарæг райдыдтой:
«Чыкы-чыкы, чыкы-чыкы, ух!
Байраг самадта нæ фæстæ дугъ.
Нæ поезд уайы афтæ тагъд, –
Йæ фæстæ баззади цъæх уад!»

*(Уыйфæстæ сабитæ æрбадтысты гауызыл æмæ сын хъомылгæнæг æвдисы паровоз æмæ 5 вагоны хахныв (цыппаркъуымæгтæй). Фыццаг вагоны – иу рудзынг, дыккаджы – дыууæ, æртыккаджы – 3 æмæ а.д.)*

**Хъ**. Вагæттæ цал сты?
**С.** Фондз.
**Хъ**. Фыццагæн цал рудзынджы ис?
**С.** Иу.
**Хъ**. Дыккаг вагонæн та цал рудзынджы ис? *(Æртыккагæн? Цыппæрæмæн? Фæндзæмæн?)*
**С.** Дыууæ рудзынджы (æртæ, цыппар, фондз).
**Хъ**. Цавæр нывы хуызæн сты рудзгуытæ?
**С.** Расткъуымæджы (квадраты).
**Хъ**. Вагæттæ та цавæр нывы æнгæс сты?
**С.** Цыппаркъуымæджы.
*(Кæд сабитæ къуылымпы кæной, уæд сын хъомылгæнæг хицæнæй æвдисы ныв æмæ сын зæгъы йæ ном – цыппаркъуымæг.)*
**Хъ**. Цал къуымы ис цыппаркъуымæгæн?
**С.** Цыппар къуымы.
**Хъ**. Æмæ цыппаркъуымæгæн фæрстæ та цал ис?
**С.** 4 фарсы.
*(Хъомылгæнæг цыппаркъуымæджы фарсмæ æрæвæрдта расткъуымæг.)*
**Хъ**. Цыппаркъуымæг расткъуымæгæй цæмæй хицæн кæны?
*(Сабиты дзуаппыты фæстæ хъомылгæнæг бæлвырд кæны уыцы нывты хицæндзинад: расткъуымæгæн (квадратæн) йæ фæрстæ иуулдæр сты æмиас, цыппаркъуымæгæн та æмиастæ сты йæ уæллаг æмæ бинаг фарс, стæй йæ галиу æмæ рахиз фарс (фæрсырдыгæй чи ис, уыдон).*



**С.** Æхсæрсæттæг – тыртына.
**Хъ.** Бакæсут-ма йæм: цыхуызæн у?
**С.** Пумпуси, фæлмæн.
**Хъ.** Кæсут-ма йæм, цы чысыл сæр ын ис, цы цæрдæг сты йæ чысыл къæхтæ, куыд рæсугъд у йæ даргъ къæдзил. Æмæ йæ хæдзар та кæм ис?
**С.** Уæлæ бæласыл.
**Хъ.** Бæласы мæрайы цæры уый.
Хъомылгæнæг æхсæрæджы мæрайы сæвæры – уый йæ хæдзар у. Нывгондыл бæрæг дарынц, æхсæрсæттæг зымæгмæ цытæ æрцæттæ кодта, уыдон: æхсæртæ, хихбæлæсты гыркъотæ, къозотæ. Хъомылгæнæг сын се 'ргом уыдонмæ здахы æмæ фæзæгъы, æхсæрæг зымæгмæ йæхи фæззæджы афтæ кæй фæцæттæ кæны.
*Уыйфæстæ сабитæм æвдисы арсы хуызвыстимæ ныв.*
**Хъ.** Цыхуызæн у арс та?
*(Сабиты дзуаппытæ.)*
**Хъ.** Стыр у уый æви гыццыл?
**С.** Стыр.
**Хъ.** Арсæн стыр сты йæ сæр æмæ йæ дзæмбытæ, фæлæ йæ къæдзил та чысыл у. Ноджы зылынкъах у. Цæй-ма, афæзмут ын йæ къахайсты уаг, йæ фадыварц.
*(Сабитæ фæзмынц арсы цыд, йæ миниуджытæ).*
**Хъ.** Фæззыгон арс йæхицæн зымæгмæ хуыкком цæттæ кæнын райдайы – йæ хæдзар уыдзæн уый, уым хуысдзæн зымæг-зымæджы дæргъы. Гъе, уымæ гæсгæ арс зымæгмæ æвæрæнтæ нæ фæкæны.
*(Хъомылгæнæг арсы йæ хуыккомы сæвæры).*
Уыйфæстæ фæбæлвырд кæны, æппæт цæрæгойтæн дæр мукъутæ кæй ис (сæр), цыппар дзæмбыйы, къæдзил, сæ буæрттæ – хъуынæй æмбæрзт.
**Хъ.** Сабитæ, æмæ мах хъæды куыдз кæнæ гæдыйыл сæмбæлдыстæм? Цæмæн?
*(Сабитæ дзуаппытæ дæттынц, фæлæ кæд нæ арæхсой æмæ къуыхцытæ кæной, уæд сын хъомылгæнæг йæхæдæг феххуыс кæндзæн, фæкæсдзæн сæм.)*
*Хъомылгæнæг бæрзонд ран адæймаджы хæдзары хуызвыстимæ ныв сæвæры – динамикон цæстуынгæ æрмæг, равдисы сабитæм куыдз æмæ гæдыйы.*
**Хъ.** Куыдз æмæ гæды цæрынц адæймаджы хæдзары, адæймагимæ иумæ. Хæдзарон цæрæгойтæ сты уыдон.

*(Хъомылгæнæг гæды æмæ куыдзы адæймаджы хæдзары бавæры).*
**Хъ**. Хæдзарон цæрæгойтæ зымæгмæ æвæрæнтæ нæ фæкæнынц. Цæуылнæ?
*(Сабиты ахæм дзуапмæ æрхæстæг кæнын хъæуы; уымæн æмæ адæймаг батыхсы, бамæт кæны, йæ хæдзары цы цæрæгойтæ ис, уыдоныл се 'ппæтыл дæр.)*
**Хъ.** Ныр та ахъазæм.

**Сабиты хъазт «Хур æмæ уарын»**

*Стыр чъирихæссæн тæбæгъыл лæууынц хъуырылæфтаугæ нывтæ, сæ иутыл – цæрæгойты хуызистытæ, иннæтыл – зайæгойтæ (кæрдæг, къозотæ, дидинджытæ, бæлæстæ).*
Сабитæ нывтæ сæ хъуыртыл æрцауындзынц æмæ алы фæлгонцты хуызты бацæуынц – цæрæгойты кæнæ зайæгойты. Хур куы фæкæсы, уæд сабитæ æд хъуырæфтыд нывтæ тезгъо фæкæнынц. Кæд уаргæ фæкæны, уæд та хъуамæ равзарой, куыд сын кæнгæ у – сæхи æмбæхсой къæвдайæ æви нæ? Кæд сын æмбæхсгæ у, уæд та кæм – хъæды æви адæймаджы цæрæнты?
Йæ нывтыл хъæддаг сырдты хуызвыстытæ кæмæн ис, уыдонæн хъæдмæ лидзын æмбæлы: сæ хæдзар уым ис. Йæ нывтыл хæдзарон цæрæгойты хуызистытæ кæмæн ис, уыдонæн та адæймаджы цæрæнуатмæ: сæ хæдзар уым ис.
**Хъ.** Æмæ йæ нывтыл зайæгойтæ кæмæн ис, уыдонæн та куыд гæнгæ у?
*(Сабиты дзуаппытæ.)*
**Хъ**. Йæ нывтыл зайæгойты хуызистытæ кæмæн ис, уыцы сабитæ хъуамæ къæвдайæ ма 'мбæхсой, уымæн æмæ зайæгойтæн æхсызгон у, уаргæ кæй кæны, уый.
*(Кæд æмæ сабитæ истæмæ нæ арæхсой, уæд сын хъомылгæнæг феххуыс кæны. Хъазт 2–3 хатты дæр ис ахъазæн.)*

**Хатдзæг**

**Хъ.** Æвæджиау сæрæнтæ стут! Диссаджы хорз хъазыдыстут. Гъемæ ма уæдæ нæ зæрдыл æрлæууын кæнæм, адæймагимæ иумæ йæ хæдзары чи цæры, уыцы цæрæгойты куыд хонæм?
**С.** Хæдзарон цæрæгойтæ.
**Хъ.** Хъæды чи цæры, уыцы цæрæгойтæ та куыд хуыйнынц?
**С.** Хъæддаг цæрæгойтæ.
**Хъ.** Иттæг хорз!



**Хатдзæг**

**Хъ**. Абон мах иумæ уыдыстæм уазæгуаты аргъаумæ. Уыйфæстæ та систæм бæлццæттæ æмæ цыдыстæм поезды. Уæ зæрдæмæ фæцыд нæ балц? Зын дзы цы уыд? Æнцондæр та уæм цы фæкаст?

## *23-аг ахуыры сахат*

**Иумæйаг темæ: «Транспорт»**
**Темæ: «Расткъуымæг» (цыппаркъуымæг)**
**Нысантæ:**

– Сабиты базонгæ кæнын расткъуымæг æмæ йæ миниуджытимæ; ахуыр сæ кæнын иртасын геометрион гуырнывтæ: зиллакк, æртæкъуымæг, квадрат (раст цыппаркъуымæг).
– Фондзы онг дзæбæх нымайыны, бирæ нымæцтæ абарыны, рæнхъон нымады арæхстдзинæдтæ бафидар кæнын.
Дарддæр сын амонын рæстæджы тыххæй æмбарынæдтæ: райсом, бон, изæр, æхсæв; предметты æмхуызон нымæцтæ хатын (æнæ нымайгæйæ): цæйбæрц … уыйбæрц, æмбæрц.
– Кусын ныхасы рæзтыл, рæзын кæнын сабиты аналитикон хъуыдыкæнынад æмæ сфæлдыстадон арæхстдзинæдтæ.
– Кæрæдзиимæ хæлар ахастдзинæдтæ аразыныл сæ ахуыр кæнын.

**Архайæн фæрæзтæ**
**Цæстуынгæ:** паровоз æмæ 5 вагоны хахнывтæ. Фыццаг вагоны – иу рудзынг, дыккаджы – дыууæ рудзынджы æмæ а.д.; квадрат æмæ дыууæ цыппаркъуымæджы (прямоугольниктæ): иу дзы квадратæй стырдæр у дæргъмæ гæсгæ; иннæ та – къаддæр уæрхмæ гæсгæ.
**Райуаринаг:** геометрион гуырнывтæй хахнывтæ (схемæтæ).

**Ахуыры нывæст**

**Хъ**. Цæй æмæ паровозæй ахъазæм.

**Сабиты хъазт «Поезд»**

*Сабитæ кæрæдзийы фæстæ æрлæууыдысты рæнхъæй, алчидæр дзы йæ къухтæ æрæвæрдта йæ размæлæууæджы уæхсчытыл æмæ цæуын райдыдтой мырфæзмæн хъæртæ кæнгæйæ: у-у-у! Уыйфæстæ та – чы-чы-чы!*
*Фыццаг саби – паровоз, иннæтæ – вагæттæ.*

*хъомылгæнæг сæмтъеры кодта цæрæгойты хуызвыстытæ.)*
**Хъ**. Сырдтæ æдæппæтæй цал сты?
**С**. Фондз.
**Хъ**. Ныр се ’ппæты бон дæр у цæрын хæдзары?
**С.** О.
**Хъ**. Нæ зæрдыл-ма æрлæууын кæнæм, чи ’рбацыд хæдзармæ фыццаг, дыккаг æмæ а.д.
**С.** Фыццаг уыд мыст, дыккаг – хæфс æмæ а.д.
*Сабитæ раздæр æрæвæрдтой Мыстачъейы хуызвыст, стæй та иннæ цæрæгойты. Куы фесты, уæд сæ хъомылгæнæг фæрсы.*
**Хъ**. Асæй сæ æппæты бæрзонддæр чи у?
**С.** Арс.
**Хъ**. Æппæты ныллæгдæр та?
**С.** Мыст.
**Хъ.** Æдæппæтæй та цал сты иумæ?
**С.** Фондз.
**Хъ**. Тынг хорз сарæхстыстут. Ныр сæ алкæмæн дæр хæдзары ис фаг бынат. Сымах тынг баххуыс кодтат сырдтæн. Стыр бузныг!
Мах арæзтам нывæфтыд галуан, ныр та саразæм поезд.

**Сывæллæтты хъазт «Поезд»**

**Хъ**. Цæмæй ис саразæн поезд?
*(Сабитæ дзурынц алы фæндтæ. Æркæнын сæ хъæуы сабыргай ахæм дзуапмæ – бандæттæй.)*
**Хъ**. Цæй æмæ саразæм 2 поезды, иуы цæудзысты чызджытæ, иннæйы – лæппутæ. Æз уыдзынæн билеттæуæйгæнæг. Цъæх билеттæ æлхæндзысты лæппутæ, сырх билеттæ – чызджытæ.
*Хъомылгæнæг сабитæн «уæй кæны» 2 хуызы билеттæ хæххытимæ. Хахнывыл кæд иу лыстæг уадздзаг ис, уæд сбадын хъæуы фыццаг вагоны. Кæд дыууæ уадздзаджы – уæд дыккаджы æмæ а.д.*
*Кæд сабитæ дæсæй фылдæр сты, уæд дзы хъомылгæнæджы фæндонмæ гæсгæ дыууæ суыдзысты фæндагамонджытæ (чъегъретæ). Кæд сабитæ сты фынддæсы бæрц, уæд ис саразæн æртыккаг поезд.*
**Хъ**. Алчидæр уæ йæ бынат бацахсæд. Ныр уе ’ппæт дæр стут бæлццæттæ. Æз та – сæйраг фæндагамонæг. Æз уын бæрæг кæнын уæ билеттæ.
*(Хъомылгæнæг базыдта: поезды цал вагоны ис, чи кæцы вагоны цæуы, сабитæ хуызмæ гæсгæ билеттæ раст райстой æви нæ…)*
**Хъ**. Æрбахæццæ стæм рæвдауæндонмæ. Амбылдтат! Стыр бузныг!



# *7-æм ахуыры сахат*

**Иумæйаг темæ: «Фæззæг»**
**Темæ: «Фæззæг»**
**Нысантæ:**

– Сабитæн дарддæр бамбарын кæнын, цы у рæстæджы тыгъдад, цы сты афæдзы афонтæ.
Æрдзы фæзындтæ æмæ уæлæдарæсы хуызивдтæ кæрæдзиуыл куыд баст сты, ома алы афæдзы афоны дæр æмæ бонахастæн дæр йæхи æмбæлгæ уæлæдарæс цæмæн вæййы. Сабитæ фæззæджы æууæлты тыххæй цы базонынц, уыдон иу кæнын.
Тексты ахастмæ гæсгæ сабиты имитацион хуызы змæлын ахуыр кæнын.
– Бæлвырд истæй тыххæй æмæ сын фæлгонцты æхххуысæй сæ хъуыдыкæнынад рæзын кæнын, хатдзæгтæ кæнын, хуымæтæг къæйттæ-къæйттæ (сериацитæ) аразын сæ ахуыр кæнын, сæ фæлгæнæны рæзтыл сын кусын.
– Сæ алыварс дуне хуыздæр базоныны тыххæй сæ хистæртимæ арæхдæр ныхасы бацæуынмæ, тезгъо кæнынмæ разæнгард кæнын, уарзын цæстæй кæсын æмæ аудын, æмбæлтыл.

**Архайæн фæрæзтæ**
**Цæстуынгæ:** сæрдыгон дарæс йæ уæлæ, ахæм хъазæн чындз; бур ахуырст тымбылæг.
**Райуаринаг:** нывгæндтæ фæззыган боныхъæды, уæлæдарæсы, хъæддаг æмæ хæдзарон цæрæгойты, дыргътæ æмæ халсарты хуызистытимæ.

**Ахуыры нывæст**

**Хъ.** Байхъусут-ма æмдзæвгæмæ.
Ызгъæлы сæ сыфтæр
Нæ зæрин бæлæстæн, –
Куы тæхынц мæргътæ
Уæд хуссайраг бæстæм.

Кæд арв у æрхæндæг,
Кæд уарынтæ сарæх, –
Уæд афæдзы афон
Фæззæг мах хонæм.

*Сабитæ сæ къухтæ сæ размæ цадæггай куыд сисынц, афтæ та сæ фæстæмæ дæр æруадзынц.*
*Мæргъты тахт фæзмгæйæ, сæ къухтæ тилынц.*
*Сабитæ фелхынцъæрфыг, нынкъард вæййынц.*
*Сабитæ æрбадынц æмæ се 'нгуылдзты ныхтæй стъолы сæр хойынц, уарыны æртæхты къупп-къупп фæфæзмынц.*
*Сабитæ равдисынц сæ къухтæ фæйнæрдæм пакагонд æнгуылдзтимæ (ома, сыфтæ сын сты).*
Дуар æрбахостæуыд. Хъомылгæнæг æрбахæссы сæрдыгон арæзт хъазæн чындзы.
**Хъ**. Мæнæ нæм уазæгуаты æрбацыд чындз Дзæйнæт. Æвæдза, тынг рæсугъд у. Уынут, цы къаба йыл ис, уый? Æмæ йæ къахыдарæс та? Зæгъут-ма, цы хъуыды кæнут Дзæйнæты фæлысты тыххæй?
*(Сабитæ алы дзуаппытæ дæттынц.)*
**Хъ.** Дзæйнæт, не суазал дæ, ихæн дын нæу? Сымах та куыд хъуыды кæнут, сабитæ?
**С.** Ныссалд, ныцъцъæх, уымæн æмæ фæззæг у, уынджы уазал у.
*Хъомылгæнæг Дзæйнæты бур тымбылæджы фарсмæ сбадын кæны æмæ сабитæн фæзæгъы, цæмæй, боныхъæды алы фæзындтæ цы нывтыл сты, уыдонмæ æдзынæг æркæсой.*
**Хъ.** Цæй æмæ фæззæджы нывтæ равзарæм æмæ сæ Дзæйнæтмæ равдисæм.
*(Æврæгъытæ, уарын, доны култæ æд бур сыфтæртæ цы нывгæндтыл сты, уыдон равзарынц æмæ сæ бур тымбылæгыл æрæвæрынц.)*
**Хъ.** Гъе, гъе, раст ахæм рæстæг скæны арæх фæззæджы. Уымæ гæсгæ ды, куыд æмбæлы, афтæ нæ сарæзтай дæхи, Дзæйнæт. Уæдæ, цымæ, куыд хъуамæ сарæзтаид йæхи?
*(Хъомылгæнæг фæзæгъы сабитæн, цæмæй фæззыгон уæлæдарæсы нывтæ равзарой æмæ сæ бур тымбылæгыл æрæвæрой.)*
**Хъ.** Ныр дæр ма суазал уыдзæн Дзæйнæт фæззæджы? Æмæ махæн та цавæр уæлæдарæс скæнын æмбæлы нæ уæлæ, цæмæй тезгъо кæнынмæ ацæуæм, уый тыххæй?
*(Сабитæ алыхуызон фæндтæ хæссынц.)*

**Змæлгæ хъазт «Мах хъазæм»**

**Хъ.** Цы скæндзыстæм нæ къæхтыл?
**С.** Батинкæтæ, цыбырхъус цырыхъхъытæ.
**Хъ.** Скæнæм сæ, гъа-ма…
*(Сабитæ афтæ архайынц, цыма æцæгæй дæр сæ къæхтыл истытæ*



*(Сабитæ æвæрынц тымбылæгтæ стыр расткъуымæгыл, ома – рудзгуытæ.)*
**Хъ**. Уæ зæрдæмæ цæуы хæдзар?
**С.** О.
**Хъ**. Æмæ ма цы хъуаг у?
**С.** Дуар.
**Хъ**. Гъемæ йын скæнут дуар.
*(Сабитæ зæгъынц сæ фæндон. Хъомылгæнæг сæ æрхæстæг кæны ахæм хъуыды-хатдзæгмæ – стыр расткъуымæгæй айсын 2 гыццыл цыппаркъуымæджы кæнæ та къулы астæуккаг хай æндæр хуызы расткъуымонтæй «самайын».)*

**Сабиты хъазт «Аргъау»**

**Хъ**. Ныр та райдыдта аргъау.
Нæ фæрцы сырæзти хæдзар,
Хъæдæй – йæ къултæ æмæ цар.
Уый нæу ныллæг, нæдæр бæрзонд
Æмæ йæм уазджытæ дæр хон!..
*(Хъомылгæнæг разæй æвæры мысты нывгонд.)*
**Хъ**. Згъоры Мыстачъе æмæ фæрсы: «Чи цæры а хæдзары, чи? Чи цæры ныллæг хæдзары, чи?» – Ничи дæтты дзуапп. Бахызти мыст хæдзармæ – уый æрбацыди фыццаг.
*Хъомылгæнæг мысты хуызвыст æвæры хæдзары размæ. Афтæ æвдыст цæуы аргъауы иннæ архайджыты хъайтарты æрбацыд дæр: дыккаджы – хæфсы, æртыккаджы – тæрхъусы, цыппæрæмы – уызыны. Уыйфæстæ æрбацыд арс – уый уыд хæдзарæй стырдæр.*
**Хъ**. Арс уыдис фæндзæм. Уый дæр фæнды цæрын гыццыл галуаны. Фæлæ йын ис уым цæрæн?
**С.** Нæй. Уымæн уæвæн нæй.
**Хъ**. Цæуылнæ?
**С.** Арс уыцы хæдзарæй стырдæр у.
**Хъ**. Уæдæ куыд ис баххуыс кæнæн арсæн?
*(Сабиты дзуаппытæ.)*
**С.** Саразын хъæуы бæрзонддæр, стырдæр хæдзар, цæмæй дзы арс дæр бацæуа, ома дзы йæ бон цæрын уа.
**Хъ**.Уæдæ цæмæй баххуыс кæнæм арсæн?
**С.** Ноджыдæр ма райсæм расткъуымæгтæ æмæ æртæкъуымæгтæ.
*(Сабитæ фестырдæр кодтой хæдзар. Æмæ хъомылгæнæг арсы хуызвыст дæр æрæвæрдта хæдзары фарсмæ. Уыйфæстæ*

Æртыккаг дæр атæгæр йæ фарсмæ,
Цыппæрæм кæдæй кæны фынæй!
Фæндзæмы дæр адджын фын æрцахста.
Стæ-ма, чи ма кæны илæлæй?! *Сæ къухтæ фæйнæрдæм акодтой.*

**Хъ**. Æнгуылдзтæ иуулдæр бафынæй сты?
**С.** О, се 'ппæт дæр.
**Хъ**. Æмæ кæд бафынæй вæййынц æнгуылдзтæ?
**С.** Æхсæв.
**Хъ**. Æмæ кæд райхъал уыдзысты?
**С.** Райсомæй.
**Хъ**. Ралæууыд райсом. Æнгуылдзтæ иуулдæр райхъал сты æмæ райдыдтой кусын. Мах абон уыдзыстæм араздджытæ. Мах араздзыстæм гыццыл галуан (теремок). Цæмæй йæ ис аразæн?
*(Сабиты дзуаппытæ.)*

**Сабиты хъазт «Мах – араздджытæ»**

**Хъ**. Мах та теремок скæндзыстæм геометрион нывтæй.
*(Хъомылгæнæг амоны гауызыл æвæрд геометрион нывтæм.)*
**Хъ**. Цавæр нывтæ ис гауызыл?
**С.** Зиллæччытæ, æртæкъуымæгтæ, раст цыппаркъуымæгтæ – квадраттæ.
**Хъ**. Цæмæй хæдзар æнцондæр аразæн уа, уый тыххæй уал нæ нывтæ 3 къордыл адих кæнæм: зиллæччытæ нывæрæм иу тæлыйы, расткъуымæгтæ – дыккаг тæлыйы, æртæкъуымæгтæ та – æртыккаджы.
*(Сабитæ æххæст кæнынц хæслæвæрд.)*
**Хъ**. Нывтæ цал сты?
**С.** Тынг бирæ.
**Хъ**. Расткъуымæгтæй цы сараздзыстæм?
**С.** Стыр расткъуымæг – хæдзар.
*(Сабитæ кæнынц стыр расткъуымæг.)*
**Хъ**. Ныр та цы араздзыстæм?
**С.** Хæдзарæн сæр.
**Хъ**. Уый та цавæр нывтæй?
**С.** Æртæкъуымæгтæй.
*(Сабитæ кæнынц хæдзары сæр – егъау æртæкъуымæг. Зын сын куы уа, уæд сын хъомылгæнæг æххуыс кæны.)*
**Хъ**. Рудзгуытæ скæндзыстæм тымбылтæ. Цавæр нывтæй?
**С.** Зиллæччытæй.



*кæнынц, уыйфæстæ та уæлæдарæс кæнын архайд фæфæзмынц: худтæ, уæлæфтаутæ.)*
**Хъ.** Куыд æмбæлы, нæхи афтæ сарæзтам æмæ цæуæм хъæдмæ нæхи аирхæфсынмæ. Раздæр уал уæрæх фæндагыл цæуæм. Иууылдæр иумæ цæуæм?
*(Сабиты дзуаппытæ.)*
*(Цыма уæрæх фæтæн фæндагыл цæуынц, афтæ араст сты.)*
**Хъ.** Ныр та цæуæм нарæг фæндагыл. Кæрæдзи фæдыл цæуæм æви иумæ?
*Сабитæ дзуапп дæттынц æмæ æххæст кæнынц хæслæвæрд.*
**Хъ.** Уæууа! Нæ размæ – цъымара! Йæ сæрты нæ агæпп кæнын бахъуыд.
*(Афтæ архайынц сабитæ, цыма æцæгæй дæр дондзасты сæрты гæпп кæнынц.)*
**Хъ.** Ныр та кæлдымы, дымгæвæлдæхт бæласы сæрты ахизæм.
*(Сабитæ хъазты домæнтæ æххæст кæнынц.)*
**Хъ.** Мæнæ кæдæй-уæдæй æрбахæццæ стæм!
*(Хъомылгæнæг ма сын уыйфæстæ равдисы бирæ цæрæгойты нывтæ: хъæддаг æмæ хæдзарон. Нывгæндтæ сты тæбæгъыл æвæрд.)*
**Хъ.** Æмæ хъæды кæуыл фембæлдзыстæм?
**С.** Цæрæгойтыл: æхсæрæгыл, арсыл æмæ а.д.
**Хъ.** Цæй æмæ, чи хъæуы, ахæм нывгæндтæ равзарæм.
*(Сабитæ равзарынц æрмæстдæр хъæддаг сырдты нывгæндтæ æмæ сæ гауызыл равæрынц. Хъомылгæнæг сын иннæ цæрæгойтæм амоны, фæрсы сæ.)*
**Хъ.** Æмæ ацы цæрæгойтыл та хъæды цæуылнæ ис сæмбæлæн?
**С.** Уыдон хæдзарон цæрæгойтæ сты, уыдон адæймагимæ йæ хæдзары цæрынц.
**Хъ.** Махæн дæр афон у нæхимæ.
*(Цыма сæ раздæры фæндæгтыл фæстæмæ здæхынц, афтæ сабитæ фæцæйцæуынц хæдзармæ.)*
**Хъ.** Мæнæ æрбахæццæ стæм сабидонмæ. Цæй æмæ истæмæйты хорз фенæм Дзæйнæты. Цæмæй йæ хынцдзыстæм, уыдæттæм-ма 'ркæсут.
*(Хъомылгæнæг фæдзæхсы сабитæн, цæмæй, халсартæ æмæ дыргъытæ цы нывгæндтыл сты, уыдон феной.)*

**Сабиты хъазт «Мах хæринаг цæттæ кæнæм»**

**Хъ.** Дзæйнæтæн борщ сфыцæм. Æмæ йæ цæмæй кæндзыстæм, уыцы халсартæ, ома нывгæндтæ, иуæрдыгæй сæвæрут. Цы сты?

**С.** Халсартæ.
**Хъ.** Номæй-номмæ сæ ранымайут.
*(Сабитæ нымайынц халсартæ, сæ нывгæндтæ сын æвдисынц.)*
**Хъ.** Уый ма нæм цытæ баззад?
**С.** Дыргътæ.
**Хъ**. Номæй-номмæ сæ ранымайут.
*(Сабитæ, дыргътæй чи цы хуыйны, уый фæзæгъынц æмæ сæ нывгæндтыл бацамонынц.)*
**Хъ.** Æмæ дыргътæй та цы сфыцынц?
**С.** Дыргъты дон. Компот ома.
**Хъ.** Иттæг раст.

**Хатдзæг**

**Хъ.** Тынг арфæйаг стут, тынг сбуц кодтат Дзæйнæты: уæлæдарæсæй йæм фæкастыстут, хорз æй федтат, фæззæджы æууæлты тыххæй йын бæстон-бæлвырдæй фæдзырдтат. Уæдæ цы сты, загътат, фæззæджы бæрджытæ?
*(Сабитæ бур тымбылæджы мидæг нывгæндтæм кæсынц æмæ фæззæджы бæрджыты тыххæй дзурынц. Уыйфæстæ хъазæн чындзæн фæндараст зæгъынц.)*

## *8-æм ахуыры сахат*

**Иумæйаг темæ: «Мæ райгуырæн бæсты хай»**
**Нысантæ:**
– Уынг, парк (бæласдон), горæт – сахар, хæхтæ, цæугæдон цы сты, уый бамбарын кæнын. Горæт æмæ сæ цæугæдоны номимæ базонгæ кæнын.
– Сæ фæлгæнæны тыгъдад-дæрддзæфон æмæ логикон хъуыдыкæныны рæзтыл кусын, сæ дзыхыныхас хъæздыгдæр кæнын.
– Сæ зæрдæты сын райгуырæн зæхмæ æмæ горæтмæ уарзты æнкъарæнтæ æфтауын.

**Архайæн фæрæзтæ**
**Цæстуынгæ:** гауызыл, горæты бæрæг бæлвырд бынæттæ ирдæй кæм зынынц, ахæм нывгонд (нывхахх).



## *22-аг ахуыры сахат*

**Иумæйаг темæ: «Дæсныйæдтæ»**
**Темæ: «Рæнхъон нымад»**
**Нысантæ:**
– Сабитæн рæнхъон нымæцонты нысаниуæг бамбарын кæнын æмæ сæ фондзы онг рæнхъон нымадыл ахуыр кæнын.
– Бæрцыл ауæрдын, предметтæ асмæ гæсгæ кæрæдзиуыл абарын, дзырдтæй: «бæрзонддæр», «ныллæгдæр» пайда кæнын сын амонын.
Геометрион гуырнывтæ зиллакк, æртæкъуымæг æмæ квадраты тыххæй зонындзинæдтæ бафидар кæнын. Хæдбарæй кусыныл сæ ахуыр кæнын.
– Рæстæджы афоны тыххæй сын æмбарынæдтæ – райсом, бон, изæр, æхсæв – хуыздæр бацамонын.
– Кусын ууыл, цæмæй рæза сæ дзырдуат, ома арæхсой ныхас кæнынмæ, цæмæй кæной цымыдисдæр, цæмæй æмбарын райдайой «æз», ома адæймæгтæ кæй сты, уымæй уой сæрыстыр. Логикон хъуыдыкæнынады арæхстдзинæдтæ сæм рæзын кæнын.
– Сабиты дарддæр хæларзæрдæ уæвыныл хъомыл кæнын, цæмæй зоной кæрæдзиимæ ныхас кæнын; цæттæ уой æххуысмæ æмæ сын уый хæсса æхсызгондзинад.

**Архайæн фæрæзтæ**
**Цæстуынгæ**: стыр геометрион гуырнывтæ: зиллæччытæ, æртæкъуымæгтæ, квадраттæ. Нывгæндтæ: мыст, хæфс, тæрхъус, уызын, арс.
**Райуаринаг**: дыууæ хуызы хахлыгтæ (æрвхуыз æмæ сырх) уадздзæгтимæ-тæлмытимæ (иуæй фондзмæ).
**Рагагъоммæйы куыст:** аргъау «Теремок» бакæсын.

**Ахуыры нывæст**

**Хъ.** Ахъазæм!
**Хъ**. Не ’нгуылдзтæ нымайæм, цæй!
Иу, дыууæ, æртæ, цыппар, фондз.
Фыццагмæ цæуы фынæй.
Дыккаг дæр дын уæд фæрæвдз –
Сынтæгмæ кæны тæррæст.

*Сабитæ се ’нгуылдзтæ радыгай къæдз кæнынц.*

**Хъ.** Кæцытæ сты фылдæр?
**С.** Æмбæрц сты.
**Хъ.** Тынг хорз! Ныр та хъазгæ дæр акæнæм.

**Физкультурæйы рæстæг «Æххуысгæнджытæ»**

*Хъомылгæнæг кæсы æмдзæвгæ, сабитæ та змæлынц æмдзæвгæйы ныхæстæм гæсгæ.*

Сыстæм мах æдзухдæр раджы,
Мах салам фæзæгъæм хурæн
Æмæ скæнæм физкультурæ.
Хъомпал, арвистон нæ уарзæм,
Хъазæнтæ æфснайдæй дарæм.
Бонæй феххуыс кæнæм мадæн,
Къустæ, тæбæгътæ йын ахсæм,
Бафснайæм дзæбæх нæ уат дæр
Æмæ улæфынмæ – тагъддæр!
Кæрты не ’мбæлттимæ хъазæм.
Изæрæй хæдзармæ уайæм.
Бахæрæм æхсæвæр иумæ,
Гæпп сынтæгмæ – фынты зиумæ!

**Хатдзæг**

**Хъ**. Æмæ уæдæ адæм кæд бафынæй вæййынц?
**С.** Æхсæвыгон.
**Хъ**. Хъал та кæд равæййынц, кæд сыстынц?
**С.** Райсомæй.
**Хъ**. Æмæ кæрæдзийæн та кæд феххуыс кæнынц, кæд фæкусынц, кæд фæхъазынц?
**С.** Бонæй.
**Хъ**. Æмæ ма цы кусæн ис боныгон?
*(Сабиты дзуаппытæ.)*
**Хъ**. Нæ мадæлтæн мах бон дæр у лæвæрттæ æрцæттæ кæнын. Кæсут-ма, Алан æмæ Аланæ цы рæсугъд фæрдгуытæ скодтой сæ мадæн!

**Сабиты хъазт «Фæрдгуытæ»**

*(Хъомылгæнæг æвдисы фæрдгуыты хуызæг.)*
**Хъ**. Цæй æмæ мах дæр нæ мадæлтæн скæнæм ахæм рæсугъд фæрдгуытæ зиллæччытæй!
*(Сабитæ хуызæгмæ гæсгæ æмбырд кæнынц фæрдгуытæ.)*
**Хъ**. Оу, мæнæ цы диссаджы фæрдгуытæ скодтат! Уыдон тынг фæцæудзысты уæ мадæлты зæрдæмæ. Бæрæг у, тынг бирæ сæ кæй уарзут, уый. Стыр бузныг!



**Райуаринаг:** алы сабийæн дæр нывгæндтæ хæдзæртты хуызистытимæ, стæй ма иу уыйбæрц хуызджын гæххæтты (æрвцъæхы фæлхуызтæ) уадздзæгтæ, бæлæсты æндæргтæ (силуэттæ).

**Ахуыры нывæст**

**Хъ.** Абон мах араздзыстæм хæдзар, агъуыст.

У хæдзар кæнынæн афон –
Сабитæ цæттæ сты абон!
Дзæбугæн йæ къупп-къупп хъуысы.
Тагъд уыдзæн кæрон нæ куыстæн.
Фестæм арæзт ныр: «Ура!»
Хъæлдзæг бонтæ ныл цæуа!

*Цæуæм нæ къах садзгæйæ,*
*хойæм нæ тымбыл къухтæ.*
*Сдарæм къухтæ нæ сæрмæ,*
*баиу сæ кæнæм.*

**Хъ.** Æмæ сымах та цавæр хæдзары цæрут?
**С.** Алыхуызон хæдзæртты: чи – бирæуæладзыгоны, чи – хи хæдзары, чи – ныллæг, бæрзонд æмæ а.д.
*Хъомылгæнæг сабитæм нывгæндтæ æвдисы алыхуызон хæдзæрттæ-агъуыстыты хуызистытимæ, æмæ сæм æрхаты, цæмæй сæ алчидæр равзара, йæ зæрдæмæ дзы кæцы хæдзар-агъуыст фæцыд, уый. Стæй, се ’взæрст хæдзæрттæ цахæмтæ сты, уый фæнымайынц: хуызæй, асæй, бирæуæладзыгон у, æнæуи хæдзар у, хъæуккаг, горæтаг, ныллæг хæдзар æмæ а.д. Стæй сын сæ хъомылгæнæг гауызыл фæрсæй-фæрстæм рæнхъ равæрын кæны.*
**Хъ.** Хæдзæрттæ афтæ рæнхъгай куы фæлæууынц, уæд сæ цы рауайы, уый цы фæхонæм?
**С.** Уынг.
*(Кæд æмæ сабитæ къуылымпытæ-къуыхцытæ кæной, нæ арæхсой дзуапмæ, уæд сæм уæлæмхасæн фарстатæ раттын: «Æмæ сымах та кæм фæхъазут?» Сабитæ зæгъдзысты: «Уынджы».)*
**Хъ.** Нæ горæты бирæ уынгтæ ис. Уынгты ис цæрæн хæдзæрттæ, дуканитæ, сабидæттæ, скъолатæ. Нæ горæты ном у Дзæуджыхъæу. Зæгъут-ма йæ, куыд хонæм нæ горæт? Уæ ныййарджытимæ уарзут горæты уынгты тезгъо кæнын?
**С.** Уарзæм.
**Хъ.** Кæдæмты ацæут, цытæ фенут?
*(Сабиты дзуаппытæ.)*
**Хъ.** Алы уынгæн дæр ис йæхи ном. Нæ сабидон та ис (йæ ном) … уынджы. Сымах кæмыты цæрут, уыцы уынгты нæмттæ та куыд сты?

*Кæд нæ фæзонынц сæ уынгты нæмттæ, уæд сын бафæдзæхсын хъæуы, цæмæй сæ ныййарджыты бафæрсой, æмæ йæ бахъуыды кæной. Стæй сабитæм горæты бæрæг бынæтты ныв равдисы – хæдзæрттæ, мæзджыт, аргъуан, хид, цæугæдон, хæхтæ...*

**Хъ.** Ай у нæ горæт Дзæуджыхъæуы хуызистытæй иу. Цытæ уынут нывыл?

*(Нымайынц цæугæдон, хæхтæ, хæдзæрттæ, хид.)*

*Кæд æмæ сабитæ къуыхцы кæной, уæд сæм хъомылгæнæг фæкæсы, зæгъы сын цæугæдоны ном – Терк. Цалдæр хатты сын æй зæгъын кæны.*

**Хъ.** Ныр та цæуæм паркмæ. Цæуыл ацæуæм, цæмæй?

*(Сабитæ алы хæдтулгæтæ нымайынц.)*

Зæгъæм дзырдæн, трамвайæ цыма ацæуынц, цыма балхæнынц – сæлдæг æмæ хæрынц. Хъомылгæнæг сæ бафæрсы, уазал æви хъæрмуст.

**Хъ**. Уæ зæрдæмæ цæуы сæлдæг?

**С.** Цæуы, о.

**Хъ.** Уæ бакастыл бæрæг нæу, уæ зæрдæмæ кæй цæуы, уый. Адæймагæн исты йæ зæрдæмæ куы фæцæуы, исты йын æхсызгон куы вæййы, уæд уый йæ цæсгомыл бæрæг вæййы. Цæй-ма, уе 'нгасæй йæ равдисут, цыдæр уын æхсызгон, цины хос кæй у, уый.

Нæхи хорз дардтам парчы, æгъдауджынæй, æмæ нын æмбæлы нæхи аирхæфсын зилгæ херытыл.

### Уæнгивазæн минут

Херы, херы – зилæгой,
Сындæг зилы тилæгой.
Уалынмæ дын фæтæхы,
Нал уромы йæ бæхы.
Сабырдæр у, ма-ма тындз!
Херы нал дæ, фæлæ – бындз.
Ууыл фестæм мах нæ хъазт!

*Сабитæ, кæрæдзи къухтыл хæцгæйæ, зылды цæуынц.*
*Сæ цыд фæтагъддæр кодтой.*
*Фæсабырдæр ис сæ цыд.*

*Райхъуысти æмдзæгъд æваст.*

**Хъ.** Фæцыд уæ зæрдæмæ?

**С.** Фæцыд.

**Хъ.** Хорз аирхæфстам нæхи. Ныр та нæ уынгмæ раздæхæм *(гауызыл арæзт хæдзæрттæм кæсынц)*. Бæлвырд цыдæр нæ фаг кæны нæ уынджы. Цы уа, цымæ?

*(Сабиты дзуаппытæ.)*



дидинæг дæр вазæйы сæвæрдтой. Алчидæр йæ разы æрæвæрæд уал зиллаччы, дидинджытæ цал уыдысты. Цал зиллаччы хъæуы райсын?

**С.** Цыппар.

*(Æххæст кæнынц хæслæвæрд.)*

**Хъ.** Æмæ уæд вазæтæ та цал райстой дидинджытæн?

**С.** Цыппар.

**Хъ.** Вазæты бæсты нæм ис квадраттæ. Æрæвæрут, вазæтæ цал сты, уал квадраты.

*(Æххæст кæнынц хæслæвæрд.)*

**Хъ.** Цал квадраты æрæвæрдтай дæ разы? Ды та?

**Хъ.** Алкæмæ дæр цыппар. Кæцытæ сты фылдæр: квадраттæ æви зиллæччытæ?

*(Сабиты дзуаппытæ.)*

**С.** Æмбæрц сты: зиллæччытæ цæйбæрц сты, квадраттæ дæр уыйбæрц сты.

**Хъ.** Æрбахастой ма иу дидинæг. Цал зиллаччы ма хъæуы æрæвæрын?

**С.** Иу зиллакк.

**Хъ.** Бафтаут-ма сæм иу зиллакк.

*(Сабитæ æххæст кæнынц хæслæвæрд.)*

**Хъ.** Цал сты ныр зиллæччытæ?

**С.** Фондз.

**Хъ.** Куыдæй рауадысты фондз?

**С.** 4 зиллакмæ 1 зиллакк бафтыдтам æмæ дзы рауад 5.

**Хъ.** Уæд квадраттæ та цал сты?

**С.** Цыппар.

**Хъ.** Кæцытæ сты фылдæр: зиллæччытæ æви квадраттæ?

**С.** Зиллæччытæ.

**Хъ.** Цас фылдæр сты?

**С.** Иу фылдæр.

**Хъ.** Цы бакæнын хъæуы, цæмæй æмбæрц уой?

**С.** Иу квадрат сæм бафтауæм.

**Хъ.** Æрæвæрут уæдæ иу квадрат.

*(Æххæст кæнынц хæслæвæрд.)*

**Хъ.** Цал сты ныр квадраттæ?

**С.** 5.

**Хъ.** Цал сты зиллæччытæ?

**С.** 5.

**Хъ**. Уæдæ цавæр бæрæгбон æрбаввахс?
**С.** Мады бон.
**Хъ**. Æмæ сымах æххуыс кæндзыстут уæ мадæн?
**С.** О.
**Хъ**. Куыд?
*(Сабиты дзуаппытæ.)*
**Хъ**. Æмæ йын цы балæвар кæндзыстут?
*(Сабиты дзуаппытæ.)*
**Хъ**. Сабидоны сывæллæттæ та сæ мадæлтæн сфæнд кодтой дидинджытæй сæ зæрдæ барухс кæнын. Алчидæр дзы æрбахаста иу уарди (розæ) æмæ йæ сæвæрдта вазæйы.
*Хъомылгæнæг æрмæгæвдисæн фæйнæгыл алы вазæйы дæр равæры 1 дидинæг. Уыйфæстæ нымайынц уардитæ æмæ вазæтæ.*
**Хъ.** Цал сты дидинджытæ?
**С.** Цыппар.
**Хъ.** Цал сты вазæтæ та?
**С.** Цыппар.
**Хъ.** Кæцытæ сты фылдæр: дидинджытæ æви вазæтæ?
**С.** Æмбæрц сты.
**Хъ.** Иу сывæллон ма æрбахаста дидинæг.
*(Хъомылгæнæг ма иу дидинæг равæрдта фæйнæгыл.)*
**Хъ.** Цал сты ныр дидинджытæ?
**С.** Фондз.
**Хъ.** Цал сты вазæтæ та?
**С.** Цыппар.
**Хъ.** Кæцытæ сты фылдæр: вазæтæ æви дидинджытæ?
**С.** Дидинджытæ.
**Хъ.** Цас фылдæр сты?
**С.** Иу фылдæр.
**Хъ.** Цы бакæнын хъæуы, цæмæй æмбæрц суой?
**С.** Иу вазæ ма сæм бафтауæм æмæ дидинæг вазæйы сæвæрæм.
*(Хъомылгæнæг кæнæ сабитæй иу æххæст кæны хæслæвæрд.)*
**Хъ.** Ныр та кæцытæ сты фылдæр?
**С.** Ныр æмбæрц сты.

**Сабиты хъазт «Скæн æмбæрц»**

*Сабитæ стъолты уæлхъус æрбадынц, сæ разы геометрион нывтæ: зиллæччытæ æмæ квадраттæ.*
**Хъ.** Сывæллæттæ фыццаг æрбахастой 4 дидинæджы æмæ алы



*Хъомылгæнæг бацархайы, цæмæй æнæмæнг зæгъой, бæлæстæ, зæгъгæ. Уæд сабитæ уынджы сæвæрынц бæлæсты силуэттæ.*
**Хъ.** Уадз æмæ нæ уынг адаргъ уа цæугæдоны былгæрæтты. Куыд хуыйны нæ горæты астæуты кæлæг цæугæдон?
**С.** Терк.
**Хъ.** Цыхуызæн гæххæтты уадздзæгтæ хъуамæ равзарæм, цæмæй нын дзы цæугæдон рауайа, уый тыххæй?
*Хъомылгæнæг сабиты раз хуызджын гæххæтты уадздзæгтæ равæры.*
*Сабитæ хъæугæ уадздзæгтæ равзарынц æмæ сæ кæрæдзи фæдыл æвæргæйæ «цæугæдон» саразынц.*
**Хъ.** Æмæ нын хæхтæ та цы фесты? Ныр сæ цæмæй æмæ куыд счындæуа?
*(Сабиты дзуаппытæ.)*
*Хъомылгæнæг сабиты æргом здахы уæлæмхасæн æрмæгмæ – рагацау сцæттæгонд хæхты силуэттæм. Сабитæ хæслæвæрд сæххæст кæнынц – «хæхтæ» самайынц.*

**Хатдзæг**

**Хъ.** Гъе, ахæм, æмбисондæн хæссинаг, горæт нын у. Нæ йæ æмбæлы чъизы кæнын: бырæттæ калын, дидинджытæ тонын, бæлæстæ сæттын, сæ цъар сын стигъын, бандæттыл æмæ къултыл фыссын… Æмæ уæд нæ горæт уæлдай сыгъдæгдæр æмæ рæсугъддæр уыдзæн. Уæд уый æцæг уарзт уыдзæн, æцæг аудын. Куыд у, загътат, йæ ном нæ горæтæн?
**С.** Дзæуджыхъæу.
**Хъ.** Куыд хонæм нæ цæугæдон?
**С.** Терк.
**Хъ.** Сымахæй сæрæндæр гуырдтæ ссарæн нæй!

## *9-æм ахуыры сахат*

**Иумæйаг темæ: «Æз æмæ мæ буар»**
**Темæ: «Буары арæзт, буары хæйтты нысаниуæг»**
**Нысантæ:**
– Сабиты буары хæйттимæ базонгæ кæнын: сæр, гуыр, къухтæ, къæхтæ, æнгуылдзтæ… Алчи дæр сæ адæмы æхсæнадæй кæй у,

уый сын бамбарын кæнын. Адæмы цæмæй сæ æрдзон æууæлтæм гæсгæ дих кæнын зоной, ууыл сæ ахуыр кæнын (лæппу – чызг, нæлгоймаг – сылгоймаг) æмæ кармæ категоритæм гæсгæ дæр (хистæртæ – кæстæртæ, стыртæ – сабитæ). Адæймаджы схематикон хуызистимæ сæ базонгæ кæнын. Схемæтæ хайгай уарын æмæ æмбырд кæнын куыд зоной, ууыл сæ ахуыр кæнын.

– Лæмбынæгдзинады иртасæг-зонадон архайды æмæ ассоциативон хъуыдыкæныны бындуртæ рæзын кæнын. Классификаци кæнынып сæ ахуыр кæнын.

– Алчи дæр сæ хицæн «Æз» кæй у, æнкъарæнтæ æмæ лæджыхъæдджын æууæлтæй хайджын, уыцы зондахаст сæм æвзæрын кæнын. Хъуамæ зоной сæхимæ зилын, буарыл аудын.

**Архайæн фæрæзтæ**

**Цæстуынгæ:** хъазæн чындз, кар адæм æмæ сабиты хуызистытимæ ныв. Чызджы иу стыр схемæ, лæппуйы стыр схемæ.

**Райуаринаг:** алы сабийæн дæр – адæймаджы схемæ (чызг кæнæ лæппуйы), нымайæн къæцæлтæ, геометрион фигурæтæ.

### Ахуыры нывæст

**Хъ.** Ныртæккæ мах нæ кæрæдзийы къухтыл æрхæцдзыстæм, кæрæдзимæ бакæсдзыстæм, бахуддзыстæм. Иумæ хорз æнкъарæм нæхи? Махæн нæ бон иумæ у алцыдæр! *(Дуар чидæр æрбахоста.)* Уазæгуаты нæм æрбацыд кукла. Æрбахонут æй, немæ сбадæд. Бакæсут-ма йæм, чызг у æви лæппу? *(Сабиты дзуаппытæ.)* Ай у кукла Алинæ.

*Хъомылгæнæг сбæлвырд кæны, куклайæн гуыр, сæр, къухтæ кæй ис, уый.*

**Хъ.** Сымахæй уæ алкæмæндæр ис гуыр, сæр, къухтæ æмæ къæхтæ?

**С.** Ис.

**Хъ.** Нæ къухтæй ма сæмдзæгъд кæнæм!

*(Сабитæ æмдзæгъд кæнынц.)*

**Хъ.** Æмæ куклайæн йæ бон у йæ къухтæй æмдзæгъд кæны?

**С.** Нæу, феххуыс кæнын ын хъæуы.

*Хъомылгæнæг æвдисы, кукла куыд фемдзæгъд кæны, уый.*

**Хъ.** Цæй-ма, нæ къæхтæ-гæккытæй æртъуппытæ кæнæм!

*(Сабитæ, сæ уæрджытæ бæрзонд исгæйæ, тъупп-тъупп кæнынц сæ къæхтæй.)*

**Хъ.** Æмæ кукла та йæхæдæг йæ къæхтæ æрхойы?



## *21-аг ахуыры сахат*

**Иумæйаг темæ: «Мады бон»**
**Темæ: «Нымæц 5-имæ зонгæ кæнын»**
**Нысантæ:**

– Сабиты базонгæ кæнын, нымæц 5 куыд рауад, уыимæ. Цыппары онг нымад предметы сфидар кæнын. Фæстаг нымæцон (5) уымæй размæйы къордимæ бæттынып сæ ахуыр кæнын, стæй сын бамбарын кæнын, уыцы нымæцон кæй амоны къорды мидæг предметы иумæйаг бæрц.

Рæстæджы тыххæй æмбарынæдтæ – *райсом, бон, изæр* сфидар кæнын.

– Бафидар кæнын зонындзинæдтæ, геометрион гуырнывтæ – зиллакк, æртæкъуымæг, квадрат, цæмæй тыгъдады рахиз æмæ галиу фарс хатой.

– Рæзын сын кæнын сæ фæлгæнæн, се сфæлдыстадон хъуыдыкæнынад.

Сабитæ цæмæй зæрдæхæлар уой, цæмæй кæрæдзиуыл аудой, уыцы хуызы сæ хъомыл кæнын.

**Архайæн фæрæзтæ**

**Цæстуынгæ:** 5 дидинæджы, 5 вазæйы нывтæ.

**Райуаринаг:** сабиты нымæцмæ гæсгæ – къопп (набор): 5 зиллаччы, 5 квадраты. Фæрдгуытæ: стыр сырх зиллæччытæ æмæ æрвгъуыз гыццыл зиллæччытæ.

### Ахуыры нывæст

**Хъ**. Равдисут-ма мæм уе ’нгуылдзтæ.

Иумæ не ’нгуылдзтæ нымайæм –
Уадз æмæ сæ зæрдæ райа!
Иу, дыууæ, æртæ, цыппар,
Фондз дæр сæ нæ лæууы дард –
Сты æнгом, хъæддых, хæлар!
Иннæ къухмæ дæр æркæсæм:
Иу, дыууæ, æртæ, цыппар,
Фондз та сын куы у сæрдар!
Æтт, нæ æнгуылдзтæ – цæрдæг
Æмæ алкæддæр сыгъдæг.
Сты мæнæн æххуыс мæ къухтæ,
Ис сæ зилæн æмæ здухæн!

*Сабитæ нымайынц се ’нгуылдзтæ.*
*Сæ къухтæ атымбыл кæнынц.*
*Нымайынц иннæ къухы ’нгуылдзтæ, змæлын сæ кæнынц тагъд-тагъд, разил-базил кæнынц сæ гуккытæ.*

**Сабиты хъазт «Зæгъ, цы дзырд фæуагътой, уый»**

**Хъ.** Арфæ уын кæнын. Тынг къæрцхъус стут. Ныр та – ног хъазт.

*Сабитæ къæлæтлæуд кæнынц. Иу саби райсы хъазæн.*

*Хъомылгæнæг райдайы дзурын хъуыдыйад, фæлæ йæ кæронмæ нæ фæзæгъы, суткæйы афоны ном фæуадзы. Æмæ, хъазæн цы сабимæ ис, уый уыцы дзырд фæзæгъы æмæ хъазæн ратты æндæр сабимæ. Зæгъæм:*

**Хъ.** Мах аходæн фæкæнæм райсомæй, сихор та…

**С.** Бонæй.

**Хъ.** Ды рæвдауæндонмæ æрбацæуыс райсомæй, уæ хæдзармæ та ацæуыс…

**С.** Изæрæй.

**Хъ.** Бонæй ды фæхæрыс сихор, æхсæвæр та фæкæныс…

**С.** Изæрæй.

**Хъ.** Æхсæвыгон сымах фæкæнут фынæй. Хъазгæ та кæд фæкæнут?

**С.** Бонæй.

**Хъ.** Цæй æмæ ныр та æндæр хъазтæй ахъазæм!

**Сабиты хъазт «Геометрион конструктор»**

Сабитæ бадынц стъолы уæлхъус æмæ «равæрынц» ныв геометрион фигурæтæй хуызæгтæм гæсгæ.

**Хатдзæг**

**Хъ.** Абон мах базыдтам бирæ ног цыдæртæ. Нæ зæрдыл сæ æрлæууын кæнæм. Сывæллæттæн фынæй афон кæд вæййы?

**С.** Æхсæвыгон.

**Хъ.** Хъал та кæд равæййынц, кæд æрбацæуынц рæвдауæндонмæ?

**С.** Райсомæй.

**Хъ.** Разгъор-базгъор, гæппытæ æмæ хъазгæ та кæд фæкæнынц?

**С.** Бонæй.

**Хъ.** Сабитæ сæхимæ та кæд ацæуынц?

**С.** Изæрæй.

**Хъ.** Алцыдæр хорз бахъуыды кодтат. Стыр бузныг!



**С.** Нæгъ, фæкæсын æм хъæуы.

**Хъ.** Нæ сæртæй размæ-фæстæмæ кæнæм, рахизмæ-галиумæ. Æркъул кæнæм размæ-фæстæмæ, рахизырдæм-галиуырдæм атасæм.

*(Сабитæ афтæ архайынц.)*

**Хъ**. Æмæ махæн куыд æнтысы, афтæ куклайы бон у? *(Сабитæ сæ хъуыдытæ æмбарын кæнынц.)*

**Хъ**. Нæ къухтыл махæн æнгуылдзтæ ис? Гъемæ-ма сæ уæдæ базмæлын кæнæм. Уынут, куыд хъæлдзæг сты, уый! Хъæугæ та нæ цæмæн кæнынц не ’нгуылдзтæ?

*(Кæд æмæ сабитæ дзуапп дæттынмæ нæ арæхсой, уæд сын зæгъын хъæудзæн, цæмæй сæ къухтæм исты сисой æнгуылдзты æххуысæй.)*

**Хъ**. Кæй æххуысæй, кæй фæрцы систат уæ къухтæм хъазæнтæ?

**С**. Не ’нгуылдзты.

**Хъ**. Æмæ ма нын æнгуылдзтæ ноджыдæр кæм ис?

**С**. Нæ къæхтыл.

**Хъ**. Æмæ куклатæн та ис æнгуылдзтæ? Æмæ уыдон дæр тæлфынц? Уæд цæуылнæ?

*Цæмæй сабитæ афтæ зæгъой, мах адæм стæм, кукла та – хуымæтæг хъазæн, ахæм дзуапмæ сæ æркæнын.*

**Хъ**. Æдзынæг-ма бакæсут нывмæ, кæйты дзы уынут?

**С**. Карджын адæм æмæ сабиты, чызджытæ æмæ лæппуты.

*Хъомылгæнæг сын фæзæгъы, зæгъгæ, лæппутæ куы сырæзой, уæд уыдзысты æххæст лæгтæ, нæлгоймæгтæ, бæрзонд æмæ хъаруджын; чызджытæ та суыдзысты сылгоймæгтæ – гуырвидауц, хæрзконд, рæсугъд.*

**Сабиты хъазт «Уый дæн – Æз!»**

**Хъ**. Кæсут-ма ацы адæймаггæндтæм *(æвдисы сæм схемæтæ)*. Цытæ сын ис?

**С**. Гуыртæ, сæртæ, къухтæ, къæхтæ.

**Хъ**. Кæрæдзийæ та цæмæй хицæн кæнынц?

*(Кæд сабитæ нæ фæрæвдз уой уыдоны лæппу æмæ чызг схонынмæ, уæд сын хъомылгæнæг феххуыс кæны: сæ дыууæйæ кæцыйы ис чызг схонæн, лæппу зæгъæн та дзы кæмæй ис…)*

**Хъ**. Ацы адæймаггонды куы равдисон, уæд лæппутæ фестдзысты. Ацы адæймаггонды куы равдисон, уæд та чызджытæ фестдзысты. Лæмбынæг ут!

*(Хъазт 2–3 хатты сфæлхатинаг у.)*

Уыйфæстæ хъомылгæнæг фæзæгъы сабитæн, цæмæй ахæм

адæймаггонды сæмбырд кæной къæцæлтæ æмæ геометрион фигурæтæй, схемæйы уæлæ æрæвæргæйæ (сабитæн байуарын хъæуы нывлыгтæ æд схемæтæ – хъуамæ схемæтæ æмæ, пайдагонд цы ’рмæгæй цæудзæн, уыдон æмиас уой.) Бафæдзæхсы сын нодзы, цæмæй лæппутæ лæппуты куыд сæмбырд кæной, чызджытæ та сæхи, афтæ. Æмæ зæгъæнт: «Уый дæн – Æз!» (Уый – æз дæн!)

**Хатдзæг**

**Хъ**. Мæнæн ис гуыр. Сымахæн та? Равдисут-ма сæ. Мæнæн ис сæр. Сымахæн та? Равдисут-ма сæ. Мæнæн ис къæхтæ. Сымахæн та? Цæмæн нæ хъæуынц нæ къæхтæ?

**С.** Згъорынæн, цæуынæн, гæппытæ кæнынæн, пуртийæ хъазынæн…

**Хъ**. Мæнæн ис къухтæ. Сымахæн та? Цæмæн нæ хъæуынц къухтæ?

*(Сабиты дзуаппытæ.)*

**Хъ**. Уынут, абон нæхи тыххæй цас базыдтам! Æвæджиау сæрæнтæ стут!

## *10-æм ахуыры сахат*

**Иумæйаг темæ: «Æз æмæ мæ буар»**

**Нысантæ**:

– Фæбæлвырддæр кæнын, цы сты – сæр, сæрыхъуын, хъустæ, цæсгом, цæстытæ, æрфгуытæ, цæстыхаутæ, фындз, дзых, былтæ, уадултæ-æхсæрфæрстæ. Цæмæн хъæуынц?

– Ахуыр сæ кæнын, цæмæй адæнкъарын зоной кæрæдзийæ иртасын (туаг, адджын, цæхджын); нæ алыварс дунейы алы мыртæ кæрæдзийæ иртасой, алыхуызон тæфтæ-смагтæ бæлвырд-бæрæг кæной.

– Иртасой цæсгомы бакасты æууæлтæ: æнкъард, хъæлдзæг, мæсты. Тексты ныхæстæм гæсгæ сæ фезмæлд-архайд куыд арæзой, ууыл сæ дарддæр ахуыр кæнын.

– Цæсгомы æууæлтæ (мимикæ) æмæ адæймаджы эмоционалон, æнкъарæнты сферæ хуыздæр æмæ дарддæр рæзын кæнын.

– Иртасæн-зонадон архайдыл сæ амидин кæнын, рæзын сын кæнын сæ фæлгонцон хъуыдыкæнынад, сæ фæлгæнæн.

– Адæмы æмæ алыварс дунейы бастдзинæдтæ сын æмбарын кæнын.



**Хъ.** Иуцъус æддейы фæталынг,
Арвыл ссыгъд фыццаг ыстъалы.
Боны рухс сындæггай тайы,
Цъиутæн бамынæг сæ зард,
Хъазæнтæ хъæуы æфснайын.
Сиды сабитæм сæ мад.
Уый та цафон вæййы, кæд?

**С.** Изæрæй.

**Хъ.** Кæм сæвæрæм уæд нæ хъазæнтæ? Кæм бафснайæм дарæс?

*(Сабиты дзуаппытæ.)*

*(Уыйфæстæ хъомылгæнæг нывгæндтæ сæмхæццæ кодта æмæ куры сабитæй, цæмæй сæ равæрой, куыд æмбæлы, афтæ: райсом – бон – изæр – æхсæв.)*

**Сабиты хъазт «Бон – æхсæв»**

*Стъолыл – хъазæн хæдзары дзаумæттæ.*

**Хъ.** Уæ разы цы ис стъолыл? Ранымайут-ма сæ.

**С.** Диван, сынтæг, къæлæтджын, бандон.

**Хъ.** Банымайут-ма сæ. Къæлæтджынтæ цал сты? Дивантæ? Бандæттæ? Сынтæджытæ? Æмæ уæд се ’ппæт иумæ та цал сты?

*(Сабитæ нымайынц.)*

**С.** Иу къæлæтджын, 1 диван, 1 бандон, иу сынтæг – æдæппæт 4 дзаумайы.

**Хъ.** Æмæ сын иумæ цавæр ном ис?

**С.** Хæдзары дзаумæттæ (мебель).

*Хъомылгæнæг куры, цæмæй сабитæ лæмбынæг бакæсой хæдзары дзауматæм æмæ сæ зæрдыл бадарой, куыд æвæрд сты, ома сæ чи цы бынаты ис, уый. Уыйфæстæ сын дзуры, цæмæй сæ цæстытæ бацъынд кæной, ома æхсæв ралæууыд. Сабитæ йын йæ фæндон куы сæххæст кодтой, уæд хъомылгæнæг хæдзары дзауматæй кæцыдæр айста.*

*Æрбабон – сабитæ сæ цæстытæ байгом кодтой.*

**Хъ.** Æхсæв куы ралæууыд, уæд дзы æз иу дзаума айстон. Цал ма дзы баззад?

**С.** Æртæ.

**Хъ.** Кæцы дзы фæхъуыд?

*Сабитæ дзуапп дæттынц. Хъазт ис фæлхатгæнæн 2–3 хатты, цæмæй та сабитæ ногæй нымайой дзауматæ æмæ дзурой, кæцы дзы бамбæхстой, уый.*

### Ахуыры нывæст

**Хъ.** Цæй æмæ та ахъазæм.

| | |
|---|---|
| Иу, дыууæ, æртæ, цыппар, фондз –<br>Де 'нгуылдзтæ ды банымайын зон! | *Нымайынц се 'нгуылдзтæ.* |
| Хæларæй æмæ фидарæй<br>Кæрæдзиимæ фидауæм! | *Аразынц тымбылкъухтæ.* |

**Хъ.** Ныр цалынмæ не 'нгуылдзтæ фынæй кæной, уæдмæ уын æз дзурдзынæн уыци-уыцитæ, сымах та сæ хъуамæ базонат.

*Хъомылгæнæг сабитæн дзуры базон-базонтæ æмæ сын уыциу рæстæг æвдисы нывгæндтæ райсом, бон, изæр æмæ æхсæвы ныв тимæ.*

*Фыццаг ныв: саби фынæй кæны. Æдде у талынг. Мæй æврæгъты фæсте рагуди кодта.*

**Хъ.** Стъалытæ куы ссудзынц арвыл,–
Сабитæн фынæйы афон.
Бон та атахти нæ рæзты,
Ралæууыд йæ рады … (æхсæв).

*Уыйфæстæ хъомылгæнæг фæрсы.*

**Хъ.** Æхсæвыгон сымах цы ми фæкæнут? Æхсæв ма фынæй чи фæкæны?

*(Сабиты дзуаппытæ.)*

*Дыккаг ныв – райсом, саби аходæн кæны (хæры).*

**Хъ.** Уасæг та кæд сысты æппæты разæй,
Æмæ кæд фæсиды уасгæ хъæрæй:
«Рацæут хурæн йæ размæ, цæй»
«Рацæут хурæн йæ размæ, цæй!»

**С.** Райсомæй.

**Хъ.** Кæд райхъал вæййут? Цы фæкусут райсомæй?

*(Дзуаппытæ.)*

*Æртыккаг ныв – бон.*

**Хъ.** Хур куы вæййы арвы астæу, –
Сабитæ сæ тæккæ хъазтыл!
Нал вæййы кæрон сæ цинæн…
Базон-базон, уый цы хуыйны?

**С.** Бон.

**Хъ.** Æмæ ма боныгон æндæр цы ми фæкæнут?

*(Дзуаппытæ.)*

*Цыппæрæм ныв – изæр.*



**Архайæн фæрæзтæ**

**Цæстуынгæ:** алыхуызон хъазæнтæ – 5, нæ алыварс дунейы мыртæ магнитофоны кассетæйыл фыстæй, лимон, цæхджын джитъри, шоколад, сапон, нуры, хъæдындз, духитæ.

### Ахуыры нывæст

**Хъ**. Уый дæн – Æз. Сымах та кæм стут! Уæхи-ма равдисут. Уый та уæ ахæм рæсугъд кæцы у? Уый та афтæ аив чи у?

**С.** Уый дæн – Æз. Уый – Æз дæн!

*(Сабитæ, цæлхдымбылæй лæугæйæ, тексты ныхæстæм гæсгæ æххæст кæнынц алы фезмæлдтытæ.)*

Къухтæ кусынц, хъустæ хъусынц,
Къæхтæ хойынц: гуыпп-гуыпп-гуыпп,
Цæстытæ кæсынц æдзынæг,
Дзых дæр фырдзырдæй ысзынг.
Сулæфыди фындз æнцонæй,
Саби разы у йæ кондæй!

**Хъ**. Цæмæн нæ хъæуынц цæстытæ? *(Сабиты дзуаппытæ.)* Æмæ æрфгуытæ æмæ цæстыхаутæ цæмæй хъахъхъæнынц нæ цæстыты?

**С.** Рыг æмæ чъизийæ.

**Хъ**. Нæ цæстытæ нын ныртæккæ фæахъаз уыдзысты.

**Сабиты хъазт «Цы хъуаг фестæм»**

*(Хъомылгæнæг сабиты æргом стъолыл æвæрд хъазæнтæм аздахы (4–5 сты)).*

**Хъ**. Уæ цæстытæ-ма сæхгæнут, сабитæ. *(Хъазæнтæй иу айсы.)* Байгом кæнут уæ цæстытæ. Цы хъуаг фестæм? Кæсут стъолмæ!

*(Хъазынц афтæ иу 4–5 хатты.)*

**Хъ**. Цæмæн нæ хъæуынц, загътат, нæ цæстытæ?

**С.** Цæмæй сæ кæсæм æмæ уынæм.

**Хъ**. Цæмæн нæ хъæуынц хъустæ? *(Сабиты дзуаппытæ.)*

**Хъазт «Базон æй уынæр-хъæрæй»**

*Хъомылгæнæг магнитофон скусын кæны алы уынæрты-хъæрты кассетæтимæ. Сабитæм хъуысы машинæйы моторы уынæргъын, мæргъты зарын, доны хæл-хæл… Цы хъусынц, уый æвдисынц архайынц.*

**Хъ**. Хъустæ хъæуынц, цæмæй хъусæм. Дзых та цæмæн хъæуы? *(Сабиты дзуаппытæ.)* Дзыхы фæрцы мах дзурæм æмæ хæрæм.

**Хъазт «Базон æй йæ адмæ гæсгæ»**

*Хъомылгæнæг фæдзæхсы сабитæн: лимон – туаг, джитъри – цæхджын, шоколад – адджын. Алы ад дæр цæсгомыл равдисæнт. Сабитæ алцæмæй дæр фæхъæстæ вæййынц æмæ сæ кæрæдзимæ фæкæсынц, цымæ йæ цæсгом кæмæн куыд аивта, зæгъгæ.*

**Хъ**. Цæмæн нæ хъæуы фындз? *(Сабиты дзуаппытæ.)* Фындз ныл-хъывтам, улæфæм ма?

**С.** Нал.

**Хъ**. Уæдæ нæ фындз уымæн хъæуы, цæмæй дзы улæфæм. Æмæ ма нæ ноджыдæр цæмæн хъæуы, цымæ?

**С**. Цæмæй дзы смудæм, алы тæфтæ кæрæдзийæ иртасæм.

**Хъазт «Базон æй йæ тæфмæ гæсгæ»**

*Хъомылгæнæг сабиты басмудын кæны духимæ, апельсинмæ, лимонмæ, хъæдындзмæ æмæ нурымæ. Стæй, сæ цæстытæ куы сæхгæнынц, уæд сæм сæ радыгай хæстæг бахæссы æмæ сæ сабитæ хъуамæ сæ тæфмæ гæсгæ базоной.*

**Хатдзæг**

**Хъ**. Уæ сæрмæ уæ бавналæд алчидæр. Цы ис сæрыл?

**С**. Сæрыхъуынтæ, хъустæ.

**Хъ**. Æмæ йæ формæмæ гæсгæ та цыхуызæн у?

**С.** Тымбыл.

**Хъ**. Кæм сты цæстытæ, дзых, фындз?

**С**. Цæсгомыл.

**Хъ**. Æмæ уæ цæсгæмттæ та цыхуызæн уыдысты, лимон, джитъри æмæ шоколадæй куы фæхъæстæ стут, уæд?

*(Сабитæ сæхи хъулæттæ кæнынц.)*

**Хъ**. Мæ хуртæ акæнут!

## *11-æм ахуыры сахат*

**Иумæйаг темæ: «Хъазæнтæ»** *(1-аг ахуыры сахат)*

**Нысантæ**:

– Сабиты «Хъазæнты» дуканиимæ базонгæ кæнын. Цы æрмæгæй конд у хъазæн, уый куыд зоной, сбæрæг кæнын йæ формæ, ас, йæ хуыз. Конструкцитæ кæныны мадзæлттæ равдисын.



**Сабиты хъазт «Равæр сæ хахнывмæ гæсгæ»**

*Хъомылгæнæг сабитæм радта хахнывтæ (схемæтæ), æмæ сабитæ нымайæн къæбæлтæй хахнывтыл кæнынц нывгæндтæ.*

Зæгъæм: бандон, стъол, сынтæг.



**Хатдзæг**

**Хъ.** Абон сымах æфснайдтат хъазæнтæ. Кæм уыдысты раздæр хъазæнтæ? Уыйфæстæ сæ сымах кæм сæвæрдтат?

**С.** Скъаппы.

**Хъ.** Стыр бузныг! Хуры тын – уæ фæндаг! Æмæ уæ хæдзæрттæм та кæд ацæудзыстут?

**С.** Изæры.

## *20-æм ахуыры сахат*

**Иумæйаг темæ: «Хæдзары дзаумæттæ»**

**Темæ: «Рæстæджы æмбарынæдтæ «бон – æхсæв»**

**Нысантæ:**

– Сабиты базонгæ кæнын æмбарынæдтимæ «бон − æхсæв», сфидар кæнын æмбарынæдтæ «райсом – изæр». Дарддæр сæ тыгъдады ориентаци кæныныл ахуыр кæнын. Ныффидар кæнын цыппары онг нымад. Куыд бамбарой, нымæц 4 иуæгтæй кæй у, уый. Сæ зонындзинæдтæ сын фæарфдæр кæнын геометрион фигурæты тыххæй (зиллакк, æртæкъуымæ, раст цыппаркъуымæг).

– Сабиты тыгъдадон хъуыдыкæнынад æмæ сын сæ къæрцхъусдзинад рæзын кæнын.

– Хъомыл сæ кæнын кæрæдзиимæ цæстуарзон, зæрдæхæлар уæвыныл.

**Архайæн фæрæзтæ**

**Цæстуынгæ:** 4 нывгонды суткæйы афонты хуызвыстытимæ: райсом, бон, изæр, æхсæв; хъазæн хæдзары дзаумæттæ: къæлæтджын, диван, сынтæг, бандон; хъазæнтæ.

**Райуаринаг:** геометрион конструктор, геометрион нывты къопп æмæ, сабитæ сæ нывтæ цæмæ гæсгæ равæрдзысты, ахæм хуызæгтæ.

**Сабиты хъазт «Къай ссар»**

*Хъомылгæнæг скъаппæй райсы нывгæрстыты 2 æмбырдгонды зиллæччыты нывтимæ (1–4 онг сæ нымæц). Сабитæ иу æмбырдгондæй райсынц фæйнæ ныв гарсты æмæ хъуамæ иннæ æмбырдгонды ссарой ныв гарстæн йæ къай.*

*(Сабитæ æххæст кæнынц хæслæвæрд.)*

**Хъ.** Ныр та бандæттимæ ахъазæм.

**Сæрæн сабиты хъазт «Бацахс бандон»**

*Бандæттæ æвæрд сты зиллаккæй. Хъуысы музыкæ. Сабитæ цæуынц бандæтты алыварс. Музыкæ æваст фæлæууыд – сабитæ бандæттыл абадтысты. Бандæттæ сты сабиты бæрц. Иу бандон дзы айстой. Сабитæ та музыкæйы зæлтæм гæсгæ цæуынц бандæтты алыварс. Музыкæ ахуыссыд, сабитæ ахсынц бынæттæ, фæлæ дзы иумæ нал æрхауд. Сабитæ дзурынц, бандæттæ иу къаддæр фесты, зæгъгæ.*

**Хъ.** Цы бакæнын хъæуы, цæмæй та бандæттæ алкæмæн дæр сфаг уой æмæ уе 'ппæтмæ дæр бынат æрхауа?

**С.** Иу бындон ма сæм хъæуы бафтауын.

*Иу бандон сæвæрдтой, музыкæ та зæлы, æмæ та сабитæ цæуынц бандæтты алыварс. Музыкæ фæхъус. Ииуылдæр æрбадтысты бандæттыл – алкæмæ дæр бынат æрхауд. Уæдæ уæд сабиты æмæ бандæтты нымæц у æмхуызон, æмбæрц.*

**Хъ.** Табуафси, зæгъут-ма мын – цавæр хæдзары дзаумæттæ ма ис нæ къорды уаты?

*(Сабитæ сæ ныма́йынц.)*

**Хъ.** Бандонæн цал къахы ис?

*(Сабитæ сæ банымадтой – 4.)*

**Хъ.** Æмæ ма цавæр хæдзары дзаумæттæн ис 4-гай къæхтæ?

*(Сабиты дзуаппытæ.)*

**Хъ.** Æмæ цы бæрзонддæр у – бандон æви стъол? Куыд сæ ис абарæн?

**С.** Бандон стъолы цур æрæвæргæйæ.

**Хъ.** Æмæ стъолæй бæрзонддæр та цы у?

**С.** Скъапп.

**Хъ.** Æмæ скъаппы сæрæй та хъазæн куыд ис æрисæн?

*(Сабитæ дзурынц алы мадзæлттæ.)*

**Хъ.** Ныр та аргъауы къæбæлты фæрцы саразæм хæдзары дзаумæтæ.



– Ныхасы лæмбынæгыл, логикон-дзырдон хъуыдыкæныныл æмæ сфæлдыстадон зæрдæргъæвдыл кусын.

– Хъазæнтыл куыд ауæрдой, хъазт куы фæуой, уыйфæстæ сæ сæ бынæтты куыд æфснайой, уыыл сæ ахуыр кæнын. Æдас Царды Бындуртæ сын цадæггай амонын.

**Рагагъоммæйы куыст:** Агния Бартойы æмдзæвгæтæ «Гайлаг», «Пурти», «Чысыл нау», «Чысыл арс», «Чысыл бæх», «Тæрхъус» æмæ «Уæзласæн» сахуыр кæнын.

**Архайæн фæрæзтæ**

**Цæстуынгæ:** фæлмæн хъазæн – тæрхъус, пластмассæйæ конд машинæ, резинæ пурти æмæ æндæр хъазæнтæ; машинæ æмæ куклайы хуызистытимæ ныв гæндтæ; сæстытæ æмæ пырхгонд хъазæнты ныв тæ.

**Райуаринаг:** арæзтадон æрмæг – кубиктæ æппæт сабитæн дæр.

**Ахуыры ныв æст**

**Хъ**. Сабитæ, уæ ныййарджытимæ дуканимæ ацæут? Цавæр дуканитæм ацæут? Цытæ балхæнут?

*(Сабиты дзуаппытæ.)*

**Хъ.** Фæнды уæ, «Хъазæнтæ», зæгъгæ, ахæм дуканимæ ацæуын? Уæдæ цæуæм.

*(Сабитæ сæ кæрæдзи къухтыл æрхæцынц æмæ сæ къорды уаты фæцæйцæуынц.)* Хъомылгæнæг цæугæ-цæуын фæдзуры: «Мæнæ фæндагыл фæцæуæм хæдзæрттæ, бæлæстæ, гæрæнты рæзты, акæсæм фæндагæн дыууæрдæм дæр æмæ, кæд иуырдыгæй дæр машинæ хæстæг цæуæг нæ вæййы, уæд иннæрдæм бахизæм.

Æрбахызтыстæм фæндаджы сæрты. Мæнæ, цы дуканимæ рараст стæм, уый. Кæсут-ма, дуканийы тæрхæджытыл цас хъазæнтæ ис, уымæ!»

*(Цыма тæрхæджытæм хæстæг бацæуынц æмæ æдзынæг ныккæсынц хъазæнтæм, сабитæ афтæ сæхи февдисынц.)*

Цавæр хъазæнты тыххæй зонæм мах æмдзæвгæтæ?

(*Хъомылгæнæг сæм хъазæн равдисы, сабитæ уый тыххæй æмдзæвгæ радзурынц – кæд къуылымпытæ кæной, уæд сын феххуыс æмбæлы.)*

*Хъомылгæнæг тæрхæгæй хъазæн тæрхъус райсы.*

**Хъ**. Сабитæ, ай цавæр хъазæн у?

**С.** Тæрхъус.

*Кæсынц æмдзæвгæ «Тæрхъус».*

**Хъ**. Цыхуызæн хъазæн у – фæлмæн æви хъæбæр? Къухæй-ма йæ æрсæрфут, уæ уадул ыл æрæвæрут – æхсызгон уын у? Æмæ цæмæй конд у, цымæ?
*(Сабиты дзуаппытæ.)*
**Хъ**. Ахæм фæлмæн хъазæн конд у цармæй. Æмæ стыр, æви чысыл хъазæн у? Йæ хуыз та цавæр у? Куыд хъазын хъæуы йемæ?
*Хъомылгæнæг райсы тæрхæгæй пластмассæйæ конд машинæ. Сабитæ радзурынц æмдзæвгæ «Уæзласæн машинæ».*
**Хъ.** Машинæ фæлмæн у æви хъæбæр. Асгарут æй уæ къухтæй. Цæмæй конд у. Йæ хуыз цавæр у? Стыр у? Куыд дзы хъæуы хъазын?
*Хъомылгæнæг райсы пурти. Сабитæ æмдзæвгæ «Пурти» радзурынц. Хъомылгæнæг æркæстытæ кæны пуртимæ, фыццаг фарстаты хуызæн сæм ратты, ахъазы семæ пуртийæ.*
**Хъ**. Уæ зæрдæмæ фæцыд дукани «Хъазæнтæ»? Цал хъазæны дзы балхæдтам? Алчидæр уæ фæйнæ хъазæны райсæд, æмæ фæстæмæ сабидонмæ цæуæм.
*(Сабитæ сæ къорды уаты сæ фæд-сæ фæд раздæхынц сæ бынæттæм.)*
**Хъ**. Мæнæ нæ сабидон. Хъазæнтæ скъаппы сæвæрут, уым у сæ бынат, уый у сæ къуым. Иууылдæр рæсугъд сты. Хорз сæм зилдзыстут? Аудын сыл хъæуы. Мæнæ-ма кæсут, ацы нывгæндтыл цы хъазæнтæ ис, уыдонмæ. Ницы æрцыд хъазæнтыл?
**С.** Уалæ сæ алырдæмты аппæрстæуыд, куклайæн йæ къух атыдтой, машинæ асастой, кубиктæ къуымты сты…
**Хъ**. Уый хорз у æви æвзæр? Сымах та куыд фæхъазут уæ хъазæнтæй? Сымах дæр сæ асæттут? Алы къуымтæм сæ баппарут?
*(Сабиты дзуаппытæ.)*
**Хъ**. Хъазæнтæй аивæй хъазын æмбæлы, хъахъхъæнын сæ хъæуы, мæнæ мах куыд кæнæм, афтæ.
*Хъомылгæнæг дыууæ хуызы хъазæнтæ райсы: машинæтæ æмæ куклатæ. Фæзæгъы, цæмæй машинæйæн гараж, куклайæн та хæдзар скæной.*
*(Кубиктæ – сæ аразæн æрмæг.) Сабитæ хъомылгæнæджы æххуысæй амайынц уыдæттæ.*

### Хатдзæг

**Хъ**. Кæм ис хъазæнтæ балхæнæн?
Семæ куыд хъазын æмбæлы?
Цавæртæ вæййынц хъазæнтæ?



– Аив куыд уой, сæ хъазæнтæм аудæг цæстæнгас куыд дарой, ууыл сæ ахуыр кæнын.

**Архайæн фæрæзтæ**
**Цæстуынгæ**: алыхуызон хъазæнтæ.
**Райуаринаг**: хъазæнтæ, нымайæн къæбæлтæ, хахнывтæ (схемæтæ) *(сабиты нымæцмæ гæсгæ).*
Нывгæрстытæ чысыл зиллæччыты нывтимæ (1–4 онг).

### Ахуыры нывæст

**Хъ.** Цæй æмæ та иугыццыл ахъазæм.

| | |
|---|---|
| Иу – ыслæууын, хи ивазын!<br>Ныр дыууæ – æркъæдз у размæ<br>Æмæ та дæхи ысраст кæ!<br>Уæд æртæ –<br>Иумæ акодтам къæрццæмдзæгъд –<br>Цыма азæлыд дзæнгæрæг –<br>Æмæ акуывтам нæ сæртæй!<br>Æтт! Цыппары радæн<br>Къухтæ акодтам фæйнæрдæм!<br>Бауигъ сæ ныр, батил<br>Æмæ слæуу бынаты! | *Сабитæ се змæлдтытæ кæнынц æмдзæвгæйы мидисмæ гæсгæ.* |

**Хъ.** Уе уæнгтæ кæд айвазут? (Уæнгроггæнæн зарядкæ кæд фæкæнут?)
**С.** Райсомæй.
**Хъ.** Алы бон дæр сымах ам фæхъазут алыхуызон хъазæнтæй æмæ сæ уыйфæстæ сæвæрут сæ бынæтты скъаппыты. Акæсут-ма ныр уæ алыварс – хъазæнтæй искæцытæ, мыййаг, сæ бынæтты не сты? (О.) Ранымайут-ма уыцы хъазæнтæ æмæ зæгъут, кæм лæууынц, уый. Зæгъæм: Уызын ис диваныл. Маймули – стъолы бын. Машинæ – стъолыл æмæ а.д. Ацы хъазæнтæ дæр сæ бынаты сæвæрын хъæуы. Кæм сæ бафснайæм?
**С.** Скъаппы.
*Сабитæ сæвæрдтой хъазæнтæ.*
**Хъ.** Кæм сты ныр хъазæнтæ?
**С.** Скъаппы.
**Хъ.** Æдде æви мидæгæй?
**С.** Мидæгæй.
**Хъ.** Фенут, цымæ ма ноджыдæр цы ис скъаппы.

**Хъ.** Цал сабийы бон у ӕртӕкъуымӕг скӕнын?
**С.** Ӕртӕ. *(Ӕвдисынц ӕй бӕндӕны руаджы.)*
**Хъ.** Раст цыппаркъуымӕг та цалӕй акӕндзыстут?
**С.** Цыппарӕй *(ӕвдисынц та йӕ).*
**Хъ.** Зиллакк та иуулдӕр иумӕ скӕнут *(бӕндӕныл иумӕ хӕцынц, афтӕмӕй цӕлхӕмбырдӕй ӕрлӕууыдысты).*
Ныр та – ӕндӕр хъазт. Баххуыс кӕнӕм чызджытӕн сӕ дзаума бампъузынмӕ.

**Сабиты хъазт «Бампъузӕм нӕ дарӕс»**

*Стъолыл – хъӕбӕр гӕххӕттӕй лыг къабатӕ, хӕлӕфтӕ ӕмӕ ӕнд. Сӕ уӕлӕ – алыхуызон хуынчъытӕ: зиллакк, 3-къуымӕг, 4-къуымӕг. Сабитӕн байуӕрстой «ӕмпъузӕнтӕ» – геометрион гуырнывтӕ: зиллӕччытӕ, 3-къуымӕгтӕ, 4-къуымӕгтӕ, сты фӕйнӕхуызы ахуырст.*
*Сабитӕ архайынц, хуынчъытӕ, скъуыдтӕ цӕйас сты, ӕмпъузӕнтӕ дӕр ахӕмтӕ равзарыныл.*
*Сабитӕ дарӕс куы бампъызтой, уӕд сын хъомылгӕнӕг арфӕ кӕны чызджыты номӕй.*

**Хатдзӕг**

**Хъ.** Абон сымах хъазыдыстут ӕмӕ ӕххуыс кодтат чызджытӕн. Уӕ зӕрдӕмӕ тынгдӕр цы фӕцыд? Зындӕр уын цы уыд? Ӕнцондӕрӕй цы бафтыд уӕ къухы?

## *19-ӕм ахуыры сахат*

**Иумӕйаг темӕ: «Хӕдзары дзаумӕттӕ»**
**Темӕ: «Тыгъдады ориентаци кӕнын – сӕрмӕ, сӕрты, уӕлейы, бын, бынӕй»**
**Нысантӕ:**
– Сабиты ахуыр кӕнын тыгъдады ориентаци кӕныныл; базонгӕ сӕ кӕнын ӕмбарынӕдтимӕ: «сӕрмӕ», «сӕрты», «уӕлейы», «бын», «бынӕй». Ныффидар кӕнын ахӕм ӕмбарынӕдтӕ: «мидӕгӕй − ӕддейы», «бӕрзонддӕр − ныллӕгдӕр». Афоны ӕмбарынӕдтӕ «райсом – изӕр» дзӕбӕх базонын. Нымӕц 4 онг нымад ныффидар кӕнын.
– Сӕ лӕмбынӕгдзинад ӕмӕ сын тыгъдадон ӕмӕ логикон хъуыдыкӕнынад рӕзын кӕнын.



Цавӕр ӕрмӕджытӕй конд сты уыдон?
Уӕ уарзон хъазӕн кӕцы у?

## *12-ӕм ахуыры сахат*

**Иумӕйаг темӕ: «Зымӕг»**
**Темӕ: «Зымӕгимӕ зонгӕ кӕнын»**
**Нысантӕ:**
– Афӕдзы афонтӕ цы сты, уый хуыздӕр ӕмбарыныл кусын. Зымӕгон ӕрдзы цы ивддзинӕдтӕ ӕрцӕуы, зымӕгон уӕлӕдарӕс цавӕр вӕййы, зымӕгон хъӕзтытӕ ӕмӕ хиирхӕфсӕнтӕ куыд алыхуызон сты, уыдӕттимӕ сӕ базонгӕ кӕнын.
– Фӕлгӕнӕны рӕзтыл, логикон хъуыдыкӕнынадыл архайын; иу предмет ӕмӕ фӕзынд иннӕуыл барын ӕмӕ анализ кӕнын зонын.
– Сӕ алыварс дунейы рӕсугъддзинад куыд уыной ӕмӕ ӕнкъарой, мӕргътыл куыд аудой, уыцы хуызы сӕ хъомыл кӕнын.
**Архайӕн фӕрӕзтӕ**
**Цӕстуынгӕ:** ныв «Зымӕг горӕты», урс зиллакк.
**Райуаринаг:** фӕззыгон ӕмӕ зымӕгон нывгӕндты сери: зымӕгиуатгӕнӕг ӕмӕ фӕлтӕхӕг мӕргътӕ кӕм ис, ахӕм нывгӕндтӕ, зымӕгон ӕмӕ фӕззыгон уӕлӕдарӕсы хуызистытӕ, хъӕзтытӕ ӕмӕ хиирхӕфсӕнтӕ кӕм ӕвдыст цӕуынц (дзоныгътӕ, къахдзоныгътӕ, къахкъӕлеттӕ, зазы бӕрӕгбон ӕмӕ а.д.), стӕй велосипед, хӕдтӕхӕг ӕмӕ ӕндӕр ахӕм хуызистытимӕ нывгӕндтӕ.

**Ахуыры нывӕст**

*Хъомылгӕнӕг сабиты ныв «Зымӕг горӕты»-мӕ хӕстӕг бахоны.*
**Хъ.** Кӕсут-ма, зымӕг куыд алӕмӕты рӕсугъд у!
Сабыр, сабыр, раст фынау,
Миты тъыфылтӕн сӕ хауд.
Ӕмӕ ныл уӕлиау арвӕй
Згъӕлынц ’взист пакъуытау дардӕй.
Уым нӕ сӕрмӕ зилдух сисынц
Ӕмӕ зивӕггӕнгӕ зилынц.

Цыма аргъауы, фынау,
Зымæг митæй у рæдау.

*Сабитæ сæ къухтæй амонынц, миты гæлæбутæ куыд тæхынц æмæ куыд хауынц зæхмæ, уый.*

*Сæ къухтæ хæрдмæ сивазынц. Сæ мидбынаты зилдух кæнынц. Дзуццæджы æрбадынц. Фестынц.*

**Хъ**. Мит зæхх рæсугъд сфæлыста, æмæ, уæдæ, уый цавæр афæдзы афон у?

**С.** Зымæг.

*Хъомылгæнæг сабиты ныв «Зымæг горæты»-йы цурмæ бакæны.*

**Хъ**. Куыд уæм кæсы, куыд хъуыды кæнут, нывгæнæг афæдзы афонтæй кæцы сныв кодта ам?

**С.** Зымæг.

**Хъ**. Цæмæй йæ базыдтат?

**С.** Нывы алы ран дæр мит ис.

**Хъ**. Æппæтæй фылдæр цавæр хуыз ис нывы?

**С.** Урс.

**Хъ**. Æмæ уæдæ уæд зымæгæн дæр йæ хуыз у… Цавæр?

**С.** Урс хуыз.

*Хъомылгæнæг сабитæм урс зиллакк æвдисы.*

**Хъ**. Зиллакк дæр зымæджы æмхуыз у – урс.

*Хъомылгæнæг зиллакк гауызыл æрæвæры.*

**Хъ**. Бонахаст цавæр вæййы зымæгон арæхдæр?

**С.** Уазал. Хъызт. Мит фæуары. Хур нæ фентавы.

*Хъомылгæнæг сабитæм, фæззыгон æмæ зымæгон æрдзы алы фæзындты хуызистытæ кæм ис, ахæм нывтæ равдисы.*

**Хъ**. Зымæгон æрдзон фæзындтыл, бонахастыл чи фидауы, ахæм нывтæ равзарут æмæ сæ урс зиллаччы сæвæрут.

*Сабитæ равзарынц: мит, дымгæ дымы, миты гæлæбутæ, æгъуыз арв, сау уæззау мигътæ…*

**Хъ**. Æмæ зымæгон бирæ мæргътæ вæййы?

**С.** Нæ вæййы.

**Хъ**. Уæд цæуылнæ, чи йæ зоны?

**С.** Уымæн æмæ хъарм бæстæм атæхынц.

**Хъ**. Цæмæн атæхынц? Уымæн æмæ уазал куы вæййы, уæд бындзытæ æмæ алыхуызон сасктæ нæ тæхынц, – мæргътæ цы хæрой, уый сын нæй. Фæлæ ма уæддæр цавæр мæргътæ ис фенæн зымæгон дæр?

**С.** Сырддонцъиуты, халæтты.



Гъеныр та дæ къухтыл
Акæн пух æрмкъухтæ!
Хъуырбæттæнæй стух дæ хъуыр,
Тезгъомæ цæттæ дæ ныр!
Ма ’хснырс æмæ ма хуыф!
Циу хъызт зымæг махæн!

*ныхæстæм фæзмæн змæлдтытæ кæнынц (хъомылгæнæджы амындмæ гæсгæ).*

### Сабиты хъазт «Равзар хъуырбæттæн»

*Хъомылгæнæг æвдисы нывгонд, уыцæм дзы гыццыл чызг æмæ стыр чызджы (æнæ хъуырбæттæнтæй) æмæ фæрсы:*

**Хъ.** Чызджытæ æмхуызон цæмæй сты? Хицæн та цæмæй кæнынц?

*Сабиты дзуаппытæ (иу дзы ныллæгдæр у, иннæ – бæрзонддæр).*

**Хъ.** Æвæццæгæн, бафиппайдтат, чызджытыл хъуырбæттæнтæ кæй нæй, уый. Цæй æмæ сын сæ асмæ гæсгæ равзарæм æмбæлгæ хъуырбæттæнтæ (гæххæтты уадздзæгтæ).

*Сабитæ сбадтысты стъолты уæлхъус, алкæй размæ дæр дзы ирд ахуырст уадздзæгтæ, сæ дæргъ – алыхуызон (3–4-гæйттæ). Хъомылгæнæг архайы æрмæгæвдисæн фæйнæгыл.*

**Хъ.** Бæрзонд чызгæн цавæр хъуырбæттæн дæттæм?

**С.** Даргъ.

**Хъ.** Ныллæгдæр чызгæн та цавæр хъуырбæттæн равзардзыстæм?

**С.** Цыбыр.

*Ам хуыздæр гæххæттæй уадздзæгтæн сæ дæргъ бахъуыд кæрæдзиимæ абарын.*

*Куыд? Хъомылгæнæг сабиты цадæггай хоны ахæм дзуапмæ, зæгъгæ, сын иуырдыгæй сæ кæрæттæ кæрæдзиуыл æрæвæр æмæ уæд сæ иннæ кæрæттæм гæсгæ бæрæг уыдзæн, кæцы сæ даргъдæр уыдзæн, уый. Сабитæ уыдæттæ кæнгæйæ дзурынц, уадздзæгтæн сæ хуыз цавæр у, уый дæр. Фæстагмæ сабитæ чызджытæн «лæвар кæнынц» аккаг хъуырбæттæнтæ.*

**Хъ.** Ныр та ис аулæфæн æмæ ахъазæн. Нæ уазджытæн равдисæм, бæндæнæй нæ бон зиллакк, æртæкъуымæг, раст цыппаркъуымæг кæнын кæй у, уый.

### Сабиты хъазт «Алæмæты бæндæн»

*Бæндæнæн йæ кæрæттæ сты баст. Сабитæ йыл хæцынц дыууæ къухæй. Хъомылгæнæг сын «аразын» кæны алы гуырхæххытæ (гуырнывтæ). Уыимæ хъуамæ банымайой, цал фарсы йын ис, уый, стæй йæ къуымтæ дæр.*

## *18-æм ахуыры сахат*

**Иумæйаг темæ: «Уæлæдарæс»**
**Темæ: «Предметтæ дæргъмæ гæсгæ кæрæдзиимæ барын. Æмбарынæдтæ «даргъдæр», «цыбырдæр»**
**Нысантæ:**

– Уадздзæгты дæргъ кæрæдзиимæ абарын зонын, абарсты фæстиуджытæ радзурынмæ арæхсын ахæм ныхæсты фæрцы: даргъдæр, цыбырдæр; цыппармæ нымайын зонын. Афæдзы афонтæ хуыздæр базонынып кусын: зымæджы тыххæй зонындзинæдтæ бафидар кæнын. Нæ алыварс объекттæ иухуызон цæмæй сты æмæ хицæн цæмæй кæнынц, уый иртасын. Хистæры амындмæ гæсгæ фæзмæн змæлдтытæ кæнын.

– Геометрион фигурæты тыххæй – зиллакк, æртæкъуымæг, раст цыппаркъуымæг – зонындзинæдтæ бафидар кæнын.

– Рæзын кæнын сабиты сфæлдыстадон хъуыдыкæнынад, сæ фантази æмæ фæлгæнæн.

– Æвзæрын сæм кæнын рæсугъд æнкъарæнтæ: хæларзæрдæ уæвын, кæрæдзиуыл æмæ æххуыс кæнынмæ тырнын.

**Архайæн фæрæзтæ**
**Цæстуынгæ:** даргъ бæндæн, йæ кæрæттæ – баст.
**Райуаринаг:** гæххæтты уадздзæгтæ, сæ уæрх – æмхуызон, сæ дæргъ та – фæйнæхуызон (алы сабимæ дæр – 3–4); гæххæттæй кæй ралыг кодтой, ахæм дарæс алыхуызон хуынчъытимæ æмæ æмпъузæнтæ дарæс.

### Ахуыры нывæст

**Хъ.** Цавæр дарæс дарынц зымæгон?
**С.** Кæрцытæ, худтæ, цырыхъхъытæ, æрмкъухтæ æмæ а.д.
**Хъ.** Цæмæн?
**С.** Уымæн æмæ зымæгон уазал у.

| | |
|---|---|
| Кæрц – къæрид, зæлдагхъуын,<br>Сабиты, цæй, схъарм кæн!<br>Сæрыл хъусджын худ æркæн<br>Æмæ хъустæ уой æхгæд. | *Сабитæ цæлхæмбырдæй лæууынц æмæ тексты* |



**Хъ**. Зымæгон дæр ма чи баззайы, уыцы мæргъты хуызистытæ дæр сисут æмæ сæ урс зиллаккыл сæвæрут.
*Бирæ нывты ’хсæнæй сабитæ, чи сæ хъæуы, уыдон сисынц æмæ сæ амынд ран сæвæрынц. Кæд æмæ къуыхцытæ кæной, уæд сын хъомылгæнæг æххуыс кæны.*
**Хъ**. Куыд æмæ цæмæй феххуысгæнæн ис зымæгиуатгæнæг цъиутæн?
**С.** Исты хæринæгтæй.
**Хъ**. Цавæртæй?
*(Сабиты дзуаппытæ.)*
**Хъ**. Æмæ уазалæй та куыд хъахъхъæд сты мæргътæ, цæй руаджы æмæ цæй фæрцы? *(Бумбулиты, пухы фæрцы.)* Æмæ мах та цы бакæнæм, цæмæй нын зымæгон уынджы уазал ма уа, уый тыххæй?
**С.** Нæ уæлæ хъарм дзаумæттæ скæнæм, хорз батухæм нæхи.
*Хъомылгæнæг сабитæм зымæгон æмæ фæззыгон уæлæдарæсы хуызистытимæ нывтæ æвдисы. Сабитæ, æрмæстдæр зымæгон уæлæдарæсы хуызистытæ кæм ис, уыцы нывгæндтæ равзарынц æмæ сæ урс зиллаккыл сæвæрынц. Кæд исты къуылымпытæ кæной, нæ арæхсой, уæд сæм хъомылгæнæг æххуысмæ фæзындзæн.*
**Хъ**. Зымæджы бирæ хъæзтытæ æрхъуыды кæнæн ис, бирæ æмæ алыхуызон. Зæгъæм, митуаргæйæ цæмæй ис хиирхæфсæн?
**С.** Миты гæлæбутæ куыд тæхынц, уымæ кæс. Ахс сæ дæ къухтæй. Цы фæлмæн æмæ рæсугъд сты, куыд тагъд æрбатайынц армытъæпæны, ууыл дис кæн. Митæй къуыбæрттæ кæн æмæ сæ кæрæдзиуыл æхс.
**Хъ**. Æмæ митæй цытæ ис скæнæн?
**С.** Митынлæгтæ, систæ дзы самай, исты мæсгуытæ æмæ а.д.
**Хъ**. Цыхуызæн у мит?
**С.** Урс. Рæсугъд. Фæлæ – уазал.
**Хъ**. Æмæ куы суазал уай, уæд цы хъуамæ кæнай?
**С.** Аразгъор-базгъор кæн, кæрæдзийы дзоныгъæй аралас-балас кæн. Сæууæрд дæ рустæ, дæ къухтæ…
**Хъ**. Зымæгон хъæзтытæ цы нывгæндтыл сты, уыдон равзарут æмæ сæ урс зиллаккыл сæвæрут.
*(Сабитæ хæслæвæрд æххæст кæнынц, бахъуыды уавæры сын феххуыс кæнын æмбæлы.)*

### Хъазт «Зымæгон хиирхæфсæнтæ»

*Сабитæ æцæгæй цыма миты къуыбæрттæй хъазынц, кæрæдзи дзоныгътæй ралас-балас кæнынц æмæ арф миты цæуынц, уыцы хуы-*

*зы змæлынц æмæ архайынц.*
**Хъ**. Гъе, афтæ хъæлдзæг вæййы зымæгон тезгъогæнгæйæ. Æмæ сымах та уарзут бæрæгбæттæ?
**С.** Уарзæм, о.
**Хъ**. Æмæ уæд æппæтæй фылдæр цавæр бæрæгбон уарзут?
*(Сабиты дзуаппытæ*).
**Хъ**. Мæнæн та мæ уарзондæр бæрæгбон у Ног азы бон. Уыцы бæрæгбон кæд вæййы?
**С.** Зымæджы.
**Хъ**. Уый цавæр бæрæгбон у, уый тыххæй-ма цæй æмæ нывгæндты фæрцы æрдзурæм – цавæр нывтæ æмбæлы, уыдон равзарæм æмæ сæ урс зиллаккыл сæвæрæм.
*Сабитæ Ног азы бæрæгбонимæ баст нывгæндтæ æвзарынц æмæ, бæрæгбонæн йæхи тыххæй цы зонынц, уыдæттæ дзурынц. Кæд æмæ дзы искæй феххуысы сæр бахъæуы, уæд ын æмбæлы баххуыс кæнын.*
**Хъ**. Уе ’ргом-ма урс зиллакмæ аздахут, æркæсут та зымæджы нывтæм.
Зæгъут-ма: зымæгон хорз у?
**С.** О, хорз у.
**Хъ**. Цæмæй хорз у?
*(Сабиты дзуаппытæ: дзоныгъ, къахдзоныгъ æмæ къæлæтдзоныгътыл исбыръæн, ерыстæ аразæн, миты къуыбæрттæй хъазæн, митынлæгтæ аразæн, Ног азы бæрæгбоныл цин кæнæн æмæ а.д.)*
**Хъ**. Æвзæр та цæмæй у зымæгон?
*(Сабиты дзуаппытæ: фындз æмæ къухтæ сийынц, къæхтæ суазал вæййынц, æгæр бирæ дзаумæттæ скæнын бахъæуы…)*

**Хатдзæг**

**Хъ**. Афæдзы афонтæй кæцыйы вæййы миты къуыбæрттæй хъазæн, дзоныгъæй бырæн?
**С.** Зымæджы.
**Хъ**. Æмæ йæ хуыз цавæр у зымæгæн?
**С.** Урс. Ногуард митæн – урс-урсид. Сæнтурс.
**Хъ**. Бæстæ æмхуызон кæд сурс вæййы?
**С.** Бирæ мит куы ныууары, уæд.
**Хъ**. Уæвгæ та мит циу, мит?
**С.** Бирæ урс уазал гæлæбутæ.



пъалтотæ кæнæм нæ уæлæ. А-ма, равдисæм не змæлдæй, пъалтотæ куыд фæкæнынц, уый.
*(Сабитæ фæлхат кæнынц уыцы змæлд. Уыйфæстæ та арф митыл цыма дуканимæ цæуынц, уый æвдисынц.)*
**Хъ.** Мах æрбацыдыстæм дарæсы дуканимæ. Ныр та ахъазæм æмæ аныхæстæ кæнæм дарæсы тыххæй.

**Сабиты хъазт «Дарæс»**

*Сабитæ цæлхæмбырдæй æрлæууыдысты. Хъомылгæнæг лæууы астæуæй. Йæ къухы – хъазæн. Хъомылгæнæг æй радта сабитæй искæмæ æмæ дзуры:*
**Хъ.** Цырыхъхъытæ даргъ сты, дзабыртæ та… (Хъазæн цы сабимæ ис, уый дарддæр дзуры: «Дзабыртæ та сты ныллæг», – æмæ хъазæн дæтты хъомылгæнæгмæ.)
**Хъ.** Къаба даргъ у, дæллаггуыр (юбкæ) та…
**С.** Цыбыр.
**Хъ**. Пъалто даргъ у, хæдон та…
**С.** Цыбыр.
**Хъ.** Хæлаф даргъ у, трусик та…
**С.** Цыбыр.
**Хъ.** Амбылдтат та! Ныр та – æндæр хъазт.

**Сабиты хъазт «Ссар æрмкъух»**

*Алы сабимæ дæр – æрмкъух. Æрмкъухыл та ныхæст – 2 геометрион нывы. (Спайда кæнæн ис æртæкъуымæгтæ, зиллæччытæ, цыппаркъуымæгтæй.)*
*Стъолыл дæр ис сæ халдих æрмкъухтæ, ома ахæм геометрион нывтимæ. Хъомылгæнæг дзуры: «Цæй, ныр уæ алчидæр йæ æрмкъухы æмбал ссарæд. Æцæг ма фæрæдийут. Хъуамæ, уæ æрмкъухтыл цы гуырнывтæ ис, уыдон уой æмхуызон.*
*Сабитæ æххæст кæнынц хæслæвæрд.*

**Хатдзæг**

**Хъ.** Ныр та раздæхæм фæстæмæ рæвдауæндонмæ. Абоны хъæзтытæй уæ зæрдæмæ тынгдæр кæцы фæцыд?
*Сабитæ дзуапп дæттынц.*
**Хъ.** Мæ хур акæнут!

Сабитæн сæ гæккытæ
Ныр кæнынц тъæбæрттытæ.
Лидзынц фæндагыл тъæпп-тъæппæй,
Згъорынц уым цыбыр къахдзæфтæй.

*Сабитæ кæнынц цыбыр къахдзæфтæ афтæ дзургæйæ: «Цыбыр къахдзæфтæ».*

**Хъ.** Къæхтæ уадысты къахвæндæгтыл. Нымайæн къæбæлтæй-ма равæрæм цыбыр æмæ даргъ фæндæгтæ.

**Сабиты хъазт «Къахвæндæгтæ»**

*Сабитæ сбадтысты стъолы уæлхъус.*

**Хъ**. Уæ размæ стъолыл – нымайæн къæбæлтæ. Райсут дзы фæйнæ цыппары æмæ саразут къахвæндаг.

Ныр та райсут дыгай къæбæлтæ æмæ равæрут ноджы иу къахвæндаг.

*(Сабитæ хæс сæххæст кодтой.)*

**Хъ.** Равдисут-ма даргъ даргъфæндаг, уыйфæстæ – цыбыр фæндаг.

*Сабитæ æххæст кæнынц хæслæвæрд.*

**Хъ**. Цыбыр къахвæндагæн уæ цал къæбæлы бахъуыд?

**С.** Дыууæ къæбæлы.

**Хъ**. Æмæ даргъ къахвæндаг равæрынæн та цал къæбæлæй спайда кодтат?

**С.** 4 къæбæлæй.

**Хъ**. Ныртæккæ мах иумæ ацæудзыстæм дарæсы дуканимæ. Æмæ нæ бон афтæмæй у ацæуын уынгмæ?

**С.** Нæгъ, нæу!

**Хъ**. Цæуылнæ?

**С.** Æддейы уазал у, уымæн æмæ нырма зымæг нæма фæци.

**Хъ**. Æмæ уæд уынгмæ ацæуыны размæ цы бакæнын хъæуы?

**С.** Хъарм дарæс скæнын.

**Хъ.** Æмæ нæ дзаумæттæ кæм скæндзыстæм?

**С.** Тыргъы, нæ пъалтотæ уым ауыгъд сты.

**Хъ.** Æмæ куыд хъуыды кæнут – дуканимæ цавæр къахвæндагыл ацæудзыстæм? Тыргъмæ та цавæр къахвæндагыл?

**С.** Дуканимæ ацæудзыстæм даргъ къахвæндагыл, тыргъмæ та – цыбыр къахвæндагыл.

**Хъ.** Цæмæн?

**С.** Дукани дард у, тыргъ та – хæстæг.

**Хъ.** Тынг раст. Ныр та, зæгъæм, фестадыстæм тыргъы æмæ нæ



**Хъ**. Равдисут-ма йæ, миты гæлæбутæ уæ сæрмæ куыд фæзилдух кæнынц.

Миты гæлæбутæ нæ сæрмæ
Зилдух кæнынц бон изæрмæ!
Уæ удтæ макуы ныссæлæнт, мæ къонатæ!

## *13-æм ахуыры сахат*

**Иумæйаг темæ: «Зымæг»**
**Темæ: «Цæрæгойтæ»**
**Нысантæ:**

– Тыгъды æууæлтыл, æмбарынæдтыл кусын, сабиты зонды зымæджы тыххæй зонындзинæдтæ фидар кæнын.

– Уæлæдарæс циу, уый сабитæн бамбарын кæнын, ома зымæджы уазалтæй адæймаджы чи хъахъхъæны, ахæм дарæсимæ. Цæрæгойты ирвæзынгæнæг «дарæс» бацамонын – уый фæрцы нæ басийынц зымæджы хъызт бонты. Уымæй уæлдай ма сын ахъаз у сæхи æмбæхсынæн дæр се знæгтæй.

*Системон оператор» цавæр мадзал у, уыимæ дарддæр сабиты зонгæ кæнын. Цæрæгойты сæйрагдæр æууæлтимæ сæ базонгæ кæнын, сæ буары хæйттæ куыд хуыйнынц, уый хъуамæ зоной, адæймаджы буары уæнгтимæ сæ барой.*

– Сабиты логикон хъуыдыкæныны рæзтыл кусын, анализ кæныны, иу фæзынды кæнæ предмет иннæуыл барыны, хъуыдытæ кæрæдзиуыл бæттыны арæхстдзинæдтыл сæ ахуыр кæнын.

– Цымыдис куыд уой, цæрæгойтæ сæм диссаг куыд кæсой.

**Архайæн фæрæзтæ**

**Цæстуынгæ:** урс зиллакк (радиус – 25 см), нывгæндтæ адæймаг зымæгон дарæсы, урс æмæ цъæх тæрхъусы хуызвыстытимæ. Системон оператор – хахнывтæ: хъæд, быдыр; хъустæ, дзæмбытæ, къæдзил, тæрхъусы гуыр.

**Райуаринаг:** арс, рувас, æхсæрсæттæг, бирæгъ, къабуска, бæласы цъар, къокъосатæ, æхсæртæ æмæ мæнæргъыйы гагаты нывгæндтæ.

**Ахуыры нывæст**

*Хъомылгæнæг сабитæн фæзæгъы, цæмæй тæрхъусы митæ афæзмой.*

Зæхх у пух митæй æмбæрзт.
Тæрхъусыл нæ хæцы цæст.
Басыдысты къæхтæ, хъустæ,
Нæй йын худ æмæ æрмкъухтæ.

*Тæрхъусы архайд æмæ тæлфт фæзмгæйæ, сабитæ гæппытæ кæнынц, сæ хъустæ æвдисынц, сисынц сæ дзæмбытæ, къæдзил. Сæ къухтæ фæйнæрдæм акæнынц – нæй йын нæдæр æрмкъухтæ, нæдæр худ…*

**Хъ**. Сабитæ, абон цы дарæсы æрбацыдыстут сабидонмæ?
**С.** Хъарм уæлæдарæсы.
**Хъ**. Æмæ цæрæгойтæн та ис уæлæдарæс?
**С.** Нæй.
**Хъ**. Æмæ уæдæ куыд схъарм вæййынц, цы сæ тавы?
**С.** Сæ хъуынджын царм.
**Хъ**. Æмæ сæ кæрцытæ сæ уæлæйæ раласынц?
**С.** Нæ раласынц.
**Хъ**. Æмæ сæрдæй дæр æмæ зымæгæй дæр æппæт сырдтæн дæр сæ кæрцытæ æмхуызон вæййынц?
*(Сабиты дзуаппытæ.)*
**Хъ**. *(Фæныкхуыз тæрхъусы сæм æвдисы).* Ай чи у, цы у?
**С.** Тæрхъус.
**Хъ**. Мæнæ ма йæ урс гæххæтты сыфыл æрæвæрæм. Йæ уæлæ бæрæг дары? Сыф ам мит у.
**С.** Дары бæрæг.
**Хъ**. Æмæ йæ рувас дæр фендзæн. Æмæ дзы уæдæ куыд бамбæхса, йæ хуыз хъуамæ цавæр уа?
**С.** Митау урс.
**Хъ**. Стæ-ма, бафæлварæм æй, цыма урс тæрхъус урс миты-сыфы уæлæ зыны.
*Сабитæ урс тæрхъусы урс гæххæттыл сæвæрынц, урс зиллаккыл.*
**Хъ**. Зымæгон уымæн скæны йæ уæлæ тæрхъус урс кæрц, уымæн! Ма йæ феной йе знæгтæ æмæ аирвæза фыдбылызæй. Стæй зымæгон сырдты царм свæййы хæмпусдæр, хъармдæр. Уæд цæмæн?
**С.** Цæмæй ма суазал уой.
**Хъ**. Раст стут, фæлæ сын зымæгон æрмæст уазалæй тас нæу, фæлæ ма сыдæй амæлынæй дæр – зымæгон кæрдæг нæ зайы, дыргъ кæй зæгъут. Цæй, æмæ сæ мах истæмæйты бафсадæм.



**Хъ**. Æмæ дон та цæй мидæг уыд?
**С.** Агуывзæты мидæг.
**Хъ**. Геометрион нывтæ та кæм æрæвæрдтам? Æмæ ныр та кæм сты?
**С.** Къоппыты мидæг.
**Хъ.** Мыстытæ дæр ныр сæ хæринæгтæ æмбæхсдзысты къоппыты. Бузныг уын зæгъынц мыстытæ. Сымах сæ бирæ цæуылдæрты сахуыр кодтат абон.

## *17-æм ахуыры сахат*

**Иумæйæг темæ: «Дарæс»**
**Темæ: «Æмбарынæдтæ «даргъ» æмæ «цыбыр»**
**Нысантæ:**

– Сабиты базонгæ кæнын æмбарынæдтимæ «даргъ», «цыбыр. Хорз базонын цыппары онг нымад. Асмæ гæсгæ абарыны зонындзинæдтæ бафидар кæнын, дзырдтæ «бæрзонддæр», «ныллæгдæр»-æй пайда кæнын.
– Афæдзы афонты тыххæй (зымæг, уалдзæг, сæрд, фæззæг) сæ зонындзинæдтæ фæарфдæр кæнын. Зымæджы тыххæй зонындзинæдтæ ныффидар кæнын.
– Сабиты сфæлдыстадон æмæ логикон хъуыдыкæнынад, сæ фæлгæнæн æмæ фантази рæзын кæнын.
– Ахуыр сæ кæнын хæдбар уæвыныл æмæ фидарæй сæ хъуыдытæ дзурыныл.

**Архайæн фæрæзтæ**
**Цæстуынгæ:** хъазæн чындз.
**Райуаринаг:** нымайæн къæбæлтæ (алы сабийæн дæр – 5–6), нывлыгтæ (сабиты нымæцмæ гæсгæ) æрмкъухты нывтимæ.

**Ахуыры нывæст**

**Хъ.** Цæй æмæ иумæ амдзæгъд кæнæм!

| | |
|---|---|
| Стыр къæхтæн сæ цыд<br>Стыр фæндагыл уыд.<br>Æмæ даргъ къахдзæфтæй<br>Уадысты уæззаугай. | *Сабитæ кæнынц даргъ къахдзæфтæ афтæ дзургæйæ: «Даргъ къахдзæфтæ».* |

*(Æххæст кæнынц хæслæвæрд.)*
**Хъ.** Мæнæ ай цавæр ныв у? Ай та? Мæнæ ай та?
*(Сабиты дзуаппытæ.)*
**Хъ.** Нывтæ къоппæн йæ мидæг сты æви æдде?
**С.** Æдде.
**Хъ.** Сæвæрут иугай геометрион нывы алы къоппы мидæг дæр.
*(Æххæст кæнынц хæслæвæрд.)*
**Хъ.** Кæм сты ныр геометрион гуырнывтæ?
**С.** Къоппыты мидæг.
**Хъ.** Кæцытæ сты фылдæр: къоппытæ æви нывтæ?
**С.** Уыдон сты æмбæрц.
**Хъ.** Къоппытæ цæйбæрц сты, геометрион нывтæ дæр уыйбæрц сты – ома æмбæрц. Ныр мыстытæ базыдтой алцыдæр æмбæрц дих кæнын. Ноджыдæр ахъазæм.

### Сабиты хъазт «Райсом – изæр»

*Кæрæдзийæ чысыл дæрддзæф пъолыл æвæрд сты тæлытæ – сæ бæрц у сабиты нымæцы æмиас. Уыдон сты «мыстыты хуынчъытæ». Хъомылгæнæг сын фæзæгъы, сабитæй алчидæр «мыст» у, зæгъгæ. Уыдон райсомæй ратæх-батæх кæнынц уаты къуымты, агурынц дзулы къæристæ, хоры гагатæ, изæрæй та бамбæхсынц сæ хуынчъыты.*
*Хъазт райдайы. Сабитæ къорды уаты ралидз-балидз кæнынц. Хъомылгæнæг куы зæгъа «изæр», уæд сæ хæдзæртты амбæхсынц – ома алчидæр тæлыйы хуылфмæ бахизы.*
**Хъ**. Цал нæм ис хуынчъытæ? Цал сты мыстытæ?
**С.** Бирæ.
**Хъ**. Мыстытæ иууылдæр сæ хуынчъыты сты?
**С.** О.
**Хъ**. Алы мыстæн дæр дзы йæхи хуынкъ ис?
**С.** О, ис.
**Хъ**. Фылдæр (къаддæр) кæцытæ сты – мыстытæ æви хуынчъытæ?
**С.** Æмиас, æмбæрц – мыстытæ цал сты, уал сты хуынчъытæ дæр.
*Ахъазынц 2–3 хатты.*

### Хатдзæг

**Хъ**. Абон мах æххуыс кодтам мыстытæн. Сахуыр сæ кодтам æмбæрц дих кæнын. Уæ зæрдæмæ фæцыд?
**С.** Фæцыд, о.



### Сывæллæтты хъазт «Цæрæгойты бафсад»

*Сабиты размæ ис бирæ нывгæндтæ: тæрхъус, арс, æхсæрæг, къабуска, бæлæсты цъар, мæнæргъы, къокъосатæ, æхсæртæ.*
*Сабитæ хъомылгæнæджы æххуысæй сбæлвырд кæнынц, сырдтæй чи цы хæры, уый æмæ нывгæндтæ къæйттæ-къæйттæй сæвæрынц: цæрæгой æмæ йæ хæринаг.*
*Фæнысан æй кæнынц, арс зымæгон хуыккомы кæй фæхуыссы æмæ йæ дзæмбы кæй сдæры.*
*Хъомылгæнæг сæм адæймаджы хъарм дарæсы æмæ тæрхъусы урс кæрцы нывгæндтæ æвдисы.*
**Хъ**. Нывгæндтыл кæй хуызистытæ сты конд?
**С.** Адæймаг æмæ тæрхъусы.
**Хъ**. Адæймаг йæхи зымæгмæ куыд бацæттæ кодта?
**С.** Йæ уæлæ хъарм дарæс скодта.
**Хъ**. Æмæ тæрхъус та куыд?
**С.** Йæ сæрдыгон кæрц зымæгон урс кæрцæй раивта.

### Сывæллæтты хъазт «Абарст»

| А д æ й м а г æ н и с : | | Т æ р х ъ у с æ н и с : |
|---|---|---|
| сæрыхъуынтæ, дзыккутæ | - | царм, хъуынджын |
| цæсгом | - | хæмхуттæ |
| дзых | - | ком |
| дæндæгтæ | - | ссыртæ |
| къухтæ, къæхтæ | - | дзæмбытæ |
| ныхтæ | - | ныхтæ, дзæмбытæ |

**Хъ**. Махмæ ис диссаджы телевизор. Цы нын у йæ бон равдисын?
**С.** Тæрхъусы.
*Хъомылгæнæг гауызыл æрæвæры системон оператор: æртæ хайыл дихтæгонд сыф.*

| | |
|---|---|
| цæрæн бынат | быдыр, хъæд |
| цæрæгой | тæрхъус |
| цæрæгойы буары уæнгтæ | сæр, хъустæ, дзæмбытæ, къæдзил, гуыр |

**Хъ**. Бынæй мах сæвæрдтам тæрхъусы буары хæйтты нывгæндтæ. Цавæр уæнгтæ йын ис?
**С.** Хъустæ, сæр, дзæмбытæ, къæдзил, гуыр.
*Сабитæ нывгæндтæ системон операторы экраныл æвæрынц.*
**Хъ**. Тæрхъусыл кæм ис фембæлæн, уыцы бынæтты нывтæ мах сæвæрдзыстæм сæ музейы. Цавæртæ сты уыцы бынæттæ?
**С.** Хъæд, æрдуз.

**Хатдзæг**

**Хъ**. Абон мах цы бызыдтам цæрæгойты тыххæй?

*(Сабиты дзуаппытæ.)*

**Хъ**. Равдисут-ма, чысыл тæрхъус куыд гæппытæ кæны, уый. Стыр та? Тынг хорз сæ фæзмут.

## *14-æм ахуыры сахат*

**Иумæйаг темæ: «Зымæг»**

**Темæ: «Цы зонæм мах зымæджы тыххæй?»**

**Нысантæ:**

– Рæстæг æмбарыны куыст дарддæр ахæццæ кæнын: ома, рæстæг циу, афонтæ цы сты. Зымæджы æууæлты-бæрджыты тыххæй сабиты зонындзинæдтæ ныффидар кæнын; зымæгон хъæзтытæ æмæ хиирхæфсæнтæ æрымысын. Зымæгыл тынгдæр чи бады, уыцы хуыз сбæлвырд кæнын.

Сабиты дарддæр «Системон оператор»-имæ зонгæ кæнын, фæбæлвырддæр кæнын рæстæджы ахæм æууæлтæ: *цы уыдис, цы уыдзæн.*

– Архайд ныхæстимæ бæттын – координаци кæнын, логикон хъуыдыкæныны рæзтыл кусын, анализ кæныны æмæ модельтæ аразыны арæхстдзинæдтыл сæ ахуыр кæнын.

– Æрдз куыд уарзой, цымыдисаг цæстæй куыд кæсой сæ алыварс дунемæ, æхсызгонæй куыд тырной цард базонынмæ, уыцы хуызы сæ хъомыл кæнын.

**Архайæн фæрæзтæ**

**Цæстуынгæ:** системон оператор – нывгæндтæ миты, миты тъыфылты, доны, дондзаст – кулы, æрдæгтад Митылойы æмæ миты стыр къорийы хуызистытимæ.

**Райуаринаг:** митынлæджы хицæн хæйттæ: 3 урс зиллаччы, 2 сау зиллакгонды – цæстытæн, кæрдæгхуыз квадрат æмæ сырх æртæкъуымон – фындзæн – кæм сты, ахæм конверт.

**Рагагъоммæйы куыст уынджы:** сабитимæ миты тъыфылтæм æдзынæгæй æркæсын, се ’ргом сын здахын, алыхуызон кæй сты, хæмпустæ, нывтæ-нывтæ, къахыр-лыггонд, къахт. Митмæ бæгънæг армæй æвналын, иртасын, цавæр у мит: уазал,



**С.** Фæрсæй-фæрстæм сæвæрдтам агуывзæтæ æмæ сæ кæрæдзийыл абарстам.

**Хъ.** Æмæ цы бакæнын, цæмæй агуывзæты æмиас уа дон? Æмхуызон дзаг уой… Кæннод иу мыстæн дон къаддæр ис, æмæ фæхæрам уыдзæн.

*Кæд æмæ сабитæ нæ арæхсой хъæугæ дзуапп раттынмæ, уæд хъомылгæнæг æрбахæссы дон истæм æмæ нуазæн къус. Кæд та ныр дæр нæ фæрæвдз уой, уæд хъомылгæнæг йæхæдæг къусæй дон сисы æмæ йæ æрдæгдзаг агуывзæйы ауадзы, æцæг æй йæ былтæм нæ байдзаг кæны иннæйы æмхуызон. Куыд архайы, афтæ сæ фæрсы:*

**Хъ.** Æмæ ныр та сæ дыууæйы дæр æмиас ис дон? Нæй? Æмæ уæд цы мигæнгæ у?

**С.** Ноджыдæр ма дзы нæккæнын хъæуы дон.

*Хъомылгæнæг сын зæгъы, цæмæй дзы сæхæдæг никкæной дон, цалынмæ æмхуызон суой, уæдмæ. Стæй та иу агуывзæйы донæй акалынц.*

**Хъ.** Куыд у, ныр сæмхуызон сты, æмиас сæ ис дон?

**С.** Нæй.

**Хъ.** Æмæ ма цы бакæнæн ис, агуывзæты мидæг дон æмиас цæмæй уа, уымæн?

*Сабитæ алы фæндтæ хæссынц. Хъомылгæнæг сын баххуыс кæны бахъуаджы сахат.*

**Сабиты хъæзт «Банымай»**

**Хъ.** Ныр та хъазгæ акæнæм. Цал уыдисты агуывзæтæ? Æркъæрцц кæнут уæ къухтæй уал хатты. Банымайут, цал цæфы æркодтон дала (бубен). Иу хатт фылдæр æркъæрцц кæнут уæ къухтæй.

*(Сабиты цыппары онг нымæцимæ хæслæвæрдтæ).*

**Хъ.** Ныр та æрбадæм стъолты уæлхъус æмæ æндæр хъæзтæй ахъазæм.

**Д/хъæзт «Адих кæн æмбæрц»**

*Сабитæ стъолты уæлхъус бадынц, сæ разы – спичкæйы къоппытæ æмæ геометрион фигурæтæ.*

**Хъ.** Цал агуывзæйы нæм уыдис донимæ?

**С.** Дыууæ.

**Хъ.** Æрæвæрут уæ разы уал къоппы.

*(Æхххæст кæнынц хæслæвæрд.)*

**Хъ.** Цал къоппы æрæвæрдтай дæ разы? Ды та? Æмæ ды та? Раст у, дыууæ къоппы. Ныр та æрæвæрут, цал къоппы æрæвæрдтат, уал геометрион нывы.

*Сабитæ цæлхдымбылæй зилдухгæнгæ цæуынц æмæ æрлæууынц, хъомылгæнæджы амындмæ гæсгæ. Æрæмдзæгъд кæнынц. Æрбадынц дзуццæджы æмæ фестынц.*
*Сæ сæртæ дыууæрдæм кæнынц – рахизырдæм æмæ галиуырдæм. Искæй фенгæйæ фæйнæрдæм хъæлдзæгæй, худгæйæ, апырх вæййынц.*
*Хъомылгæнæг сабитæм къопп æвдисы – мыстытæ йæ ныууагътой.*
**Хъ.** Ныккæсæм-ма йæм, цымæ, йæ мидæгæй цы ис.
*Сабитæ йæм кæсынц.*
**С.** Агуывзæтæ дзы ис.
**Хъ**. Цал сты? Банымайут сæ.
**С.** Æдæппæт дыууæ агуывзæйы сты.
**Хъ**. Æмæ кæм сты, кæм?
**С.** Къоппы мидæг.
**Хъ**. Цæй æмæ дзы иу агуывзæ сисæм æмæ йæ къоппы æдде сæвæрæм, æддейы, ома йæ фарсмæ, йæ цуры.
*Сабитæ иу агуывзæ сисынц æмæ йæ къоппы фарсмæ сæвæрынц.*
**Хъ**. Кæм сты ныр та агуывзæтæ?
*Сабитæ дзуапп дæттынц.*
**Хъ**. Иу агуывзæ къоппы мидæг ис, иннæ та – къоппы æдде. Кæм фылдæр ис агуывзæтæ, мидæгæй æви æдде?
**С**. Æмбæрц сты мидæгæй дæр æмæ æдде дæр.
**Хъ.** Ныр ма къоппæй ноджыдæр иу агуывзæ сисæм.
*Сабитæ сисынц агуывзæ.*
**Хъ**. Цал агуывзæйы ис ныр та къоппы мидæг?
**С.** Иу дæр нæ.
**Хъ**. Æмæ къоппы æдде та цал агуывзæйы ис?
**С.** Дыууæ.
**Хъ**. Агуывзæты мидæг исты ис?
**С.** Ницы дзы ис æппындæр.
**Хъ**. Агуывзæтæ афтид сты. Æмхуызон сты æви алыхуызон?
**С.** Æмхуызон.
*Хъомылгæнæг агуывзæты дон ныккæны: сæ иуы – æрдæгмæ, иннæйы – цъупдзагæй, йæ былтæм.*
**Хъ.** Агуывзæты дон æмхуызон ис?
**С.** Нæй.
**Хъ.** Фылдæр дзы кæм ис?
*Сабитæ йæ амонынц.*
**Хъ.** Цæмæй йæ базыдтат?



донхæццæ, уымæл æви хус; армы мидæг мит тайгæ кæй кæны, уый сбæрæг кæнын. Фæлварын миты стыр тымбылæг саразыныл, зæгъын сын, мит кæрæдзиуыл æрмæстдæр уымæлбынæй кæй хæцы. Хъомылгæнæгимæ иумæ сабитæ Митын дада скæнынц.

**Ахуыры нывæст**

*Хъомылгæнæг сабитæм миты гæлæбуйы модель æвдисы.*
**Хъ**. Мæнæ цы алæмæты рæсугъд миты гæлæбу ис, мæнæ! Бафу-ма йыл кæнут.
*(Дæргъвæтиндæр ыл чи фæфу кæны, уыдонæй хъомылгæнæг раппæлы.)*
*Ныр та сын хъомылгæнæг æмдзæвгæ кæсы, сабитæ фæзмынц миты гæлæбуты тахт, зæхмæ куыд хауынц, уый – тексты ныхæстæм гæсгæ аразынц сæ архайд. Хъуысы сабыр музыкæ.*

Зилдухтæ систой
Миты гæлæбутæ.
Мах сæм тæхгæ-тæхын
Хъазгæ фæлæбурдтам.
Иу ыстъалы дзы
Мæ армы абадти.
Ма атай, ма атай –
Багъæц-ма! Атади…

*Сабитæ сæ къахфындзтыл лæугæйæ зилдух кæнынц. Сындæггай дзуццæджы æрбадынц, сæ къухтæй æвдисынц-амонынц, миты гæлæбутæ куыд цадæггай тæхынц-хауынц зæхмæ, уый. Фестынц æмæ, цыма миты тъыфыл ахсынц, уыйау сдарынц сæ къухтæ. Стæй йæ иннæ къухы армæй хъавгæ æрæмбæрзынц.*
**Хъ**. Мæнæ иу миты тъыфыл æрхауд, йæ фæстæ иннæ, бирæ гæлæбутæ – уый дын æцæг митуард! Бæстæ йæ хуыз аивта æмæ сси… Цавæр?
**С.** Урс-урсид.
**Хъ**. Хæдзæртты сæртæ та цы хуыз райсдзысты?
**С.** Урс хуыз.
**Хъ**. Æмæ цæмæн сси алыварс дуне урс, цæмæй?
**С.** Митæй. Уымæн æмæ мит урс у.
**Хъ**. Æмæ мах та цы фæархайæм, мит куы фæуары, уæд?
**С.** Ахсæм ын йæ гæлæбуты нæ къухтæй, дисгæнгæ кæсæм миты

гæлæбуты тахтмæ, стæй сæхимæ дæр, къахвæндæгтæ фыййагтæй фæсыгъдæг кæнæм æмæ а.д.
**Хъ**. Æмæ хи куыд дарын хъæуы тезгъогæнгæйæ, цæмæй ма ныссæлай, ма суазал уай?
**С.** Разгъор-базгъор кæн, кæрæдзиуыл миты къуыбæрттæ æппар, кæрæдзи дзоныгъæй ралас-балас кæн…
**Хъ**. Цæй-ма, уæдæ, цытæ ранымадтат, уыцы хъæзтытæй ахъазæм.
*(Сабитæ хъæзтытæ – змæлдтытæ æвдисынц.)*
**Хъ**. Æмæ митæй та цы саразæн ис, цы скæнæн?
**С.** Миты къоритæ … Митыло…
**Хъ**. Мах дæр Митыло скæндзыстæм.
*Хъомылгæнæджы ныхæстæм гæсгæ сабитæ сæ архайд ныхæстимæ бæттынц (координаци йæ кæнынц).*

Къоритæ-къоритæй мит мах ыстухæм –
Митыло скæнын у махæн нæ тухæн.
Слæууыди Митыло кулдуары разæй –
Алчи фæтæрсы уымæн йæ асæй.
Сабитæ худынц, хъазынц йæ цуры,
Мила та срæйы: «Чидæр нæм дзуры!»

*Сабитæ зилдухгæнгæ цæуынц кæрæдзи фæдыл, цыма сæ разæй миты стыр тымбылæг тулынц, уыйау. Рæвдаугæ йæ асæрфынц. Сæ рахиз къухы амонæн æнгуылдзæй бавзидынц, стæй та галиуæй. Цæуынц цæлхдымбылæй.*
**Хъ**. Ныр та уæ алчидæр йæхи Митыло скæнæд.
*(Сабитæм ис къонверттæ Митылойы хицæн хæйттæ-уæнгтимæ – уыцы детальтæй скæнынц сæ Митылотæ.)*
**Хъ**. Диссаджы арæхстджын стут! Тынг хорз сарæхстыстут – заммайнай Митылотæ скодтат, æвæджиауы дзæбæх уын рауадысты. Ныр та ма бакæсæм нæ диссаджы телевизормæ, уый нын нæ Митылойы равдисдзæн, мах та сбæлвырд кæндзыстæм, раздæр цы уыд æмæ дзы фæстагмæ та цы рауайдзæн, уый.
**«Системон оператор»:** æртæ хайыл дихгонд сыф. Хъомылгæнæг экраны тæккæ астæу Митыло сæвæры. Экраны иннæ бынæтты сабитæ сæхæдæг байдзаг кæнынц (миты гæлæбутæ, миты тымбылæг, æрдæгтад Митыло, кул).

**Хатдзæг**

**Хъ**. Митылойы цæмæй скæнæм?
**С.** Митæй, æндæр цæмæй…



**Хъ.** Тынг хорз зонут нымайын. Уæдæ куыд хъуды кæнут, йæ къуымтæ фылдæр кæмæн сты, квадратæн æви æртæкъуымæгæн?
*(Сабитæ 4 хатты æркъæрцц кæнынц.)*
**Хъ.** Æркъæрцц кæнут 4 хатты.
*(Сабитæ дзуапп дæттынц.)*
**Хъ.** Иттæг хорз бузныг!

## *16-æм ахуыры сахат*

**Иумæйаг темæ: «Мигæнæнтæ æмæ хойрæгтæ»** (2-аг сахат)
**Темæ: «Тыгъдадон æмбарынæдтæ «мидæгæй», æддейы»**
**Нысантæ:**

– Тыгъдадон æмбарынæдтæ «мидæгæй», «æддейы»-мæ сæ базонгæ кæнын. Иртасæн архайд-куыстмæ сабиты æмхиц кæнын: бæрцадтæ фемхуызон кæныны æртæ мадзалимæ сæ базонгæ кæнын. Дыууæ хæрхы мидæг предметты нымæц кæрæдзиуыл абарыны арæхстдзинад сфидар кæнын, ахæм дзырдтæй пайдагæнгæйæ: цас, уыйбæрц, уыйас, æмхуызон, æмбæрц, бирæ, иу. Цыппары онг нымад æмæ æмбарынæдтæ «райсом», «изæр» бафидар кæнын.
– Сæ цымыдисдзинад, тыгъдадон хъуыдыкæнынад æмæ фæлгæнæны рæзтыл сын кусын.
– Аив уæвыныл, кусгæйæ бæрнондзинад æнкъарыныл сæ ахуыр кæнын.

**Архайæн фæрæзтæ**
**Цæстуынгæ:** къопп, 2 агуывзæйы, исты мигæнæн, нуазæн къус.
**Райуаринаг:** тæлытæ (сабиты нымæцмæ гæсгæ.)

**Ахуыры нывæст**

**Хъ.** Цæй æмæ ахъазæм. Цæлхдымбылæй-ма æрлæууут.

Зонæм, зонæм, мыстытæ,
Мах уæ дудаг рыстытæ.
Сабырæй уæм бахатæм:
Ма-ма кæсут сахатмæ!
Гино ацыд уынджырдæм,
Лидзгæут уæ хуынчъытæм!

*(Сабиты дзуаппытæ.)*
**Хъ.** Ныр та ахъазæм.

**Сабиты змæлгæ хъазт «Базон-базон»**

*Хъомылгæнæг пъолыл равæры геометрион гуырнывтæ: зиллакк, æртæкъуымæг, квадрат.*

**Хъ.** Æз уын дзурдзынæн уыци-уыцитæ геометрион гуырнывты тыххæй, сымах æй куы базонат, уæд-иу балидзут уыцы гуырнывы размæ.

**1-аг уыци-уыци**

Нæй къуымтæ мæнæн,
Хуры хуызæн дæн.
У тæбæгъ мæ фаззон,
Чи дæн уæдæ, базон?

**С.** Зиллакк!
*(Сабитæ балидзынц зиллаччы размæ.)*

**2-аг уыци-уыци**

Æртæ къуымы, æртæ фарсы;
Мæ хуызæн у хæдзары сæр.
Чи дæн уæдæ, уый ды базон,
Æмæ тагъд мæ цурмæ разгъор!

**С.** Æртæкъуымæг.
*(Сабитæ базгъорынц æртæкъуымæджы цурмæ.)*

**3 уыци-уыци**

Мæ къуымтæ сты цыппар,
Мæ фæрстæ дæр цыппар.
Базон æмæ мæ ссар!

**С.** Квадрат.
*(Сабитæ базгъорынц квадратмæ æмæ йын нымайынц йæ фæрстæ æмæ къуымтæ.)*
**Хъ.** Цæй хуызæн у, цæй æнгæс у квадрат?
*(Сабиты алыхуызон дзуаппытæ.)*

**Хатдзæг**

**Хъ.** Уæ къухтæй æркъæрцц кæнут 2 хатты. Ныр та уæ къæхтæй æртъупп кæнут, æз мæ къухтæй цал хатты æркъæрцц кæнон, уал хатт.
**С.** Абон мах базыдтам 4-ы онг нымайын.
*(Хъомылгæнæг 3 хатты æркъæрцц кодта, сабитæ нымайынц къæрццытæ æмæ уал хатты æртъупп кæнынц сæ къæхтæй.)*



**Хъ**. Æмæ Митыло та раздæр цы уыд?
**С.** Мит. Айдагъ мит. Миты рагъ.
**Хъ**. Цы ’рцæудзæн уыйфæстæ та Митылойыл? Цы дзы рауайдзæн?
**С.** Дон. Атайдзæн…
**Хъ**. Цас цымыдисаг хабæрттæ нын бацæттæ кодта зымæг! Уарзæм зымæг?
*(Сабиты дзуаппытæ.)*
**Хъ**. Раст зæгъут: афæдзы алы афон дæр махæн у зынаргъ æмæ ад-джын!

## *15-æм ахуыры сахат*

**Иумæйаг темæ: «Мигæнæнтæ æмæ хойраг»**
**Темæ: «Мигæнæнтæ»**
**Нысантæ:**

– Мигæнæнты сæ нысаниуæгмæ гæсгæ хицæн къордтыл дих кæнын зонын; фылдæр мигæнæнты нæмттæ базонынил ар-хайын.
– Сабиты логикон хъуыдыкæныны бындуртæ фидар кæнын, цæмæй фæцалх уой иртасæн архайдыл, хæдбар уой.
– Цæмæй сæ культурон æмвæзад ræза, сæхи дарын зоной фын-джы уæлхъус, кæрæдзийæн æххуыс кæной, уыцы хуызы сæ хъо-мыл кæнын.

**Архайæн фæрæзтæ**
**Цæстуынгæ:** театралон къухынхуд-чындзойтæ; хъазæн-пец; хъазæн цайцымæнтæ – цайцымæн чашкæты, къусты, фыцæнты халдих.
**Райуаринаг**: нывтæ мигæнæнтимæ æмæ хæринæгтимæ.

**Ахуыры нывæст**

**Хъ**. Цæйут-ма, равдисæм, урсфарс гæркъæраг кас куыд кодта, уый.

| | |
|---|---|
| Гæркъæраг нын, гæпгæнаг,<br>Куыд сæрæн у гæркъæраг!<br>Æфсинау цинæй райы,<br>Куы скодта кас мæнæуæй.<br>Гæпп-гæпгæнгæ фæуайы,<br>Йæ къæсæрыл æрлæууыд: | *Сабитæ рахиз къухы амонæн æмæ астæуккаг æнгуылдзтæй фæзмынц гæркъæраджы «къахдзæфтæ».* |

«Ærцæут мæм, ærцæут,
Мæ уазджытæ, бæлццæттæ!
Уæ фысым нæу ædзæттæ».
Нæй уазджытæ йæ уаты,
Йæ кас кæмæ ærхата?
Йæ лæппынтæн æй радта.
Нæ, ам мæ хур, мæнг загътон.
О, амæн кас куы радтон.
Дæумæ дæр дзы ærхаудта.
*(2 хатты)*
Дæуæн дæр æй куы дардтон,
Дæуæн та дзы нæ радтон.
Фыдуаг лæппын, æздæнон,
Ædзух вæййыс æгæнон.
Ды цъайæ дон нæ хастай,
Ды суггæ дæр нæ састай.
Дæ уидыг нæй нæ касы!..
Кыс, кыс! Тæхгæ ныр дарддæр –
Æвгъау дын у нæ арт дæр!

*Сабитæ рахиз къухы амонæн æнгуылдзтæ сæвæрынц галиу къухты армытъæпæнтыл. Уыйфæстæ рахиз къухтæй радыгай ærкъæдз кæнынц галиу къухты æнгуылдзтæ.*

**Хъ**. Мах чындзой Мæдинæ ærбахуыдта уазæгуаты. *(Къухынхуд-чындзой – хъомылгæнæджы къухыл.)*
*(Сабиты размæ фынгыл – алыхуызон мигæнæнтæ æмæ хъазæн пец.)*
**Ч. М.** Æгас цæут, мæ дзæбæх уазджытæ! Æгайтма мæм саккаг кодтат. Æхсызгон мын у уæ уынд. Ныртæккæ уæ хорз фендзынæн цайæ. Æз алцыдæр зонын. Райсдзынæн тебæ, дон дзы ныккæндзынæн æмæ йæ рафыцдзынæн *(райста тебæ, æræвæрдта йæ пецыл)*.
**Хъ**. Ме ’взонг хæлæрттæ! Æз иу хъуыддаг не ’мбарын – тебæйы дон куыд фыцдзыстæм? Цавæр мигæнæн райсын хъæуы, цæмæй цайæн дон сфыцæм, уый тыххæй?
**С.** Цайдан *(сабитæ цайдан сæвæрдтой пецыл)*.
**Хъ**. Мæнæ дон рафыхти.
**Ч. М.** Æз зонын, цай куыд кæнын хъæуы, уый.
*(Райста вилкæ æмæ уæлæнгай тæбæгъ, дон дзы ærкодта цайданæй æмæ йæ вилкæйæ змæнты).*
**Хъ**. Ау, уый та куыд – тæбæгъæй цай куыд цымдзыстæм, стæй нæ вилкæ дæр цæмæн хъæуы? Цæйут-ма, Мæдинæйæн бацамонут, цай куыд гæнгæ у, уый.
*(Сабитæ дзурынц, цай куыд кæнын хъæуы, стæй цавæр мигæнæнтæй цымгæ у, уый.)*



**С.** Цыппар.
**Хъ.** Цæйбæрц сты ærтæкъуымæгтæ?
**С.** Æртæ.
**Хъ.** Кæцытæ сты фылдæр: зиллæччытæ æви ærтæкъуымæгтæ?
**С.** Зиллæччытæ.
**Хъ.** Цы хъæуы бакæнын, цæмæй зиллæччытæ æмæ ærтæкъуымæгтæ æмбæрц суой?
**С.** Бафтауын сæм хъæуы иу ærтæкъуымæг.
**Хъ.** Æрæвæрут уæдæ иу ærтæкъуымæг.
*(Æххæст кæнынц хæслæвæрд.)*
**Хъ.** Цæйбæрц сты ærтæкъуымæгтæ?
**С.** Цыппар.
**Хъ.** Цæйбæрц сты зиллæччытæ?
**С.** Цыппар.
**Хъ.** Цы сты фылдæр: ærтæкъуымæгтæ æви зиллæччытæ?
**С.** Гъеныр сты æмбæрц.
**Хъ.** Зиллæччытæ цæйбæрц сты, ærтæкъуымæгтæ дæр уыйбæрц сты – æмбæрц. Бузныг уын, сывæллæттæ, ныр чындзытæ базыдтой алцыдæр раст дих кæнын. Фæлæ ма цымæ цавæр гуырнывтæ баззадис стъолтыл?
**С.** Квадраттæ.
**Хъ.** Алчидæр сисæд йæ къухмæ квадрат. Цæмæй хицæн кæны зиллаккæй?
**С.** Квадратæн ис къуымтæ, тигътæ.
**Хъ.** Бавдисут уе ’нгуылдзтæй квадраты къуымтæ æмæ сæ банымайут.
*(Сабитæ æххæст кæнынц хæслæвæрд.)*
**С.** Квадратæн ис 4 къуымы.
**Хъ.** Раст загътат, ис ын 4 къуымы. Адон та сты йæ фæрстæ. Æрхæссут уе ’нгуылдзтæ квадраты фæрстыл æмæ сæ банымайут.
*(Æххæст кæнынц хæслæвæрд.)*
**Хъ.** Цæйбæрц сты квадратæн йæ фæрстæ?
**С.** Цыппар.
**Хъ.** Квадратæн ис 4 къуымы æмæ 4 фарсы. Æмæ сæ фылдæр та кæцытæ сты: фæрстæ æви къуымтæ?
**С.** Уыдон сты æмбæрц.
**Хъ.** Къуымтæ цæйбæрц сты, фæрстæ дæр уыйбæрц сты – ома æмбæрц. Æмæ уæдæ квадрат ærтæкъуымæгæй цæмæй хицæн кæны.

**Сабиты хъазт «Ӕмхуызон байуар»**

*Сабитӕ бадынц стъолты уӕлхъус. Стъолтыл геометрион гуырнывтӕ: стыр зиллӕччытӕ, ӕртӕкъуымӕгтӕ ӕмӕ асӕй къаддӕр квадрат.*

**Хъ.** Цал уазӕджы ӕрбацыдис Алинӕмӕ?

**С.** Ӕртӕ.

**Хъ.** Цал тӕбӕгъы сын хъуамӕ ӕрӕвӕрӕм стъолыл?

**С.** Ӕртӕ.

**Хъ.** Цавӕр геометрион гуырнывтӕ сты тӕбӕгъты ӕнгӕс?

**С.** Зиллӕччытӕ.

**Хъ.** Алчидӕр уӕ йӕ разы ӕрӕвӕрӕд 3 зиллаччы.

*(Сабитӕ ӕххӕст кӕнынц хӕслӕвӕрд стъолтыл, хъомылгӕнӕг та – ӕрмӕгӕвдисӕн фӕйнӕгыл.)*

**Хъ.** Куыдӕй базыдтат, зиллӕччытӕ сты, уый?

**С.** Нӕй сын тигътӕ, къуымтӕ, ис сӕ атулын.

**Хъ.** Раст загътат. Алинӕ йӕ уазджытӕн ӕрцӕттӕ кодта мыдамӕстытӕ – печенитӕ. Уыдон сты ӕртӕкъуымӕгты ӕнгӕс. Ссарут ӕртӕкъуымӕгтӕ ӕмӕ сӕ равдисут.

*(Сабитӕ ӕххӕст кӕнынц хӕслӕвӕрд, хъомылгӕнӕг йӕ къухтӕм райста ӕртӕкъуымӕг.)*

**Хъ.** Цӕмӕ гӕсгӕ йӕ базыдтат, ӕртӕкъуымӕг у, уый?

*(Сабиты дзуаппытӕ.) Кӕд нӕ арӕхсынц, уӕд сын хъомылгӕнӕг йӕхӕдӕг радзуры ӕртӕкъуымӕджы тыххӕй.*

**Хъ.** Ныр та ма зӕгъут, цалгай зиллаччы ис уӕ алкӕйы раз дӕр?

**С.** Ӕртӕ зиллаччы.

**Хъ.** Ӕрӕвӕрут алы зиллакк-тӕбӕгъыл дӕр иу ӕртӕкъуымӕг – мыдамӕст (печени).

*(Сывӕллӕттӕ ӕххӕст кӕнынц хӕслӕвӕрд).*

**Хъ.** Ӕдӕппӕтӕй цал ӕртӕкъуымӕджы ӕрӕвӕрдтат?

**С.** Ӕртӕ ӕртӕкъуымӕджы.

**Хъ.** Зиллӕччытӕ та цӕйбӕрц ӕрӕвӕрдтат?

**С.** Ӕртӕ зиллаччы.

**Хъ.** Фылдӕр кӕцытӕ сты: зиллӕччытӕ ӕви ӕртӕкъуымӕгтӕ?

**С.** Уыдон сты ӕмбӕрц.

**Хъ.** Зиллӕччытӕ цӕйбӕрц сты, ӕртӕкъуымӕгтӕ дӕр уыйбӕрц сты – ӕмбӕрц. Ныр та ма чындз Алинӕйӕн дӕр ӕрӕвӕрут иу зиллакк-тӕбӕгъ.

*(Ӕххӕст кӕнынц хӕслӕвӕрд.)*

**Хъ.** Цӕйбӕрц сты ныр та зиллӕччытӕ?



**Хъ**. Цӕй, Мӕдинӕйӕн баххуыс кӕнӕм ӕмӕ фынгыл ӕрӕвӕрӕм, цай нуазынӕн цы мигӕнӕнтӕ хъӕуы, уыдон.

*(Сабитӕ стъолыл ӕрӕвӕрдтой хъӕугӕ мигӕнӕнтӕ: чашкӕтӕ, цайцымӕн блюдӕтӕ (блюдцӕтӕ), цайдан, сӕкӕрдон, гыццыл уидгуытӕ).*

**Хъ**. Зӕгъут-ма ныр Мӕдинӕйӕн, цай цымгӕйӕ цы мигӕнӕнтӕй пайда кӕнут, уыдон куыд хуыйнынц?

**С.** Цайцымӕн мигӕнӕнтӕ.

**Ч. М.** Уӕд тебӕ та цӕмӕн хъӕуы? *(Хъуыды кӕны.)* А-а, зонын ӕй, хъӕрмхуыпп кӕнынӕн.

**Хъ**. Раст зӕгъы Мӕдинӕ? Хъӕрмхуыпп цӕм фыцынц?

**С.** Аджы.

**Хъ**. Ӕмӕ уӕд тебӕ та цӕмӕн хъӕуы?

**С.** Уым сурфых фӕкӕнынц кӕсаг, картоф, дзидза.

**Ч. М.** Ӕмӕ хъӕрмхуыпп та цавӕр тӕбӕгъы ӕркӕнӕм? Уӕлӕнгай ӕви къуырфы? Ӕз уый куынӕ зонын.

*(Сабитӕ йын ӕй ӕмбарын кӕнынц.)*

**Ч. М.** Ӕмӕ хъӕрмхуыпп вилкӕйӕ хӕрдзыстӕм?

**С.** Хъӕрмхуыпп фӕхӕрынц стыр уидыгӕй.

**Хъ**. Ме ’взонг хӕлӕрттӕ, цӕй-ма фынгыл ӕрӕвӕрӕм сихоргӕнӕн мигӕнӕнтӕ. Чындзой Мӕдинӕйӕн равдисӕм, сихоры хӕрдӕн цавӕр мигӕнӕнтӕ хъӕуы, уый.

*(Сабитӕ фынгыл ӕрӕвӕрынц къуырф ӕмӕ уӕлӕнгай тӕбӕгътӕ, стыр уидыг ӕмӕ вилкӕ. Куы хъӕуа, уӕд сын хъомылгӕнӕг ӕххуыс кӕны.)*

**Ч. М.** Хъӕрмхуыпп цӕм фыцынц, кӕсаг цӕм фыцынц (цурынц), уыцы мигӕнӕнтӕ та куыд хонынц? Цайцымӕн, хӕринаггӕнӕн ӕви цӕлгӕнӕны мигӕнӕнтӕ?

**С.** Цӕлгӕнӕны мигӕнӕнтӕ.

**Ч. М**. Куы бахӕрӕм, уӕд та мигӕнӕнтӕн цы кӕнын хъӕуы?

**С**. Мигӕнӕнтӕ уӕд фӕхъӕуы ныхсын.

**Хъ**. Тынг раст. Мигӕнӕнтӕ уарзынц сыгъдӕгдзинад, фӕлӕ ноджы тынгдӕр уарзынц, сабитӕ аив ӕмӕ адджынӕн куы фӕхӕрынц, уый.

**Физминуткӕ**

Алы бон дӕр райсомӕй
Мах кӕнӕм зарядкӕ.
Фестут цырддӕр! Сабитӕй
Мачи кӕнӕд бадгӕ.

Рог санчъехтæ акæнæм,
Къухтæ – хурмæ ивæзт.
Цъусдуг дзуццæг абадæм,
Алæууæм та раст.
Гæппытæ, сæррæттытæ
Сарæх ысты, кæс.
’Нæнизæй мах не ’ппæт дæр
Схæсдзыстæм нæ рæз.

**Сабиты хъазт «Мигæнæнтæ æмæ продукттæ (хæринæгтæ)»**

*Бирæ нывтæ мигæнæнтимæ æмæ продуктты хуызистытимæ. Ч.М. йæ цæст дары хъазтмæ.*
*Сабитæ равзарынц дыууæ нывгонды: иуыл дзы – мигæнæн, иннæуыл – продукттæ. Æмбарын кæнынц сæ архайд.*
**Зæгъæм**: чашкæ – æхсыр *(чашкæйы ныккæнынц æхсыр;* тебæ – кæсаг *(тебæйы сурфых кæнынц (цурынц) кæсаг) æмæ а.д.*

**Хатдзæг**

**Ч. М.** Стыр бузныг, ме ’взонг æххуысгæнджытæ! Алцыдæр мын бамбарын кодтат. Фæлæ та мæ æрбайрох, цай цавæр мигæнæнæй фæцымынц, уый. Хъæрмхуыпп цæм сфыцынц? Цавæр мигæнæнæй йæ фæхæрынц? Сурфых та цавæр мигæнæны фæкæнынц?
*(Сабитæ дæттынц дзуапп.)*
**Ч. М.** Арфæгонд ут! Ныр æй æнæмæнг мæ зæрдыл бадардзынæн.

## *16-æм ахуыры сахат*

**Иумæйаг темæ: «Мигæнæнтæ æмæ хойраг»**
**Темæ: «Хойраг»**
**Нысантæ:**

– Хойраг цы у, уый зонын кæнын. Цæмæн хъæуы, куыд æй цæттæ кæнынц, уый базонын. Цы у *хом, фых, сурфых (цурын),* уый æмбарын кæнын.
Сабиты дарддæр системон операторимæ зонгæ кæнын.
– Сабиты хъуыдыкæныны операцитæ рæзын кæнын (анализ, синтез, классификаци), цæмæй нæ алфамбылай дуне æмвæтæнæй, иугуырæй уыной.
– Хойраг фæлхас кæнгæйæ хъуамæ аргъ кæной сыгъдæгдзинадæн, фынджы уæлхъус уой уæздан.



**С.** Æртæ.
**Хъ.** Æрæвæрут стъолыл 3 цайцымæн чашкæйы.
*(Сабитæ æххæст кæнынц хæслæвæрд.)*
**Хъ.** Цал сты цайцымæн чашкæтæ?
**С.** Æртæ.
**Хъ.** Цал сты хъазæны?
**С.** Æртæ.
**Хъ.** Чындзытæ фылдæр сты æви чашкæтæ?
**С.** Æмбæрц сты.
**Хъ.** Раст загътат. Чашкæтæ цæйбæрц сты, чындзытæ дæр уыйбæрц сты.
**Хъ.** Фысым йæхæдæг дæр сбады фынгыл, уазджытæ куы ’рбацæуынц, уæд?
**С.** Сбады, о.
**Хъ.** Æмæ уæдæ Алинæйæн йæхи дæр сбадын кæнут. Ныр цал баисты чындзытæ?
**С.** Цыппар.
**Хъ.** Уыдысты æртæ чындзы, семæ ма фынгыл сбадт нодждæр иу, æмæ цыппар баисты. Се ’ппæтæн дæр фаг кæны чашкæтæ?
**С.** Нæ кæны. Чындзытæ фылдæр сты чашкæтæй; чашкæтæ къаддæр сты чындзытæй.
**Хъ.** Æмæ цы бакæнын хъæуы, цæмæй чашкæтæ дæр, чындзытæ цал сты, уыйбæрц суой?
**С.** Нодждæр ма сæм иу бафтауын хъæуы.
**Хъ.** Сæвæрут æй фынгыл.
*(Æххæст кæнынц хæслæвæрд.)*
**Хъ.** Æркæсут-ма, ныр алкæмæн дæр ис чашкæ.
**С.** О!
**Хъ.** Цал цайцымæны ис стъолыл?
**С.** Цыппар.
**Хъ.** Цал сты чындзытæ?
**С.** Цыппар.
**Хъ.** Кæцытæ сты фылдæр: цайцымæнтæ æви чындзытæ?
**С.** Æмбæрц сты ныр.
**Хъ.** Раст у. Цайцымæнтæ цæйбæрц сты, чындзытæ дæр уыйбæрц – æмбæрц. Мах баххуыс кодтам чындзытæн цайцымæн мигæнæнтæ раст равæрынæн, ныр та сæ сахуыр кæнæм алцыдæр æмхуызон дих кæнын (байуарын).

дæр кæй амоны, уыдон бамбарын кæнынил дарддæр кусын; дыууæ къорды предметты бæрц сæ кæрæдзиуыл абарыны арæхстдзинад сын уæлдæр кæнын.

Дарддæр сæ зонгæ кæнын квадраты миниуджытимæ, стæй сæ геометрион фигурæтæ кæрæдзийæ иртасын æмæ номæй-номмæ амонынил ахуыр кæнын: зиллакк, æртæкъуымæг, квадрат.

– Ныхасгæнгæйæ активон æмæ хæдбар куыд уой, алцыппæт фиппайæг куыд уой, уыцы миниуджыты рæзтыл сын кусын.

– Уазæгуарзон æмæ хæларзæрдæ куыд уой, ууыл сæ ахуыр кæнын.

Культурæ æмæ сæ сыгъдæгдзинады домæнтæм хæстæг кæнын.

**Архайæн фæрæзтæ**

**Цæстуынгæ:** 4 хъазæн чындзы, уыдонæн хæдзары дзаумæттæ: 4 бандоны æмæ стъол; цайцымæн мигæнæнтæ хъазæн чындзытæн: 4 цайцымæн чашкæйы; геометрион фигурæтæ – зиллакк, æртæкъуымæг, квадрат.

**Райуаринаг:** 4 стыр урс зиллаччы, 4 бур æртæкъуымæджы – къаддæртæ, 1 сырх квадрат (алкæмæн дæр).

## Ахуыры нывæст

Хъомылгæнæг сын зæгъы, цæмæй хъазæнтæм æркæсой *(чындзытæ æмæ æрсытæ).*

**Хъ**. Æрцæвынц сæ къæхтæ чындз æмæ арс,
Чындз æмæ арс – бакæс сæм уæртæ!
Сæ къухты æмдзæгъд дæр гæрæхтау у раст,
– Иу, дыууæ, æртæ! гæрæхтау у раст!

*(Сабитæ сæ къæхтæ æрцæвынц.*
*Сабитæ æмдзæгъд кæнынц.)*

*Сабитæ къæлæтбадт кæнынц гауызыл. Сæ разы ис куклаты стъол, йæ уæлхъус бадынц æртæ хъазæн чындзы сæ бандæттыл, цыппæрæм хъазæн чындз Алинæ сæ фарсмæ лæууы.*

**Хъ**. Нæ хъазæн чындз Алинæмæ уазæгуаты æрбацыдысты йе ’мбал чындзытæ. Фæкæсдзыстæм Алинæмæ йæ уазджыты сбуц кæнынмæ?

**С.** Фæкæсдзыстæм, о!

**Хъ.** Банымайут-ма, цал хъазæн чындзы æрбацыди уазæгуаты. Сабитæ нымайынц – иу, дыууæ, æртæ.

**Хъ**. Æдæппæт æртæ чындзы. Цал цайцымæн къусы нæ равæрын хъæуы фынгыл?



**Развæлгъæу куыст:** Сабитæ хъæрмхуыпп куы хæрой, уæд сын се ’ргом здахын, цæмæй конд у, уый иртасынмæ.

**Архайæн фæрæзтæ**

**Цæстуынгæ**: æртæ тæлыйы – фæйнæ хуызы ахуырст; нывгæндтæ хойрæгты хуызистытимæ (сабитæ цал сты, уал).

**Райуаринаг:** нывгæндтæ кастрункæйы, тебæйы, тæбæгъы хуызистытимæ; системон оператор.

## Ахуыры нывæст

**Хъ**. Ме ’взонг хæлæрттæ, лауызтæ уарзут? Цæй-ма, ахъазæм!

| | |
|---|---|
| Лауыз-гуылтæ – адджын,<br>Сты нанамæ кадджын.<br>Мах дæр сæ куы уарзæм,<br>Иу дæр дзы нæ уадзæм.<br>Сойы сæ æвдылдта,<br>Уазджыты æрхуыдта.<br>Сабитæн сæ уæрста, | *Сабитæ куы арммæ амонынц, куы та уæларммæ. Иу армæй иннæ амбæрзынц.* |
| Дистæ ’мæ тæмæстæ!<br>Амæн дæр дзы радта,<br>Амæ дæр дзы ’рхаудта,<br>Ай дæр æй нæ фаудта.<br>Лауыз-гуылтæ – адджын,<br>У нана бæркадджын! | *Ам сабитæ радыгай бакъæдз кæнынц се ’нгуылдзтæ. Кæронбæттæны равдисынц сæ хистæр æнгуылдзтæ.* |

**Хъ**. Лæппутæ æмæ чызджытæ, сымах зонут, цы продукттæ хæрæм, уыдон кæм райсынц, уый?

**С.** Балхæнынц сæ дуканийы, базары.

**Хъ.** Дуканийы цавæр продукттæ уæй кæнынц?

*(Сабиты дзуаппытæ.)*

### Сабиты хъазт «Равæр продукттæ»

Гауызыл – нывгæндтæ продуктты хуызистытимæ: дзул, къалбас, дзидза, кæсаг, цыхт, къабуска, картоф, фæткъуытæ, къафеттæ, печенитæ æмæ æнд. *(сабиты нымæцмæ гæсгæ)*. Æмæ 3 фæйнæхуызон тæлыйы: иуы дзы – кастрункæйы ныв, иннæйы та – тебæйы, æртыккаджы – тæбæгъы ныв.

**Хъ**. Алчидæр уæ бавдæлæд æмæ иу нывгонд райсæд. Æркæсут-ма – цавæр продукт равзæрстат? Ахъуыды кæнут – куыд æй ис хæрæн: хомæй, доны фыхæй æви сурфыхæй (цургæйæ). Алчидæр уæ, цы продукт æм ис, уый нывæрæд хъæугæ тæлыйы. Ома, уæ продукт цы

мигæнæнмæ хауы (нывгондмæ гæсгæ), уым – кастрункæйы, тебæйы кæнæ тæбæгъы.
*(Саби æвæры йæ продукты хуызист æмæ дзуры, цы гæнгæ йын у, уый: фыцын, сурфых кæнын æви йæ ис хомæй хæрæн. Хъомылгæнæг сын æмбарын кæны – иуæй-иу продукттæ кæй ис фыцæн дæр, сурфых кæнæн дæр æмæ хомæй хæрæн дæр. Ахæм продукттæ ис сæвæрæн æртæ тæлыйы дæр, æрмæст уæд тæлытæ баиу кæнын хъæуы хæххытæй.)*
**Хъ**. Хæрыны размæ халсартæн æмæ дыргътæн цы кæнын хъæуы?
**С.** Хъæуы сæ æхсын, сыгъдæг кæнын.
**Хъ**. Æмæ уæхæдæг та цы хъуамæ кæнат хæрды размæ?
**С.** Хæрды размæ хъуамæ ныхсæм нæ къухтæ.
**Хъ**. Æмæ уæ хæрын та цæмæн хъæуы æнæмæнг?
**С.** Цæмæй айрæзæм, цæмæй æнæниз уæм, рынчын ма кæнæм…
**Хъ**. Æмæ хæринаг та кæд нæ батайы, адæймаг дзы кæд фæриссы?
**С.** Хæринаг æгæр бирæ куы фæлæууа, дыргътæ, халсартæ сыгъдæг куынæ уой, уæд. Афтæмæй хæринаг нæ батайы æмæ ахсæн фæриссы, кæнæ гуыбын.
**Хъ**. Ныр та бакæсæм нæ диссаджы телевизормæ – системон опе-ратормæ.

**Физминуткæ**

Сурфых стыр гуыл скодтам мах,
Мæнæ ахæм у йæ уæрх,
Мæнæ ахæм та – йæ дæргъ.
Мæнæ афтæ у – бæрзæнд.
Афтæ ныллæг та йæ конд.
Ыстыр гуыл у, ыстыр гуыл,
Кæй дæ фæнды, равзар ныр.

| халсартæ *(ныв)* | хъæрмхуыппы къус *(ныв)* | тæбæгъ *(ныв)* |
|---|---|---|

**Хъ**. Тæбæгъы ныккодтой борщ. Цæмæй йæ сфыхтой? Равзарут нывгæндтæ.
*(Сабитæ равзæрстой, картоф, къабуска, цæхæра, уырыдзы, пъæмидор, хъæдындзы хуызистытæ цы нывгæндтыл ис, уыдон.)*
**Хъ**. Иттæг хорз. Æмæ уыйфæстæ борщ цы фæуыдзæн?
**С.** Бахæрдзысты йæ.
**Хъ**. Цавæр нывгонд сæвæрын хъæуы афтид экраны?
**С.** Афтид тæбæгъ.



*йæ нывгарстыл уал зазы кæмæн ис, уыцы сывæллоны. Уыйфæстæ сабитæ рахицæнтæ вæййынц, баивынц сæ нывгæрстытæ æмæ та ногæй хъазынц.*
**Хъ.** Байхъусут-ма æмдзæвгæмæ æмæ йын йæ мидис уæ зæрдыл бадарут.

Æрбацæуын мæ хуынтимæ,
Мæ ирд, ’рттивгæ тынтимæ,
Хæрзарæзт æмæ худгæ-райгæ,
Ногбоны æз дæн сæйрагдæр. *(Заз)*

**Хъ.** Мах зазтæ дæр хæрзарæзт сты?
**С.** Не сты.
**Хъ.** Цæй æмæ зазы сфæлындæм геометрион нывгуырты-фигурæты æххуысæй – гирляндæтæ йыл æрцауындзæм. Зиллакк, æртæкъуымæг, квадрат – уыдон иууылдæр сты геометрион фигурæтæ. Сфæлхат-ма йæ кæнут.
*(Сабитæ йæ фæлхат кæнынц.)*
*Уыйфæстæ хъомылгæнæг сабитæм хуызæг равдисы, уыдон та гауызыл геометрион фигурæтæй гирляндæ сæмбырд кæнынц (алы саби дæр йæхион æмбырд кæны).*



**Хатдзæг**

**Хъ**. Тынг рæсугъд гирляндæтæ сæмбырд кодтат, æмæ ныр мах зазтæ дæр сæ хуыз скалдтой, хæрзарæзт уыдзысты. Уæ къухтæ фæрнæй фæдарут!

## *15-æм ахуыры сахат*

**Иумæйаг темæ: «Хæринаг æмæ мигæнæнтæ»**
**Темæ: «Квадрат, йæ миниуджытæ. Нымæц 4-имæ зонгæ кæнын». Афæдзы дыккаг æмбис**
**Нысантæ:**

– Нымæц 4 куыд рауайы, уыимæ сæ базонгæ кæнын (3 æмæ 4 элементы кæм ис, ахæм дыууæ хæрхы биндурыл); æртæйы онг нымайын фидарæй куыд зоной, уыйл бацархайын.
Фæстаг нымæцон уый размæ ранымад къордимæ абарæн кæй ис, стæй уыцы нымæцон къорды мидæг æппæт предметты бæрц

*æртæкъуымæджы тигътæ ирдæй разынынц. Банымайын сын кæны къуымтæ.*
**Хъ**. Цал къуымы сты?
**С.** Æртæ.
**Хъ**. Ацы нывкарстæн (нывгуырæн) ис æртæ къуымы, æмæ уымæ гæсгæ йæ ном у?
**С.** Æртæкъуымæг.
**Хъ**. Æмæ цал фарсы ис æртæкъуымæгæн? Йæ алы фарсыл дæр уе ’нгуылдз æрхæссут æмæ, цал сты, уый банымайут. Цал рауадысты?
**С.** Æртæ.
**Хъ**. Æппæт зиллæччытæ дæр иуырдыгæй (рахизырдыгæй) æрæвæрут, иннæрдыгæй та (галиуырдыгæй) – æппæт æртæкъуымæгтæ. Æртæкъуымæгтæ æмхуызон сты сæ хуызмæ гæсгæ æви фæйнæхуызон?
**С.** Фæйнæхуызон.
**Хъ**. Цæй æмæ æртæкъуымæгтæй зазтæ саразæм. Цыхуызæн æртæкъуымæгтæ райсæм?
**С.** Кæрдæгхуыз-цъæхтæ.
**Хъ**. Æппæтæй бæрзонддæр заз скæнынæн цал æртæкъуымæджы райстат?
**С.** Æртæ.
**Хъ**. Цал æртæкъуымæджы уæ бахъуыд рæстæмбис заз скæнынæн?
**С.** Дыууæ.
**Хъ**. Æппæты ныллæгдæр зазæн та?
**С.** Иу.
**Хъ**. Банымайут-ма, цал зазы дзы рауад, уый. *(Сабитæ нымайынц: иу, дыууæ, æртæ.)* Сæ асмæ гæсгæ цæйæстæ сты?
**С**. Бæрзонд, рæстæмбис, ныллæг.
**Хъ**. Уæ цæстытыл-ма ауайæд, цыма уæхæдæг стут зазтæ. Бацамонут-ма мын, цæйас у тæккæ бæрзонддæр заз?
*(Сабитæ сæ къухтæ хæрдмæ сивазынц.)*
**Хъ**. Бацамонут-ма ныллæгдæр зазы. *(Сабитæ дзуццæджы æрбадынц.)* Бацамыдтат бæрзонд æмæ ныллæг зазты, фæлæ рæстæмбисы та куыд бацамондзыстут? *(Сабитæ зæгъынц, зæгъгæ, нæдæр сæ æрбадын хъæуы, нæдæр сæ къухтæ хæрдмæ ивазын.)*

**Сабиты змæлгæ хъазт «Дæ къай ссар»**

*Алы сывæллонмæ дæр нывгарст (карточкæ). Нывгарстыл зазбæлæсты хæрх иуæй æртæйы онг. Хъуысы музыкæ. Сабитæ тезгъо кæнынц, музыкæ куы фæхъус вæййы, уæд алчидæр агуры йæ къай, ома*



**Хатдзæг**

Цавæр хæринæгтæ хæрут? Бахæрыны размæ дыргътæн цы кæнын æмбæлы? Хæрды размæ та цы хъæуы æнæмæнг кæнын?
(*Сабиты дзуаппытæ.)*
**Хъ.** Стыр бузныг! Амбылдтат.

## *17-æм ахуыры сахат*

**Иумæйаг темæ: «Дарæс»**
**Темæ: «Дарæсы хуызтæ»**
**Нысантæ:**

– Ахуыр кæнын сабиты, цæмæй зоной дарæсы нысаниуæг, ома, кæд цы даргæ у, уый; цæмæй лæппуйы дарæс иртасой чызджы дарæсæй; цæмæй базоной æмбарынæдтæ *уæлæйы дарæс, къахыдарæс, сæрылдаргæ.*
– Сæ логикон хъуыдыкæнынадыы рæзтыл кусын.
– Хъомыл сæ кæнын, цæмæй ахуыр кæной æфснайд, аив уæвыныл.

**Архайæн фæрæзтæ**

**Цæстуынгæ:** нывгæндтæ чызджыты æмæ лæппуты хуызистытимæ (айдагъ хæлæфты æмæ майкæты).
**Райуаринаг:** нывгæндтæ уæлæдарæсы хуызистытимæ куыд лæппутæн, афтæ чызджытæн дæр (къахыдарæс æмæ а.д.).

**Ахуыры нывæст**

**Хъ**. Гъа-ма, уæдæ, лæппутæ нæм чи сты? Уæ къухтæ-ма сдарут! Чызджытæ та нæм чи сты? Сдарут сымах дæр уæ гуккытæ!

| | |
|---|---|
| Чызджытæ ’мæ лæппутæ<br>Гæпп куы кæнынц пуртитау,<br>Къæхтæй кæнынц тъуппытæ,<br>Æмдзæгъд кæнынц гуккытæй. | *Сабитæ зарæджы мидисмæ гæсгæ змæлынц.* |

*(Хъомылгæнæг сабиты æргом аздахы, лæппу æмæ чызджы хуызистытæ цы нывгæндтыл сты, уыдонмæ − цыбыр хæлæфты æмæ майкæты.)*
**Хъ**. Мæнæ уын даргъдзыкку,
Ай та – цыбырдзыкку –

Кæцы сæ у чызг?

Кæцы та – лæппу?

*(Сабитæ базыдтой, лæппу кæцы нывы ис æмæ чызг кæцы нывы ис, уый. Хъомылгæнæг сын дзуры сæ нæмттæ: лæппу хуыйны Алан, чызг – Зæринæ.)*

**Хъ**. Алан æмæ Зæринæ райхъал сты, хъæуы сæ скæнын сæ дарæс, фæлæ сæ дзаумæттæ сæмтъеры сты цæмæндæр. Сабитæ, сымах зонут, цæмæн афтæ рауад, уый?

**С.** Бафынæйы размæ сæ дарæс дзæбæх нæ бафснайдтой.

**Хъ**. Афтæ. Æмæ ныр махæй агурынц æххуыс: цы хъæуы скæнын Аланыл æмæ Зæринæйыл?

*Ис гæнæн, æмæ хъомылгæнæг сабитæн равдиса дæллаггуыры ныв æмæ цыма рæдигæ фæкодта, уыйау æй æрæвæра лæппуйы нывлыгыл. Сабитæ сраст кæнынц хъомылгæнæджы рæдыд. Дарддæр хъомылгæнæг хицæнæй бæстон фæдзуры лæппуйы æмæ чызджы дарæсыл.*

*Сабитæ дарæсы хуызистыты æвæрынц дыууæ тæлыйы. Лæппуйы хуызист цы тæлыйæ ис, уым æвæрынц лæппуйы дарæс, чызджы нывлыг кæм ис, уым та чызджы дарæс.*

**Хъ**. Сабитæ, ис ахæм дзаумæттæ, æмæ сæ фæдары чызг дæр æмæ лæппу дæр. Кæд ам ахæм дарæс уынут, уæд сæ хибарæй æрæвæрут.

*(Сабитæ дыууæ тæлыйы æхсæн æвæрынц иумæйаг дарæс.)*

**Хъ**. Ме 'взонг хæлæрттæ! Цæй, ныр та Алан æмæ Зæринæйæн радзурæм, дзаумæттæ куыд даргæ сты, куыд сæм зилын хъæуы, уыдæттæ.

*(Сабиты дзуаппытæ.)*

**Хъ**. Уæ зæрдæмæ цæуы, дзаумæттæ раст куы не скæнынц, æгънæджытæ раст куы нæ бафтауынц, дарæс чъизи, æнцъылдтæ куы вæййы? Уый аив у?

**С.** Нæу, нæу!

**Хъ**. Дарæсмæ куыд зилын хъæуы?

**С.** Дарæс хъæуы æхсын, хъæуы йыл иту æвæрын. Хъуамæ дзаумайæн уа йæхи бæлвырд бынат.

**Хъ**. Æмæ къабатæ, дзабыртæ, худтæ иууылдæр иумæ æфснайын хъæуы?

*(Сабиты дзуаппытæ.)*

**Хъ**. Цæй-ма, уæдæ, бафснайæм нæ дарæс раст!

Цъæх тæлыйы – къаба, дæллаггуыр, хæлаф æмæ а.д.



**Ахуыры нывæст**

*Сабитæ, кæрæдзийы къухтыл хæцгæйæ, цæуынц зылды. Тексты ныхæстæм гæсгæ змæлдтытæ æххæст кæнынц.*

**Хъ**. Чи стæм мах?

**С.** Сабитæ.

**Хъ**. Мах куы нæ стæм бабитæ –

Сабитæ стæм, сабитæ,

Хæлар æмæ домбай!

Сабитæ стæм, сабитæ.

Уæнгивазынмæ уай!

Иу, дыууæ, æртæ – къæхтæ ис хæрдмæ!

Иу, дыууæ, æртæ – уайæм мах цæрдæг.

*Сабитæ æрбадынц стъолты уæлхъус. Сæ разы стъолтыл зиллæччытæ æмæ æртæкъуымæгтæ, фæлæ 6 æртæкъуымæджы æнæмæнг хъуамæ уой кæрдæгхуыз-цъæх. Хъомылгæнæг сæм æрвхуыз-цъæх зиллакк æвдисы.*

**Хъ**. Циу ай?

**С.** Зиллакк.

**Хъ**. Цавæр у йæ хуыз?

Ноджыдæр ма иу ахæм зиллакк равдисут. *(Сабитæ йæм æвдисынц æрвхуыз-цъæх зиллакк.)*

**Хъ**. Цы мæм равдыстат?

**С.** Æрвхуыз-цъæх зиллакк.

**Хъ**. Уе 'нгуылдзтæ-ма йыл æрхæссут.

**Хъ**. Тулгæ кæны?

**С.** Кæны.

Бафæлварут æй стъолыл атулын. *(Сабитæ æххæст кæнынц хæслæвæрд.)*

*Уыйфæстæ сæм хъомылгæнæг æвдисы бур ахуырст æртæкъуымæг.*

**Хъ**. Сабитæ, ай цы у, уый зонут?

*Кæд æмæ сабитæ къуыхцытæ кæной дзуапдæтгæйæ, уæд йæхæдæг фæзæгъы нывы ном æмæ йæ сфæлхатын кæны сабитæн. Стæй сын бафæдзæхсы сæхи стъолыл æртæкъуымæг ссарын æмæ йæ равдисын. Æрхаты сæм, цæмæй йæ афæлварой атулыныл.*

**Хъ**. Цæуыннæ тулы æртæкъуымæг?

**С.** Йæ тигътæ йæ нæ уадзынц.

*Кæд къуыхцы кæной дзуапдæтгæйæ, уæд хъомылгæнæг бур æртæкъуымæджы уæлæ æрвхуыз-цъæх зиллакк æрæвæры, æмæ уæд*

**Хъ.** Цавæр нывамад у астæуккаг, ома рæстæмбис, йæ асмæ гæсгæ?
**С.** Æрвгъуыз квадрат.
**Хъ.** Раст загътат.
Цал сты æдæппæтæй геометрион нывамæдтытæ?
**С.** Æртæ.

**Хатдзæг**

**Хъ.** Цы базыдтам абон ногæй? Цавæр цæрæгойтæн баххуыс кодтам? Цавæр геометрион нывамæдтытæй хъазыдыстæм?
*(Сабиты дзуаппытæ).*

## *14-æм ахуыры сахат*

**Иумæйаг темæ: «Зымæг»**
**Темæ: «Æртæкъуымæг æмæ йæ миниуджытимæ зонгæ кæнын»**
**Нысантæ:**

– Базонгæ кæнын сабиты æртæкъуымæ æмæ йæ миниуджытимæ.
Ныффидар кæнын ивгъуыд æрмæг: геометрион фигурæтæ æртæйы онг нымад, æмбарынад «астæуккаг – рæстæмбис». Нывгæрстыты равæрдæн йæ мидвæтк, мидахаст куыд хатой, ууыл сæ ахуыр кæнын.
– Дарддæр сын амонын, цы у рæстæг – афон зымæджы тыххæй сын сæ зонындзинæдтæ бафидар кæнын.
– Сæ логикон хъуыдыкæнынады рæзтæн ахъаз кæнын, стæй, цы куыст бакæнынц практикон æгъдауæй, уымæн аргъ кæнын куыд зоной æмæ йæ анализ скæнынмæ куыд арæхсой, ууыл сæ ахуыр кæнын.
– Чи ’рцæудзæн, уыцы бæрæгбоныл развæлгъау цин цæмæй кæной, уыцы æнкъарæнтæ сæм агайын кæнын.

**Архайæн фæрæзтæ**
**Цæстуынгæ:** æрвхуыз-цъæх зиллакк, бур æртæкъуымон.
**Райуаринаг**: зиллæччытæ, æртæкъуымæгтæ, квадраттæ. Иууылдæр алыхуызджын сты, фæлæ æмыйæстæ. Нывгæрстытæ, иу, дыууæ кæнæ æртæ зазы нывтимæ.



Сырх тæлыйы – цырыхъхъытæ, хæдзары даргæ дзабыртæ æмæ а.д.
Бур тæлыйы – худ, кæлмæрзæн æмæ а.д.
**Хъ**. Цъæх тæлыйы цы дзаумæттæ ис, уыдон куыд схондзыстæм?
**С.** Уæлæдарæс.
**Хъ**. Сырх тæлыйы цы ис, уыдон та?
**С.** Къахыдарæс (дзабыртæ).
**Хъ**. Бур тæлыйы цы ис, уыцы дзаумæттæ та?
**С**. Сæрыл даргæ.

**Сабиты хъазт «Цы аивта?»**

*Хъомылгæнæг размæ рахоны, сабитæй кæй бафæнды, уый. Куры, цæмæй йын иууылдæр лæмбынæг бакæсой йæ дарæсмæ, стæй сабитæн фæзæгъы, цæмæй сæ цæстытæ бацъынд кæной! Уыйфæстæ, разæй чи ис, уымæн йæ дарæсмæ исты бафтауы.*
**Зæгъæм**: *Чызджы сæрыл бабаста бант. Лæппуйы сæрыл æркодта худ æмæ а.д. Сабитæ байгом кодтой сæ цæстытæ æмæ дзурынц, цы ивддзинæдтæ бафиппайдтой, уый.*

**Хатдзæг**

**Хъ**. Гъе уый дын лæппутæ æмæ чызджытæ! Амбылдтат. Сымах ныр уæхæдæг зондзыстут дзаумæттæ аив дарын æмæ æфснайын. Ныр цомут æмæ фенæм, уæ дзаумæттæ скъаппы куыд æвæрд сты, уый.
*Сабитæ аив сæвæрынц сæ дзаумæттæ.*

## *18-æм ахуыры сахат*

**Иумæйаг темæ: «Дарæс»**
**Темæ: «Зонæм дзаумæттæ кæнын»**
**Нысантæ:**

– Сабитæ базоной сæ дарæс кæнын (ома, цы цæй фæдыл).
– Иртасой бæрæгбоны æмæ иударон дарæс. Æвзарой дарæсы хуызтæ, йæ хæйттæ; зоной сын сæ нæмттæ.
– Сабиты дарддæр системон операторимæ зонгæ кæнын.
– Цæмæй хъæздыгдæр кæна сæ дзырдуат.
– Цæмæй ахуыр кæной аив уæвынил.

**Архайæн фæрæзтæ**
**Цæстуынгæ:** уæлæ-уæлæ кæндтытæ хъазæн чындз. Алыхуызон бæрæгбоны æмæ национ дарæсы хуызистытæ. Лæппу æмæ чызджы хуызистытæ, дыууæ дæр – ирон дарæсы.

**Райуаринаг:** цалдæр нывгонды, зымæгон тезгъойæн цы дарæс хъæуы, ахæм хуызистытимæ. Къабайы хæйттæ (дыс, дзыпп, æфцæггот, къабайы хахныв); дарæсы дуканийы æмæ дзаумæтты скъаппы хуызистытæ.

### Ахуыры нывæст

**Хъ**. Цæйут-ма, сабитæ, тезгъойæн цы дарæс хъæуы, уый скæнæм нæ уæлæ.

Кæрц-къæрид, зæлдагхъуын,
Нæ чындзы нын схъарм кæн!
Сæрыл хъусджын худ æркæн
Æмæ хъустæ уой æхгæд.
Гъеныр та дæ къухтыл
Акæн пух æрмкъухтæ!
Хъуырбæттæнæй стух дæ хъуыр!
Тезгъомæ цæттæ дæ ныр!
Æхснырсæг кæнæ хуыфæг
Дæу нæ кæндзысты уынгæг.

*Сабитæ архайынц æмдзæвгæйы ныхæстæм гæсгæ.*

*Хъомылгæнæг рахаста хъазæн чындз Мæдинæйы. Йæ уæлæ – халат, йе 'гънæджытæ раст æвæрд не сты æмæ йе 'фцæггот иуырдæм ныхъхъил, дзыппытæ – æддæмæ фæлдæхт. Уæдæ йæ дзабыртæ дæр – зыгъуыммæ: рахиз къахы дзабыр – галиуыл, галиу та – рахизыл.*

**Хъ**. Мæдинæ уазæгуаты цæуы, бæрæгбонмæ, фæлæ-ма бакæсут йæ дарæсмæ. Йæ дарæс уæ зæрдæмæ фæцыд, раст дзы цы нæу?

*(Сабитæ лæмбынæг кæсынц Мæдинæйы дарæсмæ сæрæй къæхтæм; дзурынц, зыгъуыммæ, æнаив цæмæй у, уыдæттæ, æмæ йын ногæй скодтой йæ дарæс.)*

**Хъ**. Стыр бузныг. Раст скодтат Мæдинæйы дарæс æмæ йыл афтæмæй куыд дзæбæх фидауы! Уый у йæ иударон дарæс. Фæлæ ахæм дарæсы ис уазæгуаты цæуæн, уæлдайдæр, бæрæгбонмæ?

**С.** Нæй, нæй!

**Хъ**. Уæдæ, сымахмæ гæсгæ, Мæдинæ цавæр дарæсы хъуамæ ацæуа уазæгуаты, бæрæгбонмæ?

*(Сабитæ кæсынц дарæсы нывгæндтæм, се 'хсæн ис национ дарæсы хуызистытæ дæр. Равзæрстой бæрæгбоны дарæс.)*

*Хъомылгæнæг æрбахаста Алан æмæ Зæринæйы хуызистытæ, уыдон сты национ дарæсы. (Зæлы ирон музыкæ.)*



### Сабиты хъазт «Тымбылæгтæ æмæ квадраттæ»

*Сабитæ стъолты уæлхъус сбадынц æмæ геометрион фигурæты модельтимæ кусынц, стъолтыл сæ сæ разы равæргæйæ.*

**Хъ**. Ссарут-ма æмæ уæ разы æрæвæрут æрвхуыз-цъæх квадрат.

*(Æххæст кæнынц хæслæвæрд.)*

**Хъ**. Квадраты галиуырдыгæй фарс сæвæрут стыр нывамад. Цавæр у уый?

**С.** Сырх зиллакк.

**Хъ**. Квадраты рахизырдыгæй фарс та сæвæрут къаддæр нывамад. Цавæр у уый?

**С.** Кæрдæгхуыз зиллакк.

### Сабиты змæлгæ хъазт «Бирæгъ æмæ тæрхъустæ»

**Хъ.** Сымах иууылдæр стут тæрхъустæ. Уæ асмæ гæсгæ-ма слæуут! Чи уæ у бæрзонддæр? *(Сабиты дзуаппытæ.)*

**Хъ.** Æппæты къаддæр та чи у? *(Сабиты дзуаппытæ.)*

**Хъ.** Иннæ тæрхъустæ асæй сты рæстæмбис? Ныр та хъазгæ акæнæм.

*Хъазтæн нæ бахъæудзысты тæлытæ. Сæ бæрц хъуамæ уа сабиты нымæцмæ гæсгæ. Тæлытæ сты пъолыл, сабитæ лæуууынц сæ астæу. Хъомылгæнæг зæгъы сабитæн, тæрхъустæ, дам, стут. Алкæмæн дæр дзы ис йæхи хæдзаргонд. Тæрхъустæ цал сты, уал сты хæдзæрттæ дæр – æмбæрц. Тæрхъустæ сæ хæдзæрттæй рагæппытæ кодтой митыл ахъазынмæ. Чидæр фæдис систа: «Бирæгъ æрбацæуы!» Тæрхъустæ сæ хæдзæртты бамбæхсынц. Бирæгъ хъæдмæ айсы йæхи.*

**Хъ**. Цал сты тæрхъустæ?

**С.** Бирæ.

**Хъ**. Цал сты хæдзæрттæ?

**С.** Бирæ.

**Хъ**. Кæцытæ сты фылдæр (къаддæр)?

*(Сабиты æркæнын хъæуы ахæм дзуапмæ: æмбæрц.)*

Ацы хъазтæй уынджы дæр ис хъазæн. Хæдзæрттæ та уыдзысты миты рагъыл конд зиллæччытæ.

**Хъ.** Уæ зæрдæмæ фæцыд хъазын? *(Сабиты дзуаппытæ.)*

**Хъ**. Бирæ цæрут!

**Хъ**. Цавæр нывамад у æппæтæй стырдæр?

**С.** Сырх зиллакк.

**Хъ**. Цавæр нывамад у æппæтæй къаддæр?

**С.** Кæрдæгхуыз зиллакк.

сбадт. Уæ рахиз къух кæм ис, уый-ма равдисут. Тæрхъусы зазы рахизырдыгæй фарс сæвæрут.
*Сабитæй иу хæслæвæрд сæххæст кæны.*
**Хъ**. Æрбазгъордта рувас æмæ зазы галиуырдыгæй сбадт. Кæм ис уæ галиу къух? Рувасы-ма зазы галиуырдыгæй сæвæрут.
*Ноджыдæр ма иу саби сæххæст кæны хæслæвæрд.*
**Хъ**. Ныр та хъазгæ акæнæм.

**Сабиты хъазт «Цы аивта?»**

**Хъ**. Галиуырдыгæй – рувас, рахизырдыгæй – тæрхъус, астæуæй та цы ис?
**С.** Заз.
**Хъ**. Сæхгæнут уæ цæстытæ.
*Хъомылгæнæг заз бæлас айсы æмæ æхсæрсæттæджы нывгонд сæвæры. Сабитæ сæ цæстытæй ракæсынц.*
**Хъ**. Цы аивта?
*Сабитæ дзуапп дæттынц.*
**Хъ**. Галиуырдыгæй – рувас, рахизырдыгæй – тæрхъус, астæуæй та чи ис?
**С.** Æхсæрсæттæг.
**Хъ**. Цал нывгонды уæм ис сырдты хуызвыстытимæ, банымайут-ма сæ.
**С.** Æртæ.
**Хъ.** Сырдтæ быцæу кæнын райдыдтой: чи у бæрзонддæр. Баххуыс сын кæнæм?
**С.** О!
**Хъ.** Чи сæ у бæрзонддæр?
**С.** Рувас.
**Хъ.** Тæрхъус æмæ æхсæрсæттæгæй та чи у бæрзонддæр?
**С.** Тæрхъус.
**Хъ.** Равæрут-ма сырдты сæ асмæ гæсгæ.
*(Сабитæй иу æххæст кæны хæслæвæрд; аивы тæрхъус æмæ æхсæрсæттæджы нывтæ сæ бынæттæй).*
**Хъ.** Ныр сырдтæ сты сæ асмæ гæсгæ раст æвæрд: æппæтæй бæрзонддæр – рувас, уыйфæстæ, астæуæй – тæрхъус, æмæ се ‘ппæтæй ныллæгдæр – æхсæрсæттæг. Тæрхъус у æхсæрсæттæгæй бæрзонддæр, фæлæ рувасæй ныллæгдæр. Йæ ас уымæн у рæстæмбис – астæуккаг.



**Хъ**. Алан æмæ Зæринæ дæр цæуынц бæрæгбонмæ. Æрбакæсут-ма сæм, цавæр у сæ дарæс?
*(Сабитæ дзурынц: ирон дарæс, Зæринæ – разгæмтты, Алан та – цухъхъайы.)*
**Хъ**. Æмæ Мæдинæйæн дæр уæ бон у ам ахæм дарæс равзарын?
*(Сабитæ ссардтой æмæ сæ барынц Зæринæйы дарæсимæ.)*
**Хъ**. Афæдзы афонтæй цавæр у ныр? Æдде уазал у æви хъарм?
**С.** Зымæг у ныр, æмæ уый тыххæй у уазал.
**Хъ**. Мæдинæйæн бацамонут, зымæджы йæ тезгъогæнгæйæ цавæр дарæс скæнын хъæуы, уый. Фыццаг цы скæнын хъæуы, фæстагмæ та – цы?
*(Цалдæр хуызисты: цырыхъхъытæ, пъалто, худ, хъуырбæттæн, къаба. Сабитæ сæ равæрдтой, куыд æмбæлы, афтæ.)*
**Хъ**. Мæдинæ, æвæдза, абон цастæ базыдта – уазæгуаты цæугæйæ иухуызы дарæс скæнын хъæуы, тезгъогæнгæйæ та – æндæр. Æмæ та ныр Мæдинæимæ бакæсæм нæ диссаджы телевизормæ (системон оператор).

| | |
|---|---|
| Кæм ис фенæн | дукани<br>скъапп |
| дзаума | къаба |
| йæ сæйраг хæйттæ | къабайы хæйттæ |

*Хъомылгæнæг къабайы хуызист æвæры экраны астæуккаг чырæджы. Экраны иннæ чырæгтæ сабитæ дзаг кæнынц сæхæдæг æфцæгготы, дзыппы, дысты, къабайы нывлыгтæ, дуканийы, скъаппы хуызистытæй.*

**Хатдзæг**

**Хъ**. Мемæ уын абон арфæ кæнынц зæрдиагæй Мæдинæ, Алан æмæ Зæринæ. Ныр уæ бон у бæрæгбоны дарæс æнæуи дарæсæй иртасын. Базыдтат, дзаумæттæй кæцы раздæр кæнын хъæуы, уый. Мæдинæ дæр уæ фæрцы сфидыдта, йæ дарæс у аив æмæ рæсугъд.

## *19-æм ахуыры сахат*

**Иумæйаг темæ: «Хæдзары дзаума»**
**Темæ: «Æмбарынад «Хæдзары дзаума»**
**Нысантæ:**

– Сабиты базонгæ кæнын ног æмбарынад – «хæдзары дзаума»-имæ. Хæдзары дзаумайы нæмттæ, сæ нысаниуæг сын куыд зоной, ууыл сæ ахуыр кæнын.

– Сабиты сфæлдыстадон фæлгæнæн æмæ мысæнуат рæзын кæнын, къæрцхъус куыд уой, дзурынмæ куыд арæхсой, уыдæттæ сын амонын.

– Ахуыр сæ кæнын, цæмæй ауæрдой хæдзары дзаумæттыл, хъахъхъæной сæ æмæ сæ пайда кæнын зоной.

**Архайæн фæрæзтæ**

**Цæстуынгæ:** хъазæн хæдзары дзаумæттæ; магнитофоныл фыст сабыр ирон мелоди.

**Райуаринаг:** аразæн æрмæг.

### Ахуыры нывæст

**Хъ**. Мæ чысыл хуртæ, байхъусут æмдзæвгæмæ «У фынæйафон». Ныффыста уын æй П. Воронько.

*Хъомылгæнæгæн йæ къухы ис кукла.*

| | |
|---|---|
| Изæр ралæууыд йæ рады,<br>Ныр мæ сæрæн чызг фæллад у.<br>Цас кодтой тъæбæртт йæ къæхтæ,<br>Алолай, мæ гыццыл зæрдæ.<br>Цæстытæн – фынæйы афон,<br>Хуыссæг дын цы фынтæ уафы!<br>Сынтæг дæм кæсы æнхъæлмæ,<br>Æмæ адджын фынтæ уын. | *Сабитæ дзырдтæ дзурынц хъомылгæнæджы фæстæ æмæ цыма сæ къухты куклатæ ис, афтæ сæ узынц.* |

**Хъ**. Уæ куклайы фынæй кæнынмæ кæм æвæрут?
**С.** Сынтæджы.
**Хъ**. Ссарут сынтæг.
*(Сабиты размæ – хъазæн хæдзары дзаумæттæ.)*
**Хъ**. Цы ма ис ам сынтæгæй уæлдай?
**С.** Фынг, бандон, скъапп, диван, къæлæтджын æмæ æнд.
**Хъ**. Æмæ фынг цæмæн хъæуы?



къорды предметты бæрц кæрæдзиуыл абарын куыд зоной, ууыл сæ дарддæр ахуыр кæнын, ахæм дзырдтæй пайдагæнгæйæ: цас, уыйас, æмхуызон. Цæрæгойты тыххæй цы зонынц, уыцы зонындзинæдтæ сын бафидар кæнын.

– Дарддæр тыгъдадон æмбарынæдтыл кусын; зымæджы тыххæй сын сæ зонындзинæдтæ ныффидар кæнын.

– Сæ размæ цы проблемæ сæвзæра, уый анализ æмæ синтезы фæрцы райхалын куыд зоной, ууыл кусын, модельтæ аразыныл сæ ахуыр кæнын.

– Адæмимæ æнцонæй зонгæ кæнынмæ дæр æмæ ныхасы бацæуынмæ дæр куыд арæхсой, уыцы миниуджытæ сæм рæзын кæнын.

– Хæларзæрдæ куыд уой, хиуæттыл, хæстæджытыл куыд аудой, уыцы хуызы сæ хъомыл кæнын.

**Архайæн фæрæзтæ**

**Цæстуынгæ:** нывгæндтæ заз, бирæгъ, рувас, тæрхъус æмæ æхсæрсæттæджы хуызвыстытимæ.

**Райуаринаг:** геометрион нывамадтæ – хуызджын тымбылæгтæ æмæ квадраттæ – асæй алыхуызон; тæлытæ.

### Ахуыры нывæст

**Хъ**. Цæй æмæ нæ цæстытыл ауайын кæнæм, цыма тæрхъустæ стæм.

| | |
|---|---|
| Тæрхъус бады, хал æууилы,<br>Дынджыр хъустæ уый ныттилы.<br>Басыдис йæ дзыхъхъы уæртæ,<br>Салд гæккытæ уым æууæрды.<br>Хауы уазалæй тъæппытæ,<br>Фесты, райдайы гæппытæ!<br>Тынг дын уалынджы фæтарст,<br>Пыхсджын къудзитæм – тæррæст! | <br>*Сабитæ дзуццæджы бадынц.*<br>*Сæ къухтæ хъустыл авæрынц.*<br>*Сæ къухтæ æууæрдынц кæрæдзиуыл.*<br>*Æмраст слæууынц.*<br>*Сабитæ гæппытæ кæнынц.*<br>*Æрлæууынц.* |

**Хъ**. Тæрхъусæн уазал у. Цæмæн ын у уазал?
**С.** Уымæн æмæ зымæг у.
**Хъ**. Хъæды цавæр цæрæгойтыл ис сæмбæлæн зымæгон? *(Сабиты дзуаппытæ.)*
*Æрмæгæвдисæн фæйнæгыл равæрын хъæуы заз бæлас.*
**Хъ**. Ай циу?
**С.** Заз.
**Хъ**. Зазмæ æрбазгъордта тæрхъус æмæ йæ рахизырдыгæй фарс

**С.** Бирæ.
**Хъ.** Алы митын лæгæн дæр ис хæдзар?
**С.** Ис.
**Хъ.** Фылдæр дзы кæцытæ сты: митын лæгтæ æви хæдзæрттæ?
**С.** Æмбæрц сты.
**Хъ.** Митын лæгтæ цæйбæрц сты, хæдзæрттæ дæр – уыйбæрц.
*(Хъазт фæлхатгонд цæуы 2 хатты.)*

**Хатдзæг**

**Хъ**. Абон нæм уазæгуаты уыдысты митын лæгтæ. Æмхуызæттæ уыдысты æви алыхуызæттæ?
*(Сабиты дзуаппытæ.)*
**Хъ**. Митын лæгтæ нæ сахуыр кодтой 3-йы онг нымайын. Уæ къухтæй-ма 3 хатты æркъæрцц кæнут.
*(Сабитæ къæрццытæ кæнынц æмæ нымайынц.)*
**Хъ.** Байхъусут-ма, цал къæрццы фехъусдзыстут.
*(Хъомылгæнæг иу хатт æркъæрцц кæны.)*
**С.** Иу хатт.
**Хъ.** Ныр та сымах иу хатт фылдæр æркъæрцц кæнут. Цал къæрццы уын рауадис?
**С.** Дыууæ.
**Хъ.** Æз ма ноджы иу хатт фылдæр куы æркъæрцц кæнон, уæд та цал къæрццы ауайдзæн уæ хъустыл?
**С.** Æртæ!
**Хъ.** Мæнæ æмбисонды гуырдтæ!

## *13-æм ахуыры сахат*

**Иумæйаг темæ: «Зымæг» (Цæрæгойтæ)**
**Темæ: «Тыгъдадон æмбарынæдтæ «галиуырдыгæй», «рахизырдыгæй». Æмбарынад «астæуæй»-имæ зонгæ кæнын»**
**Нысантæ:**
– Тыгъдадон æмбарынæдтæ «галиуырдыгæй», «рахизырдыгæй»-ы тыххæй зонындзинæдтæ фидар кæнын. Базонгæ кæнын сабиты æмбарынадимæ «астæуæй», «астæуккаг», «рæстæмбис». Сæ нымайыны арæхстдзинад сын ныффидар кæнын. Дыууæ



*(Сабитæ дзурынц, стъол цæмæн хъæуы, ууыл. Афтæ бандоны, скъаппы, диваны, къæлæтджыны нысаниуæджы тыххæй.)*
**Хъ**. Æмæ уыдонæн цавæр иумæйаг ном ис?
**С.** Хæдзары дзаумæттæ.
**Хъ**. Æмæ хæдзары дзаумæттæ кæм вæййынц, сæ бынат кæм ис?
**С.** Уаты, цæлгæнæны, хæдзары.
**Хъ**. Æмæ куклатæй куы фæхъазут, уæд та уæм цавæр хæдзары дзаума вæййы?
**С.** Хъазæн.
**Хъ**. Лæппутæ æмæ чызджытæ! Уæ бон у хъазæн хæдзары дзаумайæ пайда кæнын, ома, ахæм гыццыл бандон кæнæ къæлæтджынил сбаддзыстут?
**С.** Нæ, мах стыртæ стæм.
*Зæлы музыкæ.*
**Хъ**. Æмæ уæ ныр, зæгъæм, аргъауы нымæтын ехсæй æрцавтон æмæ сымах фестадыстут гыццыл адæймæгтæ, уыдисн кæнæ уылынджы йас.
*(Ехсæй кæнæ бæттæнæй æркъæрцц ласы.)* Уæ цæстытæ бацъынд кæнут æмæ уæхицæн зæгъут: æваст гыццыл муртæ фестадыстæм. Ис нын гыцци гуккытæ, гæккытæ æмæ гуыр. Уæ цæстытæ байгом кæнут. Ныр куыд хъуамæ цæуат?
*(Сабитæ æрбадтысты кæнæ æргуыбыр кодтой æмæ афтæмæй гыццыл къахдзæфтæ кæнынц.)*
**Хъ**. Ныр та уæ ногæй æркъæрцц ластон нымæтон ехсæй (къæрцц) – æмæ фестадыстут бынтон стыртæ, уæйгуыты хуызæн. Равдисут-ма, ныр та куыд цæудзыстут?
*(Сабитæ сæхи сраст кодтой, къахфындзтыл слæууыдысты æмæ сæхи хæрдмæ ивазынц. Сæ къæхтæ бæрзонд исгæйæ кæнынц стыр къахдзæфтæ.)*
**Хъ**. Æмæ ахæм стыр адæмæн та сæ хæдзары дзаума цавæр хъуамæ уаид? Гыццыл? Æнæуи дзаумайы йас?
**С.** Нæ! Егъау, тынг дынджыр фынг, бандæттæ, скъапп.
**Хъ**. Нымæтын ехсæй та къæрцц кæнын, æмæ та фæстæмæ фестадыстут сывæллæттæ. Ныр та уæм ахæм фарст: цавæртæ уæ фæндид уæвын – стыртæ æви гыццылтæ? Цæмæн?
*(Сабиты дзуаппытæ, уадз æмæ дзы алчидæр зæгъа йæ хъуыды.)*
**Хъ**. Цæй æмæ ныр та нæ хъазæн чындзытæн саразæм хæдзары дзаума! Ис нæм уый тыххæй сæрмагонд арæзтадон æрмæг. Цы у нæ бон скæнын?

**С.** Стъол, бандон, сынтæг æмæ а.д.
*(Сабитæ æмбырд кæнынц хъазæн хæдзары дзауматтæ. Хъомылгæнæг сæ æппæлы. Уалынмæ сын аивæй сæ хъазæн хæдзары дзауматтæ иннæрдæм фæфæлдæхта.)*
**Хъ**. Ме 'взонг хæлæрттæ. Æрбакæсут-ма, дзауматтæ – фæлдæхтæй, пырхытæй æмæ цъыфæй алы рæтты, – уæ зæрдæмæ цæуынц?
*(Сабиты дзуаппытæ.)*
**Хъ**. Æмæ хæдзары дзаумæттыл куынæ ауæрдай, куынæ сæ хъахъхъæнай, куы сæ сæттай, уæд цы бауыдзысты?
*(Сабитæ нымайынц, хæдзары дзаумамæ куыд зилын хъæуы, уыдæттæ.)*
*Сабиты змæлгæ хъазт «Ссар æмæ цы хуыйны, уый зæгъ».*
**Хъ.** Сабитæ, æмæ бадгæ та цæуыл кæнут?
**С.** Бандæттыл.
**Хъ.** Ссарут бандæттæ æмæ сæ цурмæ базгъорут.
*Сабитæ æххæст кæнынц хæслæвæрд.*
**Хъ.** Æмæ уæ хъазæнтæ та кæм бафснайут?
**С.** Скъаппы.
*Сывæллæттæ скъаппы цурмæ базгъорынц.*
**Хъ**. Сабитæ, æмæ сымах цавæр хæдзары дзаумайæ фæпайда кæнут?
*(Сабитæ дзурынц, сæ къорды цы хъæдын дзаумæттæ ис, уыдоныл. Æмбарын кæнынц сæ нысаниуæг, æвæрд сыл цы вæййы, кæцы ран фæлæууынц, уыдæттæ.)*
**Хъ**. Æмæ, зæгъæм, хæдзары дзаума æппындæр нæй, уæд кæм уаиккой уæ хъазæнтæ, уæ чингуытæ? Фынæй-иу цæуыл кæниккат? Цæуыл бадиккат?
**С.** Уæд алцыдæр уаид пъолыл…
**Хъ**. Æмæ алцыдæр пъолыл куы уаид, зæххыл, уæд нын æнцон уаид уый, æхсызгон?
*(Сабиты дзуаппытæ.)*

**Хатдзæг**

**Хъ**. Æмæ иугæр афтæ у, уæд мах æхсызгон хъæуы хæдзары дзаума, нæ фадæттæ нын æнцондæр, хуыздæр кæны æмæ йæ хъæуы хъахъхъæнын. Сæттын, чъизи кæнын æй нæ хъæуы. Фæхъæуы йæ сæрфын хус хæцъилæй. Афтæмæй фылдæр фæлæудзæн.



**С.** Дыууæ.
**Хъ.** Митын лæгтæ та цал сты?
**С.** Дыууæ.
**Хъ.** Кæцытæ сты фылдæр: митын лæгтæ æви чъилджын худтæ?
**С.** Æмбæрц сты.
**Хъ.** Раст загътат. Худтæ æмæ митын лæгтæ сты æмбæрц. Фæлæ ма æрбацыди иу митын лæг.
*(Хъомылгæнæг ма иу митын лæг равæрдта фæйнæгыл, сабитæ та – стъолтыл.)*
**Хъ.** Ныр та худтæ æмæ митын лæгтæ æмбæрц сты?
**С.** Не сты æмбæрц.
**Хъ.** Цы дзы ис фылдæр? Къаддæр та?
**С.** Митын лæгтæ фылдæр сты, чъилджын худтæ – къаддæр.
**Хъ.** Цал сты митын лæгтæ?
**С.** Æртæ.
**Хъ.** Цал сты чъилджын худтæ?
**С.** Дыууæ.
**Хъ.** Цы бакæнын хъæуы, цæмæй æмбæрц уой?
**С.** Иу митын лæгæн ма худ раттæм.
**Хъ.** Раттут ын уæдæ худ, науæд фæтæргай уыдзæн.
*(Æххæст кæнынц хæслæвæрд.)*
**Хъ.** Ныр та цал сты чъилджын худтæ?
**С.** Æртæ.
**Хъ.** Митын лæгтæ та?
**С.** Æртæ.
**Хъ.** Фылдæр цытæ сты: митын лæгтæ æви худтæ?
**С.** Сты æмбæрц.
**Хъ.** Æртæ чъилджын худы æмæ æртæ митын лæджы – æмбæрц. Ныр митын лæгтæ нал фæтæргай уыдзысты.

**Змæлгæ д/хъазт «Митын лæджы хæдзар»**

**Хъ.** Алы митын лæгæн дæр ис хæдзар. Бонæй тезгъо кæнынц, æхсæв та – фынæй. Ныртæккæ сымах уыдзыстут митын лæгтæ, тæлытæ та – уæ хæдзæрттæ. Ныр у бон. *(Сабитæ тезгъо кæнынц.)* Ныр та у æхсæв æмæ уæ хæдзæрттæ ссарут. *(Сабитæй алчидæр бахизы йæ хæдзармæ – тæлыйы хуылфмæ).*
**Хъ.** Цал сты митын лæгтæ?
**С.** Бирæ.
**Хъ.** Цал сты хæдзæрттæ?

**Хъ**. Уары мит. Уæдæ цавæр афæдзы афон у?
**С.** Зымæг.
**Хъ.** Сабитæ митæй скодтой æмдымбылæгтæ (шартæ).
*Хъомылгæнæг æвдисы 2 стыр урс зиллаччы амонæн фæйнæгыл.*
**Хъ.** Ацы зиллæччытæ сты миты стыр къуыбæртты хуызæн. Цал сты?
**С.** Дыууæ.
**Хъ.** Уыйфæстæ ма сабитæ сарæзтой иу къуыбар. Цал сты ныр та?
**С.** Æртæ.
**Хъ.** Æдæппæтæй сты 3.
*(Хъомылгæнæг ма иу æмдымбылæг æрæвæры.)*
**Хъ.** Махæн та ныр цал сты?
**С.** Æртæ æмдымбылæджы.
**Хъ.** Куыд хъуыды кæнут, цæмæн нæ хъæуынц ацы 3 æмдымбылæджы?
**С.** Цæмæй саразæм митын лæг.
*(Хъомылгæнæг сабитæй иу ракæны, цæмæй уый æмдымбылæгтæй сараза митын лæг.)*

**Сабиты хъазт «Митын лæгтæ»**

*Сабитæ бадынц стъолты уæлхъус. Сæ разы – митын лæгтæ 3 æмæ квадраттæ – «чъилджын худтæ» – митын лæгтæн.*
**Хъ.** Æрбакæсут-ма, абон нæм æрбацыд митын лæгтæ.
*(Æрмæгæвдисæн фæйнæгыл хъомылгæнæг æрæвæры дыууæ митын лæджы.)*
**Хъ.** Æмхуызæттæ сты æви алыхуызæттæ?
**С.** Æмхуызæттæ.
**Хъ.** Æмæ цал сты?
**С.** Дыууæ.
**Хъ.** Алчидæр уæ йæ разы æрæвæрæд уыйбæрц митын лæджы.
*(Æххæст кæнынц хæслæвæрд.)*
**Хъ.** Цал митын лæджы дæм ис? Дæумæ та?
**С.** Дыууæ.
**Хъ.** Алы митын лæгыл дæр хъуамæ уа чъилджын худ. Квадраттæ уыдзысты чъилджын худтæ митын лæгтæн. Раттут алы митын лæгæн дæр худ.
*(Сабитæ æххæст кæнынц хæслæвæрд стъолтыл, хъомылгæнæг та – æрмæгæвдисæн фæйнæгыл.)*
**Хъ.** Цал квадраты райстай? Æмæ ды та?



## *20-æм ахуыры сахат*

**Иумæйаг темæ: «Хæдзары дзаума»**
**Темæ**: **«Хæдзары дзаумæттæ æмæ сæ хæйттæ»**
**Нысантæ**:

– Сабиты ахуыр кæнын, цæмæй зоной хæдзары дзаумайы æмæ йæ сæйраг хæйтты нæмттæ; иумæйагæй сæм цы ис æмæ хицæн цæмæй кæнынц, уыдæттæ.
– Рæзын кæнын сæ логикон хъуыдыкæнынад, кусын сæ мысæнуаты рæзтыл, къæрцхъус куыд уой, сæхи бон куыд уа архайын. «Системон операторимæ» сæ дарддæр зонгæ кæнын.
– Иумæ хъазыныл куыд фæцалх уой, кæрæдзийæн æххуыс куыд кæной, уыцы хуызы сæ хъомыл кæнын.

**Архайæн фæрæзтæ**
**Цæстуынгæ:** кукла Алинæ. Хæдзары дзаумайы хуызистимæ нывгæндтæ.
**Райуаринаг:** системон оператор: нывгæндтæ бандоны æмæ йæ хæйтты хуызистытимæ, ноджы ма хæдзары дзаумайы, дуканийы, рæвдауæндоны, кафейы нывтимæ.

**Ахуыры нывæст**

**Хъ**. Ахъазæм нæ гуккытæй.

| | |
|---|---|
| Стъолæн ис къæхтæ цыппар,<br>Мæнæ йын мæ арм та – «цар».<br>Къæхтæ, къух æмæ æрбадæн –<br>Уый та уын æнахуыр бандон. | *Галиу къух – тымбылæй. Уæлейы йыл æруадз рахиз къухы арм. Галиу къух сисын (гом армимæ). Иннæ къух æм тымбылæй бынæй сбыцæу кæнын, стыр æнгуылдз зæхмæ арæзт, афтæмæй.* |

**Хъ**. Цы сарæзтам мах ныр нæ къухты ’ххуысæй?
**С.** Стъол, бандон.
**Хъ**. Æмæ сæ иу дзырдæй куыд схондзыстæм?
**С.** Хæдзары дзаума.
**Хъ**. Махмæ уазæгуаты æрбацыди хъазæн чындз Алинæ æмæ йæ фæнды цыдæр зæгъын.
*(Йæ хъæлæс аивта.)*
**Алинæ.** Чызджытæ æмæ лæппутæ, уæ хорзæхæй, баххуыс мын кæнут. Мæн мæ уатмæ хъæуы хæдзары дзаума, фæлæ нæ зонын, кæм райсгæ у, уый.

**С.** Хæдзары дзаума балхæнæн ис дуканийы.
**Алинæ.** Æз бацыдтæн дуканимæ, фæлæ дзы уæй кæнынц дзул, æхсыр, цыхт æмæ а.д. Хæдзары дзаумайыл дзы мæ цæст не ’рхæцыд.
**С.** Ды уыдтæ хойраджы дуканийы. Хæдзары дзаума та уæй кæнынц сæрмагонд дуканийы.
**Хъ**. Алинæ, æмæ дæу цавæр хæдзары дзаума хъæуы?
**Алинæ.** Мæгъа, нæ зонын. Сымах мын бауынаффæ кæнут. Мæ уат бынтон афтид у æмæ мын зæгъут – цы дзы хъуамæ уа?
**Хъ**. Сабитæ, хуызисты ссарут хъæугæ хæдзары дзаума.
*(Сабиты размæ – бирæ нывгæндтæ хæдзары дзаумайы хуызистытимæ. Сабитæ Алинæйæн æвзарынц æмæ амонынц, цы дзаумæттæ йæ балхæнын хъæуы, уый. Кæд ын бандон æмæ къæлæтджын дæр исын кæной, уæд сæ Алинæ куры, цæмæй йын бамбарын кæной, æмхуызон цæмæй сты æмæ хицæн цæмæй кæнынц, – ома дзы йæ уаты кæцы хуыздæр сфидаудзæн, уый.)*
**Зæгъæм**: Бандон æмæ къæлæтджын æмхуызон сты уымæй, æмæ сыл ис бадæн. Ис сын къæхтæ, æрбадæн, къух (адæймаг йæхи фæстæмæ цæуыл ауадзы, уый.) Сты хъæдæрмæгæй конд. *(Сывæллæттæ кæсынц, къорды сæм цы дзаумæттæ ис, уыдонмæ. Сгарынц сæ, æрхæссынц сыл сæ арм. Афтæмæй базондзысты, хъæдын кæй сты, уый.)*
**Хицæндзинад:**
Бандон у хъæбæр. Ис ыл стъолы уæлхъус бадæн æмæ ходæн хæрæн. Къæлæтджын та вæййы фæлмæн, зырнæйзылд, ис ыл къухæвæрæнтæ. Ууыл бадгæйæ адæймаг цыма улæфгæ фæкæны – ауадз ыл дæхи дæ зæрдæйы дзæбæхæн!
**Хъ**. Ме ’взонг хæлæрттæ, ныр та Алинæимæ бакæсæм нæ диссаджы телевизормæ.

| | |
|---|---|
| Ис дзы фенæн | |
| Дзаумæттæ | бандон |
| Сæйраг хæйттæ | |

*Хъомылгæнæг бандоны хуызистимæ нывгонд æрæвæры экраны астæу. Иннæ нывгæндтæ сабитæ æвæрынц сæхæдæг.*

### Хатдзæг

**Хъ**. Амбылдтат та, мæ чысыл хуртæ! Алинæ уын арфæ кæны, хорз хæдзары дзаума йын кæй равзæрстат, уый тыххæй, стæй йын кæй



## *12-æм ахуыры сахат*

**Иумæйаг темæ: «Зымæг»**
**Темæ: «Нымæц æртæ»-имæ зонгæ кæнын**
**Нысантæ:**

– Базонгæ кæнын сабиты цифрæ 3-имæ æмæ, куыд равзæры, уыимæ. Æртæйы онг нымайын сæ сахуыр кæнын, дыууæ хæрхы абарыны бындурыл, иуæг сæм бафтаугæйæ. Хъуамæ зоной фæстаг нымæцон ранымад къордимæ бæттын æмæ æмбарой, уыцы нымæцон къорды æппæт предметты бæрц дæр кæй амоны, уый; дыууæ къорды предметты бæрц абарынмæ дæр арæхсын.
Дарддæр сын уæрæхдæр кæнын сæ зонындзинæдтæ афоны, рæстæджы тыххæй: «бон», «æхсæв». Хъæрæй нымайгæйæ цæмæй нымæцтæ кæрæдзийæ иртасой, ууыл сæ ахуыр кæнын.
Афæдзы афонты тыххæй сын се ’мбарынад дарддæр рæзын кæнын: зымæджы тыххæй цытæ зонынц, уыдон сын сæ зонды ныффидар кæнын.
– Ныронг цы базыдтой, уый сбæрæг кæнын æмæ, цæмæй сæхи хъæппæрисæй ног истытæ базонынмæ тырной, ууыл сæ ахуыр кæнын.
– Иумæйаг хъæзтыты архайгæйæ кæрæдзийæн æххуыс куыд кæной, уыцы хуызы сæ хъомыл кæнын.

**Архайæн фæрæзтæ**
**Райуаринаг**: 3 алыхуызон урс зиллаччы, 3 æмхуызон æрвхуыз квадраты, 3 æмхуызон урс митын лæджы, 3 урс æмхуызон миты нывтæ (алы сывæллонæн дæр).

### Ахуыры нывæст

**Хъ**. Уæ цæстытыл-ма ауайæд, цыма миты гæлæбутæ стут, уый.

Мит æнæвгъау уары,
Урс гæлæбутæ луары –
Фæлмæн æмæ хæмпус.
Зилынц хаугæ-хауын,
Зæхх мит-хъæццулы тухынц,
Урс пакъуыйау раст.
Зазы бын æрхуыссынц,
Тарф фынæй кæнынц.

*Сабитæ фæзмынц миты гæлæбуты тахт текстмæ гæсгæ. Дзуццæджы æрбадынц, сæхгæнынц сæ цæстытæ, стæй сыстынц.*

**Хъ**. Ӕмæ цæмæй фæстæмæ æмхуызæттæ суой, уый тыххæй та куыд бачындæуа?
**С.** Кæнæ ма ныллæгдæрмæ иу бафтау, науæд та стырдæры сæрæй иу айс.
*Хъомылгæнæг сабитæй раппæлы æмæ сын ног хъазт бацамоны.*

**Д/хъазт «Ӕмхуызон ныввтæ»**

*Гауызыл – хъазæнты хуызвыстытимæ нывтæ. Хъомылгæнæг фæзæгъы, цæмæй райсой иугай нывтæ.*
**Хъ.** Цал нывы ис дæумæ? Дæумæ та?
**С.** Иу.
**Хъ.** Алкæмæ дæр ис фæйнæ иу нывы.
*Хъомылгæнæг æрæвæры сабиты астæу стыр тæбæгъыл нывтæ.*
**Хъ.** Алчидæр ссарæд, йæ къухы цавæр нывы ис, ахæм, æмæ йæ райсæд.
*(Ӕххæст кæнынц хæслæвæрд.)*
**Хъ.** Цал нывы ис дæумæ? Дæумæ та?
**С.** Дыууæ.
**Хъ.** Уыдис иу нывы, бафтыдтам ма йæм иу – ныр та сты дыууæ. Ӕмæ алыхуызæттæ сты æви æмхуызæттæ?
**С.** Ӕмхуызæттæ.
**Хъ.** Алкæмæ дæр ис фæйнæ дыууæ нывы – ома æмбæрц.
*Дарддæр хъомылгæнæг фæзæгъы, цæмæй, нæ алыварс цыдæриддæр ис, уыдоны æхсæн ссарой 2 æмхуызон предметы (2 бандоны, 2 стъолы æмæ а.д.)*
**Хъ.** Цавæртæ уыдысты дуканийы хъазæнтæ?
*(Сабиты дзуаппытæ.)*
**Хъ.** Ӕмæ дукани та кæд байгом вæййы?
**С.** Райсомæй.
**Хъ.** Ӕхгæнгæ та йæ кæд скæнынц?
**С.** Изæрæй.

**Хатдзæг**

**Хъ**. Тынг хорз сарæхстыстут уæ хæслæвæрдтæ сæххæст кæнынмæ. Ӕнцон уын цы у? Цы уын уыд зын? Цы фæцыд уæ зæрдæмæ?
*(Сабиты дзуаппытæ.)*
**Хъ**. Сахъгуырдтæ стут!



радзырдтат, цæмæй сæ саразынц, уый тыххæй дæр. Ныр уæхæдæг зонут:
- 4 къахы, къух æмæ æрбадæн кæй у … (бандон);
- 4 къахы æмæ йæ уæлæ сæр у … (стъол); (фынг)
- фæлмæн æмæ æнцонбадæн у … (къæлæтджын);
- егъау къопп дарæсæн у … (скъапп);
- ис ыл дзæбæх фынæй кæнæн, уый та у … (сынтæг).

*Хъомылгæнæг дзургæйæ æвдисы хæдзары дзаумæтты нывтæ.*

## *21-аг ахуыры сахат*

**Иумæйаг темæ: «Мады бæрæгбон»**
**Нысантæ**:
– Дарддæр ахуыр кæнын сабиты хæрхытæ дих кæныныл. Хъомыл сæ кæнын афтæ, цæмæй сабитæ аргъ кæной сæ мадæлтæн æмæ нанатæн, цæмæй сæ уарзой. Цæмæй сæм æвзæра сæрыстырдзинады æнкъарæн сæ хистæрты хъуыддæгты æмæ архайды тыххæй.
– Рæзын сын кæнын сæ мысæнуат, сæ логикон хъуыдыкæнынад, кусын сæ ныхасы рæзтыл.
– Кæрæдзийæн æххуыс кæнын, кæрæдзимæ хæлар цæстæй кæсыныл сæ ахуыр кæнын.
**Архайæн фæрæзтæ**
**Цæстуынгæ:** нывгæндтæ «Мады æххуысгæнджытæ», зæгъгæ, уыцы къордæй.
**Райуаринаг:** лыггæнгæ нывгæндтæ дидинæджы хуызистимæ (4 хайæ).

**Ахуыры нывæст**

**Хъ**. Адджын гуыл, хæрзад –
Скодтам æй нæхæдæг мах.
Адджын гуыл, хæрзад,
Айс æй ныр, нæ мад.
*(Е. Шмакова)*

*Сабитæ хъомылгæнæджы фæстæ дзурынц ныхæстæ. Сæ гуккытæй та цыма гуыл кæнынц, афтæ æвдисынц…*

**Хъ**. Кæмæн скодтат ахæм гуыл?
**С.** Мадæн, мадæн.

**Хъ**. Ӕмӕ зонут, тагъд цы бӕрӕгбон уыдзӕн, уый?
**С.** Мады бон, 8-ӕм Мартъи.
**Хъ**. Раст зӕгъут. Фӕлӕ уый айдагъ мадӕлты бӕрӕгбон нӕу, фӕлӕ ма нанаты дӕр. Ӕз зонын, сымах уӕ нанатӕн ӕмӕ мадӕлтӕн кӕй феххуыс кӕнут, уый. Фӕлӕ цавӕр куыстытӕ-зилӕнтӕ кӕнын у уӕ бон?
*(Сабиты дзуаппытӕ.)*

**Хъ**. Ӕз сӕрӕн дӕн цъилау,
Дидинджытӕм зилын.
Стӕй куы вӕййы уалдзӕг, сӕрд,
Гъе уӕд та фӕмӕрзын кӕрт.
*(Е. Карасев)*

*Сабитӕ та дзурынц ӕмдзӕвгӕты рӕнхъытӕ ӕмӕ змӕлынц ныхӕсты мидисмӕ гӕсгӕ.*

**Хъ**. Нӕ кӕнын зивӕг ӕз ӕппындӕр,
Нӕ фӕкӕнын ӕрра гӕппытӕ.
Мӕ чингуытӕ, мӕ хъазӕнтӕ
Мӕнӕй куыннӕ уой разы –
Ӕз сӕ мӕхӕдӕг алы 'зӕр
Бӕстон ӕфснайын уарзын!
*(Н. Бромлей)*

**Хъ**. Тынг ӕнӕзивӕг сабитӕ стут. Уӕ мадӕлтӕ дӕр разы сты сымахӕй, цин кӕнынц, хорз ӕххуысгӕнджытӕ сын кӕй ис, афтӕ дзӕбӕх кӕй арӕхсут, уый тыххӕй. Зӕгъӕм, дӕу бафӕндыд дӕ мадӕн фехххуыс кӕнын пъол мӕрзгӕйӕ ӕмӕ ӕхсгӕйӕ. Цытӕ йӕм хъӕудзӕн уӕд бахӕссын?

**Сабиты хъазт «Ӕххуысгӕнджытӕ»**

*(Гауызыл цы нывгӕндтӕ ис, уыдонӕй сабитӕ ӕвзарынц бедра, цъылын, швабрӕ, хӕцъилты хуызистытӕ кӕуыл ис, уыдон.)*
*Хъомылгӕнӕг сын арфӕ кӕны мады номӕй.*
**Хъ**. Нана райста ӕрдӕгконд цъында, фӕлӕ дзы мӕрдырох ӕрбаци, къуыбылой, телтӕ ӕмӕ кӕсӕнцӕстытӕ кӕм сӕвӕрдта, уый. Ссарутма йын сӕ сымах.
*(Сабитӕ та ӕвзарынц хъӕугӕ хуызистытӕ.)*
**Хъ**. Уӕллӕй, амбылдтат та. Уӕ мадӕлтӕ ӕмӕ нанатӕн ӕхсызгон уыдзӕн, ахӕм сӕрӕн ӕххуысгӕнджытӕ сын кӕй ис. Ӕмӕ сӕ цӕсгӕмттӕ ныррухс уыдзысты, сӕ мидбылты бахуддзысты фырцинӕй.
Уарзут, уӕ мадӕлтӕ сӕ мидбылты куы фӕхудынц, уый?
*(Сабиты дзуаппытӕ.)*



**С.** Фӕйнӕхуызӕттӕ.
**Хъ**. Цыхуызӕттӕ сты сӕ асмӕ гӕсгӕ?
**С**. Ӕмхуызӕттӕ.
**Хъ**. Цал сты пуртитӕ?
**С.** Дыууӕ.
**Хъ**. Кӕцы тӕрхӕгыл ис фылдӕр хъазӕнтӕ: уӕллаг ӕви дӕллагыл?
**С.** Дӕллагыл. *(Бинагыл.)*
**Хъ**. Цӕмӕй йӕ базыдтат?
*Кӕд ӕмӕ сабитӕ дзуапп дӕттынмӕ къуылымпы кӕной, уӕд сын хъомылгӕнӕг ӕххуыс кӕны. Се 'ргом сын аздахы матрешкӕтӕ ӕмӕ пуртиты нымӕцмӕ – ома гыццыл матрешкӕтӕ цӕйбӕрц сты, пуртитӕ дӕр уыйбӕрц сты; уӕллаг тӕрхӕгыл ма ис стыр матрешкӕ, бинагыл та – гуымсгӕнӕн. Уӕллаг тӕрхӕгыл хъазӕн нал ис, бинагыл та – машинӕ. Уымӕ гӕсгӕ бинаг тӕрхӕгыл ма фылдӕр ис хъазӕнтӕ. Афтӕмӕй хъазӕнты нымӕц къӕйттӕм гӕсгӕ абарынц.*
*Уыйфӕстӕ сӕ ахъазын кӕны ӕмтигъонтӕй (кубиктӕй).*

**Сабиты хъазт «Кубиктӕ»**

*Сабиты раз ис хуызджын кубиктӕ – стыртӕ ӕмӕ гыццылтӕ. Хъомылгӕнӕг сын зӕгъы, цӕмӕй фӕйнӕ дыууӕ ӕмхуызон кубичы равзарой. Ӕркӕсы сын сӕ архайдмӕ ӕмӕ бафиппайы, зӕгъгӕ, сабитӕй иутӕ равзӕрстой ӕмиас кубиктӕ, ӕцӕг сӕ хуызмӕ гӕсгӕ та сты фӕйнӕхуызон. Иннӕтӕ та равзӕрстой асӕй дӕр ӕмӕ хуызӕй дӕр ӕмхуызон кубиктӕ. Фӕлӕ та кӕд сабитӕ къуыхцытӕ кӕной, кубиктӕ кӕрӕдзийӕ иртасгӕйӕ, уӕд хъомылгӕнӕг йӕ армытъӕпӕн фӕрсӕй-фӕрстӕм лӕууӕг дыууӕ кубикыл ӕрӕвӕры – кӕд йӕ къух сӕ дыууӕйыл дӕр ӕрӕнцайы, уӕд кубиктӕ бӕрзӕндӕй ӕмхуызӕттӕ сты, кӕд нӕ, уӕд та сӕ иу иннӕмӕй дӕлдӕр у.*
*Стӕй сын бафӕдзӕхсы ӕмхуызон кубиктӕй фӕйнӕ дыууӕ ӕмхуызон бӕрзӕндӕн мӕсыджы самайын.*
*Ӕмхуызон кӕнӕ та фӕйнӕхуызон кӕй сты, уый бӕлвырд кӕнӕм раздӕрау тъӕпӕн къухы ӕрӕвӕрдӕй. Уыйфӕстӕ сӕ афтӕ бафӕрсы:*
**Хъ**. Цы скӕнын хъӕуы, цӕмӕй иу мӕсыг уӕлдӕр уа, иннӕ та дӕлдӕр, уый тыххӕй?
**С.** Мӕсыджы сӕрӕй иу кубик айс – уый дын иу мадзал, кӕнӕ та сӕ дыууӕйӕ иуы сӕрыл ноджыдӕр ма кубик бавӕр – уый та дын дыккаг мадзал.

**Архайæн фæрæзтæ**

**Цæстуынгæ:** дуканийы витринæйы хуызвыстимæ ныв.

**Райуаринаг:** хуызджын æмтигъонтæ (кубиктæ) – стыртæ æмæ чысылтæ, æмхуызон хъазæнты нывтæ – алы сабимæ дæр – фæйнæ дыууæйы.

### Ахуыры нывæст

**Хъ.** Райсомæй хур райхъал æмæ хъазæнты дукани байгом.

Хъомылгæнæг хъæрæй кæсы æмдзæвгæ.

Дукани байгом сабитæн,
Цæй-ма уырдæм арвитæм
Хъазæнтæй цæмæдæрты
 লæппуты сæрæндæрты.
Бирæ дзы ис алцыдæр:
Мах хъæуид машинæтæ,
Ноджы ма гуымсгæнæн дæр…
’Ппæты уæле астæуæй та
Сырх пурти куыд райстæуа?

**Хъ**. Куыд баххуысгæнæн ис лæппутæн, цæмæй уæллаг тæрхæгæй сырх пурти райсой?

*(Сабитæ алы фæндтæ хæссынц.)*

*Хъомылгæнæг сæ æдзынæг кæсын кæны, дуканийы витринæйы хуызвыст кæм ис, уыцы нывмæ.*

1-аг тæрхæгыл: 2 чысыл матрешкæйы, 1 стыр матрешкæ;

2-аг тæрхæгыл: 2 чысыл пуртийы, гуымсгæнæн, машинæ.

**Хъ**. Уæллаг тæрхæгыл цавæр хъазæнтæ ис?

**С.** Матрешкæтæ.

**Хъ**. Матрешкæтæ æмхуызæттæ сты æви алыхуызæттæ?

**С.** Алыхуызæттæ.

**Хъ**. Цыхуызæттæ сты?

**С.** Стыртæ æмæ чысылтæ.

**Хъ**. Стыр матрешкæтæ цал сты?

**С.** Иу.

**Хъ**. Цал сты чысыл матрешкæтæ?

**С.** Дыууæ.

**Хъ**. Æмæ дæллаг *(бинаг)* тæрхæгыл та цавæр хъазæнтæ ис?

*(Сабитæ сæ нымайынц.)*

**Хъ**. Пуртитæ сæ хуызмæ гæсгæ æмхуызæттæ сты æви алыхуызæттæ?



### Сабиты хъазт «Фæлмæн ныхæстæ»

**Хъ**. Цæй æмæ нæ мадæлтæ æмæ нанатæн дзурæм фæлмæн, хъарм ныхæстæ. Уæд сæ зæрдæйы уаг алкæддæр уыдзæн хорз, хъæлдзæг.

*(Сабитæ лæууынц цæлхæмбырдæй æмæ кæрæдзимæ дидинæг дæтгæйæ фæзæгъынц иу «фæлмæн» дзырд: хъæлдзæг, рæсугъд, хорз, уарзон, зондджын, узæлаг æмæ а.д.)*

**Хъ**. Оу, мæнæ диссæгтæ! Цас æмæ цас хорз ныхæстæ зæгъдзыстут уæ мадæлтæн! Уæ мадæлтæ уæ æрбахъæбыс кæндзысты æмæ уын аба кæндзысты.

Ныр та мадæн æрæмбырд кæнут рæсугъд, кæркæ-мæркæ дидинæг.

### Хъазт «Æрæмбырд кæн дидинæг»

*(Сабитæ, хуызистытыл цы 4 хайы ис, уыдонæй æмбырд кæнынц дидинæджы нывгонд.)*

**Хъ**. Ахæм дидинæг йæ мадæн ничима балæвар кодта уæ размæ!

### Хатдзæг

**Хъ**. Цавæр бæрæгбон уыдзæн тагъд? Кæмæн кæндзыстут зæрдиаг арфæтæ?

## *22-аг ахуыры сахат*

**Иумæйаг темæ: «Дæсныйæдты дуне»**

**Нысантæ:**

– Бацархайын, цæмæй сабитæ хуыздæр бамбарой зонгæ дæсныйæдты нысаниуæг æмæ хæстæ. Алы дæсныйад дæр хъæугæ æмæ ахадгæ кæй у, уый равдисын.

– Сæ логикон хъуыдыкæнынад сын рæзын кæнын, цæмæй сабитæ арæхсой дзурынмæ, ногдзинæдтæ базонынмæ тырной.

– Ахуыр кæнын сабиты, цæмæй алыхуызон куыстытыл хæст адæймæгтæн аргъ кæной; сæ куысты фæстиуджытæм сын цымыдис æвзæрын кæнын.

**Архайæн фæрæзтæ**

**Цæстуынгæ:** алы дæсныйæдты минæвæртты нывгæндтæ – хуыйæджы, уæйгæнæджы, дохтыры, аразæджы, хæринаггæнæджы, хилдасæджы, шофыры, ахуыргæнæджы хуызистытимæ.

**Райуаринаг:** гæххæттын чындзытæ æмæ чындзыты дарæс гæххæттæй.

**Ахуыры нывæст**

**Хъ**. Равдисут-ма мæм уе ’нгуылдзтæ.

Фондз æфсымæры – нæртон!
Уыдонæн сæ нæмттæ зон.
Хистæр слæууыди фыццаг –
Раст цыма сæрыстыр саг!
Амонæн æнгуылдз дæр ныр
Сраст кодта йæ æлвæст гуыр.
Астæуккаг – æппæты даргъдæр,
Æтт, æнæном дæр фæцырд,
Ай та кæстæр у – зынаргъдæр.
Фондзæй фаззæттау – æмдзырд,
Зиумæ сты æдзухдæр цырд!

*Сабитæ ныхæстæм гæсгæ архайд æвдисынц.*

**Хъ**. Адæмæн куыст тынг бирæ ис, æмæ уæдæ дæсныйæдтæ дæр бирæ сты.

*(Равæрын дæсныйæдтæ æвдисæг нывгæндтæ.)*

**Хъ**. Рынчынты дзæбæх чи фæкæны? Машинæ чи тæры? Хæдзар чи аразы? Сæрыхъуынтæ чи ’лвыны æмæ а.д. Равдисут-ма сæ, бацамонут мын сæ. Хъæугæ куыстытæ чи кæны, уыдонæн се ’ппæтæн дæр хъæуы аргъ кæнын; хъæуы сæ нымайын.

Ам, рæвдауæндоны, сымахæн хъæрмхуыпп чи сфыцы, адджын цай кæй фæрцы бацымут?

**С.** Хæринаггæнæг (Рая…)

**Хъ**. Æмæ, зæгъæм, не ’рбацыд, уæд та цы уыдзæн?

**С.** Уæд сихор нæ бахæрдзыстæм.

**Хъ**. Æмæ хæдзæрттæ та чи аразы?

**С.** Аразджытæ.

**Хъ**. Аразджытæ нын хæдзæрттæ куынæ скодтаиккой, уæд кæм цардаиккам, уый нын нæ уыдаид.

Алы ас адæймаг дæр исты куыстыл хæст у: аразæг аразгæ кæны, хæринаггæнæг цæттæ кæны хæринаг. Æмæ уæд дохтыр та цы кусы?

**С.** Дохтыр та дзæбæх кæны низтæй.

*(Уыйфæстæ хъомылгæнæг сабиты æргом здахы дарæсмæ.)*

**Хъ**. Дарæс та уын кæм уыдис?

**С.** Балхæдтам æй, уыйразмæ та йæ хуыйгæ бакодтой.

**Хъ**. Раст зæгъут. Дарæс та уын бахуыдта хуыйæг, цæмæй уа аив æмæ хъарм.



**Хъ**. Æмæ бæласæй бæрзонддæр та?

**С.** Агъуыст.

**Хъ**. Æмæ агъуыстæй бæрзонддæр та цы ис?

**С.** Хæхтæ.

**Хъ**. Иттæг раст. Ныр нын ахъазын дæр æмбæлы.

**Сабиты хъазт «Логикон нывгондтæ»**

*Сабитæй алкæмæн дæр фæйнæ æртæ нывгонды байуарынц. Сты сыл гыццыл чызг, æвзонг, чызг, сылгоймаг æмæ зæронд ус; гыццыл лæппу, æвзонг, æххæст лæг, зæронд лæджы хуызстытæ. Нывгæндтæ барæй æмхæццæтæ сты.*

*Сабитæн бафæдзæхсын, цæмæй сæ, логикон æгъдаумæ гæсгæ, куыд æмбæлы, афтæ равæрой –填 кармæ гæсгæ ома. Хистæрæй кæстæрмæ.*

**Хатдзæг**

**Хъ**. Бирæ цыдæртæ базыдтам абон. Æппæтæй бæрзонддæр нæм чи у? Чи нæм у æппæтæй ныллæгдæр? Æмæ иу æмæ ма ноджыдæр иу цас уыдзысты æдæппæтæй?

**С.** Дыууæ.

**Хъ**. Тынг сæрæнтæ стут!

## *11-æм ахуыры сахат*

**Иумæйаг темæ: «Хъазæнтæ»**

**Темæ: «Æмбарынад «Æмхуызæттæ»**

**Нысантæ:**

– Сабиты æмбарынад «Æмхуызæттимæ» базонгæ кæнын. Дарддæр сæ дыууæ предметы сæ бæрзæндмæ гæсгæ абарынл ахуыр кæнын, дзырдтæ «уæлдæр – дæлдæр»-æй пайдагæнгæйæ; предметтæ сæ асмæ гæсгæ барын: фылдæр – къаддæр. Дыууæ хæрхы предметтæ сæ нымæцмæ гæсгæ абарынл сæ фæлтæрын, фæрсæй-фæрстæм сæ æвæргæйæ. «Хуыз» циу, уый тыххæй рæстæг æмæ афоны тыххæй æмбарынæдтæ бафидар кæнын: райсом – изæр.

– Иртасæджы куысты (анализ æмæ синтез), сфæлдыстадон куысты арæхстдзинæдтæ, къæрцхъус уæвыны æмæ ныхасы рæзтыл куысты фæлтæрддзинад сæм рæзын кæнын.

– Сæ хъазæнтæм аудæг цæстæй куыд кæсой, уыцы хуызы сæ хъомыл кæнын.

**Д/хъазт «Ӕрæмбырд кæн гуырныв»**

*Лыгонд хæйттæй сабитæ æмбырд кæнынц æнæхъæн гуырныв: зиллакк кæнæ квадрат. Лыгонд хæйттæ алы сывæллонæн дæр хъуамæ уой хицæн къонверты: сывæллон æрæмбырд кæны гуырныв æмæ зæгъы, цавæр гуырныв у, уый. Гæнæн ис, æмæ гуырнывтæ уой алыхуызæттæ сæ асмæ гæсгæ; уæд сæ фæстагмæ сæ бон у кæрæдзиуыл абарын.*

**Хъ.** Алкæмæн дæр ис къухтæ, къæхтæ, гуыр, сæр, фындз, дзых, хъустæ, дзыккутæ. Уæдæ не ’ппæт дæр алыхуызон стæм?

*(Сабиты дзуаппытæ.)*

**Хъ.** Ӕмæ æз истæмæй хицæн кæнын сымахæй?

**С.** О.

*(Йæ асæй сæ кæй хицæн кæны, ахæм дзуапмæ æрхæстæг кæнын сабиты.)*

**Хъ.** Ӕмæ сымах дæр куы сырæзат, уæд цавæртæ суыдзыстут?

*(Хъуамæ зæгъой «стыртæ».)*

**Сабиты хъазт «Уæлдæрæй уæлдæр»**

**Хъ.** Цæй-ма, нырма куыд чысылтæ стæм асæй, уый равдисæм. *(Сабитæ дзуццæджы æрбадынц.)*

**Хъ**. Ӕмæ мæнæ рæзын райдыдтам. *(Сабитæ цадæггай рæзынц, ома сыстынц æмæ æмраст слæууынц, сæ архайд æмдзæвгæйы тексты мидисмæ гæсгæ аразынц.)*

Алы бон уæлæмæ рæзæм.
Нæ агъуысты сæрмæ ’ххæссæм.
Иу, дыууæ – уæлæмæ слæуу,
Ӕртæ, цыппар – æнцад æрлæуу.

Иууылдæр сырæзыдыстæм, сбæрзонд стæм, фæлæ цы хуызæттæ уыдыстæм?

**С.** Гыццылтæ, ныллæджытæ.

**Хъ**. Ӕмæ сымахæй та æппæтæй бæрзонддæр чи у?

*(Сабиты дзуапп.)*

**Хъ**. Куыдæй йæ базонæм?

**С.** Фæрсæй-фæрстæм слæууын хъæуы, æмæ уæд сбæрæг уыдзæн, чи у бæрзонддæр, уый.

**Хъ**. Ӕмæ ацы лæппуйæ (кæнæ чызгæй) бæрзонддæр исчи у?

**С.** Хъомылгæнæг.

**Хъ**. Ӕмæ хъомылгæнæгæй та чи кæнæ цы у бæрзонддæр?

**С.** Бæлас. Скъапп.



Абон æз æнæхъæн бон хуыдтон,
Бинонтæн мæ фæрцы – дарæс!
О, мæ гæды, иуцъус багъæц –
Гъе ныр та дæуæн хуыйын хæдон!..

*(Б. Заходер)*

Цæй, уæдæ та бавдæлут æмæ ацы бирæ хуызистытæй равзарут, хуыйынæн цытæ хъæуы, уыдон.

*(Сабитæ райстой, æндахы къæбæл, судзинтæ, хуыйæн машинæ, æндæхтæ цы хуызистытыл ис, уыдон.)*

**Хъ**. Уæ мад кæнæ уæ нанатæ уæ искæмæн дарæс бахуыдтой? Куыд хъуыды кæнут – дарæс хуыйын зын у?

*(Сабиты дзуаппытæ.)*

**Хъ**. Бузныг. Ӕмæ иугæр афтæ у, уæд дарæс хъахъхъæнын хъæуы счъизийæ, скъуыынынæй, хъæуы йæм зилын. Хъуамæ йæ афоныл æхсат, иту йыл æвæрат, æфснайдæй йæ дарат ауындзæныл кæнæ бæстон тыхтæй. Дарæс цæмæй бахуыйынц?

**С.** Хъуымацæй.

**Хъ**. Дарæс рацæуы хуыйæджы къухтæй, уыйфæстæ та бахауы дуканимæ. Рацагурут-ма мын дуканийы хуызист. Уым та чи кусы?

**С.** Уæйгæнæг.

**Хъ**. Ӕмæ сымахæй искæй мад кусы дуканийы? Цы уæй кæны?

*(Дзуаппытæ.)*

**Сабиты хъазт «Уæлæдарæсы дукани»**

*Хъомылгæнæг – уæйгæнæг (дуканигæс), сабитæ – æлхæнджытæ.*

**Хъ**. Уæ чындзытæн хъуамæ балхæнат дарæс.

*(Уæйгæнæг сæм æвдисы дарæс (гæххæттæй). Сабитæ дзы æвзарынц. Уæйгæнæг сын барæй исын кæны стырдæр кæнæ къаддæр дзаума, цæмæй фена, кæддæра сабитæ базониккой, уыцы дарæс хъазæн чындзытæн кæй не сбæздзæн, уый? Ома, ахæм уавæры цы ми кæндзысты.)*

**Хъ**. Хорз сарæхстыстут. Гъе, уæдæ, афтæ. Цас æмæ цас дæсныйæдтæ ис æмæ се ’ппæт дæр æхсызгон хъæуынц.

**Хатдзæг**

**Хъ**. Куы сырæзат, куы сыстыр уат, уæд уæ алчидæр исты куыст кæндзæн. Ӕмæ дæ цы суæвын фæнды фидæны?

*(Хъомылгæнæг фæрсы алы сабийы дæр.)*

## *23-аг ахуыры сахат*

**Иумæйаг темæ: «Транспорт»**
**Нысантæ:**

− Сабиты транспорты хуызтимæ базонгæ кæнын, сæ сæйраг æууæлтæ сын куыд иртасой; цы сæйраг миниуæг сæ иу кæны, уый дæр куыд зоной.

− Логикон хъуыдыкæнынады бындуртæ, ныхас кæныны, лæмбынæг уæвыны арæхстдзинæдтæ сæм рæзын кæнын.

− Цæмæй кæрæдзийыл фембæлынмæ æхсызгонæй тырной, уыцы хуызы сæ хъомыл кæнын.

**Архайæн фæрæзтæ**

**Цæстуынгæ**: нывгæндтæ транспорты алы хуызты хуызистытимæ: машинæтæ фæндагыл цæугæйæ, машинæтæ гаражы; машинæйы хæйтты хуызистытæ – кабинæ, руль (аразæн), бадæн, цæлхытæ.

### Ахуыры нывæст

**Хъ**. Лæппутæ æмæ чызджытæ, цæй æмæ нæ цæстыл ауайын кæнæм, цыма поезды цæуæм ныр. Йæ цæлхытæ гыбар-гыбур кæнынц.

| | |
|---|---|
| Нæ поезд та тæхы,<br>Йæ цæлхытæй зæгъы:<br>«Сывæллæтты ласын<br>Æппæты фылдæр уарзын.<br>Сæ фæндаг дардмæ дарынц<br>Æмæ фырцинæй зарынц».<br>*(А. Ануфриева)* | *Сабитæ дæр хъомылгæнæджы фæстæ ныхæстæ дзурынц æмæ сæ архайдæй æвдисынц.* |

**Хъ**. Хъазæн чындз Алинæйы фæнды йæ нанамæ ацæуын. Фæлæ йæ нана цæры тынг дард. Зæгъут-ма йын уæд – цæуыл ацæуа?
*(Сабитæ дæттынц алы дзуаппытæ.)*
*(Хъомылгæнæг равæрдта, сабитæ цы транспорты кой кæнынц, уыдоны хуызистытæ.)*
**Хъ**. Сымах ранымадтат автобус, машинæ æмæ æнд. Уыдон иууылдæр цæуынц зæххыл. Сымах та рæвдауæндонмæ цæуыл æрбацæут? Уæ нанатæм та уазæгуаты цæуыл абалц кæнут?
Ныр та æркæсæм, нæ къорды цы машинæтæ ис, уыдонмæ. Абарæм сæ кæрæдзиуыл – æмхуызон цæмæй сты æмæ хицæн цæмæй кæнынц?



– Лæмбынæгæй хъусын, стæй сын сæ тыгъдадон хъуыдыкæнынны ахаст рæзын кæнын, анализ кæныныл сæ амидин кæнын.
– Иумæйаг хъæзтыты архайынмæ куыд бæллой, уыцы хуызы сæ хъомыл кæнын.

**Архайæн фæрæзтæ**

**Райуаринаг:** сабиты нымæцмæ гæсгæ нывгæндтæ – алы фæлысты дæр фæйнæ цыппар нывгонды: чысыл лæппу, æвзонг гуырд, æххæст лæг, зæронд лæг; гыццыл чызг, æвзонг чызг, сылгоймаг, зæронд ус.
Алы сывæллонæн дæр – къонверт 2–3 хайыл лыггонд геометрион гуырнывимæ *(зиллакк кæнæ квадрат).*

### Ахуыры нывæст

**Хъ.** Нæ къорды ис бирæ сабитæ.

#### *Хиæрæмбарыны минуткæ*

| | |
|---|---|
| Чызджытæ мæ лæппутæ<br>Хердмæ кæнынц гæппытæ,<br>Æмдзæгъд кæнынц гуккытæй,<br>Къæхтæй кæнынц тъуппытæ,<br>Æрныкъулынц цæстытæ,<br>Баулæфынц уыйфæстæ. | *Сабитæ текстмæ гæсгæ аразынц сæ архайд, кæронбæттæны дзуццæджы æрбадынц æмæ фестынц.* |

**Хъ**. Цал къухы нын ис?
**С.** Дыууæ.
**Хъ**. Ай кæцы къух у?
**С.** Рахиз.
**Хъ**. Ай та кæцы къух у?
**С.** Галиу.
**Хъ**. Иу галиу къух æмæ иу рахиз къух. Иу æмæ иу сты дыууæ. Къухтæ нын цал ис, уал хатты æркъæрцц кæнæм нæ къухтæй.
*(Сабитæ дыууæ хатты æркъæрцц кæнынц.)*
**Хъ**. Цал къахы нын ис алкæмæн дæр?
**С.** Дыууæ.
**Хъ**. Ай кæцы къах у?
**С.** Рахиз.
**Хъ**. Иу галиу къах æмæ иу рахиз къах. Æртъуппытæ-ма кæнут, къæхтæ уын цал ис, уал хатты.

**Хъ**. Бафæлварут-ма нывтыл уæхи армытъæпæнтæ æрæвæрын.
*Сабитæн байуарын хъæуы ныввлыгтæ, ис сыл дыууæ армы хуызвысты алырдæмты здæхтæй. Ныввлыгтæ иууылдæр фæйнæхуызæттæ сты, фæлæ дзы хъуамæ уа мæнæ ахæм (кæс къухы нывтæм). Сабитæ сæ къухтæй хахнывтæ æрæмбæрзынц, фæлæ фæстаг ныввлыджы фæцарæхсын хъæуы, цæмæй армытъæпæн фæуæлгоммæ кæной.*
*Кæд æмæ исчи нæ арæхса сабитæй, уæд иннæтæм хъуамæ фæдзура, цæмæй йын феххуыс кæной.*
Хъомылгæнæгæн дæр æмбæлы æххуыс кæнын.
**Хъ**. Сæрæнтæ стут! Раст архайдтат.

**Хатдзæг**

**Хъ**. Абон бирæ ногдзинæдтæ базыдтат! Сахуыр стут 2-йы онг нымайын. Цал нын ис къухтæ?
**С.** Дыууæ.
**Хъ**. Цал нын ис къæхтæ?
**С.** Дыууæ.
**Хъ.** Фылдæр кæцытæ сты: къухтæ æви къæхтæ?
**С.** Æмбæрц сты.
**Хъ**. Раст загътат. Къухтæ цал сты, къæхтæ дæр уал – æмбæрц. Нæ къæхтæ æмæ къухтæ кæд кодтой зарядкæ сабидоны?
**С.** Райсомæй.
**Хъ.** Нæ хæдзæрттæм та кæд ацæуæм?
**С.** Изæрæй.
**Хъ.** Тынг хорз!

## *10-æм ахуыры сахат*

**Иумæйаг темæ: «Æз æмæ мæ буар»**
**Темæ: «Æмбарынæдтæ «бæрзонд», «ныллæг», «уæлдæр», «дæлдæр»-имæ зонгæ кæнын»**
**Нысантæ:**
– Дарддæр сæ нымæц «дыууæ»-йы онг нымайыныл ахуыр кæнын. Æмбарынæдтæ «бæрзонд», «ныллæг» цы амонынц, уыимæ базонгæ кæнын сабиты. Дыууæ предметы сæ сæ бæрзæндмæ гæсгæ абарыныл ахуыр кæнын, дзырдтæ «уæлдæр, дæлдæр»-æй пайдагæнгæйæ; предметтæ сæ асмæ гæсгæ кæрæдзийыл барын.



*(Хъомылгæнæг æмæ сабитæ иумæ кæсынц уæзласæн æмæ рог машинæтæм. Уынынц, кæй сын ис кабинæтæ, рультæ (арæзæн), бандæттæ, цыппæргай цæлхытæ. Фæлæ уæзласæн машинæйæн ис гуыффæ, уым ис ласæн агуыридур, змис æмæ а.д. Рог машинæйы та бадæн бынæттæ ис фылдæр, уым фæбадынц адæм.)*
**Хъ**. Ныр та бакæсæм нæ диссаджы телевизормæ.
*(Хъомылгæнæг экраны астæу æвæры нывгонд машинæйы хуызистимæ, экраны иннæ хæйттæ сабитæ йедзаг кæнынц сæхæдæг.)*

Кæм ис фенæн машинæ

Машинæ

Машинæйы хæйттæ

**Хъ**. Машинæйы, машинæйы
Шофыр бады уæртæ.
Мотор æмæ цæлхытæн
Райхъуысынц сæ хъæртæ…
*(Н. Найденова)*

Кæсут-ма нæ гауызмæ – транспорты алы хуызтæ йыл. Мæнæ ацы нывгондтæ нывæрут дыууæ афтид тæлыйы. Иу тæлыйы – зæххыл цæуæг транспорты хуызистытæ. Иннæйы – уæлдæфы тæхæг транспорты нывгæндтæ.
Дыууæ нывы-бæлæгъ æмæ науимæ – баззадысты гауызыл æнæвнæлдæй.
**Хъ.** Æмæ ацы нывтæ цæуылнæ райстат?
**С.** Уыдон ленк кæнынц доны.
**Хъ**. Афтæ у, уыдон та сты доны транспорт.

**Хатдзæг**
**Змæлгæ хъæзт «Архайдæй равдис»**
*(Хъомылгæнæг æвдисы транспорты хуызты ныгæндтæ æмæ сын сабитæ имитаци кæнынц се змæлд.)*

## 24-æм ахуыры сахат

**Иумæйаг темæ: «Уалдзæг»**
**Темæ: «Уалдзæджы миниуджытæ»**
**Нысантæ:**

− Рæстæджы тыххæй æмбарынæдтæ фидар кæнын; сабиты рагуалдзæджы миниуджытимæ базонгæ кæнын, цæмæй уыной, æнкъарой, æрдзы цы ивддзинæдтæ цæуы, уыдон; цæмæй зоной æрдзы афонты кæрæдзиимæ барын, фиппайой сын сæ сæйраг бæрæггæнæнтæ.

− Рæзын сын кæнын сæ логикон хъуыдыкæнынад, мысæнуат, хæдбардзинад; ахуыр сæ кæнын хуызтæ кæрæдзийæ иртасынил: фæззæг – бур, зымæг – урс, уалдзæг – кæрдæгхуыз.

− Сæ алыварс дунейы, æрдзы рæсугъддзинад куыд æнкъарой, æрдзыл куыд аудой æмæ йæ куыд хъахъхъæной, уыцы хуызы сæ хъомыл кæнын.

**Архайæн фæрæзтæ**

**Цæстуынгæ:** æртæ нывгонд чындзы: фæззæг – бур фæлысты, зымæг – урс, уалдзæг – цъæх. Ныв «Уалдзæг горæты». Нывгæндтæ: тайгæ мит, къанæуттæ, тæдзынджытæ, малусæг-дидинтæ, æрдæгтад митын лæг.

Нывгæндтæ фæззæг æмæ зымæджы хуызистытимæ. Кæрдæгхуыз зиллакк (йæ диаметр – 0,5 – 1 м).

**Райуаринаг:** хъазт «Райдианы цы æмæ уыйфæстæ цы», зæгъгæ, уымæй цалдæр нывгонды.

### Ахуыры нывæст

**Хъ**. Сабитæ, кæрæдзийы къухтыл æрхæцут æмæ цæлхдымбылæй æрлæууут. Дзуццæджы æрбадут.

### Психогимнастикæ

| | |
|---|---|
| **Хъ**. Хур тынгдæр тавы,<br>Фæхъармдæр ис æдде. | *Сабитæ æрхæцынц кæрæдзийы къухтыл.* |
| Зымæджы фæстæ алцыдæр<br>хъал кæнын райдыдта. | |
| Ног кæрдæг миты бынæй<br>йæ сæр сдардта. | *Сабыргай сыстынц.* |



**С.** Æмбæрц сты.

**Хъ.** Раст загътат. Квадраттæ цæйбæрц сты, зиллæччытæ дæр – уыйбæрц. Иу æмæ иу – ома æмбæрц. Райсут та ногæй иу зиллакк æмæ йæ æрæвæрут иннæ зиллаччы фарсмæ.

*(Æххæст кæнынц хæслæвæрд.)*

**Хъ.** Ныр дæр æмбæрц сты?
**С.** Не сты æмбæрц.
**Хъ.** Кæцытæ сты фылдæр? Къаддæр та кæцытæ сты?
**С.** Зиллæччытæ фылдæр сты, квадраттæ та – къаддæр.
**Хъ.** Цал сты зиллæччытæ?
**С.** Дыууæ.
**Хъ.** Цал сты квадраттæ?
**С.** Иу.
**Хъ.** Цы бакæнын хъæуы, цæмæй æмбæрц уой?
**С.** Бафтауæм сæм иу квадрат кæнæ айсæм иу зиллакк.
**Хъ.** Бафтаут уæдæ иу квадрат.

*(Æххæст кæнынц хæслæвæрд.)*

**Хъ.** Цал сты квадраттæ?
**С.** Дыууæ.
**Хъ.** Зиллæччытæ та?
**С.** Дыууæ.
**Хъ.** Кæцытæ сты фылдæр?
**С.** Æмбæрц сты.
**Хъ.** Раст загътат: зиллæччытæ цæйбæрц сты, квадраттæ дæр уыйбæрц сты. Дыууæ æмæ дыууæ – æмбæрц.

### Змæлгæ хъазт «Къай ссар»

*Алы сывæллонæн дæр йæ къухы нывлыг. Нывлыгыл – зиллæччытæ, 1-æй 2-йы онг. Сабитæ тезгъо кæнынц къорды уаты. Хъуысы музыкæ. Музыкæ куы банцайы, уæд алчидæр ссары йæ къайы – йæ нывлыгыл уал зиллаччы кæмæн уа, уыцы сывæллоны.*

*Уыйфæстæ сабитæ фæхицæнтæ вæййынц æмæ баивынц сæ нывлыгтæ. Ногæй та хъазынц.*

### Сабиты хъазт «Нæ гуккытæ»

**Хъ**. Æркæсут-ма, стъолы уæлæ цы нывгæндтæ ис, уыдонмæ. Цы сыл нывгонд ис?
**С.** Армытъæпæнтæ.
**Хъ**. Цал сты армытъæпæнтæ?
**С.** Дыууæ.

Цы фесты уый нæ къухтæ?
Не сты ам нæ къухтæ.
Мæнæ сты нæ къухтæ,
Цырд кафынц нæ къухтæ.

*Къæхтæй цыма кафгæ кæнынц, афтæ змæлынц. Сабитæ сæ къухтæ фæсте æмбæхсынц. Сабитæ сæ къухтæ размæ ракæнынц. Сабитæ алыхуызон змæлдтытæ кæнынц сæ къухтæй.*

**Хъ**. Нæ къæхтæ æмхуызон сты æви фæйнæхуызæттæ?
**С.** Фæйнæхуызон.
**Хъ.** Нæ къæхтæ сты фæйнæхуызон: иу – галиу, иннæ – рахиз.
*Кæд æмæ сабитæ «æмхуызон», зæгъгæ, зæгъой, уæд сын хъомылгæнæг сæ къахыдарæс раласын кæны æмæ сын фезæгъы, цæмæй сæ сæ бынæттæй баивой, стæй сæ бафæрсы, афтæмæй сæ бон у цæуын æви нæ. Æмæ ахæм хатдзæг скæнынц: къæхтæй иу у рахиз, иннæ та – галиу.*
**Хъ**. Нæ къæхтæ-ма фæрсæй-фæрстæм сæвæрæм: иу – галиу æмæ иу – рахиз. Æдæппæт нын цал къахы ис?
**С.** Дыууæ.
**Хъ.** Раст загътат, «дыууæ къахы». Зæгъæн ма ис «къæйттæ». Ныр та æркæсæм нæ къухтæм: иу галиу къух æмæ иу рахиз къух. Баиу кæнæм нæ къухтæ. Цал къухы сты?
**С.** Дыууæ.
**Хъ**. Иу къух æмæ ма ноджы иу къух – æдæппæтæй дыууæ.
Къухтæ дæр сты къæйттæ. Уæдæ куыд загътам, афтæмæй къухтæ дæр æмæ къæхтæ дæр сты къæйттæ – ома дыгæйттæ.

**Сабиты хъазт «Банымай»**

**Хъ.** Нæ къухтæ нын баххуыс кæндзысты хъазгæйæ.
*Сабитæ стъолты уæлхъус æрбадынц. Сæ разы стъолтыл – зиллæччытæ æмæ квадраттæ. Хъомылгæнæг зæгъы, цæмæй райсой иугай квадраттæ æмæ сæ сæ разы æрæвæрой (йæхæдæг дæр архайы æрмæгæвдисæн фæйнæгыл).*
**Хъ.** Цал квадраты райстай? Ды та? Алчидæр райста 1 квадрат. Ныр та райсут фæйнæ иу зиллаччы æмæ сæ æрæвæрут квадраты фарсмæ. *(Æххæст кæнынц хæслæвæрд.)*
**Хъ.** Цал зиллаччы ис дæумæ? Дæумæ та?
**С.** Иу.
**Хъ.** Алкæмæ дæр ис иу зиллакк. Фылдæр кæцытæ сты: зиллæччытæ æви квадраттæ?



Къанæутты дон уайы.
Цъиутæ здæхынц хъарм бæстæй.
Æрдз цин кæны уалдзæгыл.
Сабиты зæрдæ дæр райы.

*Сæ къухтæ хæрдмæ сдардтой, уылæнтæ дзы кæнынц.*
*Згъорынц кæрæдзийы фæстæ.*
*Тилынц сæ къухтæ.*

*Сабитæм уазæгуаты æрбацыдысты æртæ нывгонд чындзы: фæззæг – бур, зымæг – урс, уалдзæг – кæрдæгхуыз фæлысты.*
**Хъ**. Мæнæ нæм цы диссаджы уазджытæ фæзынд! Базыдтат сæ? Мæнæ ацы чындз æрдзы афонтæй кæцыйы æнгæс у? Цæмæн?
**С.** Фæззæджы хуызæн. Фæззыгон сыфтæ бур вæййынц.
**Хъ**. Мæнæ ацы чындз та цавæр афоны хуызæн у? Цæмæн?
**С.** Зымæджы. Зымæджы мит урс вæййы.
**Хъ**. Зымæджы фæстæ ралæууы уалдзæг. Уазæгуаты ма нæм фæзынд ноджыдæр иу чындз. Уымæн та йæ дарæс цавæр у?
**С.** Кæрдæгхуыз, цъæх.
**Хъ**. Æмæ йæ чи зоны, цъæх цæмæн у?
**С.** Уымæн æмæ кæрдæгæн цъæх хуыз ис, ног сыфтæ дæр вæййынц цъæх-цъæхид *(æмæ а.д.)*.
**Хъ**. Æмæ уæдæ уалдзæг цавæр хуызæй æвдисдзыстæм?
**С.** Кæрдæгхуызæй.

**Хъ.** Зымæгæй фæцъæх нæ зæрдæ,
Ацу, зымæг, ныр дæхæдæг!
Хур нын мартъийы – уæлдæр,
Мартъийы йæ тавс – фылдæр.
Æмæ хæдзæрттæн сæ сæртæй
Тайгæ дон кæлы сæррæттæй.
Уалдзæг агуры йæ бартæ,
Малусæг йæ сæр ысдардта.
*Татарникова*

*Сабитæ дзурынц хъомылгæнæджы фæстæ.*

*(Хъомылгæнæг гауызыл æрæвæрдта кæрдæгхуыз зиллакк.)*
**Хъ**. Цæй, равзарæм уалдзæджы нывгæндтæ æмæ сæ цъæх зиллаччы нывæрæм.
*(Сабитæ рагуалдзæджы хуызистытæ: тайгæ мит, абузгæ къанæуттæ, тæдзынæг, ног кæрдæджы тау, малусджытæ æвзарынц. Хъомылгæнæг æмæ сабитæ ныхас кæнынц уалдзæджы æрцыдыл, æвдисынц нывгæндтæ. Уыйфæстæ райсынц ныв «Уалдзæг горæты».)*
*(Хъуысы сабыр музыкæ.)*

**Хъ**. Цы уынут ацы нывы? Афæдзы афонтæй кæцы у?
*Сабиты дзуаппытæ.*
**Хъ**. Кæсын æм æз æмæ мæ зæрдæ барухс. Цæмæн?
*(Сабиты дзуаппытæ.)*
**Хъ**. Раст загътат. Зæрдæ райы, уымæн æмæ æрдз хъал кæнын райдыдта зымæгон фынæйы фæстæ. Фæзынд ног кæрдæг, цъæх адардта, бæлæстæ сыфтæр æфтауынц, дæттæ сæ ихæндзыгæй фервæзтысты æмæ хъуысы сæ цины хъæр, мæргътæ тæхын райдыдтой хъарм бæстæй.
Тагъд уыдзæн бынтон хъарм.

**З/хъазт «Уалдзæг»**

*Сабитæ фæзмынц хъомылгæнæджы змæлдтытæ æмæ фæлхат кæнынц йæ фæстæ ныхæстæ дæр.*

Дæттæ уайынц тасгæ-уасгæ,
Налдæр мит ис, их дæр – нал.
Цъиутæ дæр куы тæхынц заргæ.
Уалдзæгæй сæ зæрдæ – хъал.

*Сабитæ кæрæдзи фæдыл згъорынц.*
*Сæ къухтæ фæйнæрдæм акæнынц.*

**Хатдзæг**

**Д/хъазт «Раздæр цы æмæ уый фæстæ цы?»**

Алы саби дæр равæры нывгæндты къорд:
– Фæззæг, зымæг, уалдзæг.
– Мит тайы, фæзынди кæрдæг, малусджытæ.
– Хæдзары сæрæй æрзæбул ихындзæг (сосулька), ихтæдзынæг; тæдзынæг.
– Митын лæг, тайгæ митын лæг, кул.
– Бæлас зымæгон, бæлас уалдзыгон æмæ æнд.

## *25-æм ахуыры сахат*

**Иумæйаг темæ: «Уалдзæг»**
**Темæ: «Цæрæгойтæ æмæ сæ лæппынтæ уалдзыгон»**
**Нысантæ:**

− Уæрæхдæр кæнын сабиты зонындзинæдтæ хъæддаг æмæ хæдзарон цæрæгойты, мæргъты æмæ сæ лæппынты тыххæй.
− Рæзын кæнын сæ логикон хъуыдыкæнынады бындуртæ, лæмбынæгдзинад.



**С.** Изæрæй.
**Хъ**. Хорз зонут алцыдæр. Сæрæнгуырдтæ стут!

## *9-æм ахуыры сахат*

**Иумæйаг темæ: «Æз æмæ мæ буар»**
**Темæ: «Нымæц 2-имæ зонгæ кæнын. Æмбарынад «къай»**
**Нысантæ:**

– Сабиты нымæц 2-имæ, стæй, куыд рауайы, уыимæ базонгæ кæнын. Дыууæйы онг сæ нымайын сахуыр кæнын, дыууæ хæрхы кæрæдзиуыл абаргæйæ. Иуæг бафтаугæйæ кæнæ раппаргæйæ сын бæрæг кæнын сæ æбмæрцад. Фæстаг нымæцон уымæй размæйы къордимæ бæттынил сæ ахуыр кæнын, стæй хъуамæ æмбарой, уыцы нымæцон къорды мидæг предметты иумæйаг бæрц кæй амоны.
Рæстæджы фидарæй ориентаци куыд кæной, *(æмбарынæдтæ «райсом», «изæр»),* ууыл сæ ахуыр кæнын.
– Сæ къæрцхъусдзинад, логикон хъуыдыкæнынад æмæ классификаци кæныны арæхстдзинад сын рæзын кæнын.
– Хистæртимæ ныхас кæнынмæ куыд арæхсой, хæдбар куыд уой, сæхицæй разы куыд уой æмæ кад кæнын куыд зоной сæхицæн, уыцы хуызы сæ хъомыл кæнын.

**Архайæн фæрæзтæ**

**Райуаринаг:** нывлыгтæ (*сабиты нымæцмæ гæсгæ)* дыууæ чысыл къухы нывимæ нывтæ 1 кæнæ 2 зиллаккимæ; 2 зиллаччы æмæ 2 квадраты алкæмæн дæр.

**Ахуыры нывæст**

**Хъ.** Райсомæй æрбацыдыстæм сабидонмæ.
*Хъомылгæнæг зæгъы сабитæн, цæмæй иумæ ахъазой.*
**Хъ**. Цы фесты уый нæ къæхтæ?

**С.** Не сты ам нæ къæхтæ.
Мæнæ сты нæ къæхтæ,
Цырд кафынц нæ къæхтæ.

*Дзуццæджы æрбадынц æмæ сæ къæхтæ сæ къухтæй сæхгæнынц.*
*Стæй æмраст слæууынц.*

*йæ къухы квадрат кæмæн ис, уый та, йæ мидæг квадрат кæмæн ис, уыцы тæлымæ. Хæслæвæрд куы сæххæст кæнынц, уæд хъомылгæнæг бæрæг кæны, раст згъордтой сæ хæдзæрттæм, æви нæ. Ногæй та сын фæзæгъын кæны, нывлыггæндтæ куыд хуыйнынц, уый. Стæй, цас сты, уый дæр – бирæ, æнæхъæн «хæрх».*
*Ногæй-ногмæ та куы хъазой, уæд тæлыты мидæг æвæрд нывлыггæгты сæ бынæттæй баивынц. Хъазт куы фæвæййынц, уæд хъомылгæнæг бахахх кæны, зæгъæ, иу тæлыйы мидæг ис æрмæстдæр алыхуызон квадраттæ, иннæты мидæг та – айдагъ зиллæччытæ.*
*Кæд æмæ сабитæй исчи фæрæдийа æмæ зиллакк, квадраттæ цы тæлыйы мидæг сты, уым сæвæра, уæд хъомылгæнæг фæзæгъы: «Ацы тæлыйы мидæг æвæрд сты æрмæстдæр квадраттæ, æмæ дзы зиллакк хъуамæ ма уа. Уый ам уæлдай у». Кæд æмæ сабитæ раст сæххæст кодтой хъазты æгъдæуттæ, уæд йæхæдæг барæй фæрæдийы æмæ тæлыйы мидæг уæлдай хъазæн сæвæры. Æмæ сын афтæмæй бацамоны, «уæлдай» цы у, уый.*

**Сабиты хъазт «Мах хæдзар»**

*Хъомылгæнæг сабиты æргом стыр квадратмæ аздахы æмæ сæ бафæрсы, цæй хуызæн у, уымæй. Сабитæй чи цы зæгъы, чи – цы.*
**Хъ.** Æз та афтæ хъуыды кæнын, цыма хæдзары æнгæс у. Фæлæ йын бæлвырд цыдæр нæ фаг кæны. Цы, цымæ?
(*Сабитæ алы дзуаппытæ дæттынц. Хъомылгæнæг куры, цæмæй дуæрттæ æмæ рудзгуытæ скæной, тæлыйы мидæг цы квадраттæ ис, уыдонæй. Сабитæ æххæст кæнынц курдиат.)*
**Хъ.** Æмæ зиллæччытæ нæ хæдзары хъæуынц?
**С.** Нæ хъæуынц.
**Хъ.** Зиллæччытæ уæлдай сты. Чи нæ хъæуы, ахæмтæ.

**Хатдзæг**

**Хъ.** Цавæр нывлыгимæ (фигурæимæ) базонгæ стæм абон мах?
**С.** Квадратимæ.
**Хъ.** Æмæ цæй æнгæсæн у?
*(Сабиты дзуаппытæ.)*
**Хъ.** Æмæ цæмæй хъауджыдæр у зиллакк квадратæй?
*(Сабиты дзуаппытæ.)*
**Хъ.** Цæй фæрцы йæ базыдтат?
*(Сабитæ дзуапп дæттынц.)*
**Хъ.** Сабиты хæдзармæ æрбацыдыстæм райсомæй, нæхимæ та кæд ацæуæдзыстæм?



– Кæрæдзийæн æххуыс кæнынил, цæрæгойтыл æнувыд æмæ иузæрдыг уæвынил сæ ахуыр кæнын.
**Архайæн фæрæзтæ**
**Цæстуынгæ:** хъæды æмæ хъæууон хæдзары, арсы, тæрхъусы, бæласы, уалдзыгон дидинджыты хуызистытимæ нывгæндтæ.
**Райуаргæ:** цæрæгойтæ æмæ сæ ľæппынты хуызистытимæ нывгондтæ.
**Сабиты хъазт «Сæмбæрд кæн айк»**

**Ахуыры нывæст**
**Психогимнастикæ**

**Хъ**. Ľæппутæ æмæ чызджытæ, цæй æмæ та цæлхæмбырдæй æрлæууæм. Æрбадæм дзуццæджы æмæ зæгъæм нæхицæн: «Мах стæм стыр миты тъыфыл». Мæнæ хъарм хур æрæндæвта æмæ йæ тынтæ, «хъыдзы кæнынц» тъыфылы:
«Райхъал у, рæвдздæр сыст!»
Стыр миты тъыфыл ныххудтис, æмæ алырдæм дони къанæуттæ цых-цыр ныллæууыдысты. Уайынц хъæлдзæгæй хæлхæлгæнгæ чысыл дæттæ. Азгъордтой зæхх хъал кæнынмæ.
*(Сабитæ сыстадысты æмæ, дæттæ фæзмгæйæ, фæйнæрдæм азгъордтой.)*
**Хъ**. Кæй райхъал кæнынмæ хъавынц хъæлдзæг дæттæ?
*Хъомылгæнæг сабиты æргом здахы амонæн фæйнæгмæ. Ууыл ис цæрæгойты, бæлæсты æмæ дидинджыты нывгæндтæ.*
**С**. Цæрæгойты, уыдон зымæджы фынæй кодтой, бæлæсты, кæрдæг, дидинджыты.
**Хъ**. Æнæхъæн зымæг фынæй цавæр цæрæгойтæ фæкæнынц?
**С**. Æрсытæ.
**Хъ**. Мæнæ арс йæ хуыккомæй слæст. У мæллæг æмæ æххормаг. Уый зымæджы дæргъы ницы хордта, æрмæст сдæрдта йæ дзæмбы. Зымæджы сыл арсæн фæзыны гыццыл ľæппынтæ. Уалдзæджы уыдон дæр сæ мадæл арсимæ схизынц хуыккомæй, æмæ сæ уый фæахуыр кæны сæхицæн хойраг агурын. Тæрхъус та йæ дарæс аивта. Зымæджы йæ хуыз цавæр уыди? Ныр та йæ дарæс цавæр у? Уалдзæджы бирæ цæрæгойтæн фæзыны ľæппынтæ.
Ныртæккæ уын æз радзурдзынæн цымыдисаг хабар.
Уый уыдис уалдзæджы, хур æрæндæвта æмæ иу айкæй рахызти гыц-цыл, бур-бурид…

**С.** Цъиу.
*(Хъомылгæнæг æвдисы айкæй рахизæг карчы цъиуы хуызистытæ.)*
**Хъ**. Цъиу аракæс-бакæс кодта, фæлæ йæ цуры ничи уыд. Æмæ уæд сфæнд кодта ацæуын æмæ йæ мады ссарын. Фæндагыл кæуыл фембæлд?
*(Нывгонд равæрын фæйнæгыл.)*
**С.** Тæрхъусыл.
**Хъ**. Уый цъиуы мад у?
**С.** Нæу, нæу.
**Хъ**. Цæуы цъиу дарддæр. Кæуыл фембæлд?
*(Хъомылгæнæг равæрдта æхсæрæджы, стæй гæдыйы, бабызы æмæ карчы хуызистытæ.)*
**Хъ**. Æмæ уæдæ чи у цъиуы мад?
**С.** Карк.
*Сабитæ æвдисынц карчы ныв.*
**Хъ**. Мæнæ ссардта цъиу йæ мады æмæ йыл ныццин кодта. Равдисут-ма, карчы лæппын куыд цин кодта, уый. Æмæ йæ мады куы агуырдта, уæд та куыд æнкъард уыд?
*(Сабитæ йæ æвдисынц.)*
**Хъ**. Ныр та цæрæгойтæн баххуыс кæндзыстæм сæ хъæбулты ссарынмæ.

**Сабиты хъазт «Ссар дæ мады»**

*Гауызыл – цæрæгойты хуызистытæ. Сабитæ агурынц ас цæрæгойты æмæ сæ лæппынты, иу сæ кæнынц æмæ дзурынц:*
Алкæмæн йæ хъæбул – адджын,
Алкæмæн йæ лæппын – кадджын.
**Хъ**. Равдисут-ма, цæрæгойтæй чи куыд фæцæуы, уый. Куыд цæуы ас рувас, арс æмæ а.д.? Куыд фæцæуынц сæ гыццыл хъæбултæ? *(Арсы, рувасы, бирæгъы лæппынтæ.)*
*(Сабитæ сæ æвдисынц.)*

**Сабиты хъазт «Чи кæм цæры?»**

**Хъ**. Ныр та цæрæгойты бакæнут сæ хæдзæртты. Арсы хæдзар кæм вæййы?
**С.** Хъæды хуыккомы, хохы лæгæты.
*(Арсы хуызист æвæрынц æмбæлгæ бынаты.)*
*(Афтæ æвдисынц куыдзы æмæ рувасы, тæрхъусы æмæ æхсæрсæттæджы цæрæнтæ æмæ æнд.)*



**С.** Зиллакк.
**Хъ.** Æмæ цыхуызæн у?
**С.** Сырх.
**Хъ**. Уæ алкæй стъолыл дæр уæ ис зиллакк. Равдисут-ма мæм ахæм зиллакк.
*(Сывæллæттæ æххæст кæнынц хæслæвæрд.)*
**Хъ.** Ай у сырх зиллакк. Уæ амонæн æнгуылдз ма йыл сæрæй кæронмæ ахæссут. Цæй-ма, бафæлварут, стъолыл æй атулут. Тулы уын?
**С.** Тулы.
*(Хъомылгæнæг сæм æвдисы æрвхуыз квадрат.)*
**Хъ.** Ай та циу?
*(Кæд æмæ сабитæн сæ бон нæ уа дзуапп раттын, уæд хъомылгæнæг йæхæдæг фæзæгъы, цы у, уый, æмæ сын иумæ дзырд «квадрат» фæзæгъын кæны.)*
**Хъ.** Уе стъолыл-ма ссарут квадрат. Бафæлварут-ма йæ атулын. Нæ комы? Цæуыннæ, цымæ?
(*Кæд æмæ сабитæ нæ арæхсой дзуапп дæттынмæ, уæд хъомылгæнæг сырх зиллакк æрвхуыз квадратыл æрæвæры. Æмæ уæд квадраты тигътæ разынынц. Хъомылгæнæг сабиты æргом уыцы тигътæм здахы æмæ сын фæзæгъы, квадрат тулын уыцы тигътæ кæй нæ уадзынц, уый.)*
**Хъ.** Æмæ зиллакк та цæмæн тулы?
**С.** Уымæн, æмæ йын тигътæ нæй.
*Хъомылгæнæг сæм айдагъ квадрат æвдисы æмæ сын ногæй зæгъын кæны, цы хуыйны, уый.*
**С.** Квадрат.
**Хъ.** Уæ амонæн æнгуылдз та йыл æрхæссут. Æрæвæрут æй стъолыл.

**Сабиты хъазт «Дæхи хæдзар ссар»**

*Хъомылгæнæг дыууæ тæлыйы пъолыл кæрæдзийæ дæрддзæф æрæвæры. Фыццаг тæлыйы мидæг сæвæры хъæбæр гæххæттæй конд квадрат (урс ахуырст), дыккаг тæлыйы мидæг та – урс зиллакк. Стæй æрхаты сабитæм, цæмæй се стъолтæй цавæрфæнды нывлыггонд дæр сисой. Афтæмæй иутæн зиллæччытæ вæййы сæ къухты, иннæтæн та – квадраттæ.*
*Уыйфæстæ сын хъомылгæнæг хъазты æгъдæуттæ бацамоны: сабитæ ратæх-батæх сисынц, фæлæ уый гуымсгæнæн куы ’рцæва, уæд сæ алчидæр йæхи хæдзар хъуамæ ссара. Йæ къухы зиллакк кæмæн уа, уый лидзы, йæ мидæг зиллакк кæмæн ис, уыцы тæлымæ,*

**Ахуыры нывæст**

**Хъ.** Хур скаст æмæ райсом ралæууыд. Мах дæр райхъал стæм, æмæ æрбацыдыстæм сабидонмæ. Цæй, нæ уæнгтæ аивазæм.

*Хъомылгæнæг сын æмдзæвгæ хъæрæй куыд кæсы, афтæ сывæллæттæ йæ текстмæ гæсгæ аразынц сæ уæнгты змæлд. Фыццаг сæ къухтæ кæрæдзимæ тилынц, рауайут, зæгъгæ. Стæй цæлхдымбылæй слæууынц, лæмбынæгæй хъусынц. Цæмæй сæ архайд тексты ныхæстимæ бада, уый охыл сæ ногæй-ногмæ цæттæ кæнын бахъæудзæн.* (Æмдзæвгæтæй кæцы хъæуа, уый хъомылгæнæгæй аразгæ у.)

Ничи зоны махæй зивæг!
Иу дæр нæ!
Мах ыстæм кæрæдзи ивæг
Фидæнмæ!
Тагъд цæлхдымбылæй слæууæм цæй,
Æмгуырæй!
Къухтæ – размæ, иуварс – къах,
Сæр – ыскуырой!
‘Рсадз дæ галиу, ‘рцæв дæ рахиз,
Зæхх куыд риза.
Рæнхъæй иуварс хивæнд ма хиз,
Иумæ лидзæм!

***

Сабитæ, сабитæ, ма кæнут зивæг,
Зивæг у низтæ мидæмæ ссивæг.
Алæуут тагъддæр цалхау тымбылæй,
Фезмæлды руаджы хъæру æмбулай!
’Рцæв-иу дæ къæхтæ, иваз дæ къухтæ,
Сæр дæр уадз зила, дыууæрдæм здухгæ.
Ничи у сабитæй абон сæрæндæр –
Хорзæй æнтысæд махæн цæрынтæ!
Никæддæр никуы фæкæуæм-фæтъизæм,
Ацы уысмы та алырдæм лидзæм!

**Хъ.** Цæй, ныр та стъолты уæлхъус сбадæм æмæ ахъазæм.

*Сабитæ стъолты уæлхъус сбадынц, стъолтыл æвæрд – геометрион нывлыггæндтæ (фигурæтæ) – зиллæччытæ æмæ квадраттæ. Хъомылгæнæг сабитæм сырх зиллакк æвдисы.*

**Хъ**. Ай цы у?



**Хатдзæг**

**Хъ.** Хъæды чи цæры, уыцы цæрæгойтæ цы хуыйнынц?
**С.** Хъæддаг сырдтæ, цæрæгойтæ.
**Хъ.** Æмæ адæймаджы фарсмæ чи цæры, уыдон та?
**С.** Хæдзарон цæрæгойтæ.
**Хъ.** Мах зонæм, мадæл арсæн кæй ис арсы лæппынтæ, мадæл тæрхъусæн – тæрхъусы лæппынтæ. Æмæ уæд уызынæн, гæдыйæн æмæ куыдзæн та?..

*(Сабитæ дзуапп дæттынц.)*

Мах абон базыдтам, цæрæгойтæ æмæ сæ лæппынтæ уалдзæджы сæхи куыд фæдарынц, уый. Кæй лæппынтæ фæцыдысты тынгдæр уæ зæрдæмæ?

*(Сабиты дзуаппытæ.)*

## *26-æм ахуыры сахат*

**Иумæйаг темæ: «Уалдзæг»**
**Темæ: «Уалдзыгон æрдз»**
**Нысантæ:**

– Уалдзæджы миниуджытæ-бæрджытæ хуызыдæр базонын кæнын. Уалдзыгон куыстытимæ базонгæ кæнын сабиты. Бамбарын кæнын, куыд фæзынынц зайæгойтæ, кæм рæзынц æмæ цæй фæрцы. Системон операторимæ сæ дарддæр зонгæ кæнын.
– Сабиты нæ алфамбылай дуне æмвæтæнæй уынынил æмæ хъуыды кæнынил ахуыр кæнын.
– Сабиты разæнгард кæнын алыварс дунейы тыххæй зонындзинæдтæм, æрдз хъахъхъæнынил æмæ йыл æнувыд уæвынил.

**Архайæн фæрæзтæ**

**Цæстуынгæ:** асыччытæ зæххимæ, разайгæ хъæдындз; сасктьы, бæлæсты, хъæды, къалиуты, сыфты, бæласы зæнджы хуызистытæ.

**Ахуыры нывæст**

*Хъомылгæнæг зæгъы сабитæн, цæмæй архайдæй равдисой, дидинæг куыд сырæзы, уый.*

**Хъ**. Айрæзти дидинæг кæрдæджы астæу,
Райхæлди хуртынтæм, райгом.
Уидæгты руаджы нын ахæм рæз схаста
Дон æмæ буаргъæдæй райгонд!..

*Сабитæ сæ къухты æнгуылдзтæй æвдисынц ныхæсты мидис. Раздæр сæ армы тъæпæнтæ кæрæдзимæ æрбангом кæнынц, уыйфæстæ се 'нгуылдзтæ рахæлиу кæнынц.*

**Хъ**. Сабитæ, куыд аивтой нæ кæрт æмæ уынг, цæй-ма, рудзынгæй акæсæм.

*(Сабитæ кæсынц рудзгуытæй æмæ дзурынц: кæрдæг фæфылдæр, бæлæстыл фæзынд сыфтæр, мит æппындæр нал и, æдде у хъарм.)*

**Хъ**. Цавæр афæдзы афон ралæууыд?

**С.** Уалдзæг.

**Хъ**. Раст у. Ралæууыд уалдзæг. Уалдзæджы алцыдæр аивы, æрдз райхъал вæййы. Чи нæм æрыздæхы хъарм бæстæй?

**С.** Мæргътæ.

**Хъ**. Æмæ цы хæрдзысты мæргътæ?

**С.** Хъæндилты, уаллæтты, къогъоты.

**Хъ**. О, уыдон дæр райхъал вæййынц уалдзæджы. Радзурут-ма, цавæр сасктæ зонут?

*(Сабитæ кæсынц, нывгæндтыл цы сасктæ ис, уыдонмæ.)*

**Хъ**. Ме 'взонг хæлæрттæ! Цавæр дзаумæттæ скæнæм нæ уæлæ уалдзæджы?

**С.** Къурткæтæ, туфлитæ, хъарм кофтæтæ.

**Хъ**. Æмæ цавæр куыстытæ фæкæнынц адæм уалдзæджы?

**С.** Фефснайынц кæртытæ, уынгтæ.

**Хъ**. Уалдзæджы ма ноджы фæсадзынц талатæ, дидинджытæ. Байтауынц джитъриййы, уырыдзыйы, мæймæбулчъы æмæ æндæр халсарты мыггæгтæ.

Абон мах дæр садздзыстæм хъæдындз. Æрбакæсут-ма, цы æрбахастон!

**С.** Хъæдындз.

*(Сабитæ асыччы мидæг мæры садзынц хъæдындз.)*

**Хъ**. Мæнæ цы хорз бакуыстат! Æмæ цæмæй уæ хъæдындз хорз æрзайа, уый тыххæй ма йын цы кæнын хъæуы?

**С.** Хъæуы йыл дон кæнын.

**Хъ**. Ныр-иу алы бон дæр фендзыстæм, хъæдындз цас сырæзти, уый. Асыкк сæвæрдзыстæм рудзынгыл, цæмæй йæ хур дзæбæх тава. Афтæмæй нæ хъæдындз суыдзæн бæрзонд, донджын, хæрзад.



**Хатдзæг**

**Хъ.** Сæ ахстæттæм кæд æрбатæхынц мæргътæ?

**С.** Изæрæй.

**Хъ.** Хъал та кæд равæййынц?

**С.** Райсомæй.

**Хъ.** Æмæ уæнгивазæнтæ зарядкæ та кæд фæкæнут?

**С.** Райсомæй.

**Хъ.** Сымах та кæд райхъал вæййут?

**С.** Райсомæй.

**Хъ.** Хуысгæ та кæд бакæнут?

**С.** Изæрæй.

**Хъ.** Тынг хорз сывæллæттæ стут!

## *8-æм ахуыры сахат*

**Иумæйаг темæ: «Мæ бæстæ»**

**Темæ: «Квадрат. Æмбарынад «къуым» цы амоны, уыимæ зонгæ кæнын. Æмбарынад «уæлдай»-имæ базонгæ уæвын»**

**Нысантæ**:

– Сабиты квадратимæ базонгæ кæнын; зиллакк æмæ квадрат кæрæдзийæ куыд иртасой, цы хуыйнынц, уыдæттыл сæ сахуыр кæнын. Кæм сты, цы ран, цафон у, уый хуыздæр куыд хатой, ууыл дарддæр кусын (æмбарынæдтæ: *рахиз, галиу, уæле (сæр), дæле (бын), райсом – изæр)*. Æмбарынад «уæлдай» цы у, уыимæ сæ уæлæнгæйтты базонгæ кæнын.

– Иртасæн куысты фæлтæрддзинæдтæ, лæмбынæг уæвыны æмæ логикон хъуыдыкæнынады бындуртæ рæзыныл архайын.

– Хæдбарæй кусыны арæхстдзинæдтæ сын амонын.

**Архайæн фæрæзтæ**

**Райуаринаг:** хуызджын 2–3 зиллаччы æмæ 2–3 квадраты алы сабийæн дæр.

**Цæстуынгæ:** 2 тæлыйы, 1 урс зиллакк, 1 урс квадрат (уымæн сты урс, цæмæй сабитæ ахуырсты хуыз сæрмагонд мадзалыл ма нымайой æмæ сæйрагдæр се 'ргом здахой æрмæстдæр сæ нывкарстмæ); стыр квадрат – йæ фæрстæ метры фæтæнæн (1м ×1м).

Æппæт тæрхъусты дæр бафсæстам?
**С**. О.
**Хъ.** Уæдæ ныр хъазгæ дæр акæнæм.

**Змæлгæ хъазт «Мæргътæ»**

**Хъ**. Æртахтысты мæргътæ. Сæ ахстæттæ агурынц.
*Хъомылгæнæг фæзæгъы сабитæн, цæмæй цъиуты хуызы бацæуой. Алы цъиуæн дæр хъуамæ уа йæхи ахстон – бандон. Ахстæттæ цал сты, уал сты мæргътæ дæр. Бон æрбацъæх. Хур скасти.*
**Хъ**. Мæргътæ сæ ахстæттæй ратахтысты, ратæх-батæх кæнынц, райынц хуры уындæй, цин ыл кæнынц.
*(Сабитæ цъиуты тахт фæзмынц.)*
**Хъ**. Æризæр, хур бамбæхст хæхты фæстæ, мæргътæ сæ ахстæттæм атахтысты.
*Сабитæ сæ бандæттыл сбадынц. Хъомылгæнæг та йæ фæбæлвырд кæны, зæгъгæ, алы ахстоны дæр ис маргъ, алы маргъæн дæр ис йæхи ахстон, ома мæргъты нымæц æмæ ахстæтты нымæц сты æмхуызон.*
**Хъ**. Ногæй та ралæууыд райсом. Сæхи куыд дардзысты мæргътæ райсомæй?
**С.** Мæргътæ сæ ахстæттæй ратæхдзысты.
*Сабитæ та ногæй мæргъты тахт фæзмынц, хъомылгæнæг та уыцы сахат иу бандон иуварс айсы.*
**Хъ**. Æризæр. Кæдæм атæхдзысты мæргътæ?
**С.** Мæргътæ æмбæхсдзысты сæ ахстæтты.
**Хъ**. Се 'ппæтмæ дæр æрхаудта ахстон?
**С.** Нагъ.
**Хъ.** Иу цъиуæн не сфаг ахстон. Уæд цæуыннæ? Мæргътæ фылдæр сты, æви ахстæттæ?
**С.** Цъиутæ фылдæр сты.
**Хъ.** Ахстæттæ та?
**С.** Къаддæр.
**Хъ.** Æмæ ныр куыд бакæнæм, цæмæй алкæй фаг дæр уой ахстæттæ, уый тыххæй?
**С.** Иу ахстон ма сæм бафтауæм.
*(Хъомылгæнæг бандон йæ бынаты сæвæры.)*
**Хъ.** Ныр алы цъиуæн дæр ис ахстон?
**С.** Ис.



**Змæлгæ хъазт**

**Хъ.** Махмæ дæр æрцыди уалдзæг.
Мах дæр ныр мыггæгтæ садзæм.
Саумæр сын хуыссæнау у фæлмæн,
Ног æвзартæ калдзысты тæмæн.
*Сабитæ, æрбадут дзуццæджы, сымах стут «мыггæгтæ». (Хъуысы музыкæ.)*
Мыггæгтæ мæры базмæлдысты, райдыдтой рæзын. Сыстадыстæм сабыргай, «рæзы зæнг». «Фæзындысты» къалиутæ – къухтæ. Уе 'нгуылдзтæ рахæлиу кæнут – сыфтæ.
Бæлæсты къалиутæ змæлынц, æртасыдысты. Цы нæ саразын хъæуы, цæмæй бæлæстæ фæбæрзонддæр уой, уый тыххæй?
*(Сабитæ дзуапп дæттынц: истæуыл хъæуы слæууын æмæ æнд.)*
**Хъ**. Ныр та бакæсæм нæ диссаджы телевизормæ. Экраны астæу æз æвæрын бæлас. Бæлас раздæр цы уыд? Цавæр суыдзæн фидæны? Бæлас цæмæй конд у? Кæм ис фенæн бирæ бæлæстæ?
*Сабитæ æвзарынц хъæугæ нывгæндтæ æмæ сæ æвæрынц экраныл.*

**Хатдзæг**

**Хъ.** Абон цавæр афæдзы афоны тыххæй ныхас кодтам? Цавæр иддзинæдтæ æрцæуы æрдзы уалдзæджы æрцыдимæ?
*(Сабиты дзуаппытæ.)*

## *27-æм ахуыры сахат*

**Иумæйаг темæ: «Уалдзæг»**
**Темæ: «Хатдзæгтæ кæнæн»**
**Нысантæ:**

- Уалдзыгон фæзындтæ хуыздæр базонын; афæдзы иннæ афонтæй цæмæй хицæн кæны уалдзæг.
- Рæзын кæнын сабиты хъусдард, кусын сæ ныхасы рæзтыл.
- Цымыдис кæнын сабиты, цæмæй æрдз хуыздæр базоной æмæ йæ хъахъхъæной.

**Архайæн фæрæзтæ**
**Цæстуынгæ:** ныв-хъазт зымæг æмæ уалдзæджы хуызистытимæ (ныв «Уалдзæг» дих у расткъуымонтыл; афæдзы миниуджыты

афонты) ныхтæ: дзоныгъ, митын лæг æ.а.д.; пурти, хур, мигъ, гæпгæнæн æ.а.д. Ныхтæ сты сюжеты æмхалдих.

### Ахуыры нывæст

Сабитæ, уе ’нгуылдзтæ-ма равдисут.

**Хъ**. Иу, дыууæ, æртæ, цыппар, стæй фондз –
Тезгъомæ сты ме ’нгуылдзтæ цæттæ!
Иу, дыууæ, æртæ, цыппар, стæй фондз –
Амбæхстысты хæдзары цæрдæг.

*Тымбыл гукк байгом кæнын, рахæлиу кæнын æнгуылдзтæ, стырæй райдайгæйæ. Фæстæмæ гукк атымбыл кæнын, «æхгæнын», гыццыл æнгуылдзæй райдайгæйæ.*

**Хъ**. Тезгъо кæнын уарзут? Ныртæккæ уын æз радзурдзынæн, тезгъо кæнын бирæ чи уарзы, ахæм чызджы тыххæй.
*(Ныв-хъазт æрæвæрдта сабиты раз.)*
**Хъ**. Царди-уыди чызг Алинæ. Уый тынг уарзта зымæгон хъæзтытæ, арæзта митын лæгтæ, бырыди дзоныгъыл. Фæлæ зымæг æгæр ныддаргъ. Фæндыд æй йæ хъарм дарæс раласын æмæ уалдзыгон хурмæ хи тавын.
Зымæджы фæстæ цавæр афон ралæууы?
**С.** Уалдзæг.
**Хъ**. Хур ракаст æмæ мигъ атад митау.
*(Сабитæ ныхыл мигъ баивтой хурæй.)*
**Хъ**. Мит тайын райдыдта, доны сæр цы их уыд, уый батад. Æркæсутма, цавæр хъæзтытæй ис хъазæн æмæ æмбæлгæ нывгонд равзарут.
Цавæр дарæс скодта йæ уæлæ Алинæ?
**С.** Алинæ йæ пъалто раласта, хъуырбæттæн æмæ хъарм худ дæр æмæ йæ уæлæ æрбаппæрста рог уæлæфтау.
*(Сабитæ нывгонды ивынц Алинæйы дарæс.)*
**Хъ**. Хур æртавта. Цы бацис митын лæг?
**С.** Митын лæг батад.
**Хъ**. Цавæр ныв сæвæрын хъæуы митын лæджы бынаты?
*(Сабитæ ссардтой æвзарты асыкк.)*
**Хъ**. Бузныг. Уалдзæджы адæм байтауынц мыггæгтæ, цæмæй æрзайой дидинтæ, халсартæ æмæ а.д.
Æмæ цæрæгойтæ ис ныхыл? Цавæртæ?



*Хъомылгæнæг сын сæ размæ æрмæгæвдисæн фæйнæг æрæвæры, хæрзцæттæ чи нæма у, ахæм халсарты нывгæндтæ: пъæмидор, джитъри, къабуска-цъæхтæ, уырыдзы-сырх.*
**Хъ**. Ныхтыл кæцы халсартæ сты тымбылæгты хуызæн? *(Сæ дзуаппытæ.)* Æнæхъæн бон хур тавта нæ цæхæрадоны. Æмæ цавæр ивддзинæдтæ æрцыд цæхæрадоны? Ахгæнут-ма уæ дзæццытæ, стæй сæ фегом кæнут – базонут, цы ивддзинæдтæ æрцыд, уый.
*Сабитæ сæ цæстытæ бацъынд кæнынц, хъомылгæнæг цъæх пъæмидор сырхæй баивы. Сабитæ ракæсынц.*
**Хъ**. Цы аивта?
**С.** Пъæмидор цъæх уыд, стæй сцæттæ – фæсырх.
**Хъ**. Ома йæ хуыз аивта.
Дарддæр дæр уыцы хуызы цæуы хъазт, æцæг алыхатт дæр æрмæст иу исты аивы йæ хуыз, йæ ас. Зæгъæм, уырыдзы уыд гыццыл, стæй адынджыр.

### Сабиты хъазт «Тæрхъустæн хæринаг ратт»

**Хъ**. Цæхæрадонмæ æрбазгъордтой тæрхъустæ, къабуска хæрын сæм цæуы.
*Алы сабийæн дæр раттæм фæйнæ нывгонды 2–3 тæрхъусы хуызвыстимæ, стæй хицæнтæй кæрдæгцъæх тымбылæгтæ – «къабускатæ».*
**Хъ**. Алы тæрхъусæн дæр фæйнæ къабускайы раттут, ома алы тæрхъусыл дæр иу тымбылæг æрæвæрут.
*Сабитæ хæслæвæрд æххæст кæнынц, кæд къуылымпытæ кæной, уæд сын феххуыс кæнын æмбæлы. Раст сæххæст кодтой сæ хæс, уый бæрæггæнгæйæ хъомылгæнæг фæзæгъы, зæгъгæ, ныр тæрхъустæй алкæмæ дæр ис фæйнæ къабускайы, ома тæрхъустæ цал сты, уал сты къабускатæ дæр.*
**Хъ**. Æрбалыгъдис ма иу тæрхъус. Тæрхъустæ фæфылдæр сты. Ныр та алы тæрхъусмæ дæр ис къабуска?
**С**. Нæгъ! Иу тæрхъусмæ нæй къабуска. Тæрхъустæ фылдæр сты къабускатæй.
**Хъ**. Куыд баххуыс кæнæм уæдæ тæрхъусæн?
**С**. Уымæн дæр раттæм иу къабуска.
**Хъ**. Æрæвæрут уæ ныхлыгтыл ноджыдæр иугай къабускатæ. Ныр алы тæрхъусмæ дæр ис къабуска?
**С**. О, ис.
**Хъ**. Тæрхъустæ цæйбæрц сты, къабускатæ дæр уыйбæрц – æмбæрц.

– Къæрцхъус æмæ цырддзаст уæвыны, логикон хъуыдыкæнынады миниуджытæ сæм рæзын кæнын;

– Ахæм хуызы сæ хъомыл кæнын, цæмæй хуымæтæджы сериацитæ аразынил сæ ахуыр кæнын æххуысгæнæг уой.

**Архайæн фæрæзтæ**

**Цæстуынгæ:** халсарты хуызвыстытимæ нывгæндтæ: пъæмидортæ (цъæх æмæ сырх); къабуска (цъæх æмæ урс); джитъри, уырыдзы (стыр æмæ гыццыл).

**Райуаринаг:** сабиты нымæцмæ гæсгæ нывлыгтæ (карточкæтæ) – алы ныvлыгыл дæр 2–3 тæрхъусы, кæрдæгхуыз тымбылæгтæ.

### Ахуыры нывæст

**Хъ**. Райсомæй алчидæр йæ уæнгтæ айвазы, скæны зарядкæ, цæй, æмæ мах дæр айвазæм нæ уæнгтæ:

Айтындз тагъд дæ къухтæ,
Сараз тымбылкъухтæ.
Байгом сæ кæн цырддæр ныр
Æмæ хæц дæ астæуыл.

Сис хæрдмæ дæ къухтæ,
Сараз тымбылкъухтæ.
Байгом сæ кæн цырддæр ныр
Æмæ хæц дæ астæуыл.

Æруадз дæлæмæ къухтæ,
Сараз тымбылкъухтæ.
Байгом сæ кæн цырддæр ныр
Æмæ хæц дæ астæуыл.

*(Сабитæ ацы текстмæ гæсгæ се уæнгтæ айвазынц.)*

**Хъ**. Уыйфæстæ та мах хъуамæ нæхи цæхсæм.

*(Сабитæ, цыма сæхи æхсынц, афтæ архайынц.)*

**Хъ.** Дарддæр та цы ми кæнæм?

**С.** Аходæн кæнæм.

**Хъ**. Тынг раст, цæуæм аходæн скæнынмæ. Аходæнæн фылдæр цы уарзут? *(Алы дзуаппытæ дæттынц.)* Райсомæй тынг ахъаз сты витаминтæ, æмæ уыдоны та бирæ ис халсарты. Кæм зайынц халсартæ?

**С.** Цæхæрадоны.



**С.** Тæрхъус æмæ куыдз.

*(Сабитæ райстой хъæугæ нывтæ.)*

**Хъ**. Уыдонил та куыд фæзыны уалдзæг?

**С.** Тæрхъус йæ кæрц аивы – урс кæрц аппары æмæ скæны фæныкхуыз, æгъуыз. Куыдз та йæ кæрц нæ ивы.

**Хъ**. Æмæ бæлæстæ та цыхуызæн вæййынц уалдзæджы?

**С.** Мæнцъи сыфтæ сыл фæзыны.

*(Сабитæ равзæрстой хъæугæ ныв.)*

**Хъ**. Æмæ нæм хъарм бæстæй та чи ’ртæхы?

**С.** Мæргътæ.

**Хъ**. Лæмбынæг æркæсут нывмæ, цы ма дзы хъæуы аивын?

*Сабитæ кæсынц, ивгæ цы ныв кодтой, уымæ, æмæ ма дзы кæд исты рæдыд ис, уæд æй раст кæнынц.*

**Хъ**. Цинæй райы Алинæйы зæрдæ. Алцыдæр куыд рæсугъд у! Æрдз райхъал даргъ зымæгон фынæйы фæстæ. Сымахæн дæр уалдзæджы ралæуд æхсызгон у? Равдисут-ма уæ цин. *(Æмдзæгъд кæнынц, худынц, хъæлдзæг гæппытæ систой æмæ а.д.)*

Мæ гыццыл хæлæрттæ, цæмæй дидинджытæ дидинæг калой, цæмæй бæлæстæ сыфтæртæ ’фтауой, кæрдæджытæ æмæ къудзитæ зайой, уый тыххæй æрдз хъæуы хъахъхъæнын, бæлæстæ, къудзитæ нæй сæттæн æмæ а.д.

### Змæлгæ хъазт

**Хъ**. Цъиутау ратæх-батæх сисут,
Гæпп кæнут тæрхъустау.
Бæлæстæ сæ къалиутæ
Куыд фæтилынц, афтæ
Батилут уæ уæнгтæ.
Равдисут-ма иумæ,
Рæз куыд хæссы кæрдæг.
Бахудут-ма хурау ныр,
Ехх, куыд хорз у уалдзæг!
Ног цинтæ ныл уардзæн.

*Сабитæ æвдисынц, ныхæсты цы архайд цæуы, уый.*

### Хатдзæг

### Сабиты хъазт «Æртыккаг − уæлдай»

*Хъомылгæнæг рагацау равæрдта нывгæндты хæйттæ афæдзы афонтæм гæсгæ, æмæ дзуры сабитæн, цæмæй дзы айсой, уæлдай кæцытæ сты, уыдон, ома, ацы афонимæ чи нæ «фидауы».*

## *28-æм ахуыры сахат*

**Иумæйаг темæ: «Нæ алыварс дуне»**
**Нысантæ:**

– Сабиты дунембарынад уæрæхдæр кæнын, цæмæй зоной, цы сты: «цардæгас æрдз» æмæ «æдзард дуне».

– Рæзын кæнын сабиты логикон хъуыдыкæнынад, сæ хъусдард, ныхас кæныны арæхстдзинад.

– Æрдзы фæзындтытæм цымыдис куыд кæной, сæхи хъуыдытæ дзурын сæ куыд фæнда, уыцы хуызы сæ хъомыл кæнын.

**Архайæн фæрæзтæ**
**Цæстуынгæ:** урс зиллакк (d=1м); нывгæндтæ: хъæндилы, дидины, кæрдæджы, бæласы, мæлдзыджы, гæдыйы, цъиуы, хуры, къæвдайы, хæдзары, машинæйы, пуртийы хуызистытимæ. Ноджы ма бæрзонд бæласы, гыццыл æмæ стыр къудзийы хуызистытæ.
**Райуаринаг:** нывгæндтæ хъазтмæ «Раздæр цы, уыйфæстæ цы».

### Ахуыры нывæст

**Хъ.** Мæнæ-ма ракæсут диссаджы рæсугъд уалдзыгон хъæндилмæ. Рихитæ дæр ын ис. Цæй-ма, не ’нгуылдзтæй рихитæ равдисæм.

Уалдзыгон хъæндил дæн æз,
Дыргъдæттæ æз бирæ зонын.
Æрдузты сæрмæ дæр зилын,
Æмæ хонынц мæн «быз-быз».

*Се ’нгуылдзтæ ’рбамбырд кæнынц æмæ равдисынц тымбыл къухтæ. Амонæн æмæ кæстæр æнгуылдзтæ фæйнæрдæм акæнын («рихитæ»). «Рихитæ» змæлын кæнын.*

*Сабиты размæ гауызыл бирæ нывгæндтæ цардæгас æмæ «æдзард» æрдзы хуызистытимæ. Дзуапп дæтгæйæ, сабитæ райсынц æмбæлгæ нывгонд æмæ йæ æвæрынц зиллаччы.*
**Хъ**. Хъæндил тахтис уыгæрдæны сæрмæ, бафæллад æмæ æрбадт. Куыд хъуыды кæнут – аулæфынмæ цæуыл æрбадт?
*Кæд сабитæ дзуапп раттой «дидинæгыл», уæд хъомылгæнæг урс зиллаччы æвæры дидинæг æмæ хъæндилы хуызист.*
**Хъ**. Хъæндил акаст йæ алыварс æмæ цы федта æрдузы?
**С.** Кæрдæг, бæлæстæ.



*Хъомылгæнæг сабитæн дзуры, сымах иууылдæр мыстытæ стут, зæгъгæ.*
**Хъ**. Цал сты мыстытæ?
**С.** Бирæ.
**Хъ**. Цал сты хуынчъытæ та?
**С.** Бирæ.
**Хъ**. Алы мыстæн дæр ис йæхи хуынкъ. Мыстытæ цал сты, уыйбæрц сты хуынчъытæ дæр – æмбæрц.
*Мыстытæ разгъор-базгъор кæнынц уаты къуымты, агурынц къæбæртæ, хоры гагатæ. Æвиппайды дымгæ æрбадымдта, райдыдта уарын. Мыстытæ сæ хуынчъыты бамбæхстысты. Хъомылгæнæг ногæй-ногмæ дзуры, зæгъгæ, ацы хуынчъы ис мыст, стæй ацы хуынчъы дæр ис мыст æмæ а.д. Уый фæстæ хатдзæг скæны: хуынчъытæ цас сты, уыйас сты мыстытæ дæр – æмхуызон.*

### Хатдзæг

**Хъ**. Уæ зæрдæмæ фæцыди хъæды?
**С.** Фæцыд.
**Хъ**. Цавæр фæндæгтыл цыдыстæм мах хъæдмæ?
**С.** Фæтæн æмæ нарæг.
*Хъомылгæнæг сын фæзæгъы, цæмæй уыцы фæндæгтæ ссарой æмæ сыл фæстæмæ сабидонмæ раздæхой. Уый фæрцы сæ зæрдыл тынгдæр бадарынц æмбарынæдтæ «фæтæн» æмæ «нарæг».*
**Хъ**. Тынг сæрæнгуырдтæ стут: нæ фæдзæгъæл стут, хъæдæй фæстæмæ сабидонмæ здæхгæйæ – раст фæндагыл цыдыстут!

## *7-æм ахуыры сахат*

**Иумæйаг темæ: «Фæззæг»** (4 сахаты)
**Темæ: «Æмбарынæдтæ «фылдæр», «къаддæр», «райсом – изæр»**
**Нысантæ:**

– Предметты хæрхытæ сæ нымæцмæ гæсгæ къæйттæ аразыны фæрцы (иу уыйас ма) кæрæдзиуыл абарын куыд зоной сабитæ, ууыл сæ ахуыр кæнын. Æмбарынæдтæ «фылдæр», «къаддæр»-имæ зонгæ кæнын. Рæстæджы афонты æмбарынæдтæ «изæр», «райсом»-имæ сæ зонгæ кæнын.

Дарддæр сывæллæтты ахуыр кæнын предметтæ сæ конд, сæ асмæ æмæ хуызмæ гæсгæ иртасыныл.

*’фты. Иугай йыл кæрæдзи фæдыл цæуынц, уымæн æмæ ацы фæндаг нарæг у. Хъомылгæнæг сын се ’ргом уыцы уавæрмæ здахы.*
**Хъ.** Ныр та иучысыл ахъазæм æрдузы.

**Сабиты хъазт «Алыхуызон лентытæ»**

*Хъомылгæнæг сабитæн райсын кæны фæйнæ иу уадздзаджы (уадздзæгтæ сты алыхуызæттæ, сæ хуызмæ æмæ сæ кондмæ гæсгæ; фæтæнтæ æмæ нарæджытæ).*
**Хъ.** Алкæмæ дæр уæ ис уадздзаг?
**С.** О, ис.
**Хъ.** Сабитæ цæйбæрц сты, уыйбæрц сты уадздзæгтæ дæр, ома æмбæрц. Дæуæн дæ уадздзаг фæтæн у æви нарæг? Дæуæн та? Куыд æй сбæрæг кæнæм?
*(Сывæллæтты дзуаппытæ.)*
*Хъуысы музыкæ, сабитæ æрдузы тезгъо кæнынц, куыддæр музыкæ фæхъус вæййы, афтæ сабитæй алчи дæр йæхи фæндаг ссары: фæтæн уадздзаг кæмæ ис, уыдон цæуынц фæтæн фæндагыл, нарæг уадздзаг кæмæ ис, уыдон та – нарæг фæндагыл. Хъомылгæнæгæн йæ бон у сабитæн æххуыс кæнын. Уыйфæстæ æрæмбырд кæны уадздзæгтæ.*

**Сабиты хъазт «Уызынтæ æмæ къозотæ»**

**Хъ**. Мæнæ æрдузмæ æрбахæццæ стæм. Сымах цавæр фæндагыл цыдыстут? Сымах та? Кæсут-ма, ай нæ размæ чи фæцис, кæуыл фестæм хæрхæмбæлд?
**С.** Уызынтыл.
*Сабиты раз нывтæ цыппæргай уызынтимæ æмæ хицæнтæй – цыппæргай нывтæ, алы нывыл дæр фæйнæ иу къозойы.*
**Хъ**. Цас сты къозотæ?
**С.** Бирæ.
**Хъ.** Цæй æмæ алы уызынæн дæр фæйнæ иу къозойы раттæм.
**Хъ.** Цал сты уызынтæ?
**С.** Бирæ.
*Сабитæ хæслæвæрд æххæст кæнынц.*
**Хъ**. Алы уызынæн дæр сымах къозо радтат. Уызынтæ сты уыйас, къозотæ цал сты, уал, ома æмхуызон, æмбæрц. *(Æмбарынад «æмхуызон – æмбæрц» сæ зонды фидар кæнын.)* Ныр та ахъазæм.

**Змæлгæ хъазт «Мыстытæ»**

**Хъ.** Хъæды мыстытæ дæр цæры.
*Пъолыл кæрæдзимæ хæстæг æвæрдæй лæууынц тæлытæ – сабитæ цал сты, уыйбæрц. (Тæлытæ цыма сты «мыстыты хуынчъытæ».)*



**Хъ**. Бæласы къалиуыл та?
**С.** Цъиу.
**Хъ**. Æмæ кæрдæгыл та чи хилы?
**С.** Мæлдзыг.
**Хъ**. Ноджы ма хъæндил федта гæдыйы, уый йæ зæрдæйы дзæбæхæн хъазыд кæрдæджы. Æркæсут-ма æмæ зæгъут, къудзитæ æмæ бæлæстæ æмхуызон, æмиас сты?
*(Хъомылгæнæг равæрдта къæйттæй нывтæ: тала бæлас æмæ стыр бæлас, чысыл къудзигонд æмæ стыр къудзи.)*
**Хъ**. Кæсут-ма – мæнæ къудзи раздæр уыд ахæм. Ныр та? Тала та цавæр уыд? Ныр та цавæр бæлас сси?
**С.** Иу бæлас у стыр, иннæ – гыццыл, тала бæлас; иу къудзи у стыр, иннæ – чысыл.
**Хъ.** Æмæ куыд хъуыды кæнут, цæмæн сты алыхуызон?
**С.** Къудзи дæр æмæ бæлас дæр сырæзтысты.

**Хъазт**

**Хъ**. Билцъ рæзы, рæзы æмæ дзы рауад…
**С.** Дидинæг.
Талайæ – бæлас.
Чысыл къудзийæ – дынджыр къудзи.
Гæдыйы лæппынæй – гæды æмæ а.д.
**Хъ**. Рæзгæ æмæ улæфгæ цы кæны, уыдон хауынц цардæгас æрдзмæ. Мах хъуамæ хъахъхъæнæм нæ æрдз, хъуамæ цæрæгойты ма хъыгдарæм, бæлæстæ ма сæттæм.
**Хъ.** Бæласы цур ис дур. Цæмæй хицæн кæны дур бæласæй? Цы ми кæны бæлас?
**С.** Бæлас рæзы, улæфгæ кæны.
**Хъ**. Дур та?
**С.** Уый нæ рæзы.
**Хъ**. Æмæ уæд дур дæр удæгас æрдзæй у?
**С.** Нæу, у æдзард.
**Хъ**. Хур та? Уый рæзы, улæфы?
**С.** Нæ, уый дæр удæгас нæу.
**Хъ**. Æхсæвыгон арвыл фæзынынц стъалытæ æмæ мæй. Уыдон дæр удæгас æрдзæй сты?
**С.** Нæ. Уыдон нæ рæзынц, нæ улæфынц.
**Хъ.** Иу хатт-ма ранымайут цардæгас дунейы миниуджытæ.

**С.** Цыдæриддæр рæзгæ, улæфгæ, хæргæ кæны, уыдон хауынц цардæгас æрдзмæ.
**Хъ.** Гъе, ахæм дуне федта йæ алыварс хъæндил.

**Змæлгæ хъазт «Цардæгас – æдзард»**

*Сабитæ удæгас исты куы фенынц, уæд змæлынц; æнæудæгас – лæууынц æнцад.*
*Хъомылгæнæг æвдисы нывгæндтæ цардæгас æмæ æдзард æрдзы хуызистытимæ, сабитæ сын нымайынц сæ нæмттæ æмæ дзурынц, кæдæм хауынц, уый.*

**Хатдзæг**

**Хъ.** Зæгъут-ма, цардæгас æрдзмæ чи хауы, ахæм истæйы ном.
*(Сабитæ дзурынц).*
**Хъ.** Ныр та – æдзард дунемæ чи хауы, ахæмы ном.
*(Сабиты дзуаппытæ).*
**Хъ.** Уæ зæрдæмæ фæцыдис нæ ахуыры сахат?

## *29-æм ахуыры сахат*

**Иумæйаг темæ: «Хидарыны æгъдау»**
**Нысантæ:**
– Раргом кæнын æмбарынад «уæздан дзырдтæ»; ахуыр сæ кæнын ныхасгæнгæйæ уыцы дзырдтæй пайда кæнын.
– Кусын сабиты сфæлдыстадон хъуыдыкæнынады рæзтыл, ахуыр сæ кæнын анализ кæныныл, ныхас кæныныл.
Ахуыр сæ кæнын ныхасы бацæугæйæ хидарыны æгъдæуттыл; сæ алыварс адæммæ хæлар цæстæй куыд кæсой, бахъуаджы сахат сын æххуыс куыд кæной.
**Архайæн фæрæзт**
**Цæстуынгæ:** 2 хъазæн чындзы; 4–5 архайд æвдисæг нывгонды «уæздан дзырдтæй» пайда кæнын кæм хъæуы, ахæм уавæры.

**Ахуыры нывæст**

**Хъ.** Бакæсæм æмдзæвгæ.



– Сæ цырддзаст æмæ сæ къæрцхъусдзинады, логикон хъуыдыкæнынады æмæ фæлгæнæны рæзтыл кусын.
– Сабитæ кæрæдзиимæ куыд æмбæлой, уымæн сын фадæттæ аразын. Сæ кæрæдзийы æмбарыны æнкъарæнтæ сын рæзын кæнын. Хъазты мидæг æмархайд куыд кæной, ууыл сæ ахуыр кæнын.
**Архайæн фæрæзтæ**
**Цæстуынгæ:** лыстæг бæндæнтæ фæндаггæндтæ аразынæн – 4, нывгæндтæ уызыны хуызвыстытимæ – стыртæ æмæ чысылтæ; нывгæндтæ къозоты хуызвыстытимæ – стыртæ æмæ чысылтæ.
**Райуаринаг:** тæлытæ (сабиты нымæцмæ гæсгæ). Фæтæн æмæ нарæг хуызджын уадздзæгтæ (сывæллæтты нымæцмæ гæсгæ).

**Ахуыры нывæст**

**Хъ.** Абон не 'нгуылдзтæ атезгъо кæндзысты хъæды.
***Æнгуылдзты гимнастикæ «Тезгъо».***
**Хъ.** Ацы æнгуылдз ацыд хъæдмæ,
Ацы æнгуылдз къозо ссардта,
Ацы æнгуылдз æй ныхсадта
Ай йæ мæнæ артмæ дардта.
Ай йæ ахордта, ыстæй
Уайтагъд аззади дымстæй!
*(Сабитæ радыгай се 'нгуылдзтæ дыдагъ кæнынц, кæстæрæй райдайгæйæ.)*

**Сабиты хъазт «Хъæды мидæг»**

**Хъ**. Хъæды атезгъо кæнын уæ фæнды?
**С.** Фæнды.
**Хъ**. Æмæ, сабитæ, куыд хъуыды кæнут, хъæд стыр у æви чысыл?
**С.** Стыр.
**Хъ**. Цæмæй хъæды ма фæдзæгъæл уæм, уый тыххæй хъуамæ фæндаг ссарæм. *Пъолыл бæндæнтæй арæзт – дыууæ фæндаджы: иу – фæтæн, иннæ – нарæг.*
**Хъ.** Бафæлварæм-ма ацы фæндæгтыл ацæуын.
*Хъомылгæнæг фæтæн фæндагмæ амоны æмæ дзуры, зæгъгæ, ацы фæндагыл ис се 'ппæтæн дæр иумæ цæуæн, уымæн æмæ уыцы фæндаг фæтæн у. Сабитæ фæтæн фæндагыл иуыуылдæр иумæ цæуынц. Стæй сын хъомылгæнæг фæзæгъы, цæмæй ныр та нарæг фæндагыл фæраст уой. Сабитæн, цæмæй йыл иуыуылдæр иумæ ацæуой, уый сæ къухы не*

Галиу фарс ис, мæ хæлар, лæуу,
Рахиз фарсы дæр – мæ хæлар,
Иумæ хъæлдзæг зиллакк стæм.

*(Сывæллæттæ лæууынц зылдмæ гæсгæ, сæ къухтæ – сæ астæуты л. Фыццаг галиуырдыгæй лæууæгмæ дæтты йæ къух, уыйфæстæ – рахизырдыгæй лæууæгмæ.)*

*Сабитæ фæйнæрдæм фæпырх вæййынц æмæ хъомылгæнæджы амындмæ гæсгæ фæстæмæ сæ бынæтты æрлæууынц. Хъазт 2–3 хатты фæлхат кæнынц.*

**Хъ.** Куыд стыр рæсугъд зиллакк (зылд) сарæзтам. Æмæ ма йæ ноджы стырдæр та куыд ис скæнæн?

**С.** Фæстæрдæм асанчъехтæ кæнæм.

*(Сывæллæттæ фæстæрдæм иу санчъех акæнынц.)*

**Хъ.** Æмæ йæ уæдæ къаддæр та куыд скæнæм?

**С.** Размæ асанчъехтæ кæнæм.

**Хъ.** Скæнут зиллакк къаддæр.

*(Сабитæ æххæст кæнынц хæслæвæрд.)*

**Хатдзæг**

**Хъ.** Абон базонгæ стут зиллакк æмæ йæ миниуджытимæ. Цавæр тымбылгонд дыргътæ æмæ халсартæ зонут?

*(Сывæллæтты дзуаппытæ.)*

**Хъ.** Тынг хорз!

## *6-æм ахуыры сахат*

**Иумæйаг темæ: «Фæззæг»** (Хъæддаг æмæ хæдзарон цæрæгойтæ)

**Темæ: «Хæрхытæ кæрæдзиуыл барын сæ нымæцмæ гæсгæ, æмбарынæдтæ «иу уыйбæрц – иу уыйас ма» æмæ «æмбæрц»-æй пайда кæнгæйæ. Æмбарынæдтæ «фæтæн», «нарæг»-имæ зонгæ кæнын»**

**Нысантæ:**

– Хæрх предметтæ сæ нымæцмæ гæсгæ кæрæдзиимæ барын, къæйттæ сæ кæнгæйæ: иу иннæуыл кæнæ та сæ фæрсæй-фæрстæм æвæргæйæ. Æмбарынæдтæ «иу», «бирæ», «иу уыйбæрц – иу уыйас ма», «æмиас – æмбæрц» цы амонынц, уыцы зонындзинæдтæ ныффидар кæнын. Æмбарынæдтæ «фæтæн» æмæ «нарæг»-имæ сæ зонгæ кæнын.



Байрай, байрай, хур-сыгъзæрин!
Байрай, байрай, арв цъæх-цъæхид!
Байрай, цъитийæ цъæх ирдгæ!
Ды æрбалæууыдтæ сиргæ.
Байрай, кæрдæджы æвзар!
Стыдтай зæххæн ды йæ цъар.
Иумæ мах куы цæрæм ам, –
Уе ’ппæтæн дæттын салам.
(*Т. Сикачева*)

*Рахиз къухы æнгуылдзтæ радыгай «исынц» галиу къухы æнгуылдзтæ, кæрæдзийы бахойынц, афтæмæй.*

**Хъ**. Гъе, афтæ дæттынц салам æнгуылдзтæ. Сымах та цы фæзæгъут, уæ хиуæттимæ, æмбæлттимæ, зонгæтимæ куы фембæлут, уæд?

**С.** Уæ райсом хорз! Уæ бон хорз! Æгас цæут æмæ æнд.

**Хъ**. Мæнæн æхсызгон вæййы,
фембæлды рæстæг зонгæтæн æмæ
хæстæджытæн мах куы фæзæгъæм:
«Дæ райсом хорз!» «Де ’зæр хорз!»
«Салам!» Кусгæ чи фæкæны,
уымæн та: «Байрай!» Кæнæ
фæцæйцæугæйæ: «Хæрзбон»,
«Хæрзизæр».

*Сабитæ фæлхатынц «уæздан дзырдтæ» хъомылгæнæджы фæстæ.*

**Хъ**. Лæппутæ æмæ чызджытæ, уыдон сты «уæздан ныхæстæ», салам дæр ма сæм хауы. Ис ма ноджыдæр æндæр ныхæстæ, уыдоны тыххæй дæр ныртæккæ аныхас кæндзыстæм.

*Хъомылгæнæг сывæллæтты æргом здахы, къорды уаты алы рæтты цы дыууæ хъазæн чындзы бады, уыдонмæ.*

**Хъ.** Хъазæн чындзытæ Мæдинæ æмæ Алинæ нæм уазæгуаты æрбацыдысты, фæлæ, цæмæдæр гæсгæ, кæрæдзи фарсмæ нæ бадынц. Цымæ, цæуылнæ?

*(Сабиты дзуаппытæ).*

**Хъ.** Цымæ, хыл фесты, куыд хъуыды кæнут?

*(Сывæллæттæ дзуапп дæттынц).*

**Хъ.** Цæй æмæ базонæм, цымæ, цы кодтой?

*Хъомылгæнæг æмæ сабитæ бацæуынц хъазæн чындз Мæдинæмæ.*

**С.** Мæдинæ, цы кæныс?

**М.** Ме ’мбалы мемæ хъазын нæ фæнды æмæ мæм йæ хъазæнтæ нæ дæтты.

**Хъ.** Мæдинæ, æмæ дæ уæздан ныхæстæ зæгъын нæ ферох де ’мбалæн?

**М.** Æз ахæм ныхæстæ нæ зонын.
**Хъ.** Цæй æмæ бацамонæм Мæдинæйæн «уæздæн» ныхæстæ.
*Сабитæ йын амонынц.*
**Хъ.** Не 'мбæлттæ æмæ нæ зонгæтимæ фембæлгæйæ, дзурын хъæуы «уæздан» ныхæстæ. Зæгъут-ма, цавæртæ?
**С.** «Æгас цæут», «уæ райсом хорз», «уæ бон хорз» æмæ а.д.
**Хъ.** Æмæ исты ракурын уæ зæрды куы уа, уæд та цы зæгъын хъæуы?
**С.** Уæд зæгъын хъæуы «уæздан» ныхас «табуафси».
**Хъ.** Æмæ дын исчи къафеттæ, хъазæнтæ кæнæ æндæр исты куы дæтта, уæд та цавæр ныхас зæгъын хъæуы?
**С.** Уæд та зæгъын хъæуы æндæр «уæздан» ныхас: «бузныг».
**Хъ.** Æмæ æнæнхъæлæджы искæй куы бафхæрай, уæд та цы зæгъын хъæуы?
**С.** «Дæ хорзæхæй, бахатыр кæн» кæнæ «ныббар мын».
**Хъ.** Федтат, цас «уæздан» ныхæстæ ис, уый? Уыдоны фæрцы бирæ хорз хъуыддæгтæ ис бакæнæн. Цомут-ма иууылдæр Мæдинæйы æмбал Алинæмæ æмæ сæ бафидауын кæнæм.
*Хъомылгæнæгæн йæ къухы Мæдинæ, афтæмæй бацæуы сабитимæ Алинæмæ æмæ Мæдинæйы бæсты хатыр куры.*
**Хъ.** Алинæ, бахатыр мын кæн, дæ хорзæхæй. Ныр æз зонын бирæ «уæздан» ныхæстæ æмæ никуыуал фæхыл уыдзыстæм демæ.
Цæй-ма, сывæллæттæ, уыцы ныхæстæ ноджы нæ зæрдыл æрлæууын кæнæм.
*Сывæллæттæ фæлхат кæнынц «уæздан» ныхæстæ.*
**Хъ.** Нæ уазджытæ бафидыдтой, æмæ ныртæккæ иууылдæр иумæ æркæсдзыстæм нывтæм æмæ ахъуыды кæндзыстæм, цахæм уавæрты цавæр «уæздан» ныхæстæ дзурын æмбæлы, уыл.
*Сывæллæттæ кæсынц, «уæздан» ныхæстæ дзурын кæм æмбæлы, ахæм алыхуызон уавæртимæ сюжетон нывтæм. Уыйфæстæ афæндараст кæнынц сæ уазджыты æмæ сын фæзæгъынц, цæмæй ма сæм ноджы æрбацæуой уазæгуаты.*

**Хатдзæг**

**Хъ.** Чи нæм уыдис уазæгуаты? Цавæр «уæздан» ныхæстæ зæгъын хъæуы фембæлгæйæ? Æмæ уæ хъазæн ракурын куы фæнда, уæд та цы зæгъын хъæуы?
*Сабитæ дзурынц.*
**Хъ.** Тынг хорз! Мæ зæрдæ уæ барухс.



**Хъ.** Сабитæ, нывтыл цытæ уынут? *(Сабитæ дзуапп дæттынц.)* Фæткъуы цы хуызæн у?
**С**. Тымбыл.
**Хъ**. Пъæмидор та?
**С**. Тымбыл.
**Хъ.** Уæ къухæй-ма, зиллакк цы хуызæн у, уый равдисут. *(Сабитæ сæ къухтæ уæлдæфы æмдымбыл æрзилынц. Хъомылгæнæг æвдисы кæрдæгхуыз æмæ сырх зиллæччытæ.)* Махмæ дæр ис зиллæччытæ. Цæй хуызæн у кæрдæгхуыз зиллакк *(цæлхдымбыл)*, сырх та?
**С.** Фæткъуыйы, пъæмидоры.

**Д/хъ «Раст равæр»**

*Хъомылгæнæг зæгъы сабитæн, цæмæй сæ цæст æрхæссой зиллæччыты хæрхыл – кæрдæгцъæх ахуырст – стыртæ æмæ сырх – чысылтæ; зиллæччытæ æрысгарын: амонæн æнгуылдз сыл æрхæссын кæрæй-кæронмæ, атулын сæ, æмæ уыйадыл хатдзæг скæнын ахæм, зиллакк хорз кæй тулы, тулынмæ йæ кæй ницы хъыгдары.*
*Стæй хъомылгæнæг домы, цæмæй зиллæччытæ сбарой сæ асмæ гæсгæ (кæрæдзиуыл сæ сæвæргæйæ) æмæ сбæлвырд кæной, кæцытæ сты чысыл зиллæччытæ кæцытæ та – стыртæ. Дыууæ тæлыйы мидæг сæ сæвæрын: стыртæ – иу тæлыйы, чысылтæ – æндæры.*
**Хъ.** Ныр та æрбадæм стъолты уæлхъус æмæ раст равæрæм дыргътæ. *(Сабитæ æрбадынц. Алкæйы раз дæр ис цыппар чыргъæдимæ нывгонд æмæ фæйнæ 4 нывы иугай фæткъуытимæ.)*
**Хъ.** Цæйбæрц сты чыргъæдтæ?
**С.** Бирæ.
**Хъ.** Цæйбæрц сты фæткъуытæ?
**С.** Бирæ.
**Хъ.** Сæвæрут алы чыргъæды дæр иу фæткъуы. *(Сабитæ æххæст кæнынц хæслæвæрд.)*
**Хъ.** Алы чыргъæды дæр ис фæткъуы?
**С.** О, ис.
**Хъ.** Чыргъæдтæ цæйбæрц сты, уыйбæрц сты фæткъуытæ дæр. Иумæ-ма йæ зæгъæм. Раст равæрдтат фæткъуытæ чыргъæдты? Тынг хорз.

**Змæлгæ хъазт «Æрлæууут зылды»**

*(Хъомылгæнæг сабиты, кæрæдзийыл къухтыл хæцгæйæ, æрлæууын кæны зылдмæ гæсгæ.)*
**Хъ.** Сабитæ, æрлæууут зылды,
Зылдмæ гæсгæ у нæ хъазт.

– Æмбарынад «уыйбæрц»-ы æмæ хуызтæ кæрæдзийæ иртасыны арæхстдзинæдтæ сфидар кæнын. Ахуыр сæ кæнын зиллæччытæ кæрæдзийæ иртасыны сæ асмæ гæсгæ (кæрæдзийы уæлæ сæ æвæргæйæ). Алы нывгуыртæ (фигурæтæ) фæрсæй-фæрстæм бæрæг æууæлтæм гæсгæ кæй вæййынц æвæрд, уыцы фæтк æргом кæнын. Хæрх цы у, уыимæ сæ дарддæр зонгæ кæнын.

– Рæзын кæнын фæлгæнæн, ассоциативон фæрæзтæ алы æууæлтæм гæсгæ дих кæнын зонын (классификаци кæнын), хуызæгтæ-модельтæ аразын.

– Æрдз куыд уарзой, уыцы хуызы сæ хъомыл кæнын, хъуамæ æмдых-æмзондæй архайынмæ тырной кусгæйæ дæр æмæ хъазгæйæ дæр.

**Архайæн фæрæзтæ**

**Цæстуынгæ:** тымбыл дыргъытæ æмæ халсарты хуызвыстытимæ нывгæндтæ.

**Райуаринаг**: стыр кæрдæгхуыз цæлхдымбылтæ æмæ къаддæртæ – сырхытæ (сабитæ цал уой, уыйас).

Алы сывæллонæн дæр: 4 хицæн нывгонды фæйнæ иугай фæткъуыйы хуызвыстимæ æмæ иу нывгарст (карточкæ) 4 карточкæ чыргъæды хуызвыстытимæ.

### Ахуыры нывæст

**Хъ.** Сабитæ, кæрæдзи къухтыл æрхæцут æмæ цæлхдымбылæй слæуут.
Кæрæдзийы къухтыл хæцгæйæ лæууæм,
Иумæ нæ рауадис фидар рæхыс.
Стырдæр цæмæй уæм, уый у нæ бон *(сабитæ сæ къахфындзтыл слæууынц),*
Чысылдæр цæмæй уæм, уый дæр мах зонæм *(сабитæ дзуццæджы æрбадынц),*
Фæлæ нæ иунæг ничи уыдзæни,
Иууылдæр иумæ стæм мах хæлæрттæ,
Кæрæдзийæн алкæд фæкæнæм æххуыс,
Æмæ нын хъазын дæр æхсызгон у иумæ тынг *(зилдухгæнгæ цæуынц, æрлæууынц*).
*(Фæйнæгыл – тымбыл дыргъытæ æмæ халсарты хуызвыстытимæ нывгæндтæ.)*



## *30-æм ахуыры сахат*

**Иумæйаг темæ: «Сæрд»**

**Нысантæ:**

– Сабиты сæрды нысæнттæ-бæрджытимæ базонгæ кæнын.

– Ахуыр сæ кæнын афæдзы афонтæ кæрæдзиуыл барын æмæ кæрæдзийæ иртасын.

– Рæзын сын кæнын сæ логикон хъуыдыкæнынад, сæ мысæнуат, хæдбардзинад; цæмæй æнкъарой хуызтæ, цæмæй хъæздыгдæр кæна сæ дзырдуат æмæ дзы зоной пайда кæнын.

– Хæлар ахастдзинæдтæм сæ разæнгард кæнын; æххуыс сын чи фæци, уымæн арфæ кæнын куыд зоной, кæрæдзийæн сæ æххуыс кæнын куыд фæнда.

**Архайæн фæрæзтæ**

**Цæстуынгæ:** хъазæн чындз, хуызджын зиллакк афæдзы афонтимæ; нывгæндтæ сæрды, фæззæджы, зымæджы, уалдзæджы хуызистытимæ.

**Райуаринаг:** 3–4 нывгонды алкæмæн дæр хъазтæн «Фыццаг цы, уыйфæстæ та цы?»

### Ахуыры нывæст

**Хъ**. Равдисут-ма уе 'нгуылдзтæ.
Иу, дыууæ, æртæ, цыппар, стæй фондз.
Не 'нгуылдзтæ нымайæм, цæй.
Мах хъæддых ыстæм, æнгом,
Дунетыл хæлардæр нæй.

*Цонг хæрдмæ сисын, æнгуылдзтæ хæлиу, иугай сæ батымбыл кæнын.*

**Хъ**. Уазæгуаты нæм æрбацыд чындз Мæдинæ. Æрбахаста нын хуызджын зиллакк – афæдзы афонтæ.
Чындз Мæдинæ нæ зоны, зиллаччы хуызтæ цы амонынц, уый. Мах ын сæ радзурдзыстæм. Фæлæ уал уыйразмæ раттæм дзуапп ахæм фарстæн: кæд вæййы уый?
Бурбын сыфтæ хауынц зæхмæ,
Хуссармæ фæтæхынц мæргътæ,
Арæх – уарыны æртæхтæ.
**С.** Фæззыгон.
**Хъ**. Фæззæгæн йæ хуыз цавæр у?
**С.** Бур.

**Хъ**. Кæд вæййы афтæ?
Бамбæрзта быдыртæ мит,
Дæттыл – ихæй ногконд хид.
Митын Дада нæм фæзынд,
Лæвæрттимæ ныл æрзылд.
**С.** Зымæгон.
**Хъ**. Зымæджы хуыз та цавæр у?
**С.** Урс.
**Хъ**. Уый та кæд вæййы?
Мит тайы,
Уд райы.
Сулæфыди зæхх,
Кæрдæг та фæцъæх.
Боныл райдыдта æфтын,
Бæлас рафтыдта сыфтæр.
**С.** Уалдзыгон.
**Хъ**. Цавæр у уалдзæджы хуыз та?
**С.** Цъæх, кæрдæгхуыз.
**Хъ**. Зиллаччы ма цавæр хуыз ис ноджы?
**С.** Сырх.
**Хъ**. Чи уæ зоны – уалдзæджы фæстæ цы ралæууы?
*(Кæд сабитæ къуыхцы кæнынц, уæд æй хъомылгæнæг дзуры йæхæдæг.)*
**Хъ**. Уалдзæджы фæстæ ралæууы сæрд.
Сæрд сырх-сырхид у, рæсугъд,
Арвастæу ныллæууыд хур.
Ссарут-ма, сæрд æвдыст кæм цæуы, уыцы нывгæндтæ.
*Сабитæ утæппæт нывгæндтæй (афæдзы алы афонтæ сыл) хъуамæ равзарой зиллаччы сырх хайыл. Уыимæ дзы алчидæр хъуамæ радзура, цæмæн афтæ бакодта, уый тыххæй.*
*Зæгъæм: Сæрды сывæллæттæ сæхи найынц доны. Ратæх-батæх кæнынц гæлæбуты фæстæ. Ахсынц кæсаг. Сæхи хурсыгъд кæнынц. Дарæс дæр сыл уыйас ницы ис…*
**Хъ**. Чындз Мæдинæ уын арфæ кæны, ныр уый дæр зондзæн – зиллакк 4 хуызимæ амоны афæдзы афонтæ. Цæй æмæ ма иу хатт зæгъæм Мæдинæйæн, сæрдæн цавæр хуыз ис.
**С.** Сырх.
**Хъ.** Мæдинæ йемæ æрбахаста зонтик æмæ йæ фæнды уемæ ахъазын.



*дæр карточкæ 4 æхсæрсæттæджы нывимæ æмæ 4 нывы фæйнæ иу æхсæримæ.)*
**Хъ.** Цал сты æхсæрсæтджытæ?
**С.** Бирæ.
**Хъ**. Алкæмæн дæр дзы раттут иу æхсæр. *(Сабитæ æххæст кæнынц хæслæвæрд.)*
**Хъ.** Алы æхсæрсæттæгмæ дæр ис æхсæр?
**С.** О, ис.
**Хъ.** Уæдæ æхсæрсæтджытæ цæйбæрц сты, уыйбæрц сты æхсæртæ дæр. Зæгъут-ма иумæ.
*Сывæллæттæ иумæ фæлхат кæнынц ног дзырдтæ.*

**Хатдзæг**

**Хъ.** Абон махæн фæззæг цы балæвар кодта?
**С.** Сыфтæртæ.
**Хъ.** Цæйбæрц уыдысты сыфтæ?
**С.** Бирæ.
**Хъ.** Алкæмæ дæр уæ уыдис сыф?
**С.** О, уыдис.
**Хъ.** Цал сыфы уыд алкæмæ дæр?
**С.** Иу.
**Хъ.** Уæдæ-ма иу хатт иумæ зæгъæм:
«Сывæллæттæ цæйбæрц сты, сыфтæ дæр уыйбæрц.
Сыфтæ цæйбæрц сты, сывæллæттæ дæр уыйбæрц.»
**Хъ.** Тынг хорз!

## *5-æм ахуыры сахат*

**Иумæйаг темæ: «Фæззæг»** (2 сахаты). (Дыргътæ æмæ халсартæ)
**Темæ: «Зиллакк. Зиллаччы миниуджытæ»**
**Нысантæ:**
– Зиллакк æмæ сæ йæ миниуджытимæ базонгæ кæнын. Ахуыр сæ кæнын ууыл, цæмæй се ’нкъарæнты (сенсорон) эталонтæ сæ алыварс дунейы уавæримæ абарын, фæрсæй-фæрстæм æрæвæрын зоной.
*Дарддæр сын сæ зонындзинæдтæ афæдзы афонты тыххæй нывыл кæнын; фæззæг циу, уый тыххæй сын сæ зонындзинæдтæ бафидар кæнын.*

**Хъ.** Нæ бæлæстыл сыфтæр нал баззад, дымгæ сæ нæ къорды уаты къуымты ныххæлиу кодта. Акæсут-ма, цас сыфтæ ис пъолыл?
**С.** Бирæ.
**Хъ.** Сыфтæртимæ ис хъазæн. Алчидæр йæ рахиз къухмæ сисæд иу сыф. Цал сыфы ис дæ рахиз къухы? Дæуæн та?
**С.** Иу.
**Хъ.** Цал сыфы ис дæ галиу къухы? Дæуæн та?
**С.** Иу дæр нæ.
**Хъ.** Цал сыфы ис алы сывæллонмæ дæр?
**С.** Иу.
**Хъ.** Алы сывæллонмæ дæр ис иу сыф: сывæллæттæ цæйбæрц сты, уыйбæрц сты сыфтæ дæр. *(Цал сывæллоны, уал сыфы).*
*(Сабитæ ног дзырдтæ кæнæ ног дзырдбæстытæ раст дзурынц хъомылгæнæджы фæстæ.)*

**Змæлгæ хъазт «Дымгæ»**

*Хъомылгæнæджы бæрæг дзырдмæ гæсгæ, зæгъæм, «дымгæ» – сыфтæ алырдæм тæхынц», ома сабитæ райдайынц хъомылгæнæджы фæдзæхстытæ æххæст кæнын:*
Сыфтæ размæ тæхынц – *сабитæ сыфтимæ сæ къухтæ размæ райтынг кæнынц.*
Сыфтæ фæстæмæ тæхынц – *сабитæ сыфтæ сæ фæстæ амбæхсынц.*
Сыфтæ хæрдмæ тæхынц – *сабитæ хæрдмæ (уæлæмæ) сисынц сыфтæ.*
Сыфтæ бынмæ æруагътой сæхи – *сабитæ сыфтæ æруадзынц бынмæ (дæлæмæ).*
Сыфтæ тæхынц рахизырдæм (галиуырдæм) – *сабитæ сæ фезмæлд тексты мидисмæ гæсгæ аразынц.*
**Хъ.** Ныр та сырх сыфтæ иууылдæр æрæмбырд кæнæм сырх тæлымæ. Цал сыфы ис тæлыйы мидæг?
**С.** Бирæ.
**Хъ.** Бур сыфтæ та æрæмбырд кæнæм бур тæлымæ. Цал сты?
**С**. Бирæ.
**Хъ.** Цал сыфы ма ис уæ къухы?
**С.** Иу дæр нæ.
**Хъ.** Мæнæ æрбазгъордтой æхсæрсæтджытæ. Раттын сын хъæуы хæринаг.

**Д/хъазт «Æхсæрсæттæгæн ратт хæринаг»**

*(Сывæллæттæ бадынц стъолты уæлхъус. Стъолтыл алы сывæллонæн*



**Хъазт «Хур æмæ къæвда»**

*Зæлы музыкæ.*
**Хъ**. Хур тавы.
*(Сабитæ тезгъо кæнынц уаты.)*
**Хъ.** Рацыд тыхджын уарын.
*Сабитæ зонтиччы бынмæ базгъордтой.*
*Хъазынц 2–3 хатты.*
**Хъ.** Сабитæ, æмæ зонтиччы бын цæмæн бамбæхстыстут.
*Сывæллæтты дзуаппытæ.*
**Хъ.** Сабитæ, æмæ къæвда цы пайда у?
*Алыхуызон дзуаппытæ дæттынц. Хъомылгæнæг сын баххæст кæны сæ дзуаппытæ.*
**Хъ**. Бузныг. Ме ’взонг хæлæрттæ! Къæвда тынг ахъаз у. Уарын æхсызгон вæййы зæххæн, бæлæстæн, зайæгойтæн. Чи уæ зæгъдзæн, цæмæн?
*(Сабитæ дзуаппытæ дæттынц, хъомылгæнæг дæр сын æххуыс кæны.)*
**Зæгъæм**: Уарыны фæстæ уæлдæф вæййы сыгъдæг. Бæлæстæ, зайæгойтæн сæ уидæгтæ бафсæдынц донæй æмæ рæзынц. Куыдз дæр кулæй дон асдæры. Уарын ныхсы уынгтæ, хæдзæртты сæртæ…

**Д/хъазт «Раздæр цы, уыйфæстæ та цы?»**

*(Сюжетон нывгæндтæ сæм дæтты 3–4-гæйттæ. Равæрын сæ хъæуы логикон æгъдаумæ гæсгæ.)*

**Хатдзæг**

**Хъ.** Кæцы афæдзы афон у æппæты тæвддæр? Æппæты уазалдæр та? Кæцы афон фезгъæлынц бур сыфтæртæ? Кæд фæзынынц фыццаг кæрдæг æмæ дидинджытæ?

## Алфамбылай дунейы тыххæй къæстæр къорды сывæллæтты (3–4 азы) зонындзинæдты æмвæзады бæрæггæнæн

| № | Сывæллоны ном æмæ мыггаг | Зæгъын зонын йæхи æмæ йæ бинойнæгты нæмттæ. | Амоны буары хæйттæ æмæ сын зæгъын зоны сæ нæмттæ. | Зоны æмæ дзуры сæ нæмттæ цалдæр профессийæн. | Зоны зæгъын афæдзы афонты сæйраг бæрæггæнæнтæ (фæззæг, зымæг, уалдзæг, сæрд). | Дзуры хæдзарон æмæ хъæддаг цæрæгойты нæмттæ æмæ кæм цæрынц, уый. | Нымайы хæдзары дзаумайы, уæлæдарæсы, мигæнæнты нæмттæ. | Кæрæдзийæ иртасын æмæ зонын уæзласæн æмæ адæмласæн транспорты нæмттæ. |
|---|---|---|---|---|---|---|---|---|
| 1 | | | | | | | | |
| 2 | | | | | | | | |
| 3 | | | | | | | | |
| 4 | | | | | | | | |
| 5 | | | | | | | | |
| 6 | | | | | | | | |
| 7 | | | | | | | | |
| 8 | | | | | | | | |
| 9 | | | | | | | | |
| 10 | | | | | | | | |



амоны, уыимæ сæ базонгæ кæнын (синоним: «иу уыйбæрц ма»).
Цы ран, цы бынаты сты, уым рохстхуыз куыд нæ уой, бæлвырд архайдмæ, бацæуын æмæ рацæуынмæ куыд арæхсой, ууыл сæ дарддæр ахуыр кæнын: æмбарынæдтæ «размæ, разырдæм-разыздæм», «фæстæмæ, фæстæрдæм» «рахиз, рахизмæ, рахизырдæм-рахизыздæм», «галиу, галиумæ, галиуырдæм-галиуыздæм», «уæлæ, сæр, уæле, хæрдмæ», «бын, дæле» цы амонынц, уыимæ сæ базонгæ кæнын. Хуыз цы у, уый тыххæй зонындзинæдтæ бафидар кæнын. Алы афонтæ – рæстæджытæ цы сты, уый сын æмбарын кæнын, афæдзы афон «фæззæг» циу, уый сын фидарæй сæ бафидар кæнын.

– Дарддæр сын сæ къæрцхъус уаг æмæ цырддзасты миниуджытæ, стæй, тыгъдад циу, уый æмбарынад рæзын кæнын, ахуыр сæ кæнын иу фæзынд кæнæ иу предмет иннæуыл абарын, хатдзæгтæ кæнын, модельтæ-хуызæгтæ аразыныл.

– Сæ хæслæвæрдтæ æххæстгæнгæйæ æхсызгон æнкъарæнтæ куыд æвзарой, сæ къухы æнтыстджынæй цы бафты, ууыл зæрдиагæй цин кæнын куыд зоной, ууыл сæ ахуыр кæнын.

**Архайæн фæрæзтæ**

**Цæстуынгæ:** фæйнæ иу бур æмæ сырх тæлытæ.

**Райуаринаг:** сыфтæ – сырхытæ æмæ буртæ. Алы сывæллонæн дæр 4 хицæн нывы æхсæримæ æмæ иу карточкæ 4 æхсæрсæттæджы нывимæ.

### Ахуыры нывæст

*Пъолыл-сыфтæ æппæрст: сырхытæ – стыртæ æмæ буртæ – чысылтæ.*

**Хъ.** Сабитæ, сымах цыма бæлæстæ стут, уый ма уæ цæстытыл ауайæд.

Дымгæ ниуы, дымгæ уасы,
Бæлас алырдæмты тасы.
Дымгæ фенцайы æваст –
Бæлас алæууы æмраст!

*Сабитæ сæ къухтæй сæ цæсгæмттæн дымгæ кæнынц.*

*Сабитæ сæ къухтæ сæ сæрмæ сдардтой æмæ бæлæстау дыууæрдæм æнкъуысынц.*

*Сабитæ цадæггай дзуццæджы æрбадынц.*

*Сабитæ æмраст алæууынц æмæ сæ къухтæ хæрдмæ сивазынц.*

*дзаума æмæ алы уæлæфтаумæ дæр хæдзардзин цæстæй кæсын кæй хъæуы, аудын сыл кæй хъæуы, уый. Стæй сын фæзæгъы, цæмæй сæ цæст ахæссой сæ къорды уатыл – куыд дзæбæх, куыд райдзаст у!*

**Хъ.** Мæнæ кæройнаг станцæмæ æрбахæццæ стæм. Уæ хъус-ма æрдарут, цас нывтæ дзы ис, уымæ.

*Хъомылгæнæг зæгъы сывæллæттæн, цæмæй лæмбынæг æркæсой, хъазæнтæ, хæдзары дзаумæттæ æмæ уæлæдарæсы хуызистытæ кæм ис, уыцы нывтæм.*

**Хъ.** Сабитæ, нæ балцы фыццагдæр цы станцæмæ бахæццæ стæм, уый куыд хуынд?

**С.** Уый хуынд «Хъазæнтæ».

**Хъ.** Гъемæ уæдæ сырх тæлыйы мидæг сæвæрдзыстæм, хъазæнты хуызистытæ кæм ис, уыцы нывтæ.

*(Сабитæ хæслæвæрд æххæст кæнынц.)*

**Хъ.** Бур тæлыйы мидæг сæмбырд кæндзыстæм, хæдзары дзаумæттæ цы нывты ис, уыдон.

*(Сабитæ хæслæвæрд сæххæст кæнынц.)*

**Хъ.** Æмæ æрвхуыз-цъæх тæлыйы мидæг та цавæр нывтæ æрæмбырд кæндзыстæм?

**С.** Уæлæдарæсы.

*(Сабитæ хæслæвæрд сæххæст кæнынц.)*

**Хъ.** Ныр æппæт нывтæ дæр сæ бынат ссардтой, равæрдтам сæ. Алы тæлыйы мидæг дæр ис хицæн буаргъæдты хæрх. Ранымайæм сæ.

*(Сывæллæттæ ранымайынц: «Хæдзары дзаумæттæ», «Хъазæнтæ», «Уæлæдарæс».)*

**Хъ.** Алы хæрхæн дæр сымах ссардтат йæхи ном.

**Хатдзæг**

**Хъ.** Куыд аив æмæ хæрзæфснайд у ныр нæ къорды уат!

## *4-æм ахуыры сахат*

**Иумæйаг темæ: «Фæззæг»** (1 сахат)

**Темæ: «Иу уыйбæрц ма», «фæстæмæ», «размæ» цы амонынц, уыимæ зонгæ кæнын»**

**Нысантæ:**

– «Иу», «бирæ», «иу дæр нæ» цы амонынц, уый тыххæй зонындзинæдтæ бафидар кæнын. «Иу уыйас ма – æмбæрц» цы



**Алфамбылай дунейы тыххæй зонындзинæдтæ бæрæггæныны критеритæ ахуыры азы кæронмæ**

1. Дзуапп дæттын ахæм фæрстытæн: дæ ном цы хуыйны? Цал азы дыл цæуы? Иннæ сывæллæтты нæмттæ дзурын.

2. Æмбарын, адæм хæдзæртты кæй цæрынц, хæринаг кæй кæнынц (хъæрмхуыпп фыцынц, чъиритæ кæнынц æ.а.д); пайда кæй кæнынц алыхуызон мигæнæнтæй, кæй дарынц афæдзы афонтæм гæсгæ уæлæдарæс, уæлæдарæс бахуыйæн кæнæ сбийæн кæй ис.

3. Æмбарын, хæринæгтæ æмæ дзаумæттæ дуканийы уæййаг кæй сты, уый.

4. Æххæст кæнын хистæрты ныстуантæ, курдиæттæ (хъазæнтæ бафснайын, уидгуытæ сæвæрын æ.а.д.).

5. Сывæллон хъуамæ æмбара æмæ уына, адæймаг йæ чемы кæд вæййы, мæсты кæд вæййы, тыхст кæд вæййы, цин кæд фæкæны, æнкъард кæд вæййы, уый æмæ хиуылхæцгæйæ æвдиса йæ æнкъарæнтæ (макæйы схойа, макæйы нæма, макæйы хъазæнтæ иса æ.а.д.).

6. Сывæллон хъуамæ зона уæзданæй «æгасцуай» æмæ «фæндараст» зæгъын, уæзданæй исты курын, бузныг зæгъын æххуыс æмæ лæвары тыххæй, «нæ» æмæ æнæразыдзинад равдисын æмбæлгæ хуызы, искæйы зæрдæхудты нæ цæугæйæ.

7. Фиппайын уæлæдарæсы, къахыдарæсы, алфамбылай предметты аиппытæ æмæ хи хъаруйæ кæнæ хистæрты æххуысæй сæ аиуварс кæныны мадзæлттæ агурын.

8. Боныхъæд цавæр у, уый зæгъын зонын, афæдзы афонтæ иртасын.

9. Сæ хуызмæ, сæ адмæ, сæ формæмæ гæсгæ кæрæдзийæ иртасын дыргътæ æмæ халсартæ.

10. Иртасын хæдзарон æмæ хъæддаг цæрæгойты.

11. Транспорты иу цалдæр хуызы нæмттæ зæгъын зонын.

**Хъ.** Ныр кæм стæм мах?
**С.** Нæ къорды уаты, сабидоны.
**Хъ.** Æмæ нæ сабидон стыр у æви къаннæг?
**С.** Стыр.
**Хъ.** Цæй æмæ ацы уаты абалц кæнæм. Сымах балцы цæуын уарзут?
**С.** Уарзæм, о.
**Хъ.** Æмæ цæуыл ис балцы цæуæн?
**С.** Автобусы, рог машинæйы, науы, поезды, хæдтæхæджы…
**Хъ.** Æмæ нæхи бон нæу поезд саразын? Цымæ, цæмæй?
**С.** Кубиктæй, бандæттæй, æндæр истæмæйты…

**Сабиты хъазт «Балц поезды»**

*Хъомылгæнæг зæгъы сабитæн, цымæ сæ алчи дæр ныр у поезды вагон æмæ поезд саразæм нæхицæй.*

**Хъ.** Ныр цæттæ у нæ поезд æмæ йыл нæ бон у ацы уаты балцы ацæуын.

*«Æрвхуыз вагон»-ы зарæджы музыкæ зæлы, афтæмæй сывæллæттæ балц кæнынц сæ къорды уатыл æмæ зонгæ кæнынц, сæ алыварс цы хæрхытæ ис, уыдонимæ.*

**Хъ.** Поезды фыццаг рæсæн *(æрлæууæн бынат)* у «Хъазæнты» станцæ. Цал хъазæны ис уæ разы?
**С.** Бирæ.
**Хъ.** Фæйнæ дзы райсут. *(Сабитæ исынц фæйнæ хъазæны.)*
Цас ма баззад хъазæнтæ станцæйы?
**С.** Иу дæр нæ.
**Хъ.** Цал хъазæны ис дæумæ? Дæумæ та?
**С.** Иунæг.
**Хъ.** Фæстæмæ сæ бынæтты сæвæрут хъазæнтæ. Тынг аив æмæ сæ рæсугъд сæвæрдтат! Цал хъазæны сæвæрдтай ды? Ды та цал?
**С.** Иу.
**Хъ.** Æмæ ма дæм цал хъазæны баззад?
**С.** Иу дæр нæ.
**Хъ.** Дæумæ иу хъазæн дæр нал баззад. Станцæйы та цас ис хъазæнтæ?
**С.** Бирæ.
**Хъ.** Бирæ хъазæнтæ – хъазæнты хæрх. Ома æнæнымæц.

*Рагон станцæтæ сты «Хæдзары мигæнæнтæ» æмæ «Уæлæдарæс». Ацы хæрхимæ дæр сæ зонгæ кæнын æмбæлы «Хъазæнты» хæрхы хуызæн. Хъомылгæнæг сывæллæтты зæрдыл æрлæууын кæны, алы*

*3-аг ахуыры сахат*

**Иумæйаг темæ: «Мæ уарзон сабидон»**
**Темæ: «Иу», «бирæ», «хæрхы» тыххæй æмбарынæдтæ бафидар кæнын. «Æмбарынад «иу дæр нæ»-имæ зонгæ кæнын»**
**Нысантæ:**

– Сабиты зонды ныффидар кæнын æмбарынæдтæ: «иу, «бирæ», «хæрх». «Иу дæр нæ», зæгъгæ, ахæм æмбарынадимæ сæ базонгæ кæнын. Ома æнæнысан предметты æхсæнæй хицæн предметтæ раиртасын æмæ иугай предметтæй хæрх кæныны арæхстдзинад рæзын кæнын. Сæ къордтæн фылдæр рæстæг уæвынæн цы уат нысангонд у, уый сын цыма рагæй зонгæ у, сæхи дзы афтæ куыд æнкъарой, ууыл сæ ахуыр кæнын. Æмбарынæдтæ «стыр», «гыццыл» цы амонынц, уый бафидар кæнын.

– Рæзын кæнын сабиты фæлгæнæн, къæрцхъус æмæ цырддзаст уæвыны миниуджытæ, сæ логикон хъуыдыкæнынад *(предметтæ се ’ууæлтæм гæсгæ кæрæдзийæ иртасынил сæ ахуыр кæнын),* тыгъдады ориентаци кæнын.

– Сæ къорды уаты дзаумæттæм хæдзардзин, аудæг цæстæй кæсынил сæ хъомыл кæнын.

**Рагагъоммæйы куыст:** сывæллæтты ног æмбарынад «балц»-имæ базонгæ кæнын.
**Архайæн фæрæзтæ**
**Цæстуынгæ:** тæлытæ *(сырх, бур æмæ æрвхуыз-цъæх хуызтæ).*
**Райуаринаг:** алы предметтæ æмæ нывтæ уæлæдарæсы, хæдзары дзаумæттæ, хъазæнты хуызгондтимæ; хъазæнтæ.

**Ахуыры нывæст**

**Хъ.** Сабитæ, ныртæккæ мах фендзыстæм, не ‘нгуылдзтæ цæмæты арæхсынц, уый.

**Æнгуылдзты гимнастикæ «Æнгуылдзтæ райхъал сты»**

**Хъ.** Ацы ’нгуылдз кæны фынæй,
Ацы ’нгуылдз – рæдзæ-мæдзæ,
Ацы ’нгуылдз нæ уарзы баз,
Ацы ’нгуылдзæн, уасæг, уас!
Фестадыстæм иумæ цырд –
Сабидонмæ у нæ цыд.

*Сабитæ сæ къухты æнгуылдзтæ иугай æркъæдз кæнынц.*



# М.В. Маркина

# МАТЕМАТИКÆЙÆ ХУЫМÆТÆГ ÆМБАРЫНÆДТÆ РАТТЫНЫ МАДЗÆЛТТÆ

**Сабиты хъазт «Бинонты дзаумайæ срæвдз кæн»**

*Сывæллæттæ нывгонд дзаумæттæ дих кæнынц сæ асмæ гæсгæ – карджын адæмæн – стырдæртæ, сабитæн – къаддæртæ. Кæд æмæ сабитæ раст нæ уарой уæлæдарæс, уæд сæ хъомылгæнæг бафæрсы: «Æмæ сывæллæттæн сæ уæлæ стырты дзаумæттæ скæнæн ис? Кæд нæ, уæд цæуыннæ? Æмæ стыртæн та сæ бон бауыдзæн сывæллæтты дарæс сæ уæлæ скæнын? Кæд нæ, уæд цæуыннæ?» Хъомылгæнæг сæм фæкæсы сæ хæслæвæрд сæххæст кæнынмæ.*

**Сабиты хъазт «Хæлæрттæ»**

**Хъ.** Сымахæн алцыдæр тынг хорз рауайы, уымæн æмæ хæларæй цæрут, уæ иу иннæмæн æххуыс кæны. Цæй æмæ æмхуызонæй цæлхдымбылæй слæууæм.

*Хъомылгæнæг хъæрæй кæсы, кæнæ зарæгау кæны текст, сабитæ та йын йæ ныхæстæм гæсгæ алы фезмæлд дæр æвдисынц:*

Мах нæ къæхтæй хойæм – тъупп, тъупп, тъупп,
Мах нæ къухтæ ‘рхойæм – къупп, къупп, къупп,
Нæ сæртæ тилæм разыйæ – о, о, о!
Мах нæ къухтæ сдарæм – уæд хæрдмæ,
Мах нæ къухтæ ‘руадзæм – уæд бынмæ.
Дæттæм нæ къухтæ кæрæдзимæ – æз æмæ ды.

*Сывæллæттæ сæ кæрæдзийы къухтыл æрхæцынц, хъомылгæнæг сæ нæ тагъд кæны, æнхъæлмæ кæсы, иуылдæр сæ къухтæ кæрæдзимæ кæд ратдзысты æмæ зылды кæд æрлæудзысты. Æрлæудзысты: сæ къухтæ хæрдмæ систой, стæй сæ бынмæ æруагътой.*

**Хъ.** Цæлхдымбылæй мах ызгъорæм – рахизырдæм,
Цæлхдымбылæй мах ызгъорæм – галиуырдæм.
Ноджыдæр ма рахизырдæм! *(10 – 15 сек.)*
Ноджыдæр ма галиуырдæм! *(10 – 15 сек.)*

*Сабитæ куы рахизырдæм цæуынц цæлхдымбылæй, куы та галиуырдæм. Кæд сывæллæтты фæнда, уæд ма ацы хъазтæй ис дыккаг хатт дæр ахъазæн, галиу æмæ рахиз къухтæ кæцытæ сты, уæле æмæ дæле циу, уыдон сын ногæй-ногмæ амонгæйæ.*

**Хатдзæг**

**Хъ.** Куыд хорз у, сымах афтæ хæлар æмæ ахæм хъæлдзæг кæй стут, уый! Мах сымахимæ иу бинонтæ стæм. Ногæй цас базыдтам: кæм и дæле, кæм ис уæле, кæм и рахиз, кæм и галиу. Цæй æмæ-ма сæ иу хатт бацамонæм. Рахиз къух уæлæмæ сдардтам, галиу къух дæлæмæ æруагътам. Бирæ цæрут!

**Ахуыры нывæст**

**Хъ.** Сабитæ, уе ʻнгуылдзтæ-ма равдисут. Не ʻнгуылдзтæ сты хæлар æмæ æнгом бинонтæ.

**Æнгуылдзты гимнастикæ «Бинонтæ»**

**Хъ.** Ацы æнгуылдз дада у,
Ацы æнгуылдз нана у,
Ацы æнгуылдз у баба,
Ацы æнгуылдз та – дзыцца.
Мæнæ уый та – мæхæдæг,
Бинонтæн сæ кæстæр.

*Хистæр æнгуылдзæй райдай, афтæмæй се ʻппæт дæр æркъæдз кæнын.*

**Хъ.** Цал æнгуылдзы ис уæ къухыл?
**С.** Бирæ.
**Хъ.** Бинонтæ нымадæй цал стут?
**С.** Мах дæр бирæ.

*Хъомылгæнæг сабиты ʻргом, раздæр цы нывтæ равæрдта бинонты уæнгты хуызтимæ, уыдонмæ аздахы.*

**Хъ.** Кæйты уынут сымах нывы?
**С.** Нанайы, дадайы, бабайы, дзыццайы, чызджы, лæппуйы.
**Хъ.** Цал сты лæппутæ?
**С.** Иу.
**Хъ.** Цал сты чызджытæ?
**С.** Иу.
**Хъ.** Цал сты дзыццатæ?
**С.** Иу.
**Хъ.** Цал сты бабатæ?
**С.** Иу.
**Хъ.** Цал сты ædæппæтæй бинонты уæнгтæ?
**С.** Бирæ.
**Хъ.** Æмæ дзыцца æмæ йæ чызг æмиас сты?
**С.** Дзыцца стыр у, чызг – гыццыл.
**Хъ.** Æмæ баба æмæ йæ фырт та æмиас сты?
**С.** Баба стыр у, лæппу та – чысыл.
**Хъ.** Иууылдæр сæ иу дзырдæй куыд схонæн ис?
**С.** Бинонтæ.
**Хъ.** Цæй æмæ бинонтæй алы уæнгæн дæр балæвар кæнæм ног уæлæдарæс.



## ПЕРСПЕКТИВОН ПЪЛАН

| Мæй | Иумæйаг темæ | Сахæт-ты бæрц | Темæ | Нысан |
|---|---|---|---|---|
| Сентябрь | Мæ бинонтæ | 2 | Базонгæ кæнын æмбарынæдтимæ «иу», «бирæ», «стыр», «гыццыл» | Базонгæ кæнын æмбарынæдтимæ «иу», «бирæ», «гыццыл», «стыр». Бафидар кæнын хуыз раиртасыны зонындзинад. Ахуыр кæнын сывæллæтты сæ бинонты ранымайын зоныныл; бинонты æхсæн кæстæртæ æмæ хистæртæ (стыртæ æмæ гыццылтæ) кæй ис, уый æмбарыныл. Базонгæ кæнын моделарæзтады райдиантимæ. |
| | | | Предметты классификаци, базонгæ кæнын æмбарынæдтимæ «рахизырдæм», «галиуырдæм», «уæлæмæ», «дæлæмæ» | Ахуыр кæнын сывæллæтты предметтæ иу æууæлмæ (ас) гæсгæ классификаци кæнын, ас адæмы сывæллæттæй иртасын. Бафидар кæнын æмбарынæдтæ «иу», «бирæ». Дарддæр ахуыр кæнын сывæллæтты тыгъдады ориентаци кæныныл: æмбарынæдтæ «рахиз», «галиу», «уæле», «дæле»; архайын сывæллæтты змæлды координацийыл. |
| Октябрь | Нæ рæвдауæн-дон | 1 | Бафидар кæнын æмбарынæдтæ «иу», «бирæ», «хæрх». Базонгæ кæнын æмбарынадимæ «иу дæр нæ» | Бафидар кæнын æмбарынæдтæ «иу», «бирæ», «хæрх». Базонгæ кæнын æмбарынадимæ «иу дæр нæ». Рæзын кæнын предметы хæрхæй хицæн предметтæ иртасыны æмæ иугай предметтæй предметы хæрх аразынмæ арæхстдзинад. Рæзын кæнын къорды уаты тыгъдады ориентаци кæныны зонындзинад. Бафидар кæнын æмбарынæдтæ: «стыр», «гыццыл». |

| | | | | |
|---|---|---|---|---|
| | Фæззæг | 1 | Базонгæ кæнын æмбарынæдтимæ «æмбæрц», «фæстæмæ», «размæ» | Бафидар кæнын æмбарынæдтæ «иу», «бирæ», «иу дæр нæ». Базонгæ кæнын æмбарынадимæ «æмбæрц». Дарддæр ахуыр кæнын тыгъдады ориентаци кæнныл: базонгæ кæнын æмбарынæдтимæ «размæ», «фæстæмæ»; бафидар кæнын æмбарынæдтæ «рахизырдæм», «галиуырдæм», «уæлæмæ», «дæлæмæ». Фæлтæрын предметы астæ кæрæдзимæ барыныл уæлæвæрды мадзалæй. Бафидар кæнын хуызтæ кæрæдзийæ иртасыны зонындзинад. Дæттын рæстæджы тыххæй æмбарынад: бафидар кæнын сывæллæтты зонындзинæдтæ афæдзы афон – фæззæджы тыххæй. |
| | Фæззæг. Дыргътæ æмæ халсартæ | 1 | Зылд. Зылды æууæлтæ | Базонгæ кæнын зылдимæ æмæ йæ æууæлттимæ. Ахуыр кæнын сенсорон эталонтæ алфамбылай дунейы предметтимæ барыны зонындзинад. Дарддæр дæттын рæстæджы тыххæй æмбарынад: бафидар кæнын сывæллæтты зонындзинæдтæ афæдзы афон – фæззæджы тыххæй. Бафидар кæнын хуызтæ иртасыны зонындзинад. Ахуыр кæнын зылдтытæ кæрæдзиимæ барын зоныныл уæлæвæрды мадзалæй, фæтк иртасын фигурæты равæрды. Дарддæр зонгæ кæнын æмбарынад «хæрх»-имæ. |



*– ома бамбæхст. Хъомылгæнæджы фæзмгæйæ сывæллæттæ дæр сæ «сæныччыты» афтæ бамбæхсынц.*

**Хатдзæг**

**Хъ.** Сæныччытæ цал сты?
**С.** Бирæ.
**Хъ.** Сæныччытæ кæрæдзийæн æххуыс кæнынц?
**С.** О.
**Хъ.** Уый фæрцы сын бантыст бирæгъæй бамбæхсын. Уæдæ мах дæр хæларæй цæрæм, кæрæдзийæн æххуыс кæнæм, æмæ нын уыйадыл алцыдæр æнтысы.

## *2-аг ахуыры сахат*

**Иумæйаг темæ: «Мæ бинонтæ»**
**Темæ**: **«Предметтæ сæ æууæлтæм гæсгæ дих кæнын. Æмбарынæдтæ «рахиз», «галиу», «уæле», «дæле» цы амонынц, уыимæ сабиты зонгæ кæнын**
**Нысантæ:**
– Предметтæ сæ иу æууæлмæ гæсгæ, зæгъæм, асмæ гæсгæ, кæрæдзийæ хицæн кæнын, сывæллæтты ас адæмæй иртасын куыд зоной, сабиты ууыл ахуыр кæнын. «Иу» æмæ «бирæ»-йы тыххæй сын сæ зонындзинæдтæ ныффидар кæнын.
Ахуыр кæнын сабиты иртасын æмбарынæдтæ: «уæле», «дæле», «рахиз», «галиу».
– Къæрцхъус æмæ цырддзаст цæмæй уой, ууыл сæ ахуыр кæнын, абарст æмæ хатдзæгтæ скæныны арæхстдзинад æмæ сæм логикон хъуыдыкæнынады бындуртæ рæзын кæнын.
– Сæ алыварс чи и, уыдонмæ хæлар зæрдæ куыд дарой, ууыл сæ ахуыр кæнын.
**Архайæн фæрæзтæ**
**Цæстуынгæ:** дада, нана, баба, дзыцца, чызг æмæ лæппу хицæнтæй кæм сты, ахæм нывтæ.
**Райуаринаг:** сабиты хъазт «Бинонты дзаумайæ сараз»-æн; хъазтæн цы уæлæдарæс хъæуы, уыдоны нывтæ.

## Сабиты хъазт «Сæгъ æмæ сæныччытæ»

**Хъ.** Ныр æз уыдзынæн сæгъ, сымах та – сæныччытæ. Цал сты сæгътæ?
**С.** Иу.
**Хъ.** Цал сты сæныччытæ та?
**С.** Бирæ.
**Хъ.** Стыр бинонтæ стæм мах. Цæйæстæ сты сæныччытæ?
**С.** Гыццылтæ.
**Хъ.** Сæгъ та цæйас у?
**С.** Стыр.
**Хъ.** Хизынмæ ацыди мадæл урс сæгъ, –
Сойджын кæрдæгыл хиза дзæбæх,
Йæ фæстæ та гæпгæнгæ –
Урс-урсид лæппынтæ.

О, сæныччытæ сты урс-урсидтæ, чысылтæ, «тезгъо кæнынц» сæгъимæ – сæ мадимæ. Фæлæ мад куы ацæуы, уæд йæ сабитæ хæдзары «бадынц» *(сабитæ дзуццæджы сбадынц)*. Ærмæст мах сæныччытæ фыдуаг разындысты, æгоммæгæс æмæ хæдзарæй ралыгъдысты, ахорæнтæй нывтæ кæнын райдыдтой æмæ сæхи самæстой хуызджын ахорæнтæй.

## Сабиты хъазт «Хуызджын сæныччытæ»

Сывæллæттæн байуарын хъæуы хуызджын тымбылæгтæ – уыдон сты сæныччытæ.
**Хъ.** Дæ сæныкк цыхуызæн сси, цавæр ахорæнæй самæста йæхи?
**С.** Сырх.
**Хъ.** Дæ сæныкк та цы хуыз райста?
**С.** Ærвцъæх.

*Хъомылгæнæг равæры стыр «æрдузтæ» – цыппар хуызы квадраттæ (сырх, æрвцъæх, бур, къæрдæгцъæх). Уыцы «æрдузты» ратæх-батæх кæнынц, хъазынц «сæныччытæ». Хъомылгæнæг «сæныччыты» – тымбылæгтæ «æрдузтыл» афтæ равæры, цæмæй «сæныччытæ» æмæ æрдузты ахорæнтæ алыхуызон уой, æмæ уый сывæллæттæ дæр куыд фиппайой. Æнæнхъæлæджы кæцæйдæр фæзынд «бирæгъ» – бынтон æндæр ахорæнæй ахуырст æртæкъуымон. «Сæныччытæ» хъуамæ бамбæхсой, фæлæ кæм æмæ куыд? Кæд сабитæ сæхæдæг нæ арæхсой, уæд сын хъомылгæнæг феххуыс кæны – «сæныччы» йæхи хуызæн ахуырст «æрдузыл» сæвæры, æмæ уый бæрæг нал фæдары*



| | | | | |
|---|---|---|---|---|
| | Фæззæг. Хæдзарон æмæ хъæддаг цæрæгойтæ | 1 | Хæрхыты абарст сæ бæрцмæ гæсгæ, æмбарынæдтæ «æмбæрц», «æмиас». Базонгæ кæнын æмбарынæдтимæ «фæтæн» («уæрæх»), «нарæг» | Ахуыр кæнын предметы хæрхытæ сæ бæрцмæ гæсгæ барыныл къæйттæ аразыны мадзалæй: уæлæвæрдæй кæнæ æмахастæй. Бафидар кæнын æмбарынæдтæ «иу», «бирæ», «æмбæрц». Базонгæ кæнын æмбарынад «æмиас»-имæ. Раттын æмбарынæдтæ «нарæг», «фæтæн» («уæрæх»). Ахуыр кæнын предметы æхсæн æмгæсад (соответствие) сæ асмæ гæсгæ. |
| Ноябрь | Фæззæг | 1 | Æмбарынæдтæ «фылдæр», «къаддæр», «сæумæрайсом», «изæр» | Сывæллæтты ахуыр кæнын предметты хæрхытæ сæ бæрцмæ гæсгæ къæйттæ кæныны фæрцы (æмбæрцытæ). Базонгæ кæнын æмбарынæдтимæ «фылдæр», «къаддæр». Зонгæ кæнын рæстæджы æмбарынадимæ «райсом», «изæр». |
| | Мæ бæстæ | 1 | Квадрат. Базонгæ кæнын æмбарынæдтимæ «къуым» æмæ «уæлдай» | Базонгæ кæнын сывæллæтты квадратимæ, сахуыр кæнын иртасын æмæ сæ нæмттæ дзурын «квадрат» æмæ «зылдæн». Базонгæ кæнын æмбарынад «къуым»-имæ. Бафидар кæнын тыгъдады ориентаци кæныны зонындзинад (æмбарынæдтæ: рахизырдæм, галиуырдæм, уæлæмæ, дæлæмæ) æмæ рæстæджы ориентаци кæнын (райсом – изæр). Базонгæ кæнын æмбарынад «уæлдай»-имæ. |
| | Æз æмæ мæ буар | 2 | Базонгæ кæнын нымæц 2-имæ. Æмбарынад «къай» | Базонгæ кæнын сывæллæтты нымæц дыууæимæ æмæ йæ арæзтимæ. Ахуыр кæнын дыууæйы онг нымайын дыууæ хæрхы абарынады бындурыл. Бамбарын кæнын, предметы нымады фæстаг нымæцон предметы къордæн сæ иумæйаг бæрц кæй амоны, уый. |

| | | | | |
|---|---|---|---|---|
| | | | Базонгæ кæнын æмбарынæдтимæ «бæрзонд», «ныллæг», «бæрзонддæр», «ныллæгдæр» | Дарддæр ахуыр кæнын дыууæйы онг нымайын. Базонгæ кæнын æмбарынæдтимæ «бæрзонд», «ныллæг». Ахуыр кæнын дыууæ предметы сæ бæрзæндмæ гæсгæ барыныл, абарсты хатдзæгтæ нысан кæнын дзырдтæй: бæрзонддæр, ныллæгдæр; барын предметтæ сæ асмæ гæсгæ. |
| Декабрь | Хъазæнтæ | 1 | Æмбарынад «æмхуызæттæ» | Базонгæ кæнын сывæллæтты æмбарынад «æмхуызæттимæ». Дарддæр сывæллæтты ахуыр кæнын дыууæ предметы сæ бæрзæндмæ гæсгæ барыныл, абарсты хатдзæгтæ нысан кæнын ахæм ныхæстæй: «бæрзонддæр», «ныллæгдæр»; предметтæ сæ асмæ гæсгæ барын: «къаддæр», «стырдæр». Фæлтæрын дыууæ хæрхы предметы бæрцмæ гæсгæ барыныл *æрæвæрды* мадзалæй. Бафидар кæнын хуызтæ иртасыны зонындзинад. |
| | Зымæг | 1 | Базонгæ кæнын нымæц 3-имæ. Æмбарынад «астæуккаг» | Базонгæ кæнын нымæц 3-имæ æмæ йæ арæзтимæ. 3-йы онг нымайын ахуыр кæнын. Дарддæр æмбарын кæнын, предметы нымады фæстаг нымæц предметты къордæн сæ иумæйаг бæрц кæй амоны, уый; дыууæ къорды предметы бæрц кæрæдзиимæ барын. Ахуыр кæнын нымад хъусгæйæ æмбарыныл. Дарддæр дæттын сывæллæттæн рæстæджы æмбарынад «бон», «æхсæв»; бафидар кæнын зонындзинæдтæ афæдзы афон – зымæджы тыххæй. |



*Æнгуылдзтæ æддæг-мидæг тъыст, рæмбынкъæдзтæ фæйнæрдæм конд, æрмттæ здухæм. Къухтæ æлхынцъæй даргæйæ, æрхой-æрхой кæнæм. Стæй къухы æнгуылдзтæ сæмраст вæййынц, æмæ къухтæ феуæгъд сты.*

**Хъ.** Гуыдыр байгом кодтам мах. Фæлæ хæдзары та чи хъуамæ цæра?

**С.** Дзыцца, баба, нана, дада æмæ æз.

*Сабитæ сæхи къамтæм ракæс-бакæс кæнынц.*

**Хъ.** Уый кæй систа къамисæг? Кæй хуызистытæ сты?

**С.** Мах.

**Хъ.** Уæхи базыдтат?

**С.** Базыдтам.

**Хъ.** Æмæ стыртæ стут æви чысылтæ?

**С.** Чысылтæ.

**Хъ.** Кæимæты цæрут уæ хæдзæртты?

**С.** Дзыццатимæ, бабатимæ, кæстæр хо æмæ хистæр æфсымæримæ.

**Хъ.** Æмæ уыдон дæр чысылтæ сты æви стыртæ?

**С.** Хо нырма гыццыл у, хистæр æфсымæр та – стыр. *Кæнæ:* дзыцца æмæ баба стыртæ сты, хо та гыццыл у *(æндæр хуызы дзуаппытæ дæр).*

**Хъ.** Раст зæгъут. Дзыцца æмæ баба стыртæ сты – уыдон ас адæм сты, хъомыл. Сымах та?

**С.** Мах та – сабитæ.

**Хъ.** Æмæ ас адæмæн уæ дарæс сæ уæлæ скæнæн ис?

**С.** Нæй.

**Хъ.** Уæд цæуыннæ?

**С.** Уыдон стыртæ сты, мах дарæс та йæ асмæ гæсгæ гыццыл у.

*Уыйфæстæ хъомылгæнæг сывæллæттимæ иумæ лæмбынæг æвзарынц ныв «Бинонтæ» (дзыцца, баба, нана, дада, саби).*

**Хъ.** Кæйты уынут ацы нывы? *(Сывæллæттæ нывы сурæттæ-фæлгонцтæ нымайынц).*

**Хъ.** Æмæ сæ иумæйаг номæй куыд схонæн ис? *(Куы нæ арæхсой дзырд ссарынмæ, уæд сын феххуыс кæнын æмбæлы).*

**С.** Бинонтæ.

**Хъ.** Цал хъæбулы ис бинонтæн?

**С.** Иу.

**Хъ.** Ас адæймæгтæ та цал сты?

**С.** Бирæ.

## *1-аг ахуыры сахат*

**Иумæйаг темæ: «Мæ бинонтæ»** (2 сахаты)

**Темæ: «Æмбарынæдтæ «иу», «бирæ», «стыр», «чысыл-гыццыл» цы амонынц, уыимæ зонгæ кæнын. Модельтæ-хуызæгтæ аразыны бындуртимæ зонгæ кæнын»**

**Нысантæ:**

– «Иу», «бирæ», «стыр», «чысыл-гыццыл» цы амонынц, уыимæ базонгæ кæнын сывæллæтты. Ахуыр сæ кæнын хуызтæ кæрæдзийæ иртасыныл. Сабитæ сæ бинонты уæнгты номæй-номмæ куыд зоной, ууыл сæ ахуыр кæнын; хъуамæ æмбарой, бинонты æхсæн ас адæм æмæ æнахъомтæ кæй ис, уый (ома стыртæ æмæ чысылтæ-гыццылтæ).

– Фæлгæнæны, хатдзæгтæ кæныны арæхстдзинад фæуæрæхдæр кæнын.

– Сабийы ахуыр кæнын, цæмæй йæ бинонтыл æмæ хæстæджытыл æнувыд уа.

**Архайæн фæрæзтæ**

**Цæстуынгæ:** ныв «Бинонтæ», маскæтæ сабиты хъазтæн «Сæгъ æмæ сæныччытæ», хуызджын стыр квадраттæ.

**Райуаринаг:** сабитæй алкæй къам дæр, алыхуызон чысыл тымбылæгтæ.

### Ахуыры нывæст

**Хъ.** Цæмæй хæдзармæ бацæуай, уый тыххæй уал раздæр хъуамæ гуыдыр дæгъæлæй байгом кæнай.

### Къухы æнгуылдзты гимнастикæ «Гуыдыр»

**Хъ**. Дуарыл ауыгъд ис гуыдыр.
Чи йæ байгом кæна ныр?
Гуыдыр алырдæм æрзылдтам,
Раздух-баздух æй фæкодтам,
Гуыдырæй нæ дуар ныххостам,
Æмæ фегом!



| | | | | |
|---|---|---|---|---|
| Декабрь | Зымæг. Цæрæгойтæ | 1 | Тыгъдады тыххæй æмбарынæдтæ «рахизырдыгæй», «галиуырдыгæй». Базонгæ кæнын æмбарынад «астæуккаг»-имæ | Дарддæр аразын тыгъдады тыххæй æмбарынæдтæ. Бафидар кæнын æмбарынæдтæ «рахизырдыгæй», «галиуырдыгæй», базонгæ кæнын æмбарынад «астæуæй», «астæуккаг». Бафидар кæнын нымайыны тыххæй зонындзинæдтæ. Дарддæр ахуыр кæнын дыууæ къорды предметты бæрц дзырдтæй: *уыйбæрц, цал, æмиас*-æй пайдагæнгæйæ. Бафидар кæнын цæрæгойты тыххæй зонындзинæдтæ. Дарддæр аразын рæстæджы æмбарынад: бафидар кæнын сывæллæтты зонындзинæдтæ афæдзы афон – зымæджы тыххæй. Фæлтæрын предметтæ сæ асмæ гæсгæ барыныл. |
| Декабрь | Зымæг | 1 | Æртæкъуымæгимæ базонгæ кæнын | Базонгæ кæнын сывæллæтты æртæкъуымæг æмæ йæ æууæлтимæ. Бафидар кæнын рацыд æрмæг: геометрион фигурæтæ, хуыз, æртæйы онг нымад, æмбарынад «астæуккаг». Ахуыр кæнын предметы равæрды фæтк иртасыныл æмæ уыцы фæтк дарддæр хæццæ кæныныл. Дарддæр дæттын рæстæджы æмбарынæдтæ: бафидар кæнын сывæллæтты зонындзинæдтæ афæдзы афон – зымæджы тыххæй. |

| | | | | |
|---|---|---|---|---|
| Январь | Мигæнæнтæ æмæ хойраджы продукттæ | 2<br>2 | Базонгæ кæнын нымæц 4-имæ; квадраты æууæлтæ | Базонгæ кæнын нымæц 4-имæ æмæ йæ арæзтимæ 3 æмæ 4 элементы кæм ис, дыууæ ахæм хæрхы абарсты бындурыл; бафидар кæнын æртæйы онг нымад. Дарддæр амонын фæстаг нымæцон æппæт ранымад кърдимæ абарыны зонындзинад æмæ уыцы нымæцон кърды предметты иумæйаг бæрц кæй амоны, уый æмбарынад; дыууæ кърды предметты бæрц абарын зонын. Базонгæ кæнын квадраты æууæлтимæ. Дарддæр ахуыр кæнын иртасын æмæ сæ нæмттæ дзурын геометрион фигурæтæн: *зылд, æртæкъуымæг, квадрат.* |
| | | | Тыгъдады æмбарынæдтæ: «мидæгæй», «æдде» | Базонгæ кæнын тыгъдады æмбарынæдтимæ: «мидæгæй», «æдде». Сывæллæтты æфтауын иртасæн куысты райдиантыл: базонгæ кæнын сывæллæттæн астæ æмбæрц кæнæны æртæ мадзалимæ. Бафидар кæнын дыууæ хæрхы предметты бæрц барыны зонындзинад, дзырдтæй: *уал, цал, æмиас, бирæ, иу*-æй пайдагæнгæйæ. Бафидар кæнын цыппары онг нымад. Архайын дзургæ нымадыл. Бафидар кæнын æмбарынад «райсом», «изæр». Ахуыр кæнын моделаразыны бындуртыл (райдиантыл). |



| | | | | |
|---|---|---|---|---|
| | | | Дæргъдымбыл (овал) | Бафидар кæнын рæстæджы æмбарынæдтæ: уалдзæг. Базонгæ кæнын дæргъдымбыл æмæ йæ æууæлтимæ. Бафидар кæнын æндæр геометрион фигурæты тыххæй зонындзинæдтæ *(зылд, æртæкъуымæг, квадрат, расткъуымæг).*<br>Дарддæр фæлтæрын рæнхъон нымадыл 5-ы онг, зонын абарын предметты дыууæ кърды æмæ дыууæ кърды æхсæн ахастдзинæдтæ аразын: *фылдæр, къаддæр, æмиас.* |
| | Нæ алфамбылæй дуне | 1 | Рацыд æрмæг фидаргæнæн æрмæг: абарынад дæргъмæ æмæ уæрхмæ гæсгæ. | Фæлтæрын предметтæ сæ дæргъ æмæ сæ уæрхмæ гæсгæ абарыныл. Пайда кæнын дзырдтæй: *уæрæх (фæтæн), нарæг, уæрæхдæр, нарæгдæр, даргъ, цыбыр, даргъдæр, цыбырдæр.* Дарддæр дæттын рæстæджы æмбарынæдтæ, бафидар кæнын 5-ы онг нымад. |
| Май | Хи дарыны культурæ | 1 | Фæлхаткæнынад | Бафидар кæнын геометрион фигурæты тыххæй зонындзинæдтæ *(зылд, дæргъдымбыл, квадрат, расткъуымæг),* рæнхъон нымад; 5-онг нымад. Бафидар кæнын рæстæджы тыххæй æмбарынæдтæ: «райсом – бон – изæр – æхсæв». |
| Май | Сæрд | 1 | Фæлхаткæнынад | Бафидар кæнын тыгъдад æмæ рæстæджы ориентаци кæныны зонындзинад; геометрион фигурæты тыххæй зонындзинæдтæ бафидар кæнын; хæрхытæ къæйттæ гæнгæйæ кæрæдзиимæ барын зонын; 5-ы онг нымад; афæдзы афоны (сæрд) тыххæй зонындзинæдтæ. |

| | | | | |
|---|---|---|---|---|
| Апрель | Уалдзæг | 4 | Тымбылæг | Базонгæкæнынтымбылæгæмæйæеууæлтимæ. Арфдæр кæнын сывæллæттæм рæстæджы æмбарынад (афæдзы афон – уалдзæг), 5-ы онг рæнхъон нымадыл фæлтæрын, дæрддæр ахуыр кæнын предметтæ сæ асмæ гæсгæ барыныл. Раттын бæрц бахъахъхъæныны тыххæй æмбарынад, уырзæй сгаргæйæ нымайыныл фæлтæрын. Арфдæр кæнын тыгъдадон æмбарынæдтæ «рахизырдыгæй», «галиуырдыгæй». |
| Апрель | | | Куб | Базонгæ кæнын кубимæ. Дарддæр дæттын сывæллæттæн рæстæджы æмбарынæдтæ (афæдзы афон – уалдзæг). Дарддæр ахуыр кæнын сывæллæтты предметтæ сæ бæрзæндмæ гæсгæ барыныл. Дарддæр кусын тыгъдадон æмбарынæдтыл «галиуырдыгæй», «рахизырдыгæй». |
| | | | Классификаци | Ахуыркæнынгеометрионфигурæтæсæформæ, сæ ас æмæ сæ хуызмæ гæсгæ къордтæ кæнын, æмхуызондзинад æмæ сæм хицæндзинæдтæ иртасын. Бафидар кæнын геометрион фигурæты тыххæй зонындзинæдтæ *(зылд, æртæкъуымæг, расткъуымæг, квадрат).* Бафидар кæнын рæнхъон нымад 5-ы онг. |



| | | | | |
|---|---|---|---|---|
| Февраль | Уæлæдарæс | 2 | Æмбарынæдтæ «даргъ», «цыбыр» | Базонгæкæнынсывæллæттыæмбарынæдтимæ «даргъ», «цыбыр». Бафидар кæнын бæрзæндмæ гæсгæ барыны зонындзинад, нысан сæ кæнын дзырдтæй: «бæрзонддæр», «ныллæгдæр». Бафидар кæнын цыппары онг нымад. Арфдæр кæнын рæстæджы æмбарынад: *зымæг, уалдзæг, сæрд, фæззæг.* Бафидар кæнын сывæллæтты зонындзинæдтæ зымæджы тыххæй. |
| | | | Предметты абарст сæ дæргъмæ гæсгæ. Æмбарынæдтæ «даргъддæр», «цыбырдæр» | Ахуыр кæнын уадздзæгтæ кæрæдзиимæ барын сæ дæргъмæ гæсгæ уæлæвæрды мадзалæй æмæ абарсты хатдзæгтыл дзурын, дзырдтæй: *даргъддæр – цыбырдæр*-æй пайдагæнгæйæ; 4-ы онг нымад. Дарддæр дæттын рæстæджы æмбарынад. Бафидар кæнын сывæллæтты зонындзинæдтæ зымæджы тыххæй. Ахуыр кæнын алфамбылайы объектты æмхуызондзинæдтæ æмæ хицæндзинæдтæ иртасыныл. Ахуыр кæнын имитацион змæлдтытæ æххæст кæныныл хистæры амындмæ гæсгæ. |

| | | | | |
|---|---|---|---|---|
| | Хæдзары дзаума | 2 | Тыгъдады ориентаци кæнын: «йæ уæлæ», «йæ уæле (сæрмæ)», «йæ быны (бынмæ)»<br><br>Базонгæ кæнын рæстæджы æмбарынæдтимæ: «бон» – «æхсæв» | Дарддæр ахуыр кæнын тыгъдады ориентаци кæныныл: базонгæ кæнын æмбарынæдтимæ «йæ уæлæ», «йæ уæле (сæрмæ)». Бафидар кæнын æмбарынæдтимæ «йæ уæлæ», «йе уæле (сæрмæ)». Бафидар кæнын æмбарынæдтæ «мидæгæй» – «æдде», «бæрзонддæр» – «ныллæгдæр». Бафидар кæнын 4-онг нымад, рæстæджы æмбарынæдтæ «райсом» – «изæр».<br><br>Базонгæ кæнын рæстæджы æмбарынæдтимæ «бон» – «æхсæв». Дарддæр ахуыр кæнын тыгъдады ориентаци кæныныл. Бафидар кæнын 4-ы онг нымад, нымæц 4-ы арæзт иуæгтæй, геометрион фигурæты тыххæй зонындзинæдтæ (зылд, æртæкъуымæг, квадрат). |
| Мартъи | Мады бæрæгбон | 1 | Базонгæ кæнын нымæц 5-имæ | Базонгæ кæнын нымæц 5-имæ æмæ йæ арæзтимæ. Бафидар кæнын 4-ы онг нымад. Дарддæр аразын фæстаг нымæцон æппæт ранымад къордимæ абарыны зонындзинад æмæ уыцы нымæцон къорды предметы иумæйаг бæрц кæй амоны, уый æмбарынад. Бафидар кæнын рæстæджы æмбарынæдтæ зонындзинад *(райсом, бон, изæр, æхсæв)*; геометрион фигурæты тыххæй зонындзинæдтæ *(зылд, квадрат)*; тыгъдады ориентаци кæнын зонын (рахизырдыгæй, галиуырдыгæй). |



| | | | | |
|---|---|---|---|---|
| Мартъи | Дæсныйæдтæ (професситæ) | 1 | Рæнхъон нымад | Раргом кæнын рæнхъон нымæцонты нысаниуæг æмæ фæлтæрын рæнхъон нымадыл 5-ы онг. Бафидар кæнын бæрц бахъахъхъæныны тыххæй æмбарынад: предметтæ сæ бæрзæндмæ барын зонын, пайда кæнын дзырдтæй «бæрзонддæр», «ныллæгдæр». Бафидар кæнын геометрион фигурæты тыххæй зонындзинæдтæ: *зылд, æртæкъуымæг, квадрат.* Бафидар кæнын рæстæджы æмбарынæдты тыххæй зонындзинæдтæ *(райсом, бон, изæр, æхсæв).* Хибарæй куыстыл ахуыр кæнын. |
| Мартъи | Транспорт | 1 | Расткъуымæг | Базонгæ кæнын расткъуымæг æмæ йæ æууæлтимæ, бафидар кæнын геометрион фигурæтæ иртасыны зонындзинад: зылд, æртæкъуымæг, квадрат. Бафидар кæнын 5-ы онг нымайыны фæлтæрддзинад, хæрхыты абарст сæ бæрцмæ гæсгæ, рæнхъон нымад. Дæттын сывæллæттæн рæстæджы æмбарынæдтæ: *райсом, бон, изæр, æхсæв.* Ахуыр кæнын æмиасад иртасыныл (æнæ нымайгæйæ æрæвæрды мадзалæй), къорды цал предметы ис, уыдоны бæрцмæ гæсгæ: *уал (уыйбæрц)… цал, æмиас.* |